# САЙИД ГІОБОДИЯВ (قدس سره)






МУХIАМАД ХIАЖИ
ГIОБОДИЯСУЛ
ЗИЯРАТ
с.Инквалита





Хунзахъ мухъалъул ГIобода ва ГIорутIа ГIободиясул( قدس سره )
ХIалимат-эбелалъул ва Аргъваниясул ( قدس سره ) зияратал

ХъахIабросулъа
ХIажиясул МухIамад

# САЙИД ГIОБОДИЯВ

# قدس سره

## МУГIАЛИМ, ШАЙИХ ВА УСТАР МУХIАМАДХIАЖИЯВ

МахIачхъала-ХъахIабросо
2019 сон

بسم الله الرحمن الرحيم

*Бисмиллагьи ррахІмани ррахІим!*

## ЦЕБЕРАГІИЯЛЪУЛ БАКІАЛДА

АлхІамдулиллагьи ррабил гІаламин, васалату васаламу гІала сайидина МухІамадин ва гІала алигьи ва сахІбигьи ажмагІин.

Рецц нилъер тІадегІанав Аллагьасе ﷻ, исламалда нилъ ратизе, иманалде нилъ руссине жиндица нилъее рес кьурав.

Рецц буго хирияв Аллагьасе ﷻ, аварагзаби ракьалде гІадамазде гъорлъе ритІарав, гьел битІараб нухде рачине квербакъарав, гьезда рухІияб канлъи бижизабурав.

Рецц буго ТІадегІанав Аллагьасе ﷻ нилъер хІужрарукъалде свераpаб баракатаб Дагъистаналъул ракьалда дунялалъулго исламияб жамагІат жидедаса чІухІарал, тІарикъаталъул камилаб даражаялда жал ругел устарзабиги, шайихзабиги, шагІирзабиги ва гІалимзабиги жиндица рижарав.

Аллагьас ﷻ хъван батани, гьаб тІехьалда бицен гьабизе буго дунял-гІаламго жиндир гІелму-лъаялдаги, гІамал-хасияталдаги бахилав, амма бахиллъиялъулги ва жагьиллъиялъулги къатІра жиндир чорхолъ кигІан дагьабниги букІинчІев, гІаламатго хІикматав инсан, анцІила ункъабилеб къарнуялъул нусил сонил Имам, хІакъав мужадид Сайид ГІободиясул قدس سره хІакъалъулъ.

Бищунго гьаб дунялалда жагьилавги ва пакъиравги чи вуго, жиндирго аслу-кьолбол къимат лъаларев ятимав гІадам.

ГІакъилав ва къадруяв, щибго ахІмакъаб ахІи-хІурги гьабичІого, рихьдаеги гаргадичІого, жиндиего цІарги гьабичІого, щулияб тухум-кьибил лъалев Аллагьасе ﷻ щукруги гьабун, жиндирго хІайранаб гІибадаталда вукІунев чиясул кидаго къадру-къимат букІуна.

Гьединал мисалазе цояв вугин абизе бегьула живго Аллагьасул ﷻ гІаламатго хІикматав вали, МухІамад Аварагасул ﷺ суннат

цIунаразул бищунго камилав, Дагъистаналда шаригIаталъул нух ккуразул Къилба-цIва, ва анцIила ункъабилеб къарнуялъул Имам жив вукIиналъе дунялалъулго тIолабго исламияб жамагIаталъ жиндир заманалда нугIлъи гьабурав Муршидун Камил Сайид ГIободияв قدس سره ва гьесул гIумру. ГIадада гурелъулха аби батараб: «Нилъерго ватIаналда авараг вукIунаро.», - ян.

Гьединго, Аллагьасги ﷻ абулеб бугелъулха, жиндиего вокьулев лагъ лъикIалдалъун рехсей жиндица ракьалда даимаблъун гьабизе бугилан.

Аллагьасде ﷻ ва жинда свалат салам лъеяв МухIамад Аварагасде ﷺ бугеб гIорхъи гьечIеб гIищкъуялъ ва исламияб дин гъваридго щвалде щун лъазе бокьиялъ ахIана Сайид ГIободияв قدس سره жиндирго тIолабго гIумру гIицIго исламалъе гIоло къурбан гьабизе, лъаялда хадув лъугьун дунялго сверизе къватIиве вахъине.

Жиндир заманалда Сайид ГIободияс قدس سره чIвараб исламияб гIелму-лъаялъул байрахъ, кидаго гIадин, жакъаги буго хIайранго, цIумазул борхалъиялдасан, дунялалъул исламияб умматалда тIад даимго парпадилеб.

Аллагьас ﷻ гьев анцIила ункъабилеб нусил соналъул Имам, хIакъав мужадид Сайид ГIободиясул قدس سره даражаги тIадегIан гьабеги. Гьесул баракатгун-шапагIатги камун тогеги нилъ-гIадатиял ахирзаманалъул пакъирал ва ракI-ракIалъ Аллагьасул ﷻ нух ккурал бусурбаби, жакъа гьаб дунялалдаги, метер абадияб рокъорги.

***Аллагьума амин!***

# САЙИД ГIОБОДИЯСУЛ قدس سره ГIУМРУЯЛЪУЛ БАЯН

*ГIабдулгIазизил МухIамад*

*АлхIамду щибаб рецц, щукру дуй Аллагь ﷻ,*
*Иман-ислам босун Расул ﷺ витIарав.*
*ТIолго салат-салам Аварагасде ﷺ,*
*Исламияб миллат загьир гьабурав.*
*Гьесул ирс босарал варисзабазе,*
*Насиб гьабе, Аллагь ﷻ, ризванул акбар.*
*Гьезул макъадирал зияратазде*
*Хьвади гIемер гьабе, баракат щвезе.*

АнцIилаункъабилеб къарнуялъул нусил сонил Имам, хIакъав мужадид Сайид ГIободияв قدس سره гьавуна 1828 соналъ гIалимзабазул тахшагьар Хунзахъ районалъул ГIобода росулъ Къебеддибир абулев, сверухъе жиндир цIар рагIарав гIалимчиясул хъизаналда. Гьединго, Къебеддибир вукIуна Хундерил тIалъиялъул росабазул цо чангоялъуб жиндица дибирлъиги гьабурав, кивехун кканиги гIадамаз жиндир ракI-ракIалъ адаб-хъатирги гьабулев, унго-унголъунги, диналъул киналго шурутIал жинца мухIканго цIунун, Аллагьасул ﷻ ритIухъаб нух ккурав муъминчи. Гьебго жо тIалаб гьабулаан Къебеддибирас цойгидал диналъул вацаздасаги ва яцаздасаги. Живго Къебеддибирил анкьумумулги гьебго даражаялъул бергьарал гIалимзаби рукIун руго, хундерил тIалъиялда гуребги, тIолабго Дагъистаналдаго жидер цIар рагIарал. Васасда эбел-инсуца лъураб хIакъикъияб цIар букIана МухIамад -абун. ХIежалдаса тIад вуссиндал, гьесда абизе жубана МухIамадхIажи абун. Ва амма заманалдасан росуцоязги, муридзабазги, жалго гIалимзабазги гьев рикIкIунев вукIана Аварагасул ﷺ суннат жиндица щулаго ккурав, бищунго гIажаибав Сайидлъун.

Гьелъул кьучIчIалда тIолабго исламияб дунялалъего гьев лъугьана устар Сайид ГIободиявлъун قدس سره.

Сайид ГIободиясул قدس سره караматал манакъибазул бицунаго абичIого гIоларо, жеги эбелалъул чохьонив гьитIинаб лъимерлъун вугеб заманалдаго, загьирлъулел рукIанин гьев гьавизе вугев васасул гIаламатал тIокIлъабигун хаслъаби. МухIамадил эбелалда лъимаде йигониги лъалеб букIинчIо щибго захIмалъи чохьониб баччун бугеб лъимералъул. Гьелъ жиндирго росасда абулаан: «Къебеддибир, дида гьаб чохьониб баччун бугеб лъимералъул, гьабизе заман щолеб бугонигицин, тIотIол гIангицин бакIлъи лъалеб гьечIо. Дида гьадинаб жо бихьараб жо гуро. Гьаб цо эбелалъул чохьонибго гIаламатаб лъимер буго», - абун. Росас лъадуда абуна: - Дида бицениги, дуца гьелъул цIар лъиданиги бахъуге. БичIчIанагури? ХIалкIун балъго гьабе гьеб кинабго гIадамаздаса. Цо чиясда лъараб жо - росдадаго лъараб жо бугин. Дуда лъала гури дир умумул кинал гIалимзаби рукIаралали. Гьевги гьезул ирс босарав вас лъугьинев, Аллагьасулﷺ кумекалдалъун. Дир гьелда щибниги щаклъиго гьечIо. Воре сирруги цIуне, дуца сабруги гьабе.

. МухIамад гьавуна битIун итни сордоялъ. Эбел-эмен кутакалда рохана васасдаса. Гьеб сордоялъ гьезухъе ургъунго ячIун йикIарай Къебеддибирасул яцгIалалъ, вас чурун вацIадги гьавун, эбелалъухъе керен хахизе кьуна. Амма хIикматго гIажаибаб рижиялъ абуни эбелалъул керен хахизе хивалго гьабичIо. Гьеб заманалда Къуръан цIалулев вукIарав Къебеддибирасда аскIоеги ун, яцгIалалъ абуна:

- Дур васас эбелалъул керен хахизе къасдго гьабулеб гьечIин, Къебеддибир, щибин жинца гьабун лъикI? - абун.

Инсуца яцгIалалда абуна вас жиндида аскIове вачеян абун. Къебеддибирас васасул кваранаб гIинзуда жанибе как ахIана, квегIаб гIинзуда жанибе къамат гьабуна. Гьанже хахулин ас

эбелалъул керенинги абун, вас яцгІалалъухъе тІадвуссинавун кьуна. ГІицІго гьелдаса хадуб жубана гІажаибаб лъимер гІорцІизегІан эбелалъул керен хахизе.

Инсуца хІакъикъги хъун, хирияв Бичас кьураб давла-васасда, дунялалда бищунго хирияб МухІамад аварагасулгоﷺ гІадаб, МухІамад абураб цІар лъуна.

Жеги щуго сон тІубачІев МухІамад инсул щакъи- къаламгун квал-квадизе жувайдал, Къебеддибирас васасда гьикъана: «Щиб дуе бокьун бугеб, дир вас?» абун.

Васас жаваб кьуна:

-Дие цІализе-хъвазе лъазе бокьун буго, дада, - абун.

Инсуда, гІемерав воххиялъ, магІу кквезе кІвечІо. Гьес гьитІинав МухІамад, кодовеги вачун, каранде къана, дир баракатав хазинаянги абун.

Къебеддибирас хІурупалги хъван, гьел васасда кодоре кьуна, батани лъазареянги абун.

-Дада! Дида гьал лъалаянги абун, васас хІарпал цІалана, тІаде валагьун эменгун.

Гьеб цІакъго гІажаибаб хІикмат жиндирго бераздаа бихьидал, Къебеддибирасда бичІчІана жиндирго гьитІинав вас МухІамад гІарипинав вугевлъи.

ГІажаибго тІад чІчІун, къаси-къадлъи гьечІого, кІудияв чияс гІадин, лъазабулеб букІана гьитІинав МухІамадица-Сайидас динияб гІелму. Щиб суал кІудияз гьесие кьуниги, гьеб параялдаго щолеб букІана чІванкъотІараб, мухІканаб ва кьучІчІаб жаваб гьитІинав МухІамадихъан гІадамазе. Сверухъе киналго рукІана гьеб гІаламаталда хІикмалъун, божизе кІоларого, гьеб кинабго жидерго бераздa цебе щибаб къойилго кколеб бугониги.

МухІамадица цІакъго ццудунго тІокІкІинабуна жиндирго инсудасан босизе рес букІарабщинаб гІелму-лъай. Гьесда бичІчІана жиндие хадубккунисеб гІелмудал ралъдал

гъварилъиги, паналъиги, пасихIлъиги ва камиллъиги щвезе рес букIин гIадатиял гIалимзабаздасан гуреб, гIицIго гIарипиназдасан щвезе кколеблъи ва щвезеги бугеблъи.

ВукIинисев КъутIбул Гъавсас лъазабуна эбел-инсуда: - ГIицIго гIарипиназдасан буго бецIал ракIазе канлъи. Гьединлъидал, дица гIицIго гьездасан тIалаб гьабизеги буго диего хадубккунисеб исламияб гIелму, - абун.

Цо сордоялъ Сайид ГIободиясда قدس سره макьилъ вихьана жиндирго росуцояв, цIар рагIарав гIалимчи ШагIбан-къади, жиндица магIарулазул ракIазде жанибе гIулумал чваххун тIурав. Гьесдаго цадахъ вукIана МухIамадун Гьухъалиги. ГьитIинав МухIамад ГIободиясе قدس سره гьеб сордоялъ загьирлъана гьезда цадахъ хьвадулел рукIарал нуралги. Гьезда хьолбохъ эхетарал малаикзабицин загьирлъана гьитIинав, ва амма гIаламатго цIодорав Сайидасе.

ГьитIинав МухIамад гIажаиблъун хутIана, гьаб дир беразда цебе загьирго бихьулеб гIаламатго щибилан.

Сайидас гьезда гьикъана цо батIаго хIикмалъи гьабун:

-Я, дир хIурматиял гIуламаал! Гьаб дида бихьулеб хIикматго щиб кколеб?!- абун.

-Я, гьитIинав МухIамад, гIуламаазул бетIер! ГIарипиназул дуде балъгояб амру щвана, метер радал вахъун мун Гьухъаливе щвайилан! - абун загьир гьабуна макьилъ цере рачIараз Сайид ГIободиясе قدس سره.

-Дуда Гьухъалиб батила гIадан гIажаиблъулеб хIикматго караматаб дурго гIелму. Ва гьенив дуда дандчIвала дурго вукIинисев мудасир МухIамадун Гьухъали. Гьеб киналъего дуе кумекги гьабила, гьеб гIелму жидее тIокIкIарал Муршидул Камилаз.

Гьеб макьидаса ворчIидал, МухIамад, тагьажуд, суннат тIубан дугIаялде вуссана. Я, Аллагь ﷻ, мун гурхIаян жиндаго къаси бихьараб гьеб гIажаибаб макьу таъвил гьабуна.

Сайид ГІободиясда قدس سره бичІчІана гьеб хІикматаб макьу жиндида гьадинго бихьараб жо гуреблъи, гьединлъидал, гьитІинав Сайидасул ният ккола, радалго вахъун, хІикматал караматазул гІажаибаб магІдан Гьухъалиса МухІамадихъе гІелму камил гьабизе ине сапар бухьине.

1843 соналъ Гьухъалиса МухІамадхІажиясухъе قدس سره жиндиего исламияб гІелму тІалаб гьабизе унеб мехалда, Сайид ГІободияс قدس سره бан букІуна гІицІго анцІила щуго сон.

Живго Гьухъалиса МухІамадхІажи قدس سره вукІана Гьазигьумекиса Жамалудиница قدس سره жиндие устарлъиялъе ижаза кьурав машгьурав, гъваридаб гІелмуялъул гІалимчи, накъшубандияб тІарикъаталъул бергьарав устар.

Живго Жамалудин Гъумукъияс قدس سره жиндихъе зияраталъе, гІелмуялда хадур рачІунел цІакъго гІемерлъидал, абулаанила: «Дихъ бугеб гІадаб лъай Рочиса Мамадибирихъги ва Гьухъалиса МухІамадхІажиясухъги бугин, нужеца гьезул гІелмуялдаса пайда босе», - ян абун.

Гьеле гьебго мурадалда Сайид ГІободиявги قدس سره щола Гьухъаливе бакъанил гІужалъ ва рещтІине гьоболгицин цІехечІого, вачІинахъего мажгиталъуве уна, гІадамазул рахІат хвезабизе бокьичІого.

ЖамагІат какдаса хадуб, суннатги тІубан, истихар гьабулаго, тирщун тІадеги вахъун, хІакъав Муршидул Камил «МархІаба, дир вас!» - абун, икрам гьабун кІалъана Сайид ГІободиясда قدس سره.

Гьев живго Гъази-Гъумухъ мухъалъул Гьухъалиса МухІамад вукІана гьитІинаб мехалдасаго варагІ жиндир цІикІкІарав, камиллъиялъул ригьалде ваханиги, жиндица варагІ балъго гьабурав.

Гьухъалиса МухІамад قدس سره воххун, гьитІинав Сайидасул горбода къвалги бан, гьесда хурхун чІчІана, сверухъе кинабго

жоги кlочон тун, халатккун жив балагьун чlчlун вукlарав жиндирго вас дандчlварав гlадин рази-ракиго.

Муршидул Камилас иллагьияб хlайранаб икрам гьабуна Гlободаса Мухlамадие قدس سره ва гьевги вачун жиндихъего рокъове ана тlарикъаталъул кlудияв устар. Гьеле гьев Аллагьасул ﷻ кlудияв валиясул кумекалдалъун Сайид Гlободияс قدس سره байбихьана балъгояб нуралияб гlелмуялда гъорлъе лъугьине, гьелъул кьалбалъе ваккизе, гьелъул хаслъаби тlатинаризе.

Сайид Гlободияс قدس سره мутагlилзабазда гьоркьоб цохlониги къо бахъичlо, хасаб гьухъалисесул рияза гуреб гьесие къабуллъичlо. Сайид Гlободияс قدس سره байбихьана «Силкул гlайин» абулеб тlехьалдаса байбихьун «Сирру къадар» абулеб тlехьалде щун, жиндирго исламияб гlелму камил гьабизе.

Ракl бухlун гьединаб хlалалда гьел тlахьазул пикрабазда вукlаго, саламги кьун тlаде щвана Илъяс ва Хизри Аварагзаби عليه السلام.

Сайид Гlободиясул قدس سره рекlел канлъи жидеда бихьидал, гьесул рекlел асарал гьезие загьирлъидал, кlиявго аварагас гьелда цlакъ гlажаиблъи гьабуна.

Гlарипиназда гьоркьов гьев Сайидасдаса قدس سره ракl бацlадав гlуламаазул кьерда Муршидго вахъинарев гlадав гlаламатав инсан вукlана Гlободияв قدس سره жеги гьитlинго. Гьеб бичlчlана бачlинахъего Илъяс ва Хизри аварагзабаздаги عليه السلام.

Сайид Гlободиясул чорхолъ бессун букlана жеги гьитlинго гlажаибго хlикматаб, рагьун гlадамазда жиб лъалареб сирру.

Халкъалъулго Хирияв Мухlамад аварагасул ﷺ цо хlадисалда абулеб буго: «Аллагьасдаса ﷻ хlинкъи-киналго хlикматазул бетlер бугила, варагlги гlаламалъул хан бугила», - абун.

Гьеле гьеб хӀадисалда абухъего, кинабго рахъалъ Аллагьасдаса ﷻ хӀинкъиялъул нухал камилго тӀуразарулев ва гӀадамазда гьоркьов кутакалда гӀамал берцинго хьвадулездасанги бищунго камилав инсан вукӀанин абизе бегьула устар Сайид ГӀободияв قدس سره, жинда Аллагь ﷻ разилъаяв. Гьев тӀарикъаталъул гӀаламатав устарасул чорхолъ цого заманалда данделъун рукӀана, цоцазда хьухьаралгӀанги камилго: гӀелмуги; гӀакълуги; гӀамалги. Гьеле гьединав вукӀиналъин Сайид ГӀободиясул قدس سره цӀар ГӀарабустаналдаго батӀаго къадруялда рехсолебги букӀараб, жеги лъимерлъиялъул ригьалдаго чӀахӀи-чӀахӀиял гӀалимзабазгицин. Гьелъие мисалал абуни гӀунги тӀокӀ руго.

Сайид ГӀободияв قدس سره вукӀана жеги гьитӀинго жинда эбел-эменги, гӀалимзабиги ва гӀакъилзабиги малъарарав гуревги, бищунго цӀикӀкӀун Аллагьги ﷻ малъарараб лъимер. Гьеле гьелъулъ букӀана МухӀамадхӀажи ГӀободиясул قدس سره унго-унгояб сайидлъиги ва валилъиги.

ГӀелму тӀалаб гьабулев чи Аллагь ﷻ тӀалаб гьабулев чи вуго, - ян гӀадада абуларо хӀадисалъ. Гьеле гьеб гӀелму тӀалаб гьабулезда гьоркьовгицин Сайид ГӀободияв قدس سره вукӀана, Къилба-цӀва гӀангицин, жив гӀажаибго гвангъун сверухъе дунялалдаго вихьулев, хӀикматго гӀаламатияв ва гӀадатияв инсан-гӀелму-лъаялъул караматаб ралъад, Аварагасул ﷺ суннатал цӀуниялъул рахъалъ авал-ахир бихьуларев гӀалим. Аллагьас ﷻ нилъ киналго ритӀун ккезареги ва питна-жагьиллъиялдаса рикӀкӀадиселлъун ва рацӀадаллъунги гьареги гьаб магӀирукъалде сверараб дунялалъул заманияб кверкьутӀа. Амин!

.Цо къоялъ гӀарипиназул бетӀер, хъвадаризе лъугьиндал, килщаздаса нур баккун, загьирлъана гӀаламат.

Кваранаб хьибилалда гьесда аскӀов чӀун вуго МухӀамад Аварагﷺ .

Квегlаб хьибилалдехун Ильяс авараг عليه السلام чIчIана, хIакълъун жив тIадегIанав Аллагь ﷻ рехсейин абун, Сайидасда قدس سره малъаризе лъугьана гьев.

Каранде данде витIун Хизри авараг عليه السلام чIчIана ва битIараб нухдасан кIалъайилан гьесие амру гьабуна.

Гьел аварагзабаздасан Сайид ГIободиясе قدس سره загьирлъана цIакъго чIахIи-чIахIиял мугIжизатал.

Хирияб Къуръаналъул щибаб хIарпалъул жиб-жибалъул магIна, лъабкъоялда анцIгонигиялдеги бахараб даража ГIободиясеги قدس سره загьир гьабун, хириял аварагзаби цереса тIерхьун ана.

Гьеб хIал баччун тамахлъун Сайид ГIободияв قدس سره вукIаго, тIаде лъугьун вачIуна тIарикъаталъул устар Гьухъалиса МухIамад قدس سره.

Дарсил хIалалги гьикъун, устарас хIукму тIалаб гьабуна, интихIам таъвил гьабун, кинабгоги гьикъана. Устарас قدس سره жиндаго малъаралги, гьесул гъоркь хутIаралги, киналниги хIукмаби, мухIкан гьарун рицана, жиндирго мугIалимасе.

Сайид ГIободиясул قدس سره гIаламатго хIикматал ва гIажаибго гъваридал жавабаз цIакъ кIудияб асар гьабуна Гьухъалиса МухIамадие قدس سره.

Гьес Сайид ГIободиясда абуна: -Гьанже, дир вас МухIамад, халват дуе рагьана ва мун гьениве вачине Аллагьасул ﷺ рахъалдасан дихъе изнуги бачIана, - ян.

-Я, дир кIудияв эмен, гIарипиназул магIдан! Унго, бажариладай дихъа гьеб жавабчилъи тIаде босун?!

-Дуда расниги ургъел чIваге, дир вас МухIамад! Дуе кумек гьабизе Бухарияв вачIина. ГIабдулкъадир Гилани дур хьибилалда чIчIела.

ТIубараб лъабго соналъ Муршидун Камил Гьухъалиса МухIамадхIажиясда قدس سره цеве цIалунги лъугIун, муршидлъиялъе ижаза щвараб мехалда, Сайид ГIободиясул

قدس سره гӀумруялъул букӀана гӀицӀго анцӀила микьго сон. ГьитӀинав чи вукӀиналъухъ балагьичӀого, Гьухъалиса тӀарикъаталъул кӀудияв устар МухӀамадхӀажияс قدس سره Сайид ГӀободияв قدس سره бергьарав гӀалимчи лъугьиндал, гьесие кьола тӀарикъаталъул устарлъи гьабизе ижаза.

ХӀеж борхизе ине къватӀиве вахъине ният ккедал, Гьухъалиса МухӀамадхӀажияс قدس سره Сайид ГӀободияв قدس سره витӀула Сугъралъе ГӀабдурахӀманхӀажиясухъе قدس سره хадубккунисеб гӀелму камил гьабизелъун, гьесул киса-кибего цӀар рагӀараб мадрасаялде цӀализе.

ГӀицӀго анцӀила микьго сон! Гьеб хӀикматаб гӀелму. ТӀарикъаталъул устарлъиялъе ижаза.

Жиндир дагьабниги бетӀер хӀалтӀулев чиясе, гьеб гӀажаибаб хӀужаялъулъ, пикру гьабизе, кутакалда кӀудияб гӀаламат буго, дир диналъул вацалги ва яцалги. Гьабуларелги Аллагьасﷻ ригьинареги жагьиллъиялъул пакъираб макьил гъапуллъиялдаса. Амин!

ГӀобода росу букӀана Дагъистаналде дин бачӀаралдаса нахъе, гьоркьоса къотӀичӀого, гьеб Аллагьасул ﷻ нухги ккун, мугӀрул тӀалъиялъул цӀи-цӀиял гӀелал куцалеб рухӀиябгун-гӀелмияб къебелъилъун.



Гьаниб хъван буго: «Дица хъвана гьаб тӀехь нилъер Сайид Имам ГӀободиясул قدس سره хатӀалдасан жинда Аллагь разилъаяв. Дунялалъулги ахираталъулги рокъоб нилъее Аллагьас кумек щвезабеги гьесул. Гьаб тӀехьалда жиниб буго кинавго иман лъурав чиясе гӀолеб гӀелму».

# ГIАБАДЕРИЛ ГIАЛИМЗАБИ ГIОБОДАСА ШАГIБАНКЪАДИ

*Шигьабудинил МухIамад*

Сайид ГIободиясул قدس سره лъимерлъиги гIолохъанлъиги ва тIолабго гIумруги ана диналъулги, динияб гIелмуялъулги, гIалимзабазулги къимат ва даража кIудияб борхалъиялде бахараб заманалъ. Гьелъул асаралда гъоркь щвана гьесие тарбияги, лъайги, гIелмуги, цIарги, гIелмуялъул иццилан жинда цIар тарав ШагIбанкъадил росулъ ГIобода.

Гьев жиндир сверухъе цIар рагIарав бергьарав гIалимчи ШагIбанкъади гьавуна 1609 соналъ ГIобода росулъ. Гьесие динияб гIелмугун тарбия щвана жиндирго эмен ИсмагIилидасан. Хадубго абуни ШагIбанкъадица гIелму тIалаб гьабулаго сверана тIолабго Дагъистан гуребги, Иранги, Йеменги, Сирияги, Египедги, Турцияги.

1639 соналъ ШагIбанкъадица рагьана ГIобода росулъ жиндирго мадраса ва гьенир цIалулел рукIана тIолабго Кавказалдасаго мутагIилзаби.

Гьев ШагIбанкъадияс, гIелмиябгун-динияб лъайги кьун, жиндирго мадрасаялда цIализарурал руго, жидер цIар дунялалдаго машгьурал дагъистаналъул гIалимзаби: Кьохъа Салманги, Къудукьа Мусалавги ва гьел гурел гIемерал цойгидалги машгьурал гIалимзаби.

Гьел ГIобода цIалулеб мехалъ, ШагIбанкъадиясул яс, Марям йикIана инсуца гIелму малъарай гIалимчIужу.

Бицен буго, Марям щибиб базаркъоялъ, чодаги рекIун, ячIунаанила Хунзахъ базаралде. Гьеб къоялъ гьениб букIунаанила гIалимзабазул кIудияб бахIс.

Цо нухалъ гIалимзабаз Марямие «МахIалиялдасан» жаваб кьезе бегьулеб цо суал кьунила. КIвечIила Марямида гьеб суалалъе жаваб кьезе. Гьеб квеш букIарай Марям, пирилъун,

чол кьолониеги кӀанцӀун, чуги хъамун анила ГӀободе. ГӀабадерил мажгиталъул горда цебе чуги чӀчӀезабун, ахӀун бугила Марямица:

- «МахӀали» къватӀибе бегьея, дибир!
- «МахӀали» гьечӀо.
- «ХӀаллуниги» гьечӀищ, дибир?
- Эбги гьечӀо. «Ижаз» бугоха.

Гьелда ракӀ рекъечӀей Марямица, чода цӀалги кӀутӀун, дибирасде ахӀун буго:

- «МахӀали» гьечӀ, «ХӀаллу» гьечӀ, мун хваяв «Ижаз» дибир! - абун.

Гьей жиндирго яс Марям Кьохъа Салмание кьун йиго ШагӀбанкъадияс. Цо нухалъ къаси, регизе бусаде рахараб мехалъ, Марямица, росасе логикаялъул суалалги кьун, абурабила гьел суалазе жаваб кьезе лъачӀони, Салман, мун дида къаси, рос хӀисабалда хъвазе, гьечӀилан. Нахул чирахъухъе гьел суалазе жавабал хъварал кагътил тӀамчал цо-цоккун Марямида цере рехун ругила Кьохъа Салманица, «цӀалулей йикӀа гьанже дурго!», - янги абун.

ШагӀбанкъади вукӀана Аваристаналъул машгьурав къадилъун. Гьесул букӀана квералъ хъварал тӀахьазул цӀакъго бечедаб архивгицин. ШагӀбанкъадидаса хадуб Аваристаналъул къадилъун вукӀана гьесул вас КӀудиясулав. Гьесул киналго лъимал рукӀана гъваридго гӀелму лъалел, шаригӀаталъул нух ккурал, Аллагь ﷻ разияб хӀалалда гӀумру тӀамурал бусурбаби. Абизе бегьула ГӀобода росу гӀуцӀун букӀанин гӀадамасул яшавалъе лъикӀго рес бугеб бакӀалда.

РухӀияб цебетӀейги якъинго загьирлъун букӀана гьениб. ГӀобода росулъ хӀуригат бахъилелде цебе киса-кирего рагӀарал анцӀ-анцӀ гӀалимзаби, устар, къадизаби, кечӀ гьабиялъе гьунар бугел чагӀи дагьал рукӀинчӀо.

Гьезда гьоркьов XVII – абилеб гIасруялда Дагъистаналдаго ва гьеб тун къватIивехунги машгьурал гIараб гIалимзабазул цояв ккола ГIободаса ШагIбан Къади. Дагъистаналда гIараб гIелмуги, Аваристаналда хъвай-хъвагIай гIуцIиги, хъвай-цIали цебетIезабиги ШагIбанил жигаралда гIемер эхеде борхун букIана. Амма жакъа къоялде щвезегIан гьесул хIакъалъулъ хъвараб я тIехь яги гъваридаб гIелмияб макъала гьечIо. ГьелЪие чанго гIилла букIана. Гьанжеги гьеб гьедин танани нилъеде кIудияб гIайиб гьабизе буго.

ГIиллабазул бицунагун абизе мустахIикъаб буго: жакъа гIадии ракIалда буго лъеберабилел соназ ГIобода мажгиталъул кIудияб библиотека щущахъ биххизабураб къо. Цо бутIа гьелъул бухIана, цогидаб бутIа ракьулъ букътана, жинда жаниб гIемерал Дагъистаналъул гIалимзаби цIалараб мажгит, биххизабуна. Чан батIи-батIиял гIелмиял тIахьал, асарал, кагътал, росдалги-тIалъиялъулги тарихяб хъвай-хъвагIайха гьелда гьоркьоб тIагIун батилеб? Гьезда гьоркьор рукIине ккола ШагIбан Къадилги гIеIмерал документал.

Нилъер талихI буго ГIободаса ШагIбан кутакалда машгьурав гIалимчи вукIин, гьесул гIелму тIолго Дагъистаналдаго т1ибитIараб букIин. Гьеле гьелъ рес кьуна гьесул хIакъалъулъ, дагьаб бугониги, хъвазе. Амма гьеб, нижер хIисабалда, бигьаяб иш гуро: гьесул хIалтIабазе тIубараб къимат кьезе кканани, ратизе ккола гьес хъварал тIахьал, кагътал, документал, лъазе ккола гъваридго исламияб гIелму ва гIараб мацI. ГIемерал соназ хIалтIизе ккола документазда тIад. РакI чIола, гьеб кинабго тIубазабизе рачIунел гIелазе лъкIал шартIал тIаде щун ругилан. Гьеб киналъего гIоло, гьаб макъалаялда цебе ннжеца лъуна гьитIинабго масъала: къокъго машгьурав гIалимчиясул, ГIободаоа ШагIбанил гIумруялъул ва гьесул гIелмуялъул бицине.

ШагӀбан Къади гьавуна 1017 (1608—1609) абилеб саналъ ва хвана 1078 (1667 – 1668) абилеб соналъ. Гье динаб хъвай-хъвагӀай батун буго живго ШагӀбаница хъвараб «Хибар-фи-л-фикх» абураб тӀохьода гьоркьоб бугеб цо тӀанчида. Гьеб тӀехьги цӀунун буго Кьохьа СултӀан МахӀамадил тӀахьазулъ.

ШагӀбан цӀализе цӀакъго гьитӀинаб гӀумруялда лъугьана, цин инсул рокъов, гьелдаса хадув мажгиталъув. Гьелъие кӀудияб квербакъи ккана гьесул эмен ИсмагӀил живгоги цӀаларав, росдал къадилъиялде вахарав чи вукӀиналъ. Байбихьул лъай щвезе жиндирго росулъ гьесие гӀолел ресал рукӀун ратизе руго. Гьелъие нугӀлъи гьабула Дагъистаналъул гӀелмияб централда цебе бугеб Историялъулги, мацӀазулги ва литератураялъулги Институталда цӀунун ругел гӀезегӀанго документаз. Гьезие къимат кьолагун, профессор А. Р. ШихсагӀидовас хъвалеб бугб гьадин: «Институталъул Бакъбаккул фондалда данде гьарун руго ГӀободаса ШагӀбанил цо-цо тӀахьал, кагътал ва цогидалти документал. ТӀахьал хъвай, гьезул копияби рахъи гӀатӀидго тӀибитӀун букӀана доб заманаялъ Дагъистаналъул цо чанго росулъ ва гьезда гьоркьоб ГӀободаги», – ян. Гьел шартӀаз рес кьун батизе ккола ШагӀбаниеги гӀараб гӀелмуялде гъорлъе ваккун тӀоцересел галаби тӀамизе.

Цебе заманаяль гӀелму цӀалулезул букӀана гьадинаб гӀадат: росулъ цӀалиялъе ругел ресал лъугӀарабго гӀелмуялъе гьунар бугес ралагьулаан жиндиего цогидал мугӀалимзаби ва гьез гӀумру гьабулел росабалъе ун дагьабги гъварид гьабулан жиндирго лъай. Гьедин гьабуна ШагӀбаницаги. Гьунар бугезин абуни, гьелдаги гӀей гьабичӀого, дагьалги гъваридал мугӀалимзаби ралагьулаан ва унаан Дагъистан тун къватӀирехунцин.

Дагъистаналъул гӀалимзабазул тӀоцересезда гъорлъ ШагӀбан Къади жиндирго гӀелму гъварид гьабизе ана ГӀагараб

ва ГЬоркьохъеб Бакъбаккул улкабазде: гьев щвана Египеталде, Йеменалде, Сириялде ГIемерал соназ цIалана машгьурал гIарабазул гIалимзабазул нухмалъиялда гъоркь: гъваридго лъазаруна гIараб ва парс мацIал, бусурбабазул гIелму, хасго шаргIияб право, логика, математика, астрономия ва гь. ц. 1639 абилеб соналъ гьев вуссана ватIаналде. ГIарабистаналъул улкабазде нух бахъи ва гьениб рухIалда барахщичIагун гIелмуялда тIад хIалтIиги рикIкIине ккола ШабгIан Къадил кIудияб бахIарчилъилъун, доб заманаялъул ресазда рекъон.

ДагъистаналдеШагIбан Къади вуссана машгьурав гIалимчи хIисабалда ва гьес жигаралда байбихьана жиндирго ватIаналда гIелму ва льай тIибитIизабизе. Гьес гьелъие, хIисаб гьабураб мехалъ, бищунго цебесеб шартIлъун рикIкIун батизе ккола тIадегIанаб гIараб школа рагьи. Ккезеги ШагIбан ккола Аваристаналдаго тIоцебе Мадраса рагьарав гIа-лим. ГIараб мацI букIана гьениб хъвай-цIалиялъул мацIлъунги.

ГIободаса ШагIбанил Мадраса букIана цо чанго цIар рагIарал Дагъистаналъул ГIалимзбазе тIоцебесеб Академиялъун, живго ШагIбан рикIкIунаан гьезул тIоцовесев учительлъун. Босизин цохIо мисал: ГIагараб ва Гьоркьохъеб Бакъбаккул улкабаздаго машгьурав Къудукьа Мусал МухIамадги цIалана ШагIбан Къадил школалда. Гьебги лъугIизабун, жиндирго учителасул нухги тIаса бищун, гьевги уна лъай гъварид гьабизе Сириялде ва Йеменалде. Мусал МахIамад хвана Сириялда ва гьев вукъана Аллепо шагьаралда.

ГIемерал соназ нилъер литератураялда Дагъистаналда рагьун рукIарал гIараб школал рикIкIунаан щибго жидедаса мунпагIалъи цIалулезе гьечIел школаллъун. Гьеб гьереси букIин нилъее якъинаб буго. Мадрасаялда цIалулез динияб гIелмуялда цадахьго, гъваридго лъазарулаан гIараб

мацІалъул грамматика, дунялалдаго тІибитІараб гІараб мацІ, шаргІияб право, логика (мантика), география, астрономия, математика, философия, гІараб философия, кІалъаялъе ва бахІсалъе махщел, шигІру гьабиялъул, рукІа-рахъиналъул, гІадамасул санитарияб гигиеналъул, хьвада-чІвадиялъул нухал ва гь. ц. ШагІбан Къадил хІаракаталда, жигарчилъиялда рагьараб гІараб школалъ кІудияб бакІ ккола 17 абилеб гІасруялда ва хадубги Дагъистанадда рухІияб (динияб) интеллигенциялъул лъикІаланго къокъа гІуцІиялъулъ. Гьелдаго цадахъ ГІободаса ШагІбан Къади вукІана Авар ханлъиялъул кІудияв хІаракатчилъунги. Гьелъие нугІлъи гьабула Аваразул хан ГІамир ХІамзаца ШагІбан жиндирго бетІарав къадилъун (вазир-министр) вачиналъ. Гьеб хъулухъ гьабулагун ШагІбан Къадица кІудияб кІвар кьуна ханасул иш шаргІияб нухалде бачиналъе, росабазда ва тухумазда гьоркьоб маслигІат, тадбир чІезабиялъе, рекъелалъул нухал ратиялъе. Масала: цІунун хутІун руго гьеб мурадалда гьесул кверalъ хъварал къотІиял ГІахьалчІи, Гьандихъ, Бакълъухъ, КъахІиб, Гьоориб, ГІобода гьоркьорлъабазул ва жанисел низамазул хІакъалъулъ. Гьединго цІунун хутІун руго цогидалги гьесул кверalъ хъварал тарих хъвалезе кьочІое росизе бегьулел хъвай-хъвагІаял ва батІи-батІиял документал.

Амма гьеб хъулухъ ШагІбан Къадица тезе ккана жиндирго пикру ва намусги ханзабазул политикаялде данде ккечІолъиялдалъун. Жив хундерил ханасул хъулухъалдаса нахъе иналъе гІиллаби рехсараб ШабгІан Къадил ханасде хъвараб кагъат буго жеги цІунун. Гьелда бихьизабун буго лъабго аслияб гІилла: мухьдае букІараб къотІи ханас тІубазабичІолъи, гьесул тІалабалда рекъон ханас жиндирго лагъзал эркен гьаричІолъи, Гуржиялде гьарулел рукІарал чабхъенал къотІизаризе ханас инкар гьаби. Бищунго кІудияб гІилла букІун батизе ккола гьаб хадусеб: ШагІбан Къади

вукIана шаргIияб нухалъул хIаракагчи, ханзабазе гьеб данде кколароан, гьезие бигьаяб букIана гIадатазда рекъон гIадамазда жидерго кверщел щула гьабизе. Масала: шаргIалъ гьукъула гIадамал лагъзаллъун кквезе, гIадаталъин абуни гьеб биччала. Гьел рехсарал пикрабаз нугIлъи гьабула ГIободаса ШагIбан Къади жиндир заманалъул ритIухълъиялъул хIаракатчи вукIиналъе.

ГIободаса ШагIбан Къадил цIар гIатIидго тIибитIия лъе бищун аслияб гIилла букIана гьев гъваридав гIалим чи вукIин. Гьесул руто гIемерал гIелмиял хIалтIаби. КIудияб кIвар ШагIбан Къадица кьолеб букIун буго шаргIияб право лъазабиялде. Гьелъул хIакъалъулъ гьес хъвана нилъеда лъалел гьал хадур рехсарал тIахьал: «Шарх мисабих», «Минахин ал-Касидин фи-шарх Мин-хадж ал-абидин», «Хибар фил-фикх», «Мафатих шархалмасабих», «Вафи- ал-Мурад». Гьесул рукIине ккола цогидалги тIахьал. РакIчIола гьел балъго хутIунгутIиялда. Гьезие букIине кколеб къимат кьезе кIвезе буго гъваридго гIараб гIелму цIаларав чиясда. РукIина гьединал гIалимзаби.

Амма жакъа нилъеда якъинго абизе кIола: ШагIбан Къадил тIахьал Дагъистаналда киса-кирго тIиритIарал рукIанилан, гьел лъалаан Гьоркьохъеб ва ГIагараб Бакъбаккул улкабаздаги. «Правоведениялда (фикх), – ян хъвалеб буго гIарабист М.-С. СагIидовас. – Дагъистаналъул правоведал рукIинчIо такрарчагIилъун. Гьез фикхалъул гIемералго суалазул жидецаго, лъидаго рачIого, гьваридго цIех-рех гьабуна. Гьелъие гIоло гьединал гIалимзабазул тIахьазул цо бутIа забруялда кьабун къватIире риччан рукIана Стамбулалда, Каиралда ва Маккаялда». ЦохIо гьелъги нугIлъи гьабула ЩагIбан Къадил шаргIияб правоялъул хIалтIабазул бусурбабазул улкабазего кIудияб кIвар букIиналъе ва гьезул гъварилъиялъеги. Цойгиги ШагIбан Къадил хIалтIабазул

цӀакъго кӀудияб кумек букӀана Дагъистаналъул рухӀияб интеллигенция гӀезабиялъе, гӀадамазе тарбия кьеялъе, гьел шаргӀиял нухалдасая рачиналъеги.

ГӀободаса ШагӀбан Къади мустахӀикъав вуго кӀудияб реццалъеги ва тӀадегӀанаб къиматалъеги тӀоцебе магӀарул алфавит-гӀажам гӀуцӀарав чи вукӀиналъги. ШагӀбанида бичӀчӀӀун батизе ккола рахьдал мацӀалъул кӀудияб кӀвар букӀин рухӀияб гӀелму тӀибитӀизабиялъе, гӀадан цеветӀезавиялъе, гӀадамазе тарбия кьеялъе, хъвай-цӀали халкъалда гьоркьоб тӀибитӀизабиялъе. Абизе ккола рахьдал мацӀалда хъвай-хъвагӀай ккола, битӀахъего, беццасе канлъилъунги, гӀинкъасе рагӀилъунги. ШагӀбан Къадица гӀажам алфавит гӀуцӀана гӀараб алфавиталъул кьучӀалда. Гьелда гӀажаиблъи гьабизе ккараб бакӀ гьечӀо. ТӀолгодунялалдаго миллиял алфавитал гӀуцӀарал руго цогидал алфавитазул аслуялда. ГӀараб мацӀалда гьечӀел магӀарулал гьаркьазе (лъ, хъ, чӀ, гӀ, хь, ц ва цогидазеги) гьес ургъана гӀадамазе бичӀчӀизе бигьаяб гӀадатаб нух: тӀанкӀазул, хӀуччазул кумекалдалъун лъугьинаруна гьел. Гьедин бижана жакъаги нилъеда кӀоченчӀеб, 30–абилел соназде щвезегӀан нилъер умумузе чирахълъун букӀараб хъвай-хьвагӀай гӀажам.

Цо-цо гӀалимзабаз къасдал гьаруна гӀажам гӀуцӀиялъе ШагӀбан Къадил хӀаракатчилъи гӀодобегӀан бачине, гьеб XVII–абилеб гӀасруялдаса XVIII – абилеб гӀасруялде цӀазе. Гьеб тӀекъаб къасдалда нилъеда рекъезе кӀоларо. Узухъда, ШагӀбаниде щвезегӀанги ратула цо-цо хъвай-хъвагӀаял гӀараб хӀарпазул кумекалдалъун магӀарул мацӀалъ хъварал, амма гьезда гьоркьор гьечӀо гӀараб мацӀалда гьечӀел магӀарул мацӀалъул хасал гьаркьазе ургъарал ишараби. Гьелъие нугӀлъи гьабула жакъа къоялде щвезегӀан цӀунун хутӀарал цо чанго ШагӀбан Къадил квералъ магӀарул мацӀалда гӀажамалъ хъварал документаз. Масала: ГӀамир ХӀамза-нуцалас ПатӀимат ва Шахун лагълъиялдаса эркен гьариялъул грамота.

ГIахьалчIи, КъахIиб ва Гьоориб рссабазул жамагIатазул къотIиял ва цогидалги документал. ШагIбан Къадил авар алфавит-гIажам гIуцIиялъе ккараб гьунар, гьесул къадру гIодобе бачиналъул ва магIарулал хъвай-хъвагIайги гьечIел гIадамал рукIанилан чIезабиялъул мурадалда батизе ккола, цо-цо автораз хъвалеб буго: гьес магIарул рагIаби Хунзахъ диалекталда гуреб (живгоги гьеб диалекталъул инсан вукIаниги) болмацIалда хъвалел рукIанила. Дир хIисабалда гьес битIун гьабулеб букIун буго, щайгурелъул болмацI букIиндал киналго магIарулазда бичIчIулеб мацI. Гьединлъидал ШагIбан Къадие къимати кьолагун, нилъеда абизе тIадаб буго: гьев ккола авар мацIалъул хъвай-хъвагIаялъе гуребги, магIарулазул литертуриябги, киназего гIаммаб мацIалъе кьучI лъуразул цояв. Абизе мустахIикъаб буго: гIаммаб хъвай-хъвагIаялъул мацIалъ кIудияб нух рагьана рикь-рикьарал магIарулазул жамагIатал цолъизариялъе, гьезул гIумру рукIа-рахъин ва адабият цебетIеялъе. Хадусел гIасруязда цогидал гIалимзабазул, хIаракатчагIазул жигаралдалъун, гIажам хъвай-хъвагIай щулалъана, гъварилъана ва тIибитIана.

ШагIбан Къади чIаго вугеб мехалъго машгьурав, къадру бугев гIалим вукIана. Дагъистаналдаго гьесул кIудияб къимат гьабулаан. Гьеб заманалдаго гьесда щайих, «устаз Иртакки. ал-Авари ал-Убуди» – йилан абулаан. Гьев веццун гьарурал назмаби ва шигIрабиги дандчIвала. Масала: Табасаран районалъул Лиджи росулъ батараб тарихалъул хIакъалъулъ бугеб хъвай-хъвагIаялда руго ГIали Багъдадияс ШагIбан Къадиде гьарурал кучIдул.

Живго ГIали вукIун вуго машгьурав гIалимчи ГIободаса ЩагIбанил заманаялъ Тарки рссулъ чIарав гьев вукIун ватизе бегьула ШагIбан Къадил тIоцересел учительзабазул цояв.

Живго ШагӀбан Къадицаги гьарулаан назмаби, кучӀдул. Шангъодаса И. РапихӀажиясул библиотекаялда бугеб «Джавахир ал-Куран Муххамада ал-Газали» абулеб тӀохьода гьоркьоб цӀунун буго гьесул гьединаб гьунар букӀин загьир гьабураб хъвай-хъвагӀай. Амма гьесул жалго шигӀраби дихъе щвечӀо. Гьаб бакӀалда гьаризе бокьун буго цӀалулезда: ШагӀбан Къадил хӀакъалъулъ нужехъ ва нужеда лъалезухъ кинаб букӀаниги хъвай-хъвагӀай батани тоге гьеб чӀалгӀаде бегун, бахъе газеталда, яги битӀе гьаб адресалда: МахӀачхъала, 26 Бакуялъул ксммиссаразул къватӀ. 57, кафедра истории, Шигьабудинов.

ШагӀбан Къадил лъималги рукӀана цӀаларал гӀадамал. Гараб гӀелму щваразда гъорлъ руччаби цӀакъго дагь гурони рукӀинчо. Дагъестаналда доб заманалъ гьезда гьоркьой рехсезе ккола ШагӀбан Къадил яс. Гьесул вас МухӀамад эмен хвараб соналъги цӀалулев вукӀана Хунзахъа Атанасил вас Хотенида цеве, гьес копиял рахъарал чанго тӀехьги цӀунун хутӀун буго. МухӀамадилги букӀана Мадраса. ШагӀбан Къадил васасул вас МухӀамадги лъугьана къадру бугев гӀалимчилъун 1730 – абилеб сональ, кӀудияв эменго гӀадин, гьевги вукӀана хундерил ханасул къадилъун

Гьев хвана 60 сон бараб мехалъ, амма гӀелмуялда рахъ тана гъваридаб. Гьелъие нугӀлъи гьабула ункъгогӀан гӀасруялъ цеве вахъарав ГӀободаса ИсмагӀилил вас ШагӀбанил нилъеда жакъаги бищине кӀвеялъ, жакъаги гьесул гӀелмуялъул кӀвар букӀиналъ. Нуж ГӀободе лъугьунаго нужеда батизе буго къадада рекъезабураб гьеб мармаралъул ганчӀил хъарщи. Божула гьеб даималъго букӀиналда ва гьелда релълъарал цогидалги раккиялда.

Гьеле гьединаб гӀелму-лъаялъул щулиял кьалбазда тӀад бижараб букӀана Сайид ГӀободиясул قدس سره гӀелму-лъаялъул гӀаламатго хӀикматаб рохтиялъул, гьайбатго баракатаб гъветӀ.

# ГIАБДУРАХIМАНХIАЖИ СУГЪУРИ قدس سره



1846 соналъ хадубккунисеб гIелму тIалаб гьабизе Сугъралъе ГIабдурахIманхIажиясухъе قدس سره унеб мехалда,

тӀадехун абухъе, Сайид ГӀободиясул قدس سره букӀана гӀицӀго анцӀила микьго сон.

Сугъулдерил мадраса дол соназдаго букӀана Дагъистаналдаго бищунго цӀар аразул цояблъун. Нахъе цӀунун хутӀарал биценазда рекъон, гьениб цого заманалда рагӀаракьанде щвараб гӀелму малъулеб букӀун буго 150-200 мутагӀиласда. Гьелги рукӀун руго тӀолабго Кавказалдасаго, лъикӀаздаса лъикӀал тӀаса рищун, цӀализе росарал мутагӀилзаби. ГӀелмуялда хадув чӀчӀарав чиясе Дагъистаналда гьелдасаги тӀокӀаб мустахӀикъаб бакӀ батизе захӀмат букӀана: дунялалдаго машгьурав Муршидун Камил ГӀабдурахӀманхӀажи Сугъурияв قدس سره, тӀадегӀанаб мадраса, къиматал ва къанагӀатал тӀахьал. Гьеб кинабго букӀана цолъун, цого заманаялда, гьеб мадрасаялда.

ТӀоцебесеб къоялдаса байбихьун ГӀабдурахӀманхӀажияс قدس سرهхасаб кӀвар кьезе байбихьана гьев гӀаламатав гӀарипинасде. ТӀарикъаталъул кӀудияв устарасда бихьана Сайид ГӀободиясул قدس سره гӀелмуялдехун бугеб бергьараб гъира-шавкъги, пагьмуги, гьесул гӀажаибго рекӀелъ босулеб хӀеренаб гӀамал-хасиятги. Гьеб кинабгоги хӀисабалде босун, ГӀабдурахӀмагхӀажи Сугъурияс قدس سره исламияб гӀелмуялъул чархида ккун бегӀерги камилги гьабуна Сайид ГӀободиясул قدس سره тӀолалго рахъал. БатӀаго кӀвар кьун малъана гьитӀинав Сайидасда жиндаго лъалел тӀолалго гӀелмаби. Ва «**МУЖАДИД» -дин цӀигьабулев чи** -абураб цӀарги кьун, кӀодо гьавуна МухӀамадхӀажи ГӀободияв قدس سره жиндирго киналго мутагӀилзабаздагицин гъорлъ.

Сугъралъа ГӀабдурахӀманхӀажиясул قدس سره мадрасаялъул, ва гьениб кьолеб букӀараб гӀелмуялъул бицани, нилъее гӀела гьенир хаду-цере цӀаларал гӀалимзабазул цӀарал рехсаниги. Гьенир цӀалана Сайид ГӀободиявго قدس سره гӀадин, исламияб гӀелмуялъухъ гӀащикъал, заманалдасан жал дагъистаналъул

рухӀиял цӀвабилъун кенчӀезе ругел муршидал: ***Генуса ГӀабдуллагьхӀажи; ЦӀадахӀариса ИлъясхӀади; Хукниса МусахӀажи; ХӀоцоса ГӀабдулатӀипхӀажи; КӀикӀуниса МухӀамадхӀажи Маданияв; СалтӀаса УзунхӀажи; Могьохъа АтанасхӀажи; ГьаракӀуниса Султанкъади; ГӀахъущиса ГӀалихӀажи; цӀар-цӀарккун рехсечӀониги, гӀемерал цогидалги.***

***Сугъралъа ГӀабдурахӀманхӀажи*** قدس سره, къутӀбу, жиндаса Аллагь разилъаяв, къотӀараб гъазаваталдаги, къотӀараб тӀарикъаталдаги гьоркьове ккарав чи вуго.

ГӀабдурахӀманхӀажи Сугъурияс قدس سره абулеб буго: **«…Дунги дида цере рукӀарал киналго машаихзабиги мукӀурал руго Сайид ГӀободиясе قدس سره кӀиго жоялъе: кинабго рахъалъ щвалде щун Аварагасулﷺ суннат цӀуниялъеги ва гьелдаго цадахъ шаргӀалъул нухалда хъизан хьихьиялъеги.»**

Живго тӀарикъаталъул устарлъун кколев вукӀун, ГӀободиясухъе قدس سره тӀарикъаталъе ижаза кьуниги, гьесда лъан буго гӀадамазда тӀарикъат гьабун бажарулеб гьечӀолъи, гьел дунялалдехун цӀакъго гьетӀун рукӀин, хӀарамлъиялда хӀинкъун, хӀалалабги толеб гӀамалалдаса гьел рикӀкӀалъун рукӀин, мутӀмаина – цо хӀалккун чӀолеб хӀалимлъи гьезухъ гьечӀолъи.

Сайид ГӀободияс قدس سره жиндирго тӀехьалда хъвалеб буго, устар вукӀине кколила, жиндихъе тӀарикъат босизе вачӀарав бусурманчиясул ракӀ хъатиниб лъураб гӀадин бихьулевлъун, гьесда лъазе кколила гьес гьеб тӀарикъат гьабулищ-гьабуларищали, гьесухъе тӀарикъат кьуни, устарас гьев берзукьа ворчӀизе тезе бегьуларила, тӀарикъаталъул байбихьи бидгӀа теялъулъги Суннат цӀуниялъулъги бугила.

ГӀабдурахӀманхӀажи Сугъуриясулги قدس سره Сайид ГӀободиясулги قدس سره рухӀияб хурхен даимаблъун лъугьана

ва гьеб сундаго гьоркьоб къотІизабизеги кІвечІо, кигІанго диналъул тушбабаз гьелъие хІаракат бахъаниги. Гьезул кІиязулго инсулги васасулги гІадаб гьуинаб гьоркьоблъи цІунун хутІана тІарикъаталъул кІудияв дарвищ устар ГІабдурахІманхІажи Сугъурияв قدس سره гІумруялъул 92 сонги бан 1882 соналъ Гъоркьияб Гъазданущиб накълолъизегІан.

Сайид ГІободияв قدس سره вукІана ГІабдурахІманхІажи Сугъуриясул قدس سره мурафакъан-диналъул ва гьабулеб жоялъул даимав гьалмагъ.

ГІабдурахІманхІажи Сугъурияс قدس سره Сайид ГІободиясе قدس سره кьола дагъистаналъул халкъалда кІиябго тІарикъат малъизе ижаза: Лаиллагьа илаллагь абурабги ва жалалияб лафзалдалъунги.

Гьедин гІемераб заманалда Дагъистаналда кІиябго тІарикъаталъул устарлъун вукІана Сайид ГІободияв قدس سره, жинда тІад Сугъралъа ГІабдурахІманхІажияс قدس سره хасаб халгІатги ретІарав ва чалмаги къарав камилав маъзум.

*Цинги Сугъурияс قدس سره холеб мехалда,*
*Халапалъун гьавун чІчІезе гьавуна.*
*Суннат цІи гьабуна, адаб малъана,*
*Аварагасﷺ гІадин, хъизан хьихьана.*
*Гьаб къарнуялъул жив Имам вугилан,*
*Ижтигьад жиндие букІин лъалаан.*
*Гьесие гьеб букІин щаклъи гьечІолъи,*
*«Шархул мухтасаралъ» баян гьабуна.*

## ШАРИГІАТАЛЪУЛ КЪАНУНАЛ ЦІУНАРАЗУЛГИ РУХІИЯВ ЦЕВЕХЪАН

Сайид ГІободиясул قدس سره гІелмуялъул хаслъабазул бищунго аслияб рахълъун букІана, гьев МухІамад аварагасулﷺ суннат цІунаразул бищунго камилазулги камилавги ва шаригІаталъул къанунал цІунаразулги рухІияв цевехъанлъунги вукІин.

Живго ГIабдурахIманхIажи Сугъуриясгицин قدس سره абулаанила: **«Дунги дида цере рукIарал машаихзабиги мукIурал руго ГIободиясе قدس سره гьес Аварагасулﷺ суннат цIуниялъеги ва гьелда нахъ вилъиналъеги»** - абун.

Сайид ГIободиясул قدس سره суннаталда нахъ вилъиналъул кутакалдасан буго, гьев хъарпуз цебе лъураб мехалъ, заманаялъ гьеб кваначIого чIчIей, живго МухIамад аварагасﷺ кин гьеб къотIараб ва кин кванарабали лъазегIан. ГIободияс قدس سره гьебго шартI тIалаб гьабулаанила жиндирго хулапаааздасаги, муридзабаздасаги ва тIолалго бусурбабаздасаги. Гьеле гьединлъидалин халкъалда гьоркьоб гьесул къадру-къиматги цIакъго тIадегIанаб букIараб, гьесул рагIиги инкар гьечIеб букIараб гIадамазе.

ГIободиясул قدس سره ниятги, рекIел пикрабиги, напсалъул хIалги, кIалзул каламги цадахъ рекъон, цоцаздаса тIечIого, цо гIадин, хIалтIулелги рукIарал кидаго ва сундулъго.

Гьеб кинабго тастикъ гьабулеб цо гьитIинабго мисалги бачун телин: Сайид ГIободиясул قدس سره жиндирго хуриса бачIараб хIалалаб тIощалил лалги тIамун, Муршидун Камиласда абула, рокъове лъугьун вачIарас, лъугIанинха, МухIамадхIажияв, дур лал тIамунилан абун. Сайид ГIободияс قدس سره гьесда абула гьеб тIощел гьанже жиндие хIарамлъанинха, дир васан абун. Эб кинин дурго хуриса бачIараб хIалалаб тIорщел дуе хIарамлъулилан, гIажаиблъи гьабун хутIула рокъове жаниве вачIарав.

***Устарас гьесда абула: «Нужеца, как ахIулеб мехалъги, лал тIами гьоркьоб къотIизе течIо. Как ахIулеб мехалъ гьабураб хIалтIиги хIарамаб букIуна, дир вас. Гьеле гьеб буго дие дирго тIощел хIарамлъиялъе ккараб гIиллаги» - ян абун.***

Гьелдасаги мухIканаб хIакъикъат цохIо Аллагьасда ﷻ лъала хирияв валиясул хIакъалъулъ.

# ХIЕЖАЛДЕ ТIОЦЕБЕСЕБ САПАР

ЛъагIилухъа машгьурав гIалимчи Шангерейил рагIабазда рекъон, Сайид ГIободияс قدس سره лъикIаланго моцIал рала: Хунзахъ, БакьагьечIиб, ТIануси, ХъахIабросулъ, ИнкIкIвалита, Бекьилъ, Гьарадерихъ, ИштIибуриб, ТIаса Колоб, Хьиндахъ, ГIорутIа, Харахьи, Гьамущи, Хушдада, ГIандиб, Алмахъалда, Ахъташалда, Юрт ГIавухъалъ, Эрпелиб ва цогидалги росабалъ.

ИнкIкIвалита, микьгогIан соналъ ХIалимат-эбелги ячун, жанив вукIараб гьесул хIужра рукъги, цIигьабураб зияратги буго.

ГIезегIан соназ гьеб исламияб гIелму халкъалда гьоркьоб тIибитIизабиялъулъ бергьараб жигарчилъиги бихьизабун, 1866 соналъ Сайид ГIободияс قدس سره хIукму гьабула, щивав жиндир рес бугев бусурбанчиясда Аллагьас ﷻ жиб тIадаблъун гьабураб исламалъул рукну-фарз тIубазабизе хIежалде сапар бухьине.

Гьеле гьедин, жиндирго мурад тIубазелъун, Сайид ГIободияв قدس سره хIежалде ине нияталда къватIиве вахъана. Мадинаялде къокъана, халкъалъул хирияв МухIамад Аварагасул ﷺ равзаялде кигIан хехго кIваниги щвезе бугеб мурадалъ. Хирияв Аварагасул ﷺ шафагIаталде хьул лъун, ХIабибасдаса нечон, равзаялъул кавудахъго Сайид قدس سره гIодов кIусана.

Циндаго гьев тамахлъун, хIаяъ бергьун, хIал хисун лъугьана. ХIабибасул изну щун, Сайид قدس سره жанив лъугьиндал, МухIамадун Мустафа ﷺ гьесда берда вихьана, гIурччинаб нурги тIаде бан, гIажаибго берцинаб куцалда.

КвегIаб ва кваранаб рахъалда ругездаги рагIизабун кIалъалев МухIамад ХIабибги ﷺ вуго.

-Я Сайидул мурсалин, хIакъав Бичасул шапигI, аман шафагIат! - илан Расуласда гьарана Сайид ГIободияс. - Я хатамул амбияъ, хIакъав Бичасул магIбуд, дуда цеве вачIарав нахъе чIваге, мустафа! -Я дир хирияв гьудул, хIакъав Муршидун Камил! Гьаб нусго соналъ хIукму дур амруялда букIине буго. Дир гIадилав халапа, дуца гIадлу кибго бацIцIадаб гьабе. ШаригIаталъул нухда гIадамал чIчIезе гьаре. Ахирзаманаялъул ислам тIеренаблъидал, гIадамазе бигьаял шаргIалъул нухал малъе!

Гьединаб къагIидаялъ халкъалда дин-ислам малъейилан Хирияв ХIабибулагь ﷺ Сайидасда قدس سره кIалъана. Ва гьеб лъугьараб вакъагIат ГIободиясги قدس سره балъго тана, жинда цеве вукIарас иршад жиндий кьезегIан. Гьелдаса хадуб хирияв муршидас шаргIияб нух гIадамазда малъизе байбихьана, шапигIияв Имамас бихьизабураб куцалъ. ШаргIалъул нух тIубазе гьаб халкъалда тIадабилан, тIадабщинаб жоги гьезда малъун, шаригIат цIи гьабуна. Гьеб шаргIалъул битIараб низамалда рекъон жал хьвадичIел чагIиги, гIазабалъулъе ккезе рукIинги якъинго хIакъикъ гьабун бицана гIадамазда.

Аварагзабазул хирияб ракьалда, паризаяб хIежги камилго тIубан, Дагъистаналде тIад вуссиндалги, цIияб гъира-шавкъалда байбихьана Сайид ГIободияс قدس سره динияб бичIчIикьеялъулаб хIалтIи халкъалда гьоркьоб гIатIидго тIибитIизабизе.

## ХІАЛИМАТ-ЭБЕЛ ЛЪАДИЛЪУН ЯЧИН

ТІоцебесеб нухалъ хІежалде арав чи Сайид ГІободияв قدس سره гьенив лъикІ гьечІого унтун лъугьуна. Гьесулгун лъай-хъвай ккарал СайгидхІосен Къурайшияс Гьев вукІуна МухІамад Аварагасул ﷺ наслуялъул чи Маккаялдаса ва гьесго изну кьурав ГІабдулпатахІ Маккиян абулев КъутІбул гъавсас Сайид ГІободиясда سره قدس абула ***дуе ИнкІкІвалитІаса ХІалимат абулей чІужуги данде ккезе йигин***, дуе дурго мухъалъул гьава-бакъги рекъон ккезе бугин абун. Гьединлъидал, Сайид ГІободияв سره قدس Дагъистаналдего тІад вуссуна.

Гьес рокъове щваравго абула инсуда ***жиндие ХІалимат абулей яс абизе ине кколин мун ИнкІкІвалитІе*** -абун. КигІанго бокьун букІинчІониги, Къебеддибир уна гьениве жиндирго васасе ХІалимат абулей яс абизе. Гьей ясалъул инсул рукъги цІехон, гьениveги ун, Къебеддибирас бицуна жиндирго мурад тІоцеве вихьулев вугев чиясда. Гьев кара биххун лъугьуна, мун щив жив инжит гьавизейищ, яги жиндир квергІанасей лъимер ялъаргъиневищ гьаниве гьеб хабаргун вачІун вугеванги абун.

Инсуца ахІун жидедаго цейе ячІинайула, кьватІ-кьватІарал хІатІалги ругей, тІад басриябго ретІелги ретІарай, гьитІинабго лага-черхалъул яс.

-Валлагь, дицагогицин абиларо гьай квер гІанасей лъимер дирго васасе лъадилъун кьеян, -илан абула живго Къебеддибирасги, бетІерги кІибикІизабулаго.

Инсуца васасда бицуна жиндирго ИнкІкІвалитІе гьабураб сапаралъул ккараб-тараб. Сайид ГІободияс قدس سره инсуда щибго жо абуларо.

Нахъисеб къоялъ къалъилелде, гьей жиндирго ХІалимат абулей ясги цадахъ ячун, ГІободе вачІун вуго дов ИнкІкІвалитІаса Халилил ГІумар, жиндир яс васасе ячеян

Къебеддибирасда гьаризе. Къебеддибир гIажаиблъун хутIун вуго, сонгицин додигIан данде чIчIун вукIарав гьев, ясги ячун, циндаго, жакъа жиндирго рокъове вачIиндал.

ХIалиматил инсуца абунила Къебеддибирасда, сон мун нахъе аралдаса, жакъа гьаб нужер росдал лъар бахинегIан, жиндие рахIат течIин цо киналалиго чагIаз, дур мурад тIубазабиян абун. Гьелъ вачIаравги вугин жив, дуда тIаса лъугьаян гьаризеги ва дур васасе гьай дирго ясги кьезеги абун.

## ИНКIКIВАЛИТIЕ ГОЧИН

ТIубараб лъабго-ункъгониги соналъ босизе рес букIараб гIелму-лъайги Сугъралъ мадрасаялда жиндирго устар ГIабдурахIманхIажиясда قدس سره цеве цIалунги босун, Сайид ГIободияв قدس سره тIад вуссуна жиндирго росулъе ГIободе.

Амма гъениб гIемераб заманго бачIого, МухIамадхIажи قدس سره гочуна ИнкIкIвалитIе ва гъенив Халилил ГIумар абулев гIалимчиясул яс **ХIалиматги** ячун, микьго соналъ чIола ИнкIкIвалитIа, ИщтIибури-Колоб, Бекьилъ ва ХъахIабросулъ мутагIилзабазда гIелмуги малъун, яшав-магIишатги гьабун. ИнкIкIвалитIа гьесул хIужра-рукъалда тIад зияратги буго. “Шайих ГIободиясул قدس سره мюридзаби ва чIахIиял гIалимзаби рахъана ИнкIкIвалитIаса ХIосенил Халит, ХIажидада, ХъарахIумахIажияв”-ян ракIалде щвезабулеб буго ИнкIкIвалитIаса хъвадарухъан жиндир мунагьал чураяв МухIумагIалил ГIабдулагьица. Хадубги гьес бицана:

«Гьал гIалимзаби шайих ГIободияс قدس سره рачунел рукIун руго ГIобода, ГIоротIа ва цойги росабалъ мадрасабазда мутагIилзабазе дарсал кьезеги.

Жиндир мунагьал чураяв ХъахIабросулъа дир кIудияв инсул вац ХIасаница бицун буго: “Мунагьал чурад нилъее жиндир баракат щвааяв ХIосенил Халит унтун хвалил боснов вугеб мехалъ эсул къаданив гIодов чIун вукIарав гIалим-

ХӀажидадада ракӀалде ккола гьадинав гӀалимасулги гьадин захӀматго гурони бахъулареб аб рухӀ нилъе-нилъер киндай бахъила абун, гьоркьоб цо дагьаб заман ингун холев вугев Халитица абунила: «Гьадин захӀматго бахъани гурищ эб рухӀ бахъи хирияб букӀунеб» -абун, бихьулишха цере рукӀарал мюридзабазул букӀун бугеб рекӀел хӀал ай хӀузур ва гьезул макъам цоцазул рекӀелъ бугеб пикру цоцада бичӀчӀи. Аллагьас гьел чӀахӀиял чагӀазул баракат камун нилъ тогеги.

Цойги чӀахӀиял чагӀаз бицунеб рагӀана. ИнкӀкӀвалитӀаса Иласил ПатӀиматица магьил къвалицаги къан мугъалда баччун ИнкӀкӀвалитӀаса ГӀоротӀе швезегӀан шибниги гӀакъубаги бихьичӀого баччанила шайих ГӀободиясул قدس سره занкӀун тӀахьазул цӀураб кӀудиб гъамас -абун».



*Цо заманалдасан гьениса гъев гочуна ГӀорутӀе.*

***Гьеле гьей ХӀалимат-эбелалъул зиярат буго ГӀоротӀа росдал хабалалъ, жинда тӀаде жакъа къоялъгицин гӀемерал гӀадамал хьвадулеб. Сайгид-МухӀамадхӀажи ГӀободиясул قدس سره хъизан ХӀалимат-эбел ккола Аллагьасул кӀудияй вали. Аллагьас ﷻ гьезул баракат камун тогеги нилъ киналго бусурбаби. Амин!***






Сайгид Гlободиясул (رضي الله عنه) хъизан Хlалимат-эбелалъул (дир кlудияв инсул яц) гlагарлъи
Клудияв Халил Инкlкlвалитаса
Клудияв Халилил вас Гlумар(Гlали) (кlудияй эбелалъул инсул эмен) Инкlкlвалитаса
Гlумарил хъизан Зугъра Инкlкlвалитаса
Аллагьас гьезул киназулго мунагьалги чураги, баракат-шапагlатги камугеги нилъее. Амин!!!
Гlумарил вас Сулейман (кlудияй эбелалъул эмен) Инкlкlвалитаса
Гlумарил яс Хlалимат-эбел Сайгид Гlободиясул (رضي الله عنه) хъизан (кlудияй эбелалъул инсул яц) Инкlкlвалитаса
Гlумарил вас Щихичу Инкlкlвалитаса
Гlумарил вас Хlасан Инкlкlвалитаса
Сулейманил хъизан Патlимат(Патlи) (кlудияй эбелалъул эбел) Инкlкlвалитаса
Щихичул хъизан Рахlима Инкlкlвалитаса
Хlасанил хъизан Меседо Инкlкlвалитаса
Сулейманил яс Чакар Инкlкlвалитаса
Сулейманил яс Рахlима (кlудияй эбел) Инкlкlвалитаса
Щихичул вас Ибрагим Инкlкlвалитаса
Хlасанил яс Хlава Инкlкlвалитаса
Хlасанил яс Гlайшат Инкlкlвалитаса
Чакарил рос Шапигlил Гlумар Инкlкlвалитаса
Рахlимал рос Гlиса (кlудияв эмен) Хъахlабросулъа
Хlалимат-эбелалъул бетlергьанчи-рос Сайгид Гlободияв (رضي الله عنه)
Щихичул хъизан Рабигlат Инкlкlвалитаса
Хlавал рос Гlабдулхlамид Хъахlабросулъа
Гlайшатил рос Щlатlанихъа Мухlуйл Хlосен Инкlкlвалитаса







*ХъахIабросулъ ГIободиясул гIанса ва гьес тIад как балеб букIараб гамачI*

## ГIОРОТIА РОСУЛЪ БУГЕБ МАСЖИД ВА ЗИЯРАТ

*ГIорутIаса МухIумал МухIамад-Расул*

Дагъистаналда ругел киналго масжидалго гIадин, коммунистазул заманалда ГIорутIаги масжид къана, амма, кидаго, гьел бетIерлъиялда ругеб мехалъги, ГIорутIа цониги нухалъ рузман бай, хутIба, вагIза-насихIат гьаби течIо ва, гьедйнго, балъго лъималазда къуръан малъи ва исламияб гIелму малъиги гьоркьоб къотIичIо.

Нилъер умумуца масжидалъе кьун буго, тIолабго жамагIаталъе лъикIаб гьариялъе, вакъфоялъе, нухал рахъизе, лъадае, канлъиялъе, батIиял росабалъа масжидалда цIалдолел мутагIилзабазе ва цогидал лъикIал ишазе, нусиялда анцIила цо хур яги ахги, гьел хурзалги ахалги кодор ругел, гьел хIалтIизе гьарулел гIадамаца бащадаб бачIин кьолеб буго масжидалда хIалтIулел будун-дибирасухъе, бащадаб бачIин, хIалтIизе гьабуралъухъ, мухь хIисабалда жодоегоги тун.

Гьеб малъичIого, росдал гIемерисеб хур-ахалда тIад лъун буго гьебго ишалъе, анцIго къалиялдаса цо сахIиде щвезегIан хIалухъин, гьебги щибав чияс кьолеб буго гьезухъего. Щибаб моцIалъ цо-к1иго нухалъ зикру бачунги бачIунеб буго гIарац, гьелде тIадеги, гIакъуба бихьичIого боцIи щваразги масжидалъе, зияраталъе кьолеб буго хIал кIвараб гIарац.

## ЗИЯРАТАЛЪУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ

Сайгид-МухIамадхIажи ГIободиясул قدس سره хъизан ХIалимат-эбел ккола Аллагьасул кIудияй вали. Гьей хварай мехалъ, гьенире кверкьеялде ГIободиясде قدس سره зигар гьабизе рачIана кинабго сверухълъиялда ругелщинал гIалимзаби, шайихзаби ва варагIалъул агьло. ***Зигаралъ***

***рачIаразда гъорлъ рукIана гьадинал гIалимзаби: Инхоса ГIалихIажияв, Инус ХIажияв, НурмухIамад ХIажи, Багьаудин ХIажи, Сиражудин хIажи, Дарбиш МухIамад ХIажи; Харахьиса ХIажиявдибир, СагIитдибир; МестIерохъа НурмухIамаддибир, ХIоцоса АхIмад-хIажияв, ГIабдулатIип; КIикIуниса МухIамадхIажияв, Сугъралъа ГIабдурахIман-хIажияв, ШайихгIали, ШапигI-хIажияв, Генуса Ражабилав, Игьалиса ГIаликъади, ЧIохъа МухIамадгIали, Маккашарип, ГIахьалчIиса ГIумардибир, Эргъен МухIамадхIажи, МуртазагIалихIажи; Хушдаса Пир-МухIамадхIажи, Ингишоса АбубакархIажи, Аргъваниса МухIамадхIажи, Хунзахъа Сайпулакъади; Гъомекиса ХIажи-АхIмад, СалтIаса УзунхIажи; МестIерохъа НурмухIамаддибир, Чачаналда ругел ГIободиясул قدس سره киналго маъзумал: ИскIихIажи, ГIабдулкъагьир, Илисхан, ТIалхIат, ГIабдулкъадир ва гь.ц.***

ХIалимат-эбел йикIун йиго къад кIалги ккун, къасе тIагIат гьабун, жаний чIарай, гIелмуги-варагIги бугей Аллагьасул кIудияй вали.

ХIалимат эбел юкъиялъул хIакъалъулъ гьадинаб кIалъа-бацай ккун буго гIалимзабазда гьоркьоб: цояз абун буго хварай бакIалда, Коло росулъ юкъеян, цояз гьаюраб бакIалде ИнкIкIвалитIе ячеян, цояз Хунзахъе ячеян, цояз Инхое ячеян. ГIободияс قدس سره абула жиндица цин истихфара гьабилин, гьелдаса хадуб лъалин нилъеда гьелъие ракь насибаб бакIилан.

Нахъияб къоялъул радал ГIободияс قدس سره абун буго: Жинде гьатифалъ ахIана: ХIалиматги ГIорутIе ячун юкъе, ЧIагвал ХIажиявги ГIорутIе гьижра гьабун вахъине гьавеян.

Коло росолъ данделъун букӀараб гьеб кинабго халкъ ХӀалимат-эбелги йосун, ГӀорутӀе рачӀуна ва гьений юкъана гьей, жиндир нилъее баракат щваяй. Гьелъул заниялда аскӀоб жиндиегоги зани чӀван буго ГӀободияс قدس سره, гьадинги абун: **«Гьаб бакӀалда дирги зиярат букӀина, Макка-хӀарамалда дие ракь насиблъун батаниги».**

ХӀалимат эбелалда хадуб зияраталда юкъана Аллагьасул кӀудияй вали, ГӀободияс قدس سره Аргъваниса ХӀажие ячун йикӀарай чачанай Киши ГӀавухъалдаса ПатӀимат.

Гьей юкъараб къоялъ ХӀажица жиндиегоги, жиндир цӀияй чӀужу Гьарадерихъа ПатӀиматиеги кӀиго зани чӀван буго гьелда аскӀоб, ниж кӀиялгоги гьаб бакӀалда рукъеян васиятги гьабун.

Аллагь разилъаяв ХӀажи ЧКаялъ ккун вачун ана, гьев МахӀачхъалаялда шагьидлъун вуго. Муридзабаз, хадурги ун, вукъараб бакӀги балагьун, къаси сардилъ гьенисаги вахъун, балъго Ишкаталивеги восун, гьенив вукъун вуго, ГӀорутӀе восизеги хӀинкъун.

Гьенив вукъун кӀиго соналдаса хадуб, балъго гьенисаги вахъун, ГӀорутӀеги восун, къаси сардилъ зияраталда вукъана гьав кӀудияв шагьид, къад кӀалккун, къаси сордо борчӀун Аллагьасе тӀагӀаталдаги, капурзабазде данде къеркьолагоги гӀумруги арав, ахиралда шагъидлъизеги шагьидлъарав, гьав устарасул халифа.

ХӀажи шагьидлъун хадуб гьесул хъизан, Аллагьасул кӀудияй вали, магӀрипаталъул ралъад Гьарадерихъа ПатӀимат залимзабаца Сибиралде йитӀун ана.

Гьоркьохъеб Азиялда цӀалулеб заманалда цо-цо нухалъ Киргизиялде щолаан дун. Фрунзе шагьаралда аскӀоб бугеб Жангижир ва Жонгифахт абулел росабалъ рукӀана доб зулмуяб Сталинил заманалда Дагьистаналдаса Сибиралде

ккун ритIун арал, яхIги-къартги чорхолъ цIунарал муъминзабазул цо къукъа. Гьезда гьоркьой йикIана нилъер, жиндаса Аллагь разилъаяй ПатIиматги.

Цо нухалъ гьениве щвараб мехалъ, ПатIиматица дида абуна: «Дагьаб цебегIан диде хабар бачIун букIана Дагъистаналде юссине заман щун бугин гьанже дуе абун». Гьедин дидаги абун, вацасул васги ясги цадахъги рачун, хIадурлъиги гьабун, доб рикIкIадаб, ХIажи чIаго вугеб заманалдаго жиндиего къачIан, цIунун букIараб мусруги цадахъ босун, Дагъистаналде дида цадахъ сапар бухьана гьей гIажаибай гIаданалъ.

Дагъистаналде щун гIемер мехго балелде, Гьарадерихъ дагьаб хIал хисун буго алъул, гьеб мехалъ жиндаса Аллагь разилъаялъ гьадин абун буго: «Дун хехго ГIорутIе яче» абун. ГIорутIе щвезе кIиго километр хутIараб нухда, Аллагьасул къадаралде щвана, жиндир захIматаб гIумруялда жаниб цо лахIзаталъцин Аллагь гуреб цогидаб жоялъул пикро гьабичIей, нилъее баракат щваяй, гьай алжаналъул хIурулгIин.

ЛъебергогIанасеб сон ссылкаялдаги бан, гьадаб жиндиего зани чIван тараб бакIалда ГIорутIа зияраталда жаниб. ХIажил хьибилалда юкъана гьей магIрифагалъул ралъад!

ХIажи МахIачхьалаялда шагьидлъараб ва ПатIимат Сибиралдеги йитIараб заманалда, цо-цо мунапикъас абулеб букIун буго: «Занал чIван тей гIадада ккана гури азул» абун!

Хадур гъезе кIолеб жо гуро Иллагьияб хIикматги, вализабазул караматги!

**Гьале гьал вакилзаби рукъун руго ГIорутIа бугеб зияраталда.**

ТӀоцебе зияраталда мавлид гьабун буго живго ГӀободияс قدس سره, сверухълъиялда ругелшинал гӀалимзабиги шайихзабиги дандеги гьарун. Гьелдаса нахъе цониги сон инчӀо, кигӀан коммунистаз гьукъаниги, зияраталда мавлид гьабичӀеб.

Церехун рехсарал щуго Маъзум вукӀана ГӀободиясул قدس سره Чачанлъиялда, гьесул хъизанги йикӀана Шатоялдаса чачанай, гьелъул зиярат буго Маккаялда, «МугӀала» абулеб хабзалалъ ГӀободиясдаги قدس سره ГӀабдулхӀамид Дагъистаниясдаги аскӀоб, жакъадги гьенире зияраталъ уна чачаналги дагъистаниялги.

ГӀободиясда قدس سره лъалаан рахьдал мацӀгӀадин лъикӀ гӀараб, чачан, лъарагӀ, лак мацӀалги. ГӀолохъанаб мехалъ гьев цӀалун вуго Гъазигъумекиязул дова, гьезул гӀалимзабазда аскӀов, Чачаназул мугӀрузул районазда, ТӀадбуртиялъ ругел гӀемерисел чачанал ГӀободиясул قدس سره муридзабиги руго ва гьединго гӀемерисел гӀавухъалги гьесул муридзаби ккола. ГӀавухъазул машгьурав гӀалимчи, ГӀободиясул قدس سره мурид Арица абулаан жал киналго ГӀавухъал ГӀободиясул قدس سره муридзаби кколилан.

Чачаназул талихӀ гьечӀолъиялъ гьанжесел 1994-96-99 ва хадусел сонал рагъул ишазде гъорлъе ГӀободиясул قدس سره, Ташав ХӀажил قدس سره, Узун ХӀажил قدس سره, Сулейман ХӀажил قدس سره муридзабиги ккана. ЦохӀо вагьабиял гурел чагӀаз рагъда гӀахьаллъи гьабулеб гьечӀин абулеб пикро мекъи бугилан ккола дида ракӀалде.

Щибаб соналъ мавлидалъул къоялъ зияраталде рачӀуна чачанал, цере гьел загьирго рачӀунаан, амма гьанже балъго, къаси мехалъ рачӀуна. Исанаги 2002 аб. сон лъабго чачанав вачӀун вукӀана. Ункъо къоги дир рукъоб бан, нижеца гьел

Инхосахун Шабдухъеги ритӀун, гьенисахун нухарегӀана рокъоре. ГӀандисахун ине бокьичӀо гьезие. ГӀандадерида гӀайиб чӀвалеб бугоан гьез, божутӀа рекӀкӀ гьабулел, божилъи гьабизе бегьуларел гӀадамал ратанин гьезда гьоркьор абун. Гьаниб дагьаб чачаназул хӀакъалъулъги абизе ккана, чачанай Зиярэталда йикӀиналъги, ГӀободиясулги قدس سره Аргъваниясулги хъизанал чачанал рукӀиналъги.

Дуниялалъулги ахираталъулги баллагьаздаса цӀунун таги нилъ ТӀадегӀанав Аллагьас!"

***

Жиндиего щвараб исламияб гӀелму цойгидазеги бикьи мурадалда, Сайид ГӀободияв قدس سره уна аскӀор ругел ва рикӀкӀадисел росабалъе.

Халкъалъул тасавуп жинда кодоб букӀиналъ, кидаго цого бакӀалда чӀчӀезе бокьулароан букӀараб Сайид ГӀободиясе قدس سره. Аллагьасулﷺ амру, изнуялдалъун зама-заманалдасан бакӀ-бакӀалде унеб гӀадат букӀана гьев мужадидасул.

Аби буго залимаб мегӀералъул хӀакъикъияб кӀодолъи нилъедаго бихьизе ккани, гьелдасаги кӀудияб магӀарде тӀаде рахине кколин абун. Исламияб дунял-гӀаламго жиндир гӀелмулъаялда паналъарав, жив бищунго хирияб Макка-Мадинаялъул агьлуялъгицин, къарнуялъул Имам вукӀин тастикъ гьабурав Муршидун Камил, КъутӀбул Гъавс Сайид ГӀободияв قدس سره кидаго ва киназдаго гуро вичӀчӀулев вукӀарав жиндирго гӀагараб ГӀобода росулъгицин. Бачун телин гьелъие цо гьитӀинабго мисалги.

Сайид ГӀободиясул قدس سره вацгӀаласул вас МуртазагӀалидибир вукӀана доб заманаялъ жиндир лъикӀаб лъай бугев гӀалимчиги, мударисги ва хӀафизги. Гьесул рекӀелъ букӀуна бахчизе кӀолареб жахӀда Сайид ГӀободиясдехун قدس سره. Гьес абула: «Дунги, мунго гӀадав гӀалимчи вуго. Дуда

лъалеб гӀелму дидаги лъала. Къебедил вас МухӀамадида батӀияб жо щиб лъалеб, дида лъалареб?» - абун.

Жиндицаго гьединаб «къимат» кьураб гӀечӀого, гьебго жо бицине тӀамула жиндаго цере цӀалулел ругел мутагӀилзабигицин.

Гьеб киналдасаго хадуб, цо къоялъ, Сайид ГӀободияс قدس سره, росдал дибирги ва дол мутагӀилзабиги данде ракӀарун, МуртазагӀалидибирги ахӀун абула: «Дурго гьал мутагӀилзабазе «Мухтасаралдасан» иманалъул дарс кьеха гьанже дуца, МуртазагӀалидибир.», - абун. Киналго риххун цоццахъ ралагьун руго. МуртазагӀалидибирасухъаги тӀубараб лъабго къоялъ гьеб жиндаго цебе Сайидас лъураб масъала тӀубазабун бажарун гьечӀо.

МуртазагӀалидибирасда ахирги бичӀчӀула жидедаго гьоркьоб бугеб батӀалъи. Гьеб бакӀалда Сайид ГӀободияс قدس سره дугӀаги гьабула, киназго аминанги абун. Ва МуртазагӀалидибирасда тӀадкъала халкъалъе Къуръаналдасан вагӀза гьабеян абун.

Гьелдаса хадуб абуна Сайидас:

-Нужеда дир хӀакъикъияб къимат лъазе буго гӀицӀго дунги хун, гьелдаса хадуб, дун нужеда ракӀалде щвани. Дуда лъай, МуртазагӀалидибир, тӀарикъаталъул агьлуялъе хӀарамаб буго, я Аварагасулﷺ , я малаикзабазул ракӀ къалеб жо щиб бугониги, рагӀи букӀа, пишаби рукӀа, хӀал букӀа, хӀалалаб букӀа, берцинлъи букӀа, рахӀат-хӀалхьиниги киса бегьулеб гьезие. Берцинаб ретӀелги ретӀун къачӀан рукӀанагурищ гьелги абуни, гьез гьабулеб букӀана гьеб, щибго ракӀги гьечӀого, ракӀги инчӀого, гӀадамазул гӀадатги бугелъул, чӀунтараб хӀалалда вугеб, гӀадамасдаса мугъ балеб, гӀадамал нахъ рилъунев, гӀадамазе вихьизе бокьулеб куцалда вукӀине ккела, амма муридасейин абуни гьеб бегьуларо. Амма гӀарипиназе абуни лъикӀаб кваницаги, берцинаб ратӀлицаги щибго асар

гьабуларо. Сафадияс абун буго дунялалдехун цIалеб щибго жо, квен букIа, ретIел букIа, гьеб тIарикъаталъул агьлуялъе рухсаги гьечIо, каки чури гьечIого бусурбанчиясда кIалъазеги бегьуларо. Нахъиял жалги гьелда рорцеха дуцаго, МуртазагIалидибир.

-Аварагасﷺ цо мугьажирас жиндиего кьураб салам буссинабун гьечIо, гьоркьоб заман бан хадуб гурони. Гьес салам кьураб мехалда жиндир какичури букIинчIилан абун буго Аварагас ﷺ . Цинги таямумги гьабун буссинеги гьабунин гьеб салам абун. ТIарикъаталъул агьлу даим тIагIараталда рукIине ккола. ХIатта хIадасалде араб бакIалдаса рокъоре рачIинегIанцин, таямум гьабунги, тIагIараталда рукIине ккела. Нилъер Аварагасﷺ гьедин гьабулебги букIун буго, каки чурилелде цеве хвезеги бегьулелъул.Кинабго хIалтIи- пиша гьабулелъулги тIагIараталда рукIине ккола. Щай абуни, суннаталъул агьлуялъе кинабго жо тIагIат-гIибадаталдалъун букIуна, аваргзабазего гIадин. Гьединго тIарикъаталъул агьлуялъул шартI буго-суннаталда нахъ вилълъин киналго гIибадатазулъ, гьарулел пишабазулъ. Ва дир вацал! Нилъер цояс анкьнусазарго зикру бачани, мазгьабалъул гIазаималги, Расуласул афгIалалги тани, гьаваялдасан воржаниги- гьев унго- унгояб тIарикъаталъул агьлуялдаса вукIунаро. ГIумруялда жаниб цин-цин гурони лаиллагьа илаллагь абичIониги, МухIамад расулуллагь хадубги абун, жинда фарзлъун бугеб, цинги Расуласда нахъги вилъани, гIазаимал афгIалалги тIуразе гьаруни- гьев чи унго-унгояв тIарикъаталъул чи вуго, рокIкIен гIанасеб карамат гьесул загьирлъичIониги. Цо хIадис буго уммат пасалъидал, суннат ккурасе нусго шагьидасул кири бугилан абун. Жиндир заманалъул Имам лъачIев чи-жагьилаб хвелалъ хвела абун. Гьанже дуцаго пикру гьабеха, гьаб киналъулго, МуртазагIалидибир., - абун.

## КЪАДИРИЯБ ТІАРИКЪАТАЛЪУЛ УСТАР

*ХІайдарил Гирай*

*«Акнада: тарих ва къисмат» ХІакъикъат-№42, 4 ноября 2021 сон*

Акнадисезул гІалимзабазда гьоркьоб Амитил ГІалил вас устар НурмухІамадхІажил قدس سره цІар хас гьабун батІаго рехсезе ккола. Устар НурмухІамадхІажи قدس سره вукІун вуго бергьарав гІалимчи гуревги, Аллагьас карамалъиялъул гьунарги кьурав агьлу аль-кашф къокъаялда гьоркьове кколев, гІарабазул улкабаздаги Макка-Мадинаялдаги цІар арав инсан. Устар НурмухІамадхІажица قدس سره куцан руго анцІ-анцІ цІаларал чагІи. Хадурккун гьезул рахъун руго тІиндалазул ракьалда гуребги, тІолабго мугІрузулаб Дагъистаналдаго цІар арал гІалимзаби. Акнада росулъ байбихьул динияб лъай щвейгун, вукІинесев устар НурмухІамадхІажи قدس سره, Ангъидаса Шайхиласул вас Халил-дибирил малъа-хъваязда рекъон, гьесул кагъатгун щвана **шайих МухІамадхІажи ГІободиясухъе** قدس سره. **Хъварщиве, шайих Загъалав-дибирасухъеги** قدس سره щвана НурмухІамадхІажи قدس سره гІараб гІелму гъваридго лъазабизе. Гьанив Загъалав-дибирасда قدس سره бихьун буго тІадчІун гІелму лъазабулев гІолохъанчиясул пагьму-гьунар букІин. Шайих Загъалав-дибирас قدس سره НурмухІамадхІажи قدس سره витІула цІализе КъахІиве, Хунзахъе, ГІандиве. ГІураб исламияб гІелмуги лъазабун, цІар рагІарал гІалимзабазул дарсалги щун, НурмухІамадхІажи قدس سره тІад вуссуна тІиндалазул ракьалде. Хадувккун гьев вищула Ангъида росдал Имамлъун. Гьеле гьеб заманалда, росдал агьлуялъе Имамлъиги гьабун вугеб мехалъ, КъакъачуинцІайин цІар бугеб ганчІида аскІоса баккула ракьалдаса зодобе араб нур. Гьеб букІана устар НурмухІамадхІажил قدس سره росдадаго бихьараб хІикмалъи.

Хадуб, гIалим Шайихиласул вас Халил-дибирил малъа-хъваялда рекъон, устар НурмухIамадхIажи قدس سره лъай камил гьабизе уна **ГIобода росулъа шайих МухIамадхIажихъе** قدس سره. ЦIар рагIарав гIалимчиясда бихьула гIолохъанав акнадисесе Аллагьас карамалъиялъул гIелму кьун букIин. Гьеле гьеб мехалда **МухIамадхIажица** قدس سره **кьола НурмухIамадхIажиясе** قدس سره **<u>къадирияб</u> тIарикъаталъул муридлъун вукIине ижазаги. Жакъа къоялде щвезегIан, нилъехъе щварал баяназда рекъон, жиндирго устарзаби - гIободисев МухIамадхIажигун** قدس سره **ва Шайихиласул вас Халил-дибиргун цадахъ, <u>ичIгогIан</u> нухалъ щун вуго хIежалдеги.**

Устар НурмухIамадхIажил قدس سره гIемерал муридзаби рукIана, цохIо ЦIумада районалда гурелги, Болъихъ, КъахIиб, ЦIунтIа районазул росабалъ, нус-нус муридзаби рукIана Чачаналдаги. Ахирисеб нухалда хIежалда вукIаго, устар НурмухIамадхIажие قدس سره Аллагьасул къадар щвана ва вукъана Жиддаялда бугеб ХIава абулеб хабалалъ. Гьев хун хадуб гIагарлъиялъул чангоявги гочана гIарабазул ракьалде. Гьезда гьоркьор рукIана Акнадаса МустIафа, МухIамад, ГIабдулатIип, МахIмуд, устар НурмухIамадхIажил قدس سره яс ПатIимат.



# МУГЬАЖИРЛЪИ ВА ДАГЪИСТАНИЯЗЕ ВАСИЯТ

*…ГІурусазул зулму захІмалъун ккедал,*
*Дин загьир гьабизе гьукъулеб лъайдал,*
*Вижараб росу тун, Дагъистанги тун,*
*Сайидги къокъана ХІижазалдехун…*

Гьелда хурхун живго къарнуялъул Имам -Муршидун Камил Сайид ГІободияс قدس سره, Хундерил тІалъиялде вуссун ахираб хитІаб гьабун абулеб бугогури назмуялдалъун:

*…Алжанул тІегь гІадаб Хундерил тІалъи,*
*ТІокІаб бихьиладай, бихьилародай?*

Сайид ГІободияс قدس سره Дагъистаналдаса живго къватІиве унеб мехалда, 1883 соналъ Халапалъун, жиндирго иш тІубазабулевлъун тана Гъомекиса ХІажиахІмад. Гьесда хадусевлъун вихьизавуна Аргъваниса МухІамадхІажи.

ХІажиахІмадида гьеб кІвар бугеб иш ГІободияс قدس سره тІадкъай гьадин загьир гьабулеб буго цо назмуялда:

*Дагъистан тун унелъул Сайидасе бокьана*
*ХІажиахІмад Гьухъали халапалъун гьавизе.*
*Агьлулъун гьечІин абун, мукІур гьавизе кІвечІо.*
*Равзаялде вачана, ХІабибасухъе щвана,*
*ХІажиахІмадил бугеб гІузру баян гьабуна.*
*Авараг ﷺ, Абубакар, ГІумар гьесда кІалъана,*
*Хехго тІаде босеян гьесда амру гьабуна.*
*ХІажиахІмад шайихас халапалъи босана.*
*Гьезул калам рагІидал, керен нуралъул цІуна.*
*Равзаялъул хъаравул гьезда цадахъ вукІана,*
*Кинабго лъугьа-бахъин гьесдасан загьирлъана.*

Тlарикъаталъул иш хадубккунги цебехун бачине, изнудал кагъталги кьун, анкьго маъзумги тана: ***Хушдадаса Пирмухlамад; Ингушиса Абубакар; Алмахъалдаса Гlамиргlали; Ахъташ Гlавухъалдаса Тlалхlат; Хъумтурхъалиса Идрис; Гlандиса Гlабдуллагь; Гlуриса Гlусмандибир.***

Алагьасул кlудияв вали, азаралда ункънусабилеб соназул Имам, хlикматав мужадид, дагъистаналъул бусурбабазул рухlияв чирахъ Сайид Гlободияв قدس سره, вижараб росу-ракьги тун, Дагъистаналдаса гочун Маккаялда чlчlезе къасдалда мугьажирлъуде унаго, гьев нуха регlизе рахъарал гlагa-божарасул цояс Муршидун Камиласда гьарун буго: «Мун цевеса индал, нижее баракаталъе букlине, цо кинаб бугониги васият гьабураб калам кагътида хъван гlаги теха, Мухlамадхlажи», - ян абун.

Тlарикъаталъул хlикматав Гъавсас абун буго жиндица гьединаб васият нужее баракаталъе букlинелъун, цо пуланав муъминчиясул Къуръаналда гьоркьоб лъун танин, гьенире раккизе бегьулин нуж, живги нуха регlун, тlад руссараб мехалда абун.

ТlадруссутIа гlабал ун руго Сайид Гlободияс قدس سره абурав чиясул Къуръаналда гьоркьоре раккизе. Гьев тlирун чlчlун вуго, жиндица киданиги жиндирго Къуръан Мухlамадхlажиясухъе кьун букlинчlин ва гьелда гьоркьоб кинабниги кагъатги гьечlин абун. Амма Сайид Гlободияс кьучl гьечlеб жо абулареблъи лъалел росуцояз хlукму гьабун буго, кигlан тlирун Къуръаналъул бетlергьан чlчlаниги, гьелда гьоркьоре раккизе. Гьениб батун буго цо гьитlинабго кагъат ва гьелда хъван ратун руго гьал рагlаби:

«Дуего гьабуни бокьулареб жо чияеги гьабуге! Сайид Гlободияв قدس سره» - абун. Гьеле гьеб буго Сайид Гlободияс قدس سره наслабазе нахъе тарал жиндирго васиятазул цояб.

Рехсезин жеги тӀадеги:

**1.** Сайид ГӀободияс قدس سره, гьижра гьабун Дагъистан тун унаго, **жиндиего гьабураб васияталъул** хӀакъалъулъ гьадин хъвалеб буго Тумагъариса МуртазагӀалихӀажияс: *«Ццин бахъараб мехалъ, мун вуцӀцӀун чӀчӀа, хӀелму гьабе хӀелмуялъулъ, цӀакъго кутакги гьабуге, гьоркьохъеб хӀалалда чӀчӀа. Дуца дур хъизан- агьлуялъул гурхӀелалдалъун гӀамалги гьабе. Капурзабазул сипаталда релъарал сипатаздасаги мун рикӀкӀалъе. РатӀлилъ исрап гьабиялдасаги рикӀкӀалъе. Мунго вугеб бакӀалда лъикӀаб ретӀел ретӀе, гӀадамазда аскӀов вугеб мехалъ квешабги ретӀе. Пискъу-пужуралдалъун хъублъараб гьаб заманалъул агьлуялдаса дуца кӀодо гьаре рацӀадал малаикзаби.*

*- ТӀехьалде балагьун дуда масъала суал бичӀчӀараб мехалъ, дуца гьеб къарар гьабе, тӀанчил рагӀалда такъликъатал хъван. ТӀехьалдаги хъваге, каки чури гьечӀого, таямумалдалъун букӀаниги, кваранаб квер гурони тӀехьалдеги бегьуге.»*

**2.** *Иман буго диналъул аслу. Нилъер иман камиллъуларо, хъизан, гӀагарлъиялдехун, диналъул вацаздехун гьуинлъи ва рокьи гьечӀого. Нужер цонигияв вукӀунаро иман лъуравлъун, нужерго напсалъе бокьулеб жо нужерго диналъул вацасе бокьизегӀан. Гьединго нуж кьуризе бегьуларо ункъавго Имамасул масгьабазул цонигиялдаса. Нужеца гьелдаса кутакалда цӀуни гьабе. Гьедин гьабуни, къосарав чияс мекъи ккезариялдаса нуж хвасарлъизе руго ва нужее заралги букӀине гьечӀо кигӀан дагьабги.*

**3.** *ШаригӀат черх буго, магърипат гӀакълу-лъай буго, суннат рухӀ-къуват буго, хӀакъикъат бичӀчӀи-лебаллъи буго.*

*Загьираб гӀелму киналъулго берзул канлъиялда релъараб жо буго, черх буго жиб багъарулеб жо, гьеб багъаризабулеб жо рухӀги буго, унеб рахъ бихьулеб жо канлъиги буго.*

*Гьеб лъабабго цадахъ гьечlони, дунял гьабизе бажаруларо. Киналъулго аслу-черх буго. Гьедин данде ккунани, Аллагьасде ﷻ нилъ рачунеб жо шаригlат буго. Шаригlат камил гьабулеб жо-суннат буго, хlалалабги хlарамабги батlа гьабизе лъалеб жо-загьираб гlелму буго. Гьеб лъабабго гьечlони, Аллагь ﷻ разияб гlамал чиясухъа лъугьунаро.*

*Воре гьеб нух кквезе хlаракат бахъе нужеца, нужго Аллагьасде ﷻ щвезе рукlине.*

**4.** *Аллагь ﷻ лъаялъе нужго гlагарлъизе бокьани, гlелму тlалаб гьабе. Гlелму буго нилъер кlалзул хlухьелал жиндие напакъаде кьезе мустахlикъаб жо. Гlелму гьечlони инсан вацlалъуларо, вацlалъичlев чиясул тlагlат-гlибадат Аллагьас ﷻ камилги гьабуларо.*

*Ракlги, напсги бацlалъичlони, жиндица гlибадат гьабулев чи релъунила, хъураб хlайваналъул бакьалги чуричlого, жанибго гъизги тун, тlад гьанги лъун, бакьал цlолев чиясда. Гьединаб бакь кваназе бегьунгутlи баянаб жо буго. Кигlан гlемер гlибадат гьабуниги, ракlги черхги бацlалъичlони, нуж квешал гlадамаздаса тархъанлъулареллъун хутlизе руго.*

**5.** *Ракl буго лугбазул хан. Лугбазул гlамалалда ракl нахъбилъунаро. Ракlалда нахъ рилъуна лугбал. Гьединлъидал, цин ракl бацlад букlине ккола, лугбалги хадур цlала, мунагьал гьариялдаса цlунула. Жужахlалъул агьлуялдаса гьев лъугьинарулел жалаздаса инсан вацlалъизе ккани, ракl бацlалъизе ккола, квешал къасдаздаса. Цинги гьезда дандчlваялдаса лугбалги цlунизе ккола, хlарамалдаса бер, мацl, гlин цlунизе ккола. Инсанасул ракl рукъалда релъараб жо буго. Цо рокъоб цого заманалда нурги бецlлъиги букlунаро: чирахъ рекlани- бецlлъи лъугlула, чирахъ свани-бецlлъи жаниб хутlула. Нуж гьеб бецlаб рукъалда релъун рукlунге.*

**6.** *Инсанасул чорхолъ буго цо нухалъ чӀамизе гӀанасеб гьанал кесек, жиб лъикӀлъани, кинабго черхги лъикӀлъулеб, жиб квешлъани, черхги квешлъулеб. РакӀин гьеб кколеб. Кантӏе нуж! Цо къвачӀаялда релъараб жоги буго гьеб. Гъоркь махӀсунеб жоги букӀаго, жинда жаниб лъураб жо, кигӀан тӀагӀамаб бугониги, махӀсунеб.*

*ХӀарамаб жоялде балагьараб мехалъ, ракӀ хола, дабагъ лъураб мехалъ, тӀом холебго гӀадин ва гъоркь букӀараб хӀалалдеги гьеб тӀокӀалъ киданиги буссунаро.*

*Азарго нухалъ чураниги, буртина бацӀалъуларо, гьеб буртинаялъе къачӀараб квас цебеккунго чурун гьечӀони. Гьелдаго релъараб жо букӀуна рекӀелги.*

*Воре, нужеца ракӀал чороклъизе тоге!*

**7.** *Нужеда кӀочонге нилъер хирияв Аварагасул ﷺ гьаб хӀадис: «Нахъзаманалда гьаб уммат муъминчияс, яги кафурчияс къосине гьабилилан абун дун хӀинкъуларо. Муъминчи иманалъ цӀунила, кафурчи Аллагьас ﷻ гьезда тӀаде виччаларо.*

*Дун хӀинкъула ракӀги жагьилав, мацӀалъ хабарги бицунев, ай Аллагьасда ﷻ риханщинаб гӀамалги гьабун, мацӀалде бачӀанщинаб бицунев мунафикъас къосине гьабилин дир умматан абун».*

**8.** *Ахир заманалда цо тайпа гӀадамазул даран-базаралде руссина, хӀал кӀвараб гьересиги бицун, дандияв махсаруде ккун, хӀалаллъи-хӀарамлъиги тӀалаб гьабичӀого, рибаялдасаги цӀуничӀого, бечелъи тӀалаб гьабизе лъугьина. Гьединал гӀадамаз халкъалда цере рахъун, цоцалъ къец бан, бусурбабазе гӀакъуба кьезе буго.*

*Нужеца гьелдасаги цӀодорлъи гьабе!*

***

«Шаварикъул анвар» абулеб тӀехьалъул цересел тӀанчазда хъван буго, ГӀободиясул قدس سره кӀалдисан босараб абун.

Цинги хадуб абичIилан абуге, гьал дир рагIабиги гуро. ГIободияс قدس سره абулеб буго:

«Мегеж кIкIвай дида аскIоб кIекъоялда анцIго нухъалъ ЗИНА гьабиялдасанги кIудияб мунагь бугеб буго. Щай гурелъул, мегеж ккола ТIадегIанав Аллагьасﷻ руччаби бихьиназдасан ратIа рахъизе бижараб жо, гьединлъидал, гьеб кIкIваращинав чи ккола ТIадегIанав Аллагьасﷻ лъураб гIорхъи бахарав чи, гьединлъидал, гьениб жаниб кIиго тамсил буго: гIорхъи бахиги, руччабазда релъинлъиги».


وان يطهر اللبد وان غسل القاصرة ان لم يكن الصوف مطهرا ومغسولا قبل صنعه . من مناقب العنودي محمد اسحاق
وحلق اللحية عندي اعظم ذنبا من فعل الزنا خمسين مرة لان اللحية خلقها الله تعالى لتمييز النساء
من الرجال فان كل من حلقها فقد جاوز حد الله تعالى ففيه تمثيلات مجاوز الحد ومثاب
التشاد . من مناقب العنودي رضي الله تعالى عنه م

***



## ХIЕЖАЛДЕ ИНАГО НУХТIА

ГIарабустаналде ине Дагъистаналдаса къватIиве вахъараб заманалда, Сайид ГIободияв قدس سره вачIун вуго Алмахъалде.

Гьез рещтIен гьабун буго Жантемир абулев чиясухъ, жинцаго цIализарурал гIалимзаби ИсрапилхIажиявги ва ГIамиргIалихIажиявги жалгоги тун. Гьединав кIудияв къутIбу, жиндирго гьалмагъзабигун цадахъ гьоболлъухъ вачIиндал, Жантемирил доре ракIарун руго гIезегIан алмахъалъулалги. Жантемирица абуни, цо хухги хъун, гьабун буго гьезие гьоболлъи. Гьесул чIужу СалихIатида ракIалде ккун буго, балагьейинха жиндир росас, цо гIака-оцгIаги хъвечIого, хухги хъун гьабулеб бугин гьавгощинав гьоболасе тIаса-масагояб гIаданлъиян абун. Гьелда ракIалде ккун букIун буго гьеб хохол гьан цо чанго чиясе кIалдиб лъезегицин гIеларинхаян абун.

Жантемирил лъади СалихIатида гьеб жо ракIалде ккун бахъиналдего, Сайид ГIободияс قدس سره гьелда абун буго: «СалихIат, дун цо доб дурго гьанал хьагихъе вачея», - абун.

Гьениве аскIове вачиндал, ГIободияс гелалъ гьанги гьагIуги багъарун буго. БукIаралъубго хьагиниб гелги тун, гIодов чIчIезеги ун вуго жиндирго бакIалде.

Гьеб квергIанасеб хьагиниб букIараб хохол гьан росдаегоги ва тIаде рачIарал гьалбадериеги кваназеги гIун буго ва нахъегицин хутIунги буго. Гьеб Сайид ГIободиясул قدس سره караматалъул хIакъалъулъ гьанже-гьанжегицин бицен буго алмахъалъулазда гьоркьоб.

*Чан накъшубандиял къагIидабазул,*
*КъутIбу мун вукIарав Дагъистаналда!*
*Дуца исламалъул асараздалъун*
*Дуниял гIуцIана бецIлъун букIараб.*
*ЛавхIул махIфузалде мун вакки лъана,*
*Кколелде рекъолел къавлаби ратун.*

*Кашпу-игьламалъул агьлулъи лъана,*
*Ургъичlого къойил жавабал рикьун.*

Ахирги, гьеб киналдасаго хадуб, Сайид Гlободияв قدس سره Хlижазаялъул ракьалде ине нияталда къватlиве вахъун вуго.

Гьев жидерго рухlияв эмен ахираб сапаралъ нуха регlизе цадахъ рахъун рукlун руго гьесул маъзумзабиги ва муридзабиги. Чачаналда Юртгlавухъазул росу рагlалде щведал, Сайид Гlободиясда قدس سره гьикъун буго цадахъ рукlараз, нилъ гьанир лъитlаха рещтlине ругелан абун. Сайид Гlободияс قدس سره абун буго гьаб дица рекlараб чоца рачараб бакlалде ине ругин нилъ, гьалда жиндаго лъалаян абун.

Цо бечедав гlавухъав, хъвехъун гlиялгун, бежун чедгун, лъикlаб хlадурлъигун чlчlун вукlун вуго Сайид Гlободиясда قدس سره дандчlвай гьабизе. Амма Муршидун Камил тlад рекlараб чу, гьесул кlалтlехунги сверичlого, росу рагlалде щвезегlан ун буго.

Гlавухъал гlодизе журанила, Сайид Гlободияв قدس سره, жалги рикlкlинчlого унев вугинги ккун.

Юртгlавухъазул росурагlалда абуни букlанила Аллагьасулﷺ цо Мухlамайин абулев валиясул мина. Гьеле гьесул азбаралде бачlун чlчlанила Сайид Гlободияс قدس سره гъоркь рекlараб чу. Гьев Мухlамаги вукlанила жиндирго рокъоб бессараб сугъурги ва хуриса бачlараб цlоросаролъги гуреб, жиндица батlияб жоялдаса пайда босуларев, дунялалъул магlишаталъулъ кинабго жоялдаса хlалаллъи ва рацlцlалъи тlалаб гьабулев унго-унгояв муъминчи. Мухlамаги, живго гlадин, кинабго рахъалъ Аллагьасулﷺ вацlцlадав вали вукlиналъ букlана Сайид Гlободияс قدس سره гьесде, зиярат гьабун, гьоболлъи гьабурабги.

Дагъистаналдаса хlурматиял гьалбадерида Мухlамал хъизан сугъур бессулей ятун йиго. Гьев живго абуни, магъилъ

цIоросоролъ хъусун чIаралев вукIун вуго. Ахирги Сайид ГIободияв قدس سره жидер росулъ лъалхъичIого инчIолъиялдаса рохарал гIавухъал МухIамал минаялъуре ракIарун руго ва гьев магъилъа рокъове ахIизе ине жуван руго. Сайид ГIободияс قدس سره гьезда абун буго гьев живго кватIичIого тIаде щвезе кколин, гIадада унгеян абун. МухIамаги заманго иналде вачIун вуго.

Гьенир данделъаралщиназ МухIамил рокъоб жамагIат гьабун бакъанил какги бан, зикру бачунеб мехалъ, сверухъе авалалъул боцIулги росуго тIад тIамураб гIер-гIери букIанила «зикру» бачунеб. Гьеб караматги загьирлъун буго ЮртгIавухъазул ракьалда киналго данделъаралщиназе гьеб къоялъ. Хадуб Сайид ГIободиясда قدس سره гьикъун буго цадахъ рукIаразул цояс:

-Нилъ щайха, устар, нилъ къабул гьаризе цереккунго хIадурлъиялда чIчIун вукIарав дов бечедав чиясухъе гьоболлъухъ рилълъинчIел? - абун. ГIободияс قدس سره абун буго: «Досул лъимал гIалимзаби рукIине руго», - абун.

Гьеб ЮртгIавухъазул росулъа къватIире жалго унаго, Сайид ГIободияс قدس سره абун буго, киназдаго рагIун: «КIиябго ГIавухъалде цIакъ кIуди-кIудиял балагьал щвезе руго гIагараб заманалда: гьал хIалалъ гочинаризе руго Чачаналдаса чияр ракьазде. Гьазул бакIазде рачIараздаги ва гьазда жидедагоги Аллагьﷻ гурхIагиха», - абун.

ГIемер заманго иналде чачаналги гочинаруна Казахстаналде ва Дагъистаналъул гIиссинал росабалъа магIарулалги, хIалалъ гьезул ракьалде рахъинаруна.

*Квешал къурайшияз къварид гьавидал,*
*Дин загьир гьабизе квекIен гьабидал,*
*Гьавураб росу тун, КагIбарукъги тун,*
*ТIайбатаде ТIагьаﷺ къокъарав гIадин,*

*ГIурусазул зулму захIмалъун ккедал,*
*Дин загьир гьабизе гьукъулеб лъайдал,*
*Вижараброcу тун, Дагъистанги тун,*
*Сайидги къокъана ХIижазалдехун.*
*ГIанкIу тIаса арал тIанчIи гIадинан,*
*ГIадамалги тана, туркалъе ана.*
*Аллагь ﷻ разилъаяй ХIалимат-эбел,*
*Аллагьасул ﷻ цIобалъ, нилъей хутIана.*

Гьединго, Дагъистаналдаса къватIиве унеб мехалъ, Сайид ГIободияс قدس سره абула жиндирго муридзабазда, жив мугьажирлъиялъул апараглъуде ун цо-чанго соналдасан, нужеде цIакъ кIудияб балагь бачIине бугинха, дир диналъул вацал, Аллагьасﷻ бихьаралда сабру гьабун чIчIайинха нужан абун.

Мужадидас абухъе, цо-чанго сонидасан Россиялда бергьана ленинилаб хIурият ва байбихьана гIалимзаби тIагIинаризе ва исламалъул рухIаниязда тIад тIухьидулаб лал тIамизе.

Къарнуялъул Имам Сайид ГIободияв قدس سره Маккаялде унеб мехалъ, жиндаго цадахъ рукIарал лъабайго чIужуялъул цоялда, Архъабаш абулеб бакIалде щведал, мужадидас абула: «Мун гьанже гьаниса нахъ йуссайин, мун тIокIалъ дида цадахъ йилълъине бегьуларин» абун. Гьей гIодизе жуйан йиго, жиндаго росас гьедин абидал, квеш бихьун. Гьеб мехалда Сайид ГIободияс قدس سره гьелда абун буго: «Дуда ракIалде ккана гьабсагIат гьав чияр чигун цадахъ, чияр ракьалде уней йигоха дун, дирго гIагарлъиги ва йижараб росу-ракьги тунилан» абун.

Гьеб жиндирго рекIелъ пархараб шайтIанияб пикругицин Сайид ГIободиясда قدس سره цIализе лъалеб батидал, гьей

лъади, росас малъараб гьабун, гьенисанго рокъое тІад юссун йиго.

Муршидун Камиласда цадахъ гьеб сапаралда хутІула: МухІамадхІажиясул قدس سره гьитІинав вац ГІумарги ва жидерго лъудби: Маймунат, Хадижат ва ПатІиматги.

Жеги нухтІа, Маккаялде щвелалдего, Тубкъаялдаго нуха, хехаб унтиги чІван, хола Сайид ГІободиясул قدس سره кІияйго лъади: ПатІиматги Маймунатги.

*Халкъалъул тасарул кодоб букІиналъ,*
*Кидаго цо бакІалъ эв чІчІоларoан.*
*Аллагьасулﷻ амру, изнуялдалъун,*
*Бак-бакІалде унеб гІадат букІана.*
*Бурса шагьаралда вугеб мехалда,*
*Хирияб хъизаналъ сапар гьабуна.*
*Гьаб дуниял чІалгІун ГІилиюналде*
*ГІедегІун къокъине къасд ээ гьабуна.*
*Гьоболаб рукъалъул къадар тІаде щун,*
*КъолъикІ гьабун ана эл Бархазалде.*
*Хирияв АхІмадил агьлуялъухъе,*
*Урхъун рахъун ана, Аллагьﷻ гурхІаял.*
*Маймунат, ПатІимат- кІиялгоги хун,*
*Хирияв Сайидги нахъе хутІана.*
*Гъурбатгиму херлъи, хъизан батІалъи,*
*Лъабабго гьир бана нилъер инсуда.*

Дагъистаналда эркенго дин гьабизе гьукъидал, диниял хІаракатчагІазда тІад зулмуги гьабулеб букІиндал, гьеб киналъулго хІасилалда динги загІиплъизе жубайдал, Дагъистаналъул машгьурал гІалимзабазги хІаракат бахъулеб букІана, эркенго дин гьабизе биччалел исламиял улкабазде рорчІизе. Гьелъулъ букІана Дагъистаналъул гІалимзабазе

хвасарлъиялъул рохелги, апараглъиялъул пашманаб даимаб хIакъдиги. Гьеб букIана Дагъистаналъул мугьажиразул тIоцебесеб карачел. Гьеб гучаб карачелалъ абуни апараглъиялъул ралъдалъе цIан ана Дагъистаналъул бищунго гIакъилал бутIрул, бегIераб пикру, камилаб гIелму, гIаламатаб тIарикъаталъул ва шаригIаталъул зодор кунчIарал исламиял КъилбацIваби.

## КЪУДУКЬА МУСАЛАВ

Ва амма гьеб мугьажирлъиялъулаб апараглъиялъе кьучIчI лъунин абизе бегьула, дунял-гIаламалъего жив гIелмудул ралъадлъун лъугьарав, Дагъистаналъул рухIияб ва рухIанияб чирахъ Къудукьа Мусаласги ва гьесул кIиявго вас Дибир ва ХIажимухIамадицаги жеги 1716 соналъго.

Къудукьа Мусаласул хоб буго Сириялъул ХIалаба Алеппо абулеб шагьаралда. Вукъун вуго «Джилаян» абулеб хабалалъ.

Къудукьа Мусалав цIалула жиндир заманалда бищунго цIар бугел гIалимзабазда цеве. Гьел кколаан: Сугъралъа ГIалириза, ТIидиса Шейх, ГIободаса ШагIбанкъади ва Къелеса ГIали.

Жиндирго гIелмудал эмен ГIободаса ШагIбанкъадил гIакълуялда рекъон, Мусалас сапар бухьуна цIализе: Казань; Астрахань; Хорасан шагьаразде; Гьоркьохъеб Азиялде; Константинополалде; Сириялде; Йеменалде; Египеталде.

ЦIалула кIудиял цIар бугел гIалимзабазда цеве. Бищунго цIар рагIаразул цояв Йеменалдаса МухIамад СалихI-Ибн-Магьди устарасда СалихI Яманиясда цеве тIубараб анкьго соналъ, МохIоса валиюлагь Дамадангун цадахъ.

Жиндирго мугIалим СалихIиде Мусалас гIараб мацIалда гьабураб назму магIарулалде буссинабун буго гьадин:

*Дур рагӀдукь жиб букӀараб*
*Нижер берцинаб яшав*
*Бихьун бералъ борцинчӀо,*
*РагӀун гӀиналъ босичӀо.*
*Мунгун ватӀалъизегӀан,*
*ЛъачӀо букӀараб лазат.*
*Мун даим рекӀелъ вуго*
*РекӀараб чирахъ гӀадин.*
*Нужедехун дир шавкъги*
*Щвараб гӀор гӀадин буго.*
*Дун хьулазда вукӀуна*

*Дуда аскӀой щвелилан.*
*Анищ дир цӀикӀкӀанагӀан*
*РикӀкӀалъула дир мурад.*
*Мунги дунги ратӀалъи —*
*РахӀманасул иш буго,*
*Лъалеб анищ гьелъие*
*Гьабизе кӀолеб кумек.*
*Салам буго дир дуде,*
*Къо-лъикӀ гьабулеб гуреб.*
*КӀудияб салам буго,*
*ТӀаса ин жиндий гьечӀеб.*

Гьев Къудукьа Мусалав абуни вукӀана, тӀадехун абухье, жиндир дунялго хӀайранаб гӀелмуялъул цо бутӀа, ГӀобода ШагӀбанкъадиясул мадрасаялъул гӀелмудал чархидаги ккун, камил гьабуразул бищунго цӀар рагӀараздаги гьорлъ, батӀияб къадруялда вукӀарав гӀалимчи.

Жиндирго херлъиялдеги цебе бугеб хвалдеги абурал рагӀаби руго Мусаласул цӀакъ пикру гьабизе тӀамулел, тӀабигӀаталъул хиса-басиязда данде жиндирго гӀумру ккун хъварал:

*МагӀарда гӀазу буго[1],*
*ГӀоралда накӀкӀ чӀун буго[2].*
*Бодул кутак хун буго[3],*
*Ханги парччахӀав вуго[4].*

*БухӀ-бухӀараб къехь гӀадаб,*
*КъвакӀ-къвакӀараб дуниял.*
*Ябагъидул кварида*
*Багьан чӀвараб байтулман.*

Гьалдасаги мухӀканаб хӀакъикъат цохӀо Аллагьасда ﷻ лъала!

[1] БетӀер хъахӀлъулеб буго
[2] Бецлъулев вуго
[3] Черх загӀиплъулеб буго
[4] Гьава бергьунеб буго

# КЪОКЪАБ ШАРИГIАТ

Унеб букIана 1877соналдаса хадуб заман. Гьел абуни рукIана Дагъистаналъул гIалимзабазе бищунго захIматал ва хIинкъи цIикIкIарал сонал. ГIурус пачалихъалъул диналде данде тIадецуй кутакалда цIикIкIана 1877 соналъ Дагъистаналда ва Чачаналда «къокъаб шаригIатги» чIчIинтIизабун, гьеб кIиябго вилаят бидул хIориниб лъун хадуса. Цоял гъазаваталъе гIоло, цогидал гьезде данде пачаясул чукъбузул рахъ ккун рукIиналъ Дагъистан, цIидасан, цоцалъ бана.

Кварида ран, гъанкъун, чIван, Сибиралде ритIун, жанир тIамун лъугIизаруна халкъалда гьоркьоб дагьабниги жидер машгьурлъи бугел гIалимзабиги, гIакъилзабиги ва тIарикъаталъул устарзабиги.

«РУХIАНИЯВ» - гьеб букIана бищунго гIадамазе хIинкъи бугеб рагIи. Гьелъие гIоло къотIулаан букIараб бищунго кьварараб хIукму: Сибирь, яги хвел.

Сугъралъа ГIабдурахIманхIажиясул قدس سره вас-Дагъистаналъул ункъабилев Имам МухIамадхIажиясул бетIерлъиялда гьоркь гьабураб ахирисеб гъазават халат бахъинчIо. Сугъралъ росуги хъалаги бахъизе кIвана капурзабазда, кутакалда тIаде гIарадаги бан, гьел риххизарун хадуб. Кинавниги азарго мурид вукIана гьел цIунун рагъулел.

Дербенталда ва Гъунир кварида ран гъанкъана восстаниялъул бутIрул: МухIамадхIажи, Мехти Уцмиев, НикIа-къади, ГIабдулмажид, ГъазиахIмад, Зубаир-бика, ХIажиев ГIабдулагь ва цогидалги-кинавниги 300 чи. Дагъистаналъул микьго округалдаса 4875 чи витIана Сибиралде, гьездасан Гъуниб округалдасан 1453 чи, Гъазигъумекиса 1441 чи.

ЦIакъго захIматаб хIалалде ккана, туснахъзаби хIисабалда, Дагъистаналдаса къватIире ритIарал гIадамал. Гьезул

гІемерисел хвана гьава-бакъалъул шартІал хисиялъул ва ругъназ кІотиялъул хІасилазда. Гьедин, масала, къватІиве витІарав Сугъралъ росулъа кинавниги 775 чиясдасан къокъабго заманалъул болжалалда хвана 200 чи, рокъоре тІадин абуни руссана гІицІго 170 чи.

Гьеб багъа-бачариялда гІахьаллъаразул тІолабго ракь бикьана гІурус пачаясул хъамалчагІазда ва бакІалъулал зулмучагІазда гьоркьоб.

Сибиралдасан балъго рокъоре ритІулел рукІарал кагътазда асирзабаз бицен гьабулеб буго жидерго бугеб язихъаб хІалалъул, гІакъуба-зулмуялъул, унтаби-гІузрабаз кІвекІун холел ругел гІемерал дагъистаниязул хІакъалъулъ.

Тарихалде гьоркьобе 1877 соналъул восстание ана «Хъанда шаригІат» абураб цІаралда гъоркь. ЦІакъго пашманаб букІана гьеб бахІарчияб къеркьеялъул хІасил: анцІ-анцІ рухІарал дагъистаналъул росаби, кварида ран гъанкъарал магІарулазул рагъулал бутІрул, гІисиналин, хералин абун батІалъи гьабичІого, рикІкІадаб Сибиралде ритІарал гІемерал гІадамал.

БатІи-батІиял сиясатиял гІуцІцІабазул заманабазда, Дагъистаналъул хІакимзабазул хъачІлъиялъулги ва жалго гІурусазул кафурзабазул пахруял тІадчагІазда цере берцин рихьизариялъул мурадалда, гьарулел рукІарал инжитал пишабазул хІакъалъулъ гІемер хъван буго тарихалда.

Нужецаго пикру гьабун бихьеха, хириял бусурбаби, кинал вахІщиял Аллагьасулﷻ тушбабаз нухмалъи гьабулеб букІарабали дол соназ нилъер Дагъистаналъул халкъалъе.

Дагъистаналда капурзабазул зулму цІикІкІиндал, Турциялде мугьажирлъуде ун гьенив чІчІарав КІикІуниса тІарикъаталъул устар Шарафуддинихъе قدس سره Дагъистаналдасан хъван бачІараб Инхоса ГІалихІажиясул قدس سره кагъаталда руго гьадинал мухъал:

*…Масажидал къан руго,*
*КъулгIаби чIунтун руго.*
*Диванхангун канцилар,*
*Камил гьабулеб буго.*
*Нававица гьабураб*
*Мингьаж гIодилеб буго,*
*ШаргIиял ахIкамазда.*
*ХIур тIад бетанин абун.*
*Рамабигун анвараз*
*ГIарза хIал бачIун буго,*
*ХIапароялъ кванaзе*
*Ракьалде реханилан.*
*ТIад вугев чи ци гIадав,*
*Цогидал гьаби гIадал,*
*ГIалимчи хъумур гIадав,*
*Муъминчи чахъу гIадав,*
*Огь, гъарин цоги чахъу*
*(муъминчи)*
*Чундукьа кин борчIилеб?*
*КIанцIизе бакIги тIагIун,*
*Терелебдай хутIилеб?*
*ГьацIул махI батаралъуб,*
*ЦIунцIра хурхунеб гIадин,*
*БакI-бакIалде сентIелел*
*Суфизабиги руго.*

Ва амма Сайид ГIободияс قدس سره гьеб жиндирго гIумруялъе бугеб хIинкъиялъухъ балагьичIого, гьоркьоб къотIизе толеб букIинчIо халкъалда гьоркьоб гьабулеб букIараб исламияб гIелмуялъул бичIчIикьеялъулаб хIалтIи. ЛъарагIлъиялде ун, Чачаналде щун киса-кибего унеб букIана Сайид ГIободиясул قدس سره дагIваталъулаб хIалтIи. Гьелъул кIвар жеги цIакъ цIикIкIун букIана Дагъистаналъе ва Чачанлъиялъе, щайгурелъул гьезул гIемериселги рухIиял церехъабазда тIад бачун букIиндал гIурус пачаясул чукъбуца вахIщилъиялъул ва чIвай-хъвеялъул бидулаб михир. Сибиралде ритIун щиб, туснахъазда жанир тIамун щиб, къватIисел улкабазде тIурун ун щиб, Дагъистаналда цIакъго-цIакъ дагьлъун рукIана диниял церехъабазул кьерал.

Сайид ГIободияс قدس سره гIадамазда малъулеб букIана жиндие баччизе захIматаб гьабизегIан цин цебе, гIадатияв муъминчиясе мустахIикъаб бугин шаригIаталъул арканалги цIунун, гьелги тIуразарун рукIине. Цогиги гьес малъулеб букIун буго исламалъул тIасияб хIокIиде вахиналде цин цебе, гьелда

рекъараб тарбия кьезе ккелин жиндирго напсалъе ва черхалъе абун. Гьеб хIисабалда гурони диналъул гъварилъуде ваккизе, гIелмуялъул борхалъабазде вахине рес букIунарин ва бажаруларин бусурбанчиясухъа абун.

Муршидун Камилас قدس سره гIадатиял гIадамазе диналъул нухал къварид гьарулароан рукIарал. ГІободиясда قدس سره цIакъго лъикI лъалаан букIараб чиясухъа бажарулебги ва гьесул хIалкIоларебги жо. Гьединлъидал, устарас кидаго хIаракат бахъулаан гIадамал ричIчIулевлъун вукIине ва гьезие исламиял нухал бигьа гьаризе шартIал ралагьизе.

Халкъалда диналъул балъголъаби малъулаго, гьезие гIелмиял къанунал баян гьарулаго, Сайид ГІободияс قدس سره гурхIел гьечIеб къеркьей гьабулеб букIана шаргIалъул хиянатчагIазе, диналъул цIогьазде, кIигьумерчилъиялде данде. Диналъе гьес тIалаб гьабулеб букIана рацIцIалъи. Гьединаб букIана Сайид ГІободиясул قدس سره гIелмудал гучги ва гIумруялъул кинабго рахъалъулаб жиндаса мисал босизе мустахIикъаб мисалги.

Дагъистаналда ва Чачаналда Сайид ГІободияс قدس سره лъикIаб тарбия ва лъай кьун гIезаруна, жидер цIар сверухъе рагIарал гIалимзаби. Гьезда гъорлъ рукIана **ГІободаса Сиражудин, ГІободаса ГIабдулпатахI, Аргъваниса МухIамадхIажи, Ахъташ-ГIавухъалдаса ТIалхIат, Гъумекиса ГъазиахIмад, Хуштадаса ПирмухIамад, Ингишоса Абакар, Алмахъалдаса ГIамиргIали, Хъумторхъалаялдаса Идрис, ГIандиса ГIабдуллагь, ГIуриса ГIусмандибир, ЮртгIавухъалдаса Гурил МухIамад ва гIемерал цогидалги.**

Сайид ГІободиясул قدس سره хIакъалъулъ хъварал батIи-батIиял баяназда загьир гьабун буго гьев Муршидун Камиласул قدس سره хасаб ва даимаб бербалагьиялда гъоркь рукIанин муридзабазул лъабкъоялда анцIазаргониги чи абун.

Гьанжесел цlаларал гlадамазги абула жакъа къоялъгицин жидеца Сайид Гlободиясул قدس سره вирд гьабулезул къадар къоазаргоялдасагицин тlаде араб бугилан.

Аллагьасﷻ Сайид Гlободиясул قدس سره баракатги шапагlатги камун тогеги нилъ бусурбаби, кинаб къо Аллагьасﷻ нилъеда тlаде бачlаниги. Амин!

1877 соналъ Дагъистаналда букlараб багъа-бачариялда гьоркьоб гlахьаллъи гьабуна Хlабщиса шайих Сулейман-хlажиясги قدس سره. Сугьралъ росуги бухlун, къеркьеялъул церехъаби кварида ран хадуб, гьев, гlемерал гlараб гlелму цlаларал чагlигун цадахь, тlубараб анлъго соналъ туснахьалда жанив тlамула. Гьев Сулейман-хlажиявги قدس سره вукlана жиндие Гlабдурахlманхlажи Сугъуриясдасан قدس سره гlелму-лъай щваразул цояв.

Диналъул тушбабазул ва жахlдачагlазул рокьукъаб бер букlана, къаси-къадлъи гьечlого, Сайид Гlободиясда قدس سره хадуб балагьунги. Гьудулзабиго гlадин, гlемерал рукlанин абизе бегьула гьев тlарикъаталъул устарасда балъго жахlда ккаразул къадарги. Хlукуматалъул хlарччил чурутlе риччарал ва гьенир чапелел ругел жагьилзабазда лъикl лъалаан кин «гlакъилго» гlалимчи- рухlаниясдаса жидеца «къисас» босизе кколеб ва бегьулебали.

Шамил Имам асирлъуде ккаралдаса нахъе, пачаясул чукъбуз байбихьула Дагъистаналда ва Чачаналда ругел диниял гlалимзаби, батlи-батlиял гlиллаби ратун, цо-цоккун тlагlинаризе ва Шималияб Кавказалда диналъул кьучlчl тlубанго бакъвазабизе.

Хасаб бербалагьиялда гъоркь рукlана, гьединго, 1877 соналъ букlараб восстаниялда кинаб къагlидаялда бугониги гlахьаллъи гьабуралщинал рухlаниялги.

Гьеб кинабго лъикl бичlчlулаан живго Сайид Гlободиясдаги قدس سره. Сверухъе лъугьунеб бугеб хlинкъи бугеб сиясатияб

ахӀбал-хӀалалъ тӀамулев вукӀана МухӀамадхӀажиявги قدس سره букӀиниселъул пикру гьабизе.

Сайид ГӀободияс قدس سره Шамил Имамас гӀурусазде данде гьабураб рагъуе кьолеб букӀана цӀакъго тӀадегӀанаб къимат ва гьев рикӀкӀунев вукӀана Аварагасул ﷺ суннатги цӀунун, капурзабазда гъазават лъазабурав халкъияв бахӀарчилъун.

Гьелда тӀадеги 1877 соналъ букӀараб «гьитӀинаб шаригӀаталъул» кьучӀчӀалда ккараб рагъулъ гьес ГӀабдурахӀманхӀажи Сугъуриясул قدس سره рахъ кколеб букӀанин абун гӀайибалги рукӀана Сайид ГӀободиясде قدس سره гӀунтӀизарулел дагъистаналда рукӀарал гӀурус пачаясул инжитал чукъбуз. Гьединлъидал, Сайид ГӀободияв قدس سره вукӀана пачаясул цӀиял тӀадчагӀазда бадиб къараб гӀелмиябгун-рухӀияб зазлъун. Гьесда щиб гьабилебали лъаларого рукӀана пачаясул вахӀщиял жасусал. ГӀободиясул قدس سره халкъалда гьоркьоб бугеб машгьурлъиги, къадру-къиматги лъан, гьесиеги, цойгидазего гӀадин, тамихӀ гьабизеги бокьун, гьабичӀого тезеги бегьуларого, чараги хун рукӀана капурзабазул къапила.

Цо нухалъ Сайид ГӀободияв قدس سره Хунзахъе ахӀула губернаторас. Гьес, тӀадеги ахӀдон, абула Сайид ГӀободиясда قدس سره мунги, Генуса Шамил Имамго гӀадин, цӀияб гъазаваталде хӀадурлъулев вугин абун гӀарза бачӀун бугин жиндихъе гӀадамаз абун.

Пахруяв ва хъачӀав губернаторасе бокьун букӀуна, устарги قدس سره къабихӀ гьавун, гьевги хӀинкъизавун, жиндирго тӀадегӀанлъи гьесда бихьизабизе. Амма, циндаго, кинабго гӀакса ккола.

Гьеб мехалъ жиндаго дандвитӀун гӀодов чӀчӀарав Сайид ГӀободиясда قدس سره аскӀоб, гьакӀкӀан кӀалгун, жиндаго тӀад речӀчӀизе къачӀараб гъалбацӀги ва гьесул гъуждузда нахъасан

баккараб кIудияб аздагьоги бихьидал, кьер тIун сородизе жувала пакъирав ятим.

Цо заманалдасан рекIеда ватарав губернатор живго гьардола Сайид ГIободиясда قدس سره, бегьулеб батани, гьаниса хехго дурго рокъове тIадвуссун аян абун.

Амма букIаниги Сайид ГIободияв قدس سره, батIи-батIиял гIиллабиги ургъун рахъун, хъалаялъув жанив тIамула, сурав босула. Гьесие хIинкъаби кьола, гьеб дуца гьабулеб диналъул бичIчIикьеялъулаб хIалтIи халкъалда гьоркьоб тIокIалъ гьабугеян абун. Цинги, халкъалъул багъа-бачариялдаса ва гьелъул цциналдаса хIинкъун, къватIиве виччала, гьесие щибго заралги гьабичIого. Ахирги Сайид ГIободиясда قدس سره бичIчIизабула пачаясул чукъбуз гьесие, Дагъистанги тун, къватIисел хIукуматазде ани лъикI букIинаанилан ва гьелъие квал-квалги гьабизе гьечIилан абун.

Муршидун Камиласда бичIчIула, нахъаса къотIи гьечIеб хъаравуллъи жиндидаго хадуб хIукуматалъул чудказ чIезабидал, жиндиего эркенго гIелмуялда тIад хIалтIизе рес бугел гIарабазул улкаялде мугьажирлъун ине.

***



## МАККА-МАДИНАЯЛДА

Сайид ГIободиясул قدس سره шаригIатгун тIарикъаталъул гьидаят хIасуллъизе, гьесул даража, иршад мухIкан гьабизе бахъулеб хIаракаталъ рагьила нилъее гьев гIаламатав инсанасул хIикматаб къисматги, къадру тIадегIанаб гIамал-хасиятги, гIадамазда гьоркьов гIадатго хьвадизе гьес бахъараб хIаракатги.

Суннат камилав муршидасул хIакъалъулъ хIикматал ахбарал тIаса рищун хъвалел ругелъул, Аллагьасﷻ нилъееги насиб гьабеги Сайид ГIободиясул قدس سره файизгун рахIмат жакъа лахIзатаб гьерсил дунялалдаги, метер абадияб рукъалде жанире лъугьине къачIалелъул МахIшаралъул майданалда цIадирабазда цере эхетидалги.

Сайид ГIободияв قدس سره вукIана 1828 соналъ Хундерил тIалъиялда баккараб исламалъул бакъ, шаригIаталъул моцI, тIарикъаталъул гIаламатаб нур. Гьеб бакъул кунчIигун-хинлъиги, моцIалъул гвангъигун-гIаламатлъиги, нуралъул гьайбатлъигун-караматлъиги Аллагьасﷻ насиб гьабуна тIолабго исламияб дунялалъулго муъминзабазе. АнцIила ункъабилеб нусго сонил гIаламатго-караматаб Къилба-цIва Сайид ГIободиясулъ قدس سره бессун букIана гьеб кинабго цого заманаялда, божизе захIматаб паналъиялда, бичIчIизе кIолареб хIикматаб хIайранлъиялда, бихьизе гIащикъаб гьайбатлъиялда.

ГIарш-Курсалъул БетIергьан-Аллагьﷻ дуе рецц буго, Дуца лъабкъоялда анцIазар гIалам бижун букIиналъги, хIамдлъун бугеб мулкалъул Малик Мун гурев гьечIелъухъги. Бижанщинаб зарра рикIкIун рецц Дуе буго нижер БетIергьан!

Суннат иттибагI цIунун хьвадарал муъминзаби, Кавсаралъул лъелъ чурун, рацIцIад гьарулев мун нижер хирияв Авараг ﷺ вукIиналъ гIемерлъана Дагъистаналдаги

Сайид ГIободияв قدس سره гIадал исламалъул рухIиял церехъаби- байрахъулал.

ТIадегIанав Аллагьасﷻ жиндирго калам Къуръаналда абулеб буго гьаб дунял кIкIарадул кваркьидул гIангицин багьаяб гьечIеб жо бугилан. Гьеле гьебги жеги гьитIинго бичIчIунин Сайид ГIободияс قدس سره жиндирго тIолабго гIумру гIицIго пайдаяб исламияб гIелму лъазабиялъе къурбанги гьабураб. ГIицIго гьелъие гIолойин къарнуялъул мужадидас Дагъистаналдаса бахъараб ГIарабустаналде щвезегIан нахъа тарал, кьабгIун захIмалъабазги, унтаби-ургъелазги цIурал нухал.

Ахираб нухалъ 1883 соналъ гьеб сапаралъ вахъиндал, ватIалъана Сайид ГIободияв قدس سره жиндирго лъудби ПатIиматидаса ва Маймунатидаса.

Гьеб захIматаб нухда дандчIварал киналго камиялги ва гIакъубаги хIехьонин Сайид ГIободияв ахирги сах-саламатго Макка-Мадинаялде ворчIаравги.

ГIакъуба бихьун щвараб гIелму цIакъго къимат тIокIаб букIунин абула магIарулаз. Живго МухIамад Аварагасулﷺ хIадисалдаги абулеб бугелъулха: «Нужеца гIелму тIалаб гьабейила Китаялде щвезегIан нужго ине кканиги», - ян абун. Гьеб кинабгоги кьочIчIое босун бухьараб букIана Сайид ГIободиясул قدس سره, тIолалгоги гIадин, гьаб ахираб сапарги.

ГIарабиязул гьудул, Дагъистаналъул исламияб жавгьар Сайид ГIободияв قدس سره вукIана кинабго рахъ жиндир камилав, караматал гIемерав, манакъибал гIаламатав, Аллагьасулﷻ нух кьуричIого жиндица ккурав КъутIбул Гъавс قدس سره. Аллагьасухъﷻ паналъиялъги,

ХIабибасухъ ﷺ гIащикълъиялъги Муршидун Камил Сайид ГIободияс قدس سره рехун тана вижараб инсул ватIан Дагъистан. Макка-Мадина гуреб гьесие къабуллъичIо. Хирияб равзаялде зияраталъ хьвадизе, Бадругин УхIудалъул

шугьадаазде щвезе мурадалда вачIана МугIала разияв ГIободияв ГIарабустаналъул ракьалде.

Макка-Мадинаялда Дагъистан релъинабун,
*ГIарипас къасд гьабуна исламалъул ракьалде.*
*Аллагьасухъﷻ ракI гIодун, ХIабибасухъ гIащикълъун,*
*Гьижра гьабун къокъана кIиябго хIарамалде.*
*Мужадид тIаде щведал, Макка шагьар чIухIана,*
*Сайид-ХIусен муршидас вацлъун къабул гьавуна.*
*КъутIбул гъавсас мужадид квер ккун рокъове цIана,*
*Муршидасул хIалалда хIисабхун разилъана,*
*КIиябго ХIарамалда чIчIезе ихтияр кьуна.*
*Халкъ иршад гьабиялъе халапалъун гьавуна.*
*Маккаялъул жамагIат гьесда тIаде гьетIана,*
*Цоги гIалимзабазда гIамал гьаби дагьлъана.*

Алжанул махI бахъараб ГIарабустаналъул ракьалде щведал, гIемер заманго балелде, кутакалда къадру-къимат борхана гIалимзабазда гьоркьоб Сайид ГIободиясул قدس سره. Гьев мустахIикълъана тIадегIанаб адаб-хIурматалъе ва къиматалъеги.

Маккаялда Сайид ГIободияс قدس سره жиндирго гIелму-лъай жеги камилги гъваридги гьабуна. Гьев релъун вукIана Дагъистаналдаса ГIарабустаналъул ракьалде щвезегIанги чваххун бачун, гьенир муъминзабазе гьекъезелъун, Аллагьасﷻ ракьулъа къватIибе кIанцIизабураб рухIиябгун рухIанияб Зам-зам иццул кIудияб ва хIикматго-баракатаб хIавузалда.

Бищунго цебе гьеб гIаламатаб хIавузалде кIвар кьуна, Сайид ГIободиясда قدس سره вацлъиги рагIизабун, кIиябго ХIарамалда чIчIезе гьесие ихтиярги кьун, халкъ иршад гьабиялъул халапалъунги гьавун, жиндирго хIужраялъул

ихтияр гьесухъеги кьун, тIарикъаталъул устарлъунги, кIудияв къутIбулъунги вукIарав муршид Маккаялдаса Сайид ХIусейница قدس سره Кинаниги абула ГIободияс قدس سره ичIго нухалъ хIеж борханин.

1866 соналъ жиндир гIумруялъул 38 сон бугеб мехалъ, Сайид ГIободияс قدس سره тIоцебесеб нухалъ борхана хIеж.

1878 соналъ жиндир гIумруялъул 50 сон бугеб мехалъ, кIиабизеги борхана гьев мужадидас хIеж. Гьеле гьеб мехалдаго лъай-хъвай ккун букIана Сайид ГIободиясулги قدس سره ва Сайид ХIосейн Маккаясулги قدس سره.

Маккаялда вукIаго, гIемерал лъикIал гIадамазда цебесан, анлъго тIарикъат муридзабазда малъизе ижазаялъул кагъат кьуна, тIад жиндирго мугьруги чIван, Сайид ХIосейн Маккаяс قدس سره Сайид ГIободиясда قدس سره кодобе.

Шейх Сайид ХIосейн Маккаяс قدس سره киназдаго цебе Сайид ГIободиясда قدس سره тIад ретIана хассаб халгIатги ва къана гьесул ботIрода чалмаги.

Гьелъул хIакъалъулъ Сайид ГIободияс قدس سره гьадин хъвалеб буго жиндирго **«Канз-уд-дурар»** абураб тIехьалда:

**«Дие загьирлъана дихъ КъутIбу ﷻ балагьиялдалъун 1303 абилеб соналъул Къурбан хъвеялда цебесеб хамиз сордоялъ Аллагьасул ﷻ футухIал, пардавалги рагьана, Къуръаналдасан щуго шаргIги рагьана, кинниги кIиго шаргIалда гьоркьоб Аллагьас ﷻ пардав гьабуна, гьезде дун ваккизе гьавичIо, дун ижмалалда вугониги. Зам-замалъулги КагIбаялъулги бетIергьанав АлагьасхIагиян гьедула дун, КъутIбу вукIана гьаб фатхIуялда цебе 14 сонги дагьал моцIаз цебе дида абулевлъун гьал калимаби: «Дуца гIелму босуге мухъаздасан, дуца гьеб босе дурго карандасан». АскIор нугIзалги чIчIезе гьарун абуна гьездехун гьал рагIаби: гьасда разияв чи-дида разияв чи вуго, дида разияв чи Аварагасда ﷺ разияв чи**

**вуго, Аварагасдаﷺ разияв чи Аллагьасда разияв чи вуго. Гьасда разилъичІев чи дида разилъичІев чи вуго, дида разилъичІев чи Аварагасдаﷺ разилъичІев чи вуго, Аварагасдаﷺ разилъичІев чи Аллагьасда разилъичІев чи вуго». Дида гьес цІарги тавпикъ бугев чийилан тана. Гьес дие нагью гьабуна бусурбан чиясда пасикъилан абугеян, гъазаваталда гъорлъеги лъугьунгеян.**

Цинги ниж данделъичІо гьелдаса хадуб микьго-ичІго сон инегІан. Нахъеги данделъана жиндаса Аллагь разилъаяв ГІалибегхІажи вахъун хадуса ГІалибегхІажи вахъана гьижрияб къагІидаялъул 1294 соналъ. Цодагьабго цІех-рех гьабун, берцинаб каламги гьоркьоб ккун хадуб гьес абуна: диде гІагарлъе, диде гІагарлъеян абун, эв тІаса инчІо гьагъадин абулевлъун, дагь-дагьккун дунги гІагарлъана. Дун балагьизе кІоларого вукІана эсул хирияб гьумералде, элда бугеб нуралъ, къалъуда бакъул гІадаб. Дунги гІодов чІчІана гъосул какикьжоялда тІад таварукалда, рохол къотІи къаданиб жоялдаги букІана, нахъияб черх гъоркь тІамураб жоялда тІадги букІана. Дида гьабулеб жоялдалъун васиятги гьабуна, бахчеян амруги къвакІизе гьабуна. Цо-цо жумла загьир гьабизе изнуги кьуна. Цинги дир квералги чурана, гІиссинал лъималазул гІадин, тІаде аятги цІалун. Дида аяталдасан мурадги бичІчІичІо, ракІалде ккана ав разияв вугин дидаса гъазават, жигьадалде гъорлъе дун жувангутІиялдалъун. Цинги дие загьирлъана кверал чурун хадуб, Аллагьасул фазлуялдалъун гІулумазул анвагІал, шараигІал баян гьариги, ижтигьадалъул даражабиги, гІалимзаби гІажизлъулеб хъвай-цІалиялдасан, щибго дие элдасан чІухІиги гьечІо, Аллагьасул пазлу буго эб».

1883 соналъ жиндирго гІумруялъул 55 соналъулъ вукІаго ахирияб нухалъ хІеж борзихе Сайид ГІободияв قدس سره

къватIиве вахъана, жиндирго гьалмагъзабигун ва лъудбигун цадахъ ГIортIаколо росулъан.

Цониги чи, устар, шайих, валийин абун, Макка-Мадинаялда Сайид ГIободиясда قدس سره ващалъичIо. Живго Жамаллулайли قدس سره КъутIбу Маккаялдаса Сайид ХIусейн гьесул гIаламатал караматазеги, камилаб муршидлъиялъеги кинабго рахъалъ, тIад калам тун мукIурлъана.

*Жиндирго хIужрарукъ кьун,*
*ЦIакъго кIодо гьавуна.*
*Къарнудал Имам вугин*
*Гьаван лъазе гьабуна.*

КIиябго ХIарамалда чIчIезе жиндие ихтиярги кьун, жинда киназго гIелму-калам гьикъулев муфдилъун гьавуна Маккаялъул агьлуялъ Сайид ГIободияв قدس سره

*Халкъ иршад гьабиялъе халипалъун гьавуна,*
*Маккаялъул жамагIат гьесда тIаде гьетIана,*
*Цоги гIалимзабада гIамал гьаби дагьлъана.*

Макка-Мадиналъул цониги гIалимчияс Сайид ГIободиясулгун قدس سره дандбачIого кинаб букIаниги жавабияб гIелмияб хIукму къотIулароан букIараб. Ва гьес абухъе гьабизеги гьабулаан букIараб кинабго жо. Гьев Дагъистаналдаса гIажамиясул гIалимлъиялъ гIажаиблъизе гьарун рукIана гIарабиязул тIолалго гIалимзабигицин. Живго Макка-Мадинаялъцин гIорхъодаса ун кIодо гьавулев Жамаллулайли قدس سره къутIбуцин Сайид ГIободиясе قدس سره мутIигIлъана тIоцере гьел дандчIвараб лахIзаталдаса байбихьун. Гьелъулъги букIана Сайид ГIободиясул قدس سره цо хIикматго тIадегIанаб хаслъи рагьулеб гIаламатаб къудрат.

1883 соналдасан байбихьун 1895 соналде щвезегӀан Сайид ГӀободияс قدس سره гӀумруялъул ахирал сонал тӀамуна Макка шагьаралда.

1888 сональ хӀежалде унел рукӀарал ХӀариколоса гӀалимчи Лачениласухъги ва ГьоцӀалъа гьединавго гӀалимчи Алмасиласухъги балъгояб кагъат битӀула, Гъоркьа Гъазданущив чӀчӀун вукӀарав ГӀабдурахӀманхӀажи Сугъурияс قدس سره, Маккаялде гьижра гьабун арав Сайид ГӀободиясухъе قدس سره, жив захӀматго унтун вугин, мун хехлъи гьабун жинда тӀаде щваян абун. Гьеб кагъат кодобе щведал, балъго Дагъистаналде вачӀуна жиндирго унтарав устарасде ваккизе Сайид ГӀободияв قدس سره.

Гьев жиндаго тӀаде щведал, Сугъурияс قدس سره абула:

-Дагъистаналъул бусурбабазде тӀаде кӀудияб балагь бачине ургъулел руго, дир вас МухӀамадхӀажияв, пача НикӀалайги ва гьесул чукъбиги. Гьезие бокьун буго Дагъисталъул халкъги Россиялде гочинарун, гӀурусазул мужикъал гьанире гӀумру гьабизе ритӀизе. Гьединлъидал, нилъеда кӀиясдаго тӀалъула Аллагьасда ﷻ гьеб балагь нилъеда тӀаде биччагеян абун дугӀа гьабизе.

Сайид ГӀободиявги قدس سره ва ГӀабдурахӀманхӀажи Сугъуриявги قدس سره цо сордо базе гурони аскӀор течӀо пачаясул аскаралъулаз. Гьединлъидал, Сайид ГӀободияв قدس سره ана Эрпеливе жиндирго лъади Алтунбикахъе ва гьениб Муршидун Камилас бана гӀицӀго лъабго сордо-къо.

Эрпелив вукӀаго Сайид ГӀободияс قدس سره ГӀабдурахӀманхӀажи Сугъуриясухъе قدس سره Гъуркьияб Гъазданущиве витӀана эрпелисезул дибир Шихамат-къади, дол гӀурус мужикъал Дагъистаналде ритӀиялъул суал НикӀалайида рагӀалде бахъине гьабизе кӀвезе гьечӀин, кигӀан гьесие бокьаниги, ва ТӀадегӀанав Аллагьас ﷻ нилъер дугӀаги къабул гьабунилан жиндирго устарасда рохел бицине.

Эрпелире хадурги рачIун, гIурус аскарияз Сайид ГIободиясда قدس سره лъазабула, хехлъи гьабун, Дагъистан бахун къватIиве аян абун. Гьединлъидал, гIага-божаразухъе ГIободегицин инеги течIого, гьев тIад вуссине ккола Макка-Мадинаялдего.

Сайид ГIободияс قدس سره росуцоязухъе хъвараб кагътида гьарулеб букIана, нуж жинда тIаса лъугьайин, росулъеги вачIинчIого, тIад вуссине ккеялъин абун.

ГIабдурахIманхIажи Сугъурияс قدس سره кIиабизеги тIарикъаталъул устарлъиялъе ижазаги, жиндирго иш цебе бачиналъе тIадкъайги кьуна Сайид ГIободиясе قدس سره гьаб нухалдаги.

***

## БУСРАЯЛЪУЛ ГIАЛИМЗАБИ МУТIИГIЛЪИ

ГIагараб Дагъистаналдаго гIадин, камун рукIинчIо Макка-Мадинаялдаги байбихьуда Сайид ГIободиясул قدس سره хIалбихьулел ва гьесие, жидерго гIакълуялда рекъон, къимат кьезе лъугьарал цо-цо жахIдачагIиги ва «гIалимзабиги». Ахирги гьел Сайид ГIободиясе قدس سره мутIигIлъулел рукIана ва гьесда жидеда тIаса лъугьаян гьардолелги рукIана.

Бачун телин гьелъиеги цо-кIиго хIужаги:

Бусраялъул ханасул вац вукIана шайихлъун. Гьесда тIаде хьвадулаан тIубараб улкаялъулго халкъ.

Бусраялъул ханасда цIакъ захIмалъун букIана жиндирго вац -шайихасухъе, гьев кIодо гьавун, Дагъистаналдаса вачIарав гIалимчи цо щвезецин вачIунгутIи ва гьев рикIкIунгутIи.

Цо къоялъ, хадув нукарги витIун, вачун вачIана Бусраялъул ханасухъе Сайид ГIободияв قدس سره ва ханас лъазабуна дуца жиндир вац-шайихасулгун гIелмияб бахIс гьабизе кколин абун. КигIанго Сайид ГIободиясе قدس سره гьеб бокьун букIинчIониги,

цӀакъ тӀирун чӀчӀана хан, жиндица малъараб гьабизе кколин абун.

Ханас Сайид ГӀободиясда قدس سره гьикъана:

-Мунго кигӀан чӀухӀарав гӀалимчи кколев, халкъалъго жив кӀодо гьавулев шайихасдецин зиятаралъ щвезе вачӀунарев? - абун.

Щивго вихха-хочичӀого, Сайид ГӀободияс قدس سره ханасда бадибе абуна:

-Гьев дур вац киназго шайихлъун рикӀкӀиналда дун разияв гьечӀогоха, хӀурматияв хан. Гьаб халкъ иршад гьабиялъе гьесие изну гьечӀо. Гъавсасул бербалагьи гьесдехун щибго гьечӀо. ШаргӀги суннатги цӀунараб макъам гьесие гьечӀо. ЦӀакъ гӀемераб жо буго гьесул дудаги лъалареб ва диеги рекӀее гӀолареб. Гьединлъидалин дун дур вац-шайихасухъеги вачӀинчӀев зияраталъ, дуда кигӀан мекъи бихьаниги, хӀурматияв хан, - ян абун.

Гьеб мехалда ханас Сайид ГӀободиясда قدس سره абуна:

Гьеб дуца дида бицарабщинаб жо битӀараб батани, дица гьесда, вац вукӀаниги, дирго улка къватӀибе бахинабила. Амма мун мекъи ватани, лъайха дуего букӀунеб жоги, - ян абун.

Цеве Сайид ГӀободиявги قدس سره къотӀун, хан, халкъги хадуб гьабун, жиндирго вац-шайихасул азбаралде рещтӀана. Жалго бахӀсалъе рачӀун рукӀин гьесие загьир гьабуна.

Сайид ГӀободияс قدس سره жиндиего кьурал суалазул цонигиялъе жаваб кьун бажаричӀо ханасул вац-шайихасда. Гьел суалалги рукӀана Къуръан-ХӀадисазда хурхарал. Гьелъие нугӀзаллъун рукӀана живго ханги ва халкъги.

Ахирги гьев живго мукӀурлъана вацасдаги ва халкъалдаги цеве жив чӀового вукӀиналъе ва Сайид ГӀободияв قدس سره кинабго рахъалъ камилав муршид вукӀиналъе.

Гьев вали-шайих гьечӀевлъи тӀатана киназего гьеб бахӀсалдаса хадуб.

Ханасул чара хвана, гьурмал кьер тlун лъугьана.

Гьебго данделъиялда цо чlужугlаданги яхъана, жий макъамалда йигей гlадан йигинги абун, Сайид Гlободиясе قدس سره суалал кьезе.

Мужадидас ханасда ва халкъалда цебе гьелдаги гьикъана иман- исламалда хурхараб цо чанго суал.

Гьелдаги бичlчlана жинда цеве щиб даражаялъул инсан эхетун вугевали. Гьей, чарахун, Сайид Гlободиясда قدس سره тlадги хурхун гlодизе жуяна, жийго бахlсалъе къей киназего мукlур гьабун.

Гlадамаз ккун нахъе ячун ана гьей, Дагъистаналдаса гlаламатго хlалкlояб лъай жиндихъ бугев устарасда аскlоса. Гьейги гlелму-лъаялъул рахъалъ чlобого йикlин загьирлъана тlолалго данделъаразе.

Гьеб киналдасаго хадуб, гlаламго тlаде гурун, Сайид Гlободияв قدس سره батlияб къадруялда кlодо гьавуна халкъалъ. Гlицlго гьесда квер хъвазе щвейгицин- жидеего хвасарлъилъун бихьана гlадамазда.

Бусраялъул ханасги гьев Сайид Гlободияв قدس سره, квер босун, батlияб къадру-асалда, баркала кьун, кlодо гьавуна, жиндиего кинабго хlакъикъат загьир гьабуралъухъ.

Маккаялъул къутlбу Сайид Хlосен Къурайшиясда лъана Гlободиясулسره قدس бугеб хlакъикъияб даража. Гьединлъидал, гьес Сайид Гlободиясе кьуна жиндирго хlужра ва гьесул гьабулаан цlакъго кlудияб къадру. Амма Маккаялъул цо-цо гlалимзабаз Сайид Хlусенида гlайиб чlвалеб букlана, дуца гьев гlажамиясда цеве мунго цlакъго гlодовегlан гьавулев вугин, дур батlаго гьесдаса къурабищ гlелму бугебан абун.

Сайид Хlосеница абуна гьезда: «Дида гlадин нужеда гьев гlажамияв кинаб даражаялъул гlалимчи вугевали лъалеб букlарабани, нужецаги Сайид Гlободиясдаسره قدس цере накаби чlвалаанин» абун.

Гьеб мехалда, гьел гӀалимзабаз абуна: «Нижеца хӀалбихьилагури гьев гӀажамиясул» абун.

АнцӀила кӀиго лъикӀаздаса лъикӀал гӀалимзаби, цо-цо суалги босун, щвана Сайид ГӀободиясул قدس سره хӀалбихьизелъун.

- Изну бугищ, гӀажамияв, дуда тӀаде рачӀине?

- Дагьалъ чӀа! -ян абуна гьезда Сайид ГӀободиясقدس سره хӀужраялъусанго.

Мехго иналде гьел киналго гӀалимзаби жанире рачана Сайид ГӀободиясقدس سره ва жиндаго сверун гӀодор чӀчӀезе гьаруна.

Сайид ГӀободияс قدس سره гьезул щивасда кодоре кьуна, гӀалимзабазухъ гьез жиндиего кьезе хӀадур гьарун ругел суалазде данде кколел жавабал хъварал кагътил тӀамчал.

ЦохӀониги суал гьесие кьелалде, жидецаго цереккунго хӀадур гьарурал цӀакъго захӀматал суалазе гъваридаб магӀнаялъул жавабал жидедаго кодоре гӀажамияс кьедал, гӀарабиял киналго цӀоро-гъорон хутӀана, щиб абилебали лъаларого, гьалгъазеги гьалгъан, бутӀрулги хьвагӀезарун.

Сайид ГӀободияс قدس سره гьезда абуна: «Дица нужер анцӀила кӀиго суалалъе жаваб кьуна. Нужеца цо дир суалалъеги кьеха гьанже жаваб» абун.

Гьеб ГӀободиясул قدس سره цо суалалъе жаваб кьезе лъачӀо ГӀарабустан хъирщун ракӀарарал гӀарабиязул гӀалимзабазда. Гьеб мехалда Сайид ГӀободиясقدس سره гьезда абуна: «Гьаб дир суалалъе жаваб нужеца ГӀарабустаналда сверизе гьабунгицин бачӀине ккolинха» -ян абун. Амма гьедин гьабуниги, гӀарабиязул гӀалимзабахъе щвечӀо гӀажамияв сайидасул цохӀо суалалъе данде кколеб жаваб. Гьел рачӀана ахирги Сайид ХӀусен Маккаясухъе. Гьесдаги лъачӀо гьеб суалалъе жаваб кьезе. Гьес абуна: «Гьеб суалалъе жаваб гьеб жиндица кьурасда гурони лъаларо» абун.



Ахирги, гьел киналгоги данде ракIарун, Сайид ГIободияс قدس سره гьезда абуна: «Къуръаналъул тIолабго магIна алхIамалде буссине гьабуна Аллагьасﷻ. АлхIамалъул магIна бисмиллагьалде буссинабуна. Бисмиллагьалъул магIнаги БИ-ялде буссинабуна. БИ-ялъул магIнаги гьелда гъоркь бугеб нукътаялде буссинабуна. БИ-ялда гъоркь бугеб нукътаялде балагьун лъала дида Аллагьасﷻ ракьалде рещтIаралщинал киналго тIахьазул магIна», - абун.






## КЪАРАХЪА МУГЬАЖИР МАЛЛАМУХӀАМАД

Гьеб лъугьа-бахъиналъул хӀакъалъулъ гьадин хъвалеб буго жиндирго «**ГӀарабиязул гьудул, Дагъистаналъул жавгьар**» абураб назмуялда Маккаялда чӀчӀарав **Къарахъа мугьажир МалламухӀамадица:**

ГӀободиясул бицун цодагьав гаргадизин,
Муршидун Камиласул баркаталде хьул лъурав,
Пакъир кӀалъалев вуго ралъдадасан щоб босун.
Щакъи-къаламалдалъун шагӀир кӀалъан тӀубалеб,
ТӀадегӀанлъи букӀинчӀо Аллагьас ﷻ гьесий кьураб.
ГӀелму-калам кинабго жинда рекӀехъе лъалев,
Къуръан-хӀадисалдасан хӀукму жинца босулев.
Аварагасул ﷺ суннат умматалде гьурщарав,
Гьеб жиндица цӀунарал киналго мукӀурлъарав.
Ладунияб гӀелмуялъ гӀалам хӀайран гьабурав,
Сулук, варагӀ, гӀибадат гӀаламалдаса тӀокӀав.
Дунял рихун, ахират жинца тӀаса бищарав,
БидгӀа- гӀадатал рехун, камилалде халкъ цӀарав.
Камилаб динул ислам месед бекьун къачӀарав,
ШаригӀатгин тӀарикъат гӀавамазда малъарав.
Гьанжесеб заманаялъ гьабулеб бицун тарав,
ГӀелму-калам кинабго камилго лъазабурав.
ЩутӀудазде балагьи дуе хӀажалъиларин,
Биялъул тӀанкӀалдасан тӀубалилан малъарав.
Къуръан-хӀадис кинабго камиллъанин дулъилан,
Кутакаб рохел бицун, керен гӀатӀид гьабурав.
Азаралда ункъунусил тарих байбихьарабго,
Гъавсас тӀадеги ахӀун мужадидлъун гьавурав.
АнцӀила ункъабилеб къарнуялъул Имамлъи,
Дуде ирга щванилан щибаб жо малъун тарав.
Дуда хадур рилъине халкъалда тӀадаб буго,
Дуде инкар гьабурав кинавго мекъи ккела.
Гьев къутӀбул гъавсас эсда мурафакъан цӀар тана,

Аллагьасﷻ тавпикъ кьурав чиян кIодо гьавуна.
Лъабкъоялда анцIила лъабиде уммат бикьун,
Хвасарлъулеб къокъадул бетIерлъун жив гьавуна.
Анкьабгоги тIарикъат Кьуръаналдаса босзе,
Кьадирасул квербакьи, бакь гIадин, загьирлъана.
Къуръаналъул лъабалго хIакъаикъал росизе,
Ункьабго мазгьабазе Аллагьасﷻ патхIу кьурав.
ГIалимзаби мукIурав, гIелму тIаде чваххарав,
Шайихзаби хIайранал балъголъаби рагьарав.
Дагьистаналда жаниб шаргIалъул байрахь чIварав,
Сулук, суннат, варагIалъ гIаламалда нур барав.
БидгIа-гIадаталдаса гIадамал нахье цIарав,
Кьурьан-хIадис гуреб нух хIисабалде босичIев.
Сулук, варагIалдаса батIалъараб рикIкIинчIев,
Суннаталъе хилипаб халкьалъе нахье чIварав.
Къуръан-хIадисалдаса гIемер тIахьал гьарурав,
«Канз-уд-дурараалъ» улка бакъ гIадинан гвангъарав.
Жакъад бугеб хIал бицун дол къояца кIалъарав,
Гьабизе кколебщинаб гIавамазе хъван тарав.
Жив вахараб борхалъи цIар-реццалъе бицинчIо,
Щвараб хазинаялъул бутIа камун чи течIо.
Сирру-къарар бихьидал карамат загьирлъана,
Киналниги гIулумал гIорлъун тIаде чваххана.
ГIавамазе бигьаял нухал жинца гьаруна,
Дунялалъул чIаголъи гьес жойиде гьабичIо.
ТIагIат гуреб хазина гьес жолъунго рикIкIинчIо,
Аллагьасдасанﷻ нечон бадиб магIу бакъвачIо.
ХIабибасул баркаталъ бусада хьибил лъечIо,
Берцинаб ратIлидаса чIухIи жинца гьабичIо.
Кьер-кьераб квеналдасан тIагIам жинца босичIо,
Чорхое бокьаралде кидаго жив гьетIичIо.
КIалккун гIибадаталда гIумру жинца тIамурав:
Цо тIохол къаялдалъун къоялъ гIей гьабулаан.
Макка-Мадинаялда Дагъистан релълъинабун,
ГIарипас къасд гьабуна исламалъул ракьалде.

Аллагьасухъﷻ ракI гIодун, ХIабибасухъ гIащикълъун,
Гьижра гьабун къокъана кIиябго ХIарамалде.
Мужадид тIаде щведал Макка шагьар чIухIана,
Сайид-ХIосен муршидас вацлъун къабул гьавуна.
КъутIбул гъавсас мужадид квер ккун рокъове цIана,
Муршидасул хIалалда хIисабхун разилъана.
КIиябго ХIарамалда чIчIезе ихтияр кьуна,
Халкъ иршад гьабиялъе халипалъун гьавуна.
Маккаялъул жамагIат гьесда тIаде гьетIана,
Цоги гIалимзабазда гIамал гьаби дагьлъана.
Цо къоялъ масжидалда къаде как тIубан хадуб,
ГIалимзабазул зигар Жамулайладе щвана.
Дуца хIужра кьун тарав гIажамияс нижее
ГIелму-каламалдасан кIалъазе бакI гьукъана.
Кинабго халкъул гIалам гIажамиясухъ уна,
Нижеда гьикъулеб жо къанагIатаб хутIана.
Нижер хIукму ккун буго гIажамиясухъ ине,
Кутакаб хIадурлъигун, захIматал суалалгун.
Маккаялда хъирщарав анцIила кIиго гIалим,
ЗухIаялъул гIужалда хIужрадул кIалтIе щвана.
Къарнуялъул Имамас изну кьуна рачIаян.
Роха-хинлъун харбида, бицунеб тIубазабун,
КIанцIун тIаде вахъана къарнуялъул Мужадид.
Жив-живасухъе кьуна суалазе жавабал.
Цоцахъ балагьун хутIун, хагана киналгоги,
Суал гьабилалдего жавабал кодор кьедал.
Гьабго кинаб хIикматан хIайранлъана киналго.
Суал жинда гьикъичIеб, кагъат кодобе кьечIеб,
Балъго ниж хIадурарал-хIисаб гьабе гьесул лъай!
ХIабибасул квербакъи якъинлъана нижее.
Дуда инкар гьабизе бегьулареб бичIчIана.
Къарнуялъул Имамлъи нижее якъинлъана.
Ниж дуе мукIурлъана, ниж хатIалъун ратана,
Жакъаялдаса нахъе ниж дудехун хурхана.
КIиябгоги рукъалъул нижер дуде аманат,

Цебесеб киналдаго нижеда тӀаса лъугьа.
ГӀободияв Сайидас цо суал гьезий кьуна,
Гьелъие дие жаваб нужецаги кьейилан.
АнцӀила кӀигоялъе дицаги жаваб кьедал,
Цо суалалъениги нужецаги кьейилан.
ГӀараб улка сверана, жаваб кьолев чи ккечӀо,
ТӀад буссун гьеб масъала Жамулайлахъе щвана.
Маккаялъул киналго Сайидас тӀад ахӀана,
Къуръан-хӀадис цебе лъун, гьеб масъала бичана.
ТӀолалго разилъана, тӀад кӀалъалев чи ккечӀо,
Къарнуялъул Имамлъи гьезги гьесда баркана.
Макка-Мадинаялъул цониги гӀалимчияс
Гьесулгун дандбачӀого хӀукму къватӀибе кьечӀо.
Киналго гӀалимзаби гьесда тӀаде гьетӀана.
ГӀелму-калам гьикъулев муфдилъун гьев гьавуна.
Басраялъул ханасул вац вукӀана шайихлъун,
Кинабго улкаялъул гӀалам тӀаде хьвадулев.
Ханас цӀеха-рехана щивдай вачӀунароян,
Инкар бугев гӀалимго вугевдай улкаялда?
Ханасе баянлъана Сайид вачӀунаревлъи.
Хех гьабун нукар витӀун тӀаде ахӀун цӀехана:
Мун кинав гӀалим кколев зиярат гьабуларев,
Духъ кинаб хӀужа бугеб ахӀунги вачӀунарев?
-ТӀадегӀанав Аллагьасﷻ дие кьураб гурхӀелалъ,
Гьев шайих вукӀиналда дун разиявлъун гьечӀо.
Халкъ иршад гьабиялъе гьесие изну гьечӀо.
Гъавсасул бербалагьи гьесдехун щибго гьечӀо.
ШаргӀгин суннат цӀунараб макъам гьесие гьечӀо.
Сулук, варагӀ, гӀибадат гьесул щулалъун гьечӀо.
«МутӀма иннаялдецин» жеги гьев вахун гьечӀо,
Ункъавго Имамасул кумек гьесие гьечӀо.
Жиндида хурхарасул хазина дагьаб буго.
Диналъул вацал-яцал цӀунизе къуват гьечӀо.
Гьел гӀиллабазе гӀоло зияраталъ хьвадичӀо.
ЧӀового гьев вугелъул, ахӀун духъе вачӀинчӀо.

Бусраялъул хан вахъун Сайидасда кӀалъана:
- Гьеб дуца бицунеб жо битӀараб батанани,
Гьев дир вацасда дица улка тезе гьабила.
Дур гьереси батани, дудаги гурхӀиларо.
Цеве Сайидги къотӀун, хан, халкъги хадуб гьабун,
Жиндир вац шайихасул азбаралде рещтӀана.
Дуца бицунебщинаб бихьизабе халкъалда,
Шайих гьечӀев ватани, баче мухӀканаб хӀужа.
Цинги Сайид ГӀободи Аллагьасде ﷻ гьардана,
Гьаб дида бугеб зулму дудаги бихьулилан.
Сайид тӀаде вахъана, шайхасда тӀаде ана,
Халкъалда цеве вачун цехе-рехей гьабуна.
Къуръан-хӀадисалдасан хӀажалъулеб цӀехана, -
Цониги суалалъе жаваб кьун бажаричӀо.
ЧӀвого вукӀиналъе тӀуван жив мукӀурлъана,
ТӀолабго гӀаламалъги гӀажаиблъи гьабуна.
Вали-шайих гьечӀолъи бакъ гӀадин загьирлъана,
СубхӀаналлагь ﷻ, ханасул гьурмал кьер хисараб куц!
Вац чӀвого ватидал турана гьесул керен.
ТӀаде суал бачӀана гьаний цо гӀадан йигин,
Макъамалда йигилан кӀалъа-ралъай гьабулей.
Халкъалда цее ячун иман-ислам цӀехана,
Дагьабго цӀеха-рехалъ мукӀурлъана, гӀодана.
ГӀободиясда хурхун, халкъалъ нахъегӀан цӀана.
ЧӀобого йикӀиналъе гӀаламго мукӀурлъана.
Бусраялъул ханасги хӀисабалде босана,
Цинги кинабго гӀалам Сайидасде гурана,
ГӀари гӀадин, тӀаделъун тӀерхьинавуна гьенив.
ТӀелекьес кумек гьабун хвасар гьавуна хӀалалъ,
Гуревани гъанкъизе дагьалъ хутӀана Сайид.
ТӀолалго гӀарабиял гӀажаиблъун хутӀана.
Бусраялъул ханас гьев квер босун нухда лъуна.
Шайих, гӀалим, гӀаламго, ханзабицин мукӀурлъун,
МужӀадид тӀад вуссана жиндирго хӀужраялде.

Жиндир заманалда, Кавсаралъул гIор гIадин, ГIободасан чваххараб, Хундерил тIалъиялдаго гIадин, тIолабго Дагъистаналдагоги, исламалъул хIикматго караматаб нурлъун загьирлъараб гьеб гIелмуялъулги, гIакълуялъулги, гIамал-хасияталъулги Аварагасулﷺ суннаталъул Нил гIор щвана жибго ХIижазалъул ракьалдегицин.

Сайид ГIободияв-къарнудал мужадид قدس سره гьениве ана халкъалъул Сайидасул ﷺ хобалъухъ гIищкъу бергьун, гIаламалъул рухIияб равзаялде гIищкъу ккун.

*КагIбаялъе салам кьун,*
*Сайид жанив лъугьиндал,*
*КагIбарукъалъул къедалъ,*
*Къулун, салам гьабурав.*
*ЛавхIалъул къоноялда*
*КъутIбуйилан цIар хъварав,*
*ГIаламалъул къутIбуян*
*Къудусалда цIар бугев.*
*Жиндир загIипаб уммат*
*Исламалде ахIизе,*
*ХIабибас маъзум гьавун,*
*Махлукъалде витIарав.*

Сайид ГIободияв قدس سره вукIана гьаб гьерсил лахIзатаб дунял жинда рихун, ахират жинца тIаса бищарав, Аварагасулﷺ суннат умматалде гьурщулев, жиндие Аллагьасﷻ кьураб ладунияб гIелмуялъ гIарабиялгун-гIажамиял кирго жиндица хIайран гьарурав къарнудал мужадид.

Жиндир баракатги кириги Аллагьасﷻ нилъее киназего насиб гьабеяв Сайид ГIободияв قدس سره вукIана ункъабго мазгьабалъе Аллагьасﷻ жиндие патхIу кьурав, Дагъистаналда жаниб шаргIалъул байрахъ жинца чIварав, сулук, суннат, варагIалъ гIаламалда нур барав, гIаламатго хIикматав ва хIикматго гIаламатав Вали-шайих. Ва амма гьедин букIаниги, жакъа къоялъгицин камулел гьечIо цо-цо жагьилзаби, гьев Аллагьасулﷻ гIаламатав валиясул даража гIодобегIан гьабизе бокьарал. Гьединазда, щаяли, бичIчIулеб гьечIо иххица

даимго чорок гьабулеб жо букIунареблъи иццул тIокIкIараб лъим. Цо чанго лахIзаталъ хIабургъаниги, иххги лъугIун ун, додинго, тIокIкIун ва гьайбатго чваххизе жубала иццул хIайранаб лъим.

*Хирияв Сайидас суннатги малъун,*
*Сулукалъул магIна малъун букIанин.*
*Миллат цIуни цIакъав КъутIбудул гъавсгун,*
*Къацанди гьабулеб агьлу тIагIинчIо.*

Аллагьасﷻ заманалда кантIизареги жидер рекIел канлъи мукъсанал диналъул вацалги ва яцалги. Амин!



ГIободиясул قدس سره зияраталда

***



## САЙИД ГІОБОДИЯВ قدس سره АНЦІИЛА УНКЪАБИЛЕБ КЪАРНУЯЛЪУЛ МУЖАДИД

БатIи-батIияб заманаялда ва цIакъго батIи-батIиял гIадамаз къимат кьуна анцIила ункъабилеб къарнуялъул мужадид Сайид ГIободиясе قدس سره. Гьеб кьуна жагьилзабазги, гIалимзабазги ва гIакъилзабазги. Гьеб кьуна пикру гъваридазги, жалго гIелму-лъаялъул ралъадлъун рукIаразги, жидер ахIмакъаб гьаглъиялда тIад ракI чIегIерлъиялъул хIур ккаразги, ГIободияв тIарикъаталъул устарлъун вукIинего вукIинчIин тIирун чIчIарал лъавукъзабазги.

Амма гьеб киналъухъго балагьичIого, Аллагьас ﷻ кIодо гьавуна кивго, киназего ва кидагоялъе Дагъистаналъул тIарикъаталъул гIаламатго караматав жавгьар, КъутIбул гъавс, кибго ва сундулъго жиндица МухIамад Аварагасул ﷺ суннат цIунарав Вали-шайих Сайид ГIободияв قدس سره.

Кинаб заманаялъул хьухь тIад бетаниги, тIад-тIад буссун хIайранго ва хIикматго кенчIолеб буго наслабазе гьеб тIарикъалъалъул бакъ, шаригIаталъул моцI, гIелму-лъаялъул нур ва суннатазул гьайбатаб рагIа-ракьан гьечIеб хIайранаб океан.

Аллагьас ﷻ ккола Аллагь ﷻ ккурал ва Аварагасул ﷺ суннатал жидеца цIигьарурал! Гьеле гьединав вукIиналъин Сайид ГIободияв قدس سره Аллагьас ﷻ тIолабго исламияб дунялалъего кIодоги гьавурав ва анцIила ункъабилеб нусго сонил Имамлъиялъул даражаялдеги вахинавурав.

Гьале гьев «гIарабиязул гьудул, дагъистаналъул жавгьарасул» хIакъалъулъ ругел пикрабазул цо чангоябги. Дагьабниги жинда пикру гьабизе лъалев чиясе гьазда жаниб цIакъго кIудиял хIикматалги, гIаламаталги ва караматалги руго.

ГIарабиязул гьудул, Дагъистаналъул жавгьар Сайид ГIободияв قدس سره вукIана гIелму, гIамалалъул,

гӀибадаталъул, гӀайнул хӀаяталъул хӀикматаб хӀавуз. Гьев вукӀана балъгояб такъваялъул къолден жинца ретӀарав, къарнуялъул Имамлъи Аллагьасдасан ﷻ щварав хӀакъикъаталъул гӀор, гӀелмудал ралъад, гӀирпаналъул магӀдан, диналъул жавгьар.

Унго! Вализабаз гьекъолеб гӀищкъуялъул салсабил, хӀалхьезегӀан гьекъезе мун гуресе щванадай? РекӀел берал рагьарав Муршидун Камиласул караматаб хасият хвелгьечӀеблъун лълъун бугин. ТӀолго аварагзаби, киналго авлияал, ана гьел Бархазалде, панаяб дунялги тун. Дудаги гьаб дуниял щибго берцин бихьичӀо, амма мун дунялалъе динул Ниллъун хутӀана.Къарнуялъул Имамлъи- кьучӀчӀаб хӀужа букӀана. ХӀиллаял жахӀдачагӀаз чанги дур хӀал бихьана. Ва амма ахиралда тӀолалго мукӀурлъана, ТӀадегӀанасул Вали мун вукӀин якъинлъана.

Сайид ГӀободияв قدس سره вукӀана киналго гӀулумазулъ ГӀалиасхӀаб ГӀадинав, жиндир тӀарикъат камилав, каранда ракӀ гвангъарав. Гьев вукӀана Яманалъул щуюзал, Шамалъул гӀалимзаби, ГӀиракъалъул мугьтаби жиндие мукӀурлъарав, караматал ретӀулеб ТӀуба алжаналъул гъветӀ. Гьев вукӀана Акваназул Сайидлъунги, къарнудал Имамлъунги, тӀолго гӀаламалъул гӀариплъунги, гӀифраналъул ралъадлъунги ва гӀелмуялъул гӀимадлъунги.

Нилъеда киназдаго Аллагь гурхӀаги. Амин!

## КЪАРНУЯЛЪУЛ ИМАМЗАБИ

Абу Давудидасанги, ХIакимидасанги ва цогидаздасанги бачIараб МухIамад Аварагасул ﷺ хIадисалда абулеб буго: «***Аллагьас***ﷻ ***жиндицаго ритIулила гьаб умматалде щибаб нусил бетIералда, жидеца дин цIи гьабулел Имамзаби***», - абун.

***1.*** Гьелъул тIоцебесеб нусил бетIералда къарнудал Имамлъун вукIун вуго ГIабдулгIазизил вас ГIумар قدس سره.

***2.*** КIиабилев Идрисил вас МухIамад قدس سره Ащ-Шафийи абулеб бакIалдаса.

***3.*** Лъабабилев АщгIарияв قدس سره вукIанила.

***4.*** Ункъабилев Абубакар Бакъланийи قدس سره вукIанила.

***5.*** Щуабилев Имамлъун Гъазалийи قدس سره вукIанила.

***6.*** Анлъабилев Алъ Фахрулъ Разийи قدس سره вукIанила.

***7.*** Анкьабилев Ибну Дакъикъил ГIиди قدس سره вукIанила.

***8.*** Микьабилев Алъ- Балкъийи قدس سره вукIанила.

***9.*** ИчIабилел алъ-шайхул Закариял Ансарийги قدس سره ва Авил СуютIийиги قدس سره рукIанила.

***10.*** АнцIабилев Алъ-Шайхул АхIмад бину ХIажарил Гьайтамийи قدس سره вукIанила.

***11.*** АнцIила цоабилев ГIабдуллагь бину ГIавийи قدس سره вукIанила.

«Бигьят» абураб тIехьалъул гьамишалда буго гьанибе щвезегIан бугеб баян.

***12.*** АнцIила кIиабилеб нусго сонил Имамлъун ГIалавийи абулеб бакIалдаса СамитIул ГIумарил вас АхIмад قدس سره вукIанила.

***13.*** АнцIила лъабабилеб къарнуялъул Имамзабилъун рукIана Къурсавийи абулеб бакIалдаса Ибрагьимил вас ГIабдул Насир قدس سره ва Абунасир Барадий قدس سره.

***14.*** АнцIила ункъабилеб къарнуялъул Имамлъун вукIана МухIамад-хIажи аль-ГIободи قدس سره. Гьавураб бакI ХIунзахъ

районалъул ГІобода росу. МагІарулав. Дагъистанияв. Ахиралда чІчІараб бакІ Шамалдаги Маккаялдаги букІарав. Хвараб бакІ Макка шагьар. Вукъараб бакІ «МугІала» хабалалъ «ЩагІабатул нур» абулеб бакІалда. Аварагасул ﷺ хъизан Хадижатида нахъа.

Сайид ГІободиясул قدس سره «**Канз-уд-дурар**» абураб тІехьалдаса босараб баян буго гьабцояб.

*Гьаб къарнуялъулъ жив Имам вугилан,*
*Ижтигьад жиндие букІин лъалаан.*
*Гьесие гьеб букІин щаклъи гьечІолъи*
*«**Шархул мухтасаралъ**» баян гьабуна.*

Макка-ХІарамалда рухІанияб хІалги, гІелмияб жанги гІалимзабаз борцунелъул, мун къиралльун тана къадру-асалъул, къарнудал мужадид вугинги абун.

ТІагьаясул ﷺ суннат-хІадис жинда жанисан чваххулеб жавгьарул гомог, дин цІигьабизе цІи баккараб гІаламатго гвангъараб моцІлъун загьирлъана мун Хундерил тІалъиялда. Ва амма гьелъул иллагьияб канлъи, караматаб нурлъун, тІибитІана Макка-Мадинаялъул ракьалдагицин. Иман-исламалъул вассиф- мусаниф, дур къиматги, къадруги ва даражаги жеги лъанго бахъунеб гьечІо эбелаб Дагъистаналда, исламияб дунялалъго дуе бетІер къуланиги, мун анцІила ункъабилеб нусго сонил Имамлъун лъазавун вукІаниги.

ТІолго гІуламаал мукІурав Сийид, авлияъзабазул зодил малаик, мун гьечІого буго, бечІараб гъветІлъун, гъаримаб Дагъистан ятимлъиялда. Духъ хІакъдулел ругин ккола гьанжеги, гьал чармил кьураби дагъистаналъул, кьижараб махлукъат борчІилеб хІалалъ, Аллагьасﷻ кьун букІараб баркат заманалда босизе ва къимат гьабизе лъачІел.

*Вай, жагьиллъиялъул ахирзамана!*
*Иман загIиплъараб, гIурул рикьаби.*
*Вай, ахIмакълъиялъул иххил щущаби,*
*Щалайдулъ тIерхьараб нухлул пасалъи!*
*Иххал журан руго иццазда гъорлъе,*
*Аллагь ﷻ! Дур квербакъи пакъирал нижей!*

Кьижицин букIана Сайид ГIободиясул قدس سره гIаламатаб-берал къанщулареб. Гьесул ВахIюясул гIамал букIана, жив лъикI валагьани, гамачI биунеб. Гьединго, хIухьел Сайидас тIаде пуни, кигIан захIматабги ругъун сахлъулаан, бер къапилалде.

Хундерил тIалъиялда бижараб чамасдакил гъветI, МугIала разияв ГIободияв вукIана жиндир гIумруялъул гIемерисебги заман кIал ккун, гIибадаталда арав, Аллагь ﷻ разияв Вали-шайих. ЦохIо тIохол къайиялдаги лъедаги гIей гьабун унаан букIараб гьев кIудияв мужадидасул тIубарабго къо. Гьев вукIана кутакалда кваникъав инсан. Хасго ахирал соназ абуни цохIо рукьбиги тIомги хутIун букIанин абизе бегьула гьесул черхалъул. Амма гьедин бугониги, Сайид ГIободиясул قدس سره чорхолъ букIана кутакаб жанги ва тирилъиги. БукIунаан заман анкьида жаниб анлъго къоялъ кIалги ккун, анкьабилеб къоялъ гьев мажгиталдаса къватIиве вахъунеб мехалда, ворт-вортун унебгицин. Гьеле гьедин ракI бацIцIадго Аллагьасе ﷻ гIибадаталда тIамуна Сайид ГIободияс قدس سره, жиб Аллагьас ﷻ щивав чиясе гIицIго цохIо нухалда гурони кьолареб ракьалъул гIумру, кинабго рахъалъ Аварагасул ﷺ суннаталде ва шаригIаталде кIварги кьолаго.

Аллагьас ﷻ, алжанги кьун, кIодо рагьериги гьевги нилъги ахираталъул рокъоб. Амин!

Дагъистаналъул халкъалда гьоркьоб жеги хутIараб бицен буго Сайид ГIободияв قدس سره мунафикъзабаца валагьулеб мехалъ, Аллагьасﷻ гIанкIудал ханида жанив вахчизавун, гьезухъе кодове щвезе течIилан абун. Гьеле гьединав гIаламатго хIикматав Сайид вукIана анцIила ункъабилеб къарнуялъул Имам МухIамадхIажи ГIободияв قدس سره.

Гьелдасаги якъинаб хIакъикъат живго цохIо Аллагьасдаﷻ лъала! Аллагьﷻ гурхIаги киналго бусурбабазда. Амин!

***

Истамбулалда мугьажирлъуда вукIарав ЧIохъа КъутIбул Гъавс ИсмагIилسره قدس шайихас Сайид ГIободиясулгун рагIизабуна жиндирго гьудуллъи, гьесулгун букIараб бахIсалдаса хадуб, ГIободиясеги кинабго рахъалъ мукIурлъун ва Сайид ГIободиясда قدس سره алжан баркун рохелги бицана.

Гьеле гьединал рукIана доб заманаялъ Дагъистаналъул гIалимзаби, цояздаса-цоял кигIан дагьалъниги нахъе ккечIел. Аллагьасﷻ, гьезул кумекалдалъун ва баракаталдалъун Агъвалазул къояца къварилъи бигьа гьабеги нилъее киназего! Амин!

***

Сайид ГIободияв قدس سره вукIана жиндир заманалда тIубараб исламияб дунялалъего хIакъаб исламияб дин жиндица къачIалев хIикматав къебедлъунги, къарнуялъул рухIияв цевехъанлъунги, цеваса аниги, тIадеялдаса-тIаде жиндир къадру борхун гурони, гьеб кидаго гIодобе ккечIев гIелмияб бакъги, жинда тIубараб Кьуръанго рекIехъе лъалев камилав хIафизги.

Сайидасулъ букIана кванил тIагIам босичIого букIунеб гIорцIиги, лъим гьекъечIого букIунеб къечхьвайги, рукьбазда тIад цохIо тIом гуреб гьанго хутIун букIинчIониги, хIикматаб жанги. Гьеб киналъулъго букIана КъутIбул Гъавсасул

хаслъиги, тӀадегӀанлъиги, гӀаламатаб гӀакъиллъиги ва гӀакъилаб гӀадатлъиги.

Гьедин, анцӀго соналде гӀагарун заманаялъ, Сайид ГӀободияс قدس سره Имамлъи гьабуна, жинда Аллагьасулﷻ салатгин салам лъеяв Халкъалъулго Хирияв МухӀамад Авараг ﷺ жанив гьавураб Макка шагьаралъе ва сверухъе ругел гӀарабиязул бусурбабазул пачалихъазе. Гьенибги хасго загьирлъана Сайидасул хӀикматаб гӀелмуги, хӀаракатаб динияб жигарчилъиги, гӀаламатго- хӀикматал кашфу-караматалги.

Сайид ГӀободиясда сверухъ цолъана машгьурал гӀалимзаби, гьез Дагъистаналде ритӀулаан хӀажатал тӀахьал, малъиялъул кагътал, хӀаракат бахъулаан Дагъистаналда дин чучлъун гутӀиялъе жидехъа бажарараб хӀалтӀи гьабизе.

Маккаялда бугеб Сайид ГӀободиясул قدس سره рукъ букӀана нилъер хӀажизабазе гьоболрукълъун. Гьенир данделъулаан Дагъистаналъул хӀажизаби ва дандбалаан ватӀаналда бугеб сиясатиябгун-динияб ахӀбал-хӀалги ва жидецаго балъго-гӀатӀго гьаризе кколел ишалги.

Дагъистаналда хадубккунги дин цӀуни мурадалда, Сайид ГӀободияс قدس سره ватӀаналде хӀажизабазухъ ритӀулаан цӀакъго къанагӀатал ва жидер цӀакъго багьа хириял тӀахьал, насихӀат гьарун малъа-хъваязул кагътал. Гьеб киналдасаго кӀудияб кумекги щолаан ГӀободиясул маъзумзабазеги, муридзабазеги ва гӀадатиял бусурбабазеги. Живго Макка-Мадинаялъул ракьалда вугониги, Сайид ГӀободиясул ракӀги пикрабиги кидаго рукӀунаан Дагъистаналда, жиндирго муридзабазда цадахъ.

Гьесул динияб чӀаголъиялъги, гӀелмияб тӀадегӀанлъиялъги кӀудияб квербакъи гьабуна дагъистаниязе, дол бидрихарал граждан рагьул соназдаги, гӀалимзабазда тӀад кафурзабаз вахӀщилъиялъул михир бачунеб заманалдаги.

АнцІгониги соналъ Масжидул ХІарамалда Имамлъиги шайихлъиги гьабун, лъабкъоялда анцІго сонил ригьалде вахиндал, 1895 соналъ Макка шагьаралда накълолъана анцІила ункъабилеб нусго сонил Имам, Дагъистаналъул Хундерил тІалъиялда гьоркьобе унеб ГІобода росулъа тІарикъаталъул кІудияв устар Сайид ГІободияв قدس سره Маккашарипица, Зам-замалъул лъеца черхги чурун, Маккаялъул хабалалъ, Хирияв МухІамад Аварагасулﷺ лъади, гьесул умматалъулго эбел Хадижатил Кубраялда хьолбохъан щуабилев вукъунги вуго «МугІалла» абураб хабзалазул «ШагІабатул нур» абураб рахъалда.

Цояздаса-цоял гІелму-лъай жидер бугел гІарабиязул гІалимзабаз, кІудияб адаб-хІурматалда вукъана гьеб хабалалъ «ГІарабиязул гьудул, Дагъистаналъул жавгьар» - Сайид ГІободияв قدس سره

.

Гьанже рачІа гІодизе, гІарифасда ракІ бугел,
Муъминзабазул эмен ун рагІулин кодоса.
МухІамадил Бухари холелъул тІаде щвана,
Халкъалъул муршидасул рухІ бахъизе рекІиндал.
МухІамадил Увайси, мусру босун вачІана,
Накъшубандалъул шайих къадаралде щванилан.
Сайид-Амир Кулани, кваранаб рахъалъ чІчІана,
ГІарипу Ривкариги, квегІаб рахъалда чІчІана.
Салам кьун ГІабдулхаликъ, гІедегІун тІаде щвана,
Юсупун Гьамданияс гьумералда баана.
АхІмадун Саргъандияв сверун лъугьун цІалдана,
ХасМухІамад Ширвани, МухІамадун Ярагьи,
Жамалудин Гъумукъи, ГІабдурахІман Сугъури,
Накъшубандияв шайих дуниял тун унелъул,
Киназулго равхІани гьесда аскІор рачІана.
Бакъ-моцІ буго къварилъун, къоял руго чІегІерлъун,

Зобал руго багIарлъун, ГIарш-Курс буго гьалаглъун,
РахIматалъул бахIарав лахIтуялде чваххидал.
Чара хвана халкъалъул, халафа хун ватидал,
ГIаламалъулго чирахъ чи гьечIого хутIидал.
Алжаналъул хIавраал ракI гъезе тIад рещтIана,
ГIободияв чуризе Маккашариф лъугьана,
Зам-замалъул лъим босун, Байтулагьалда аскIоб
Гьеб рукъалда жанисан кIудаб гьаракь рагIана:
Чуруге гьев халафа, хун вугин гьев шагьидлъун.
Гьабизе жо лъачIого Маккашариф хутIана,
Жинца гьев чурилилан къотIи гьабун букIиндал.
КIиабизе рагIана цойги амруяб гьаракь:
Чуре дуца гьев муршид, цIакъго хIурматаб хIалалъ.
Лъабабизе рагIана гьебго рокъосан гьаракь,
Аллагьасул ﷻ рахъалъан гьеб букIин якъинлъана.
Цебе гьаракь гьабураб, хIал хъубаб щайтIан буго,
ЧуричIого халафа хабалъ лъезе бокьараб.
КIиабизе кIалъарав Хизри авараг вуго,
Жаназадул как базе ЖабрагIилгун вачIарав.
Зам-замалъ черхги чурун, Маккаялъул хабзалалъ,
Хадижатида аскIов «МугIалаялда» лъуна.
Гьаб халкъалъул агьлуялъ гьесул адаб гьабичIо:
Гьалаглъана Дагъистан, тIаде бачIана балагь.
Мажгиталги къакъана, къварилъаби рачIана,
Вакъфу, чирахъ тIагIана, тIибитIана пасалъи.
Нужой бокьун батани зулму тIаса босизе,
Гьев къутIбу вакил гьаве, Аллагьасда ﷻ гьардезе.
КъутIбуяс гьаранани, Бичас жаваб гьабула,
Иншааллагь сверила цебе букIахъе дунял.
Купру, исбат, истизат, атIрапазда расенлъун,
РекIел берал рагьарал муршидзаби тIагIана.
КъутIбуясул тIарикъат, тIагьаясул сиярал,

Салафазда малъарал маъзумзаби лъугІана.
РекІел кІудияв муршид ПирМухІамадхІажияв
Пирдавус алжаналда даимавлъун гьавеги,
ТІолго нилъер халкъалъе шапагІат гьабулевлъун.
Лълъим дагьлъидал гьабилги свера-тири дагьлъула,
Дунял тун Сайид индал, ратІаифал дагьлъана.
ТІавус аскІоб бугони, тІанчІи цІакъ расандула,
ТІаса къутІбу къотІидал, къалбуялъ зикру тана.
Пуружин тІуни сагІат, сверичІого букІуна,
Кьурулеб цІал бекидал, султІану-зикру чІчІана.
ТІолго аварагзаби, киналго авлияал
Ана гьел Бархазалде, панаяб дунялги тун.
Огь, мискин дун, пакъир дун, къачІадуларев щай дун,
ГІисяналъул гІор гьекъон, гІорцІуларев пакъирас,
ШапагІаталде хьул лъун, назму данде гьабуна.
Илбисалъул чу рекІун чороклъарав катибас,
Баракат тІалаб гьабун, ГІободияв рехсана.
ГІалимзаби руссараб, берцинаб мажлисалда
АхІе СайидхІусенил гьидаятлъун букІине.

Жакъа къоялъги Сайид ГІободиясул قدس سره ирсилал ва гІагарлъи гІумру гьабун руго гьев кІудияв валиясул гІагараб росу ГІобода. Гьединго, бицен буго Маккаялда ругел Сайид ГІободиясул قدس سره гІагарлъиги лъикІаб кьадру-кьиматалда ругел гІадамал ругин абун.

Гьев КьутІбул гьавсасул вас Насири ГІободи вукІун вуго кІикъоялда анцІабилел соназ Макка шагьаралъул цІикІкІараб, жавабияб хъулухъалда.

Аллагьасﷻ гьев Сайид ГІободиясул قدس سره баракатаб даража нилъе-нилъееги насиб гьабеги кІиябго дунялалда. Амин!

## НАКЪШУБАНДИЯБ ТIАРИКЪАТАЛЪУЛ СИЛСИЛА:

1. МухIамад Авараг ﷺ
2. Абубукар Сидикъ قدس سره
3. Салман Аль-Фариси قدس سره
4. Ибн Абубакар МухIамад Кьасим قدس سره
5. ЖагIфару Сиддикьи кь.с.
6. Абуязид БастIами ТIайфур кь.с.
7. АбулхIасан Харкьани кь.с.
8. Абу ГIали Аль-Фармади кь.с.
9. Юсуф Аль-Гьамдани قدس سره
10. ГIабдулхаликъ Алъ-Гъуждувани قدس سره
11. ГI арифал Арр-Ривкари قدس سره
12. МахIмуд Инжир Алъ-Фагьнави قدس سره
13. ГIали Арр-Римитни къс..
14. МухIамад Баба Самаси قدس سره
15. Сайид Амир Аль-Кулали قدس سره
16. МухIамад Багьауддин Ан-Накъшубанди قدس سره
17. ГIалауддин Аль ГIатари قدس سره
18. ЯгIкъуб Аль- Чархи ХIассари قدس سره
19. ГIубайдуллагь Ахрар Хаважагь قدس سره
20. МухIамад Загьид قدس سره
21. Дарвиш МухIамад قدس سره
22. Хаважаки Аль- Амкани قدس سره
23. МухIамад Аль- Бакъи قدس سره
24. АхIмад Аль- Фарукъи قدس سره
25. МухIамад МагIсум Аль- Фарукъи قدس سره
26. Сайфуддин Аль- Саргьанди قدس سره
27. НурМухIамад Бадвани قدس سره
28. ХIабибуллагь Дигьлави قدس سره
29. ГIабдулла Дигьлави قدس سره
30. Халид шах Багъдади قدس سره
31. ИсмагIил Аль- Курдамири قدس سره

32. ХасМухӀамад Аш-Ширвани قدس سره
33. МухӀамад Аль- Ярагъи قدس سره
34. Жамалудин Гъумукъи قدс سره
35. ГӀабдурахӀманхӀажи Аль- Сугъури قدس سره
36. Сайййидунал ГӀободи قدس سره

Живго Сайид ГӀободияс قدس سره абуна: «Дица нуж нахърилъине маъзумзаби рихьизарун тана, кьучӀаб нух дунялалда хӀалтӀизабизеги, гӀавамал жидеца тӀоритӀизеги, нуж эзда нахърилъинеги, Аллагьасулгиﷻ, Аварагасулгиﷺ изнуялдалъун гьал хадур рехсарал гӀадамал рихьизаруна нуж нахъ рилълъине. Гьав дир халапа ХӀажиахӀмад Гьухъали Гъумекиса Мадинаялдеги вачун, халапалъун чӀчӀезе гьавуна, чӀчӀезе гьавиялъул кагъаталда халапалъиялъе мугьруги чӀвана. Гьасда разияв чи- дида разияв чи вуго, силсилаялда разияв чи- Аварагасдаﷺ разияв чи вуго, Аварагасдаﷺ разияв чи- Аллагьасдаﷻ разияв чи вуго. Нужеца гьасдаса кӀвараб мунпагӀат босе. Хадуб абуни гьаб халапалъи нахъа вачӀине вугев васасухъе бачӀине буго, кагъатги кьун изнуялдалъун. Гьев васги Аргъваниса ХӀажи вуго рахӀим. Гьаб нилъ жанир ругеб къарнуялъул азаралда ункънусабилел сонал руго. Дица рихьизарун тана, кодоре кагътaлги кьун, мугьруги чӀван, изнуги кьун хадур рехсарал маъзумзаби:

1. Къилбаялъул рахъалда тана ГӀуриса ГӀусмандибир;
2. МугӀрузул рахъалда тана ПирмухӀамадхӀажи Хушдадаса. Гьесул кагъаталда нахъияб рахъалда халапаясе чӀвалеб мугьруги чӀвана, гьесдаса разилъун;
3. Хьиндал халкъалъе Ингишоса АбубакархӀажияв тана, изнудал кагъатги кьун, мугьруги чӀван;
4. ГӀавухъалъа ТӀалхӀатхӀажияв тана, маъзумлъиялъул кагъатги кьун, мугьруги чӀван;
5. Турхъалиса Идрис тана, хъван кодобе кагъатги кьун, мугьруги чӀван;

**6.** ГIамиргIалихIажияв Алмахъалдаса тана, хъван кодобе кагъатги кьун, мугьруги чIван;

**7.** ГIандиса ГIабдулагь тана, кагъатги кьун, мугьруги чIван.

**8.** Акнадаса НурмухIаммдхIижияв тана Къадирияб тIарикъаталъе изнуги кьун.

«…Дица Дагъистаналъулги ва Чачаназулги халкъал тIоритIизе гьал маъзумзаби тана, жодое тIубараб изнуги кьун, щибго щаклъи гьечIеб хIалалда», -ян абун.

Гьалдасаги мухIканаб хIакъикъат цохIо Аллагьасда ﷻ лъала!



*Дагъистаналъул щуабилев Имам ХIоцоса Нажмудиница ГIободиясде гIарабалъ гьабураб назму*



*Ингишоса АбубакархIажиясе мугьруги чIван кьураб изнудал кагъат*

## САЙИД ГIОБОДИЯВ قدس سره - ГIЕЛМУДАЛ РАЛЪАД

Жинда салат салам лъеяв нилъер хирияв МухIамад Аварагасулﷺ цо хIадисалда абулеб буго: «Нужеца гIелму щула гьабейила хъваялдалъун» абун. Нилъер анкьумумулъанго бачIараб абиги бугелъулха: «Къалмица хъвараб - хонжроца хъвагIаларо» абун.

Сайид ГIободияв قدس سره вукIана гIажаибго караматаб гIелмудал ралъад. Гьеб дунялго жинда хIайранаб ралъдал тIиноги, гIатIилъиги ва берцинлъиги дагьабниги нилъедаго лъазе ккани, нилъ раккизе ккола Сайид ГIободияс قدس سره гIемераб къоги бихьун, заманги тIад хвезабун хъварал, кинабго рахъ жидер камилал, хIикматал тIахьаздеги ва гьесул хIакъалъулъ ругел цо-цогIаги нилъерго ракьцоял гIалимзабазул, мукъсанал ругониги, баяназдеги.

*Диналъул чирахъал, чияр ракьалда,*
*Ракьулъ рукъарал нуж къанабакь лъечIо!*
*Къадар щун Аллагьасﷻ рачун аниги,*
*Анирго хутIана, хвел гьечIеллъун нуж.*

Сайид ГIободияс قدس سره гIадин, цудунго къалам кодобе босарав гIалимчи Дагъистаналъул тарихалда киданиги вукIинчIин абуниги, нилъ кигIан дагьалъниги мекъи ккеларо. Нилъеца тIехьалъул байбихьудаго бицен гьабун букIана гьев гIаламатав Сайид قدس سره хъвадаризе жувараб куцалъул хIакъалъулъ. РачIа тIад руссинин гьенирего:

Жеги щуго сон тIубачIев чи МухIамад قدس سره инсул щакъи-къаламгун квал-квадизе жувайдал, инсуца васасда гьикъана: «Щиб дуе бокьун бугеб, дир вас?» - абун.

Васас жаваб кьуна: «Дие цIализе-хъвазе лъазе бокьун буго, дада!» -абун. Инсуда гIемерав воххиялъ магIу кквезе кIвечIо:

гьес гьитІинав МухІамад قدس سره, кодовеги восун, каранде къана, «дир баракатаб хазина» янги абун.

Инсуца хIурупалги хъван, гьел васасда кодоре кьуна.

-Дада! Ал дида лъалагури! - янги абун, щуго сон барав васас, лъицаниги малъун рукIинчIониги, киналго хIарпал цIалула.

Ва гьелдалъун инсуе мухIканлъана жиндирго гьитIинав МухIамад قدس سره гIарипинав вугевлъи.

ГIажаибго къаси-къад тIад чIчIун, кIудияв чияс гIадин, лъазабулеб букIана гьитIинав МухIамадица قدس سره гIелму. Щиб суал гьесие кIудияз кьуниги, гьеб параялдаго щолеб букIана чIванкъотIараб, мухIканаб ва битIараб жаваб гьитIинав гIалимчиясдасан. Гьеб букIана гIажаибаб гIаламат, жибго гIабадерил росдае гуребги, тIолабго Хундерил тIалъиялъгоцин жинда хIикмат гьабураб.

Гьадиятлъун халкъалъе Къадирас кьурав Сайидас قدس سره хIалкIун балъго гьабулеб букIана рекIелъе гьулчун бачIун, тIадеялдаса- тIаде хIикматалъул хIавузалде сверулеб бугеб сирруялъул гIажаибаб асар.

МухIамадица قدس سره цIакъго цудунго тIокIкIинабуна жиндирго инсудасан босизе рес букIараб гIелму. Гьесда бичIчIана жиндие хадусеб гIелмуялъул ралъдал гъварилъиги, паналъиги, пасихIлъиги ва камиллъиги щвезе рес букIин гIадатиял гIалимзабаздасан гуреб, гIицIго гIарипиназдасан.

ВукIинисев КъутIбул Гъавсас قدس سره инсуда лъазабуна:

-ГIицIго гIарипиназдасан буго бецIал ракIазе канлъи. Гьединлъидал, дицаги гIицIго гьездасан тIалаб гьабизеги буго диего хадубккун букIинисеб исламияб гIелму, - абун.

Кинабго рахъалъ жиб бусурбабазе хирияб Макка-Мадинаялъул ракьалде щведал, Сайид ГIободиясе قدس سره рес ккана ахирги, рагIа-ракьанде щун, Аллагьасﷻ жиндие гьарзаго кьураб гIелму-лъаялдаса пайда босизе ва ракI-

ракIалъ рагьун диналъул бицине. КъутIбул гъавсасда قدس سره гьениб батана эркенго жиндирго пикру загьир гьабизе ресги ва гIеллъуялда тIад хIалтIизе квегIенлъабиги. Хирияв Аварагасулﷺ ракьалда Сайид ГIободиясда قدس سره кинабго рахъалъ квер чIвана, гьеб баракатаб ракьалъул цояздаса-цоял цIакъал цIар бугел гIалимзабазги, гIакъилзабазги, тIарикъаталъул устарзабазги ва диниял хIаракатчагIазги. Гьеб киналъго Сайид ГIободиясе قدس سره рес кьуна гIелмиял тIахьазда тIад хIалтIизеги ва гьел гIадатиял бусурбабазухъе щвезаризеги. Дагъистаналде жиндаго хадур рилъаразе кумекалъе къанагIатал тIахьал ва малъа- хъваялъул кагътал ритIизеги.

Сайид ГIободияв قدس سره жиндие киналго мукIурав камилав муршид вукIин гуребги, гьесулъ букIана инсанасул рекIелъ диналъул чирахъ бакизе кIолеб гIажаибго хIикматаб ва хIайранаб даражаялъул рухIияб къуватги, пикруялъул гъварилъиги, каламалъул пасихIлъиги ва къаламалъул бегIерлъиги.

ГIелмияб рахъалъги киназдаго лъазе кколел къанунал гIадамазда лъазе гьариялдаго цадахъ, Сайид ГIободияс قدس سره гIелмуялъул камиллъиялде жал рахаразе хас гьабун гIараб мацIалъул динияб лугъаталда рекъон хъварал руго киналго гъваридаб магIнаялъул тIахьалги. Гьезул къадар абуни бахуна къоло щугониги тIехьалде. КIудияв Вали-шайихас قدس سره гьел хъвана: Дагъистаналда; Турциялда ва Макка-Мадинаялъул ракьалда. Гьединлъидал, гьел тIахьазул киналго гIадин, рикьа-рихун руго гьелго гIарабиязул улкабазда.

Дагъистаналда абуни руго, гIицIго, гьев Аллагьасулﷻ хIикматав Валияс قدس سره хъварал гьал жидер цIакъго къимат тIадегIанал тIахьал:

1. *Сулук МахӀмудият*
2. *Адабул Марзият*
3. *Манасикул ХӀаж-ХӀажалъул арканал*
4. *Набзату фи ГӀамали*
5. *Набзат-ус-санар*
6. *Набзат-ус-санат*
7. *Китабул фи БаратӀи*
8. *ШархӀул Фигькъил Акбар*
9. *Канз-уд-дурар*
10. *Мавагьибул Асрар-Сипатазул бицунеб тӀехь*
11. *МухӀаррар-Мухтасаралъе баянал*
12. *ФатхӀ-ур-рахӀман -РахӀманасул рагьи*
13. *Шаварикъ-ул-анвар*

Аслияб къагӀидаялъ гьел тӀахьазда бицунеб буго: шаригӀаталъул, тӀарикъаталъул, иман-исламалъул, ихӀсаналъул, адабазул ва суннатазул хӀакъалъулъ.



*Канз-уд-дурар тӀехьалъул гьумер*

*…Эсул тIахьазда жанир акъвалал гIемер руго,*
*Пайда босзе бокьани, бокьарас къвалакье къай.*
*Кашпу, караматалъе «Канз-уд-дурар» гIоларищ,*
*Расму-гIадат кьучIдасан рехун бугин бихьизе.*
*ГIарац-месед нужеца хазинаде цIунуге,*
*Хазина бокьараца «Канз-уд-дурар» кодоб ккве.*
*Ралъад буго «МухIарар» лъедезе бокьаразе,*
*Гьунар бугев гIалимас фатва босе жанисан.*
*«Шаварикъул Анваран» цоги тIехь буго эсул,*
*ЦIвабзазда гъорлъ бакъ гIадаб, халкъалъе канъи кьолеб.*
*Эсул «Набзатул Санад» битIаралде халкъ цIалеб,*
*Инсанасул мугъ чIвазе сангар къалеб гIадинаб...*

Сайид ГIободиясул قدس سره киналго тIахьазул щибаб тIамачалъ борхатаб гьаркьидалъун ахIулеб буго нуж Аварагасул ﷺ суннатазда сундулъго нахъ рилълъаян абун.

Жакъа къоялда гьел тIахьазулгицин буго цIакъго кIудияб кIвар, Сайид ГIободиясул قدس سره гIелмияб даража борциналъеги, гьес динияб гIелму цебе тIезабизе гьабураб жигарчилъиялъеги кколеб битIараб къимат жакъасел наслабаз кьезе букIине, гьесул рухIаниябгун-жамгIияб хIаракатчилъи борциналъеги ва гьелдаса жакъасел дагъистанияз битIун пайда босиялъеги.

Жакъа къоялъгицин дагъистаниязда гьоркьор хутIун руго Сайид ГIободияс قدس سره жиндирго тIахьал гIажаибаб хIикмалъиялда хъвалел рукIарал куцалъул гIаламатал биценал.

Гьале гьезул цояб:

Сиррул къарааралде жив ваккизе гьавурав гьебги буго лавхIул махIфузалде гIелму биччараб бакI гьесул къадру-макъамалда хадув чи гъоларо. Дунялалъул рахIат жинца босичIо. Къад гIадамазде вуссун, къаси тIахьазде вуссун,

лахІту гІадаб бецІаб рокъов, чирахъги бакичІого, кІалалъ зикруги бачунаго, кваранаб квер къаламги ккун хъвадарилеб, квегІаб чІумал сверулеб букІунаан гьев гъаримасул. Жидерго дарсал цІалулел мутагІилзабиги рукІунаан.

КІал кквейги даимаб букІана. Анлъго къоялъ кІал ккун, анкьабилелъ мажгиталдаса вахъун вачІунаго тарана дагьав. Жинца абуна гьадигІан гІакъуба кьелароан дица гьаб черхалъе букІараб, гІурусазе хъулухъалда ругел милицабиги жужахІалъуй риччаларилан гуребани абун.

Жиндир хьул лъураб жо жиндие щвани, жинца гьеб кваналароан напсалъе бокьараб жо гьабиларилан.

Гьев Сайид ГІободияв قدس سره вукІана камилав шайих, тІадегІанал хІалазул бетІергьан, Аллагь ﷻ лъаялдалъун футухІатазул асс, накъшубандияб тІарикъаталъул Сайид, анцІила ункъабилеб къарнуялъул, тІолалго гІарабиялгин-гІажамиял жиндие мукІурав Имам, Аллагьас ﷻ дин цІи гьабизе бищунго захІматаб заманалда витІарав мужадид.

Сайид ГІободиясул قدس سره мурид Хьиндахъа МуртазагІалица гьикъун буго жиндирго Вали-шайихасда гьеб лъабабго жо цого заманалда кинин духъа гьабун бажарулеб гьедин мухІканго абун.

Устарас жиндирго муридасе гьадинаб жаваб кьун буго: «Дида тІадаб гьечІо щакъиялдаги ччун мухъил рагІалда къалам лъей гурони. Цинги Аллагьас ﷻ, жиндирго къадаралда рекъон, гьеб билълъине гьабула», - абун.

Сайидасул киналго тІахьал Къуръан-хІадисалдасан росун данде гьарурал руго. Гьес гьениб рехсон гьечІо цересел мусанифазул рагІаби, далил бачиналъе гІоло гурони. ТахІкъикъалъул агьлуялъул шартІги цоги чиясул калам далилллъун гурони жидер тІахьазда жаниб хъвалареб буго. Гьелдалъунги бихьулеб буго жинда Аллагь ﷻ разилъаяв шайих ГІободиясул макъамалъул тІадегІанлъи.

Расуласул ирс босарал акътIабазе гурони кIудияб фатхIу букIунарелъул, гьедин букIин лъала вализабазул тIахьаздасан. Гьединго, гьесул хиралъабаздасан буго гьев вукIин Аварагасул ﷺ нухалда цIакъ нахъвилълъун, жинда Аллагь ﷻ разилъаяв, вукIана хавасаздаги гIавамаздаги жанив, гьелдалъун машгьуравлъун.

Жинда Аллагь ﷻ разилъаяв Сайид ГIободияс قدس سره гIемер абулаан: «РекIел хиял; кIалзул жаваб; чорхол гIамал цоцазда рекъон рукIине ккелилан ва суннаталде хилипаб жо шаргIалъ къабул гьабуларелъул», - абун.

Сайид ГIободияс قدس سره хъвалеб буго: «Дица «Канз-уд-дурар» абураб тIехь хъван лъугIараб мехалъ, гьатIипалъ диде ахIана: «Гьеб тIехьни хъванин дуца, амма гьеб бичIизе кIолел гIалимзаби гьечIо Дагъистаналда - ХIоцоса ГIабдулатIипги, ГIоротIаса Шайхул Исламги гурони», - ян абун.

ГьебсагIатго дида ракIалде ккана Муниса ГIабдусаламидагидай, Аргъваниса Шамхалдибиридагидай, ХIоцоса Нажмудинидагидай гьеб бичIчIилареб абун?

ГьатIипалъ ахIана: «Аргъваниса Шамхалдибирасдаги, ХIоцоса Нажмудинидаги бичIчIизе бегьилин гьебан» абун. Амма Муниса ГIабдуласамил хIакъалъулъ щибго жо ахIичIо. Шайхул Исламил хIакъалъулъ дица пикру гьабуна ва гIажаиблъи гьабуна гьатIипалъ Харахьиса СагIидги рехсечIого, Шайхул Ислам рехсеялъе.

Гьеб мехалъ диде ахIана гьатIипалъ Шайхул Исламие файиз битIун Ибну ГIабасидасан бугин.

Гьеб мехалъ дица киналго гIалимзабазул пикру гьабуна, гьезда гьорлъ дида ватичIо ЗанатIаса ГIабдуллагь гурони гьеб бичIчIулев чи. ГьатIипалъ ЗанатIаса ГIабдуллагьги рехсечIо, амма дида ракIалде ккана гьесда малъани, тIехьалъул магIна, гьесда бичIчIилилан.

Гьаб кинабго дица бицараб ккана «Канз-уд-дурар» абураб тIехь хъван бахъун хадуб цохIо сагIаталъул болжалалда жаниб», -абун.

Сайид ГIободияс قدس سره хъванщинал тIахьал цIалана гьал хадур рехсарал гIадамазе: ГIуриса Дибирасе; ГIавухъалъа ТIалхIатхIажиясе; Алмахъалдаса ГIамиргIалихIажиясе; Хунзахъ-Сивухъа ГIалихIажиясеги. Гьал тIахьал лъаларо жиндир изну гьечIев чиясда, мегеж кIкIвалев чиясда, тамахьу цIалев чиясда, цоги фискъуялде кколел пишаби хIалтIизе гьарулев чиясдаги.



«***Канз-уд-дурар***» - маргъалазул хазина.

Раббанияв Имам, киналго тIарикъатазул къутIбу, шайих МухIамад ХIажи ГIободияс-Къади Къебедил вас Гъомекиса МухIамадил вас кIудияв шайих ГIалица хъвараб «Мухтасаралъе» кьураб баян.

«***Мавагьибул асрар***» - халкъалъул анкьго батIи-батIиял сипатазул хIакъалъулъ раббанияв Имам МухIамад ХIажи ГIободияс хъвараб тIехь.

Раббанияв Имам Мухlамад хlажи Гlободиясул тlехь гьес хъваралдаса хъварав ва гьелъул бетlергьанчи вуго Сомода росулъа МухlамадгIалил вас Хlажи.



«***Манасикул хlаж***» - хlаж борхулаго тlуразе тlадал жал.

Гlарипиназул Имам, киналго рахъазул къутlбу Хlажи Мухlамад Гlободи.

Раббанияв Имам Мухlамад хlажи Гlободиясул тlехь гьес хъваралдаса хъварав ва гьелъул бетlергьанчи вуго Къелеса Гlалил вас Мухlамад.

***



«***Мухlарар***» абураб жиндирго тlехьалда Сайид Гlободияс قدس سره абун буго кинабго ритlунккей суннаталда нахърилъиналдалъун бугилан. Кинабго хатlалъиги, нухдаса кьуриги суннаталда нахъбугелда релълъун букlуна абун.

Гьединго, гьенибго хъван буго алжаналда Аварагасгунﷺ цадахъ гьалмагълъи суннат ккурал, гьесда нахърилълъарал чагlазе хасаб бугилан.

Гьаб тIехь хъварав чи вуго Аллагьﷻ лъалев гIариф, кIиябго ХIарамалде хIеж гьабурав МухIамадун ГIободи, жинда Аллагьﷻ гурхIаяв.



Раббанияв Имам МухIамад хIажи ГIободиясул тIехь гьес хъваралдаса хъварав ва гьелъул бетIергьанчи вуго Къелеса ГIалил вас МухIамад.

***

«***Фикъгьил акбар***» - абураб тIехьалъе ГIободияс гьабураб шархI- ай кьураб баян.

Аллагьасулﷻ ГIулумазул гIалим, ссамданияв гIариф, киналго вализабазул сайид, асфияазул кIанцIулеб бакI, анцIила ункъабилеб гIасруялъул мужадид ХIажи МухIамад ГIободи Аваристаналда гьавурав, Маккаялъул МугIалаялда вукъарав.



Раббанияв Имам МухIамад хIажи ГIободиясул тIехь гьес хъваралдаса хъварав ва гьелъул бетIергьанчи вуго Къелеса ГIалил вас МухIамад 1320 1902 сон.

Жинда Аллагьﷻ разилъаяв Сайид ГIободияс قدس سره жиндирго «***Набзат-ус-санар***» ва ***«Набзат-ус-санат»*** абураб тIахьазул авалалда хъвалеб буго авалалда суннаталда нахърилъиналдалъун гIелму хиралъизабиялъул

бицунеб бакIалда: «КагIбарукъалъул бетIергьан АллагьасхIаги лъалевги Аллагь ﷻ вуго.

Суннаталда рекъараб фикъгьияб масъала, я шаргIияб гIамал лъазе гьаби хирияб буго 70000 хIеж гьабиялдаса, нус-нус гъазават гьабиялдаса, чамалиго азарго гьоко цIураб месед-гIарац садакъаде кьеялдаса, щибаб сардилъ вахъун, къад кIал ккун тIагIат гьабиялдаса. Щай абуни гьеб кинабго холелъул суннаталде хилиплъани.



Киналго хиралъабиги гIамалалги черхалда релълъун ругилан, гьелъул ракIги гIелму-хIикмат бугилан, гьелъул чIаголъиги суннат-итибагI бугилан.» абун.

***

«***ФатхI-ур-рахIман***»- «РахIманасул рагьи».



ГIариф ГIободияв МухIамад хIажи Аварияс قدس سره хъвараб. Гьаб тIехь дица хъвана ГIободияс قدس سره жиндирго квералъ хъваралдасан. Ва гьевги вуго дир шайих, дун вуссунеб бакIги буго, дир рухIги вуго, дир беразул канлъиги вуго, дир рекIеда балеб пихъги вуго.

Раббанияв Имам МухӀамад хӀажи ГӀободиясул قدس سره тӀехь гьес хъваралдаса хъварав ва гьелъул бетӀергьанчи вуго Къелеса ГӀалил вас МухӀамад 1323. 1905сон.

***«ФатхӀ-ур-рахӀман»*** абулеб жиндирго тӀехьалда жинда Аллагьﷻ разилъаяс абун буго хӀисаб гьабурав чиясе гӀазаб кьелилан абун бугила Аварагасﷺ . Цинги ПатӀиматица абунила фасавфа юхӀасабу хӀисабан ясиран, ай бигьаяб хӀисаб гьабила абун гьечӀищ Аллагьасﷻ, ай гьедин хӀисаб гьабурав чи кин гӀазабалде кколев? Цинги Расулас абуна гьеб бакка-бахъи гьабун бугила кинниги хӀисаб гьабуни чи гьалаглъизе вугилан.



Гьаб хӀисабалда хадуб, Аллагьﷻ разилъаяс абун буго дида бихьараб жо буго гьеб хӀисабги гьалаглъиги суннат теялдалъун букӀин, мунагьал гьарун кколеб жо гурин, мунагьал чурулин абун гӀемерал аяталги, хӀадисалги ругелъул, жеги гӀалимзабаз абун буго мунагьал чуреян гьаричӀониги чурулилан.

Гьабго тӀехьалда абун буго Аллагьﷻ вокьулев вукӀин лъалеб жо- суннаталда нахъвилълъин буго абун. Гьединго, гьабго тӀехьалда абун буго гьеб рехсараб аяталъ бицунеб рокьиги, нахъвилълъинги гъваридаб ралъад бугилан, гьеб бахунел гумулги щоларо Аллагьﷻ лъаялъулги якъиналъулги гамихъабазухъе гурони. Гьелда тӀад дица калам гьабуни, нусго жилд тӀахьазул лъугьинаан абун.

***

«***Шаварикъ-ул-анвар***» абураб тIехьалда хъван буго цо лахIзаталъ Аварагасулгун ﷺ гьалмагълъи гьаби анкьабго алжаналдасанги, жаниб бугебщинаб нигIматалдасаги лъикIаб бугилан абун.




Гьединго, гьебго тIехьалда буго абун: «Къул ин кунтум тухиббуна ллагьа фатабигIуни юхIбибкумуллагьу» абураб аяталъул магIна ва гьелъул хIакъалъулъ гьел лагъзадерие дун вокьи гьечIила, МухIамад ﷺ , дур суннат ккун, дуда нахърилълъиналдалъун гурони. Аллагьас ﷻ Расуласде хитIаб гьабун буго ва абун буго дуда нахърилълъинчIев чиясе дун вокьи букIунарилан. Гьесдаги БетIергьанасдаги гьоркьор пардавал гьарилила суннаталдаса ватIалъараб къадаралда.

Жив Аллагьасде ﷻ щванилан цо чияс дагIба гьабуни, караматалги загьир гьарун, цониги суннат тани гьев гуккарав чи вуго.

Гьесие гьечIо Бичасул рахъалде нисбат, Аллагьасухъе ﷻ щвейни кисан щолеб гьесие. Гьеб Расуласда нахъвилълъун вугониги, Аварагасги ﷺ абун буго гьаваялъул лагъ басралъанилан абун.

Гьебго тIехьалда Сайид ГIободияс قدس سره абулеб буго, тIад бугеб хъублъиго гIадин, рекIелъ жаниб бугебги тIагIине гьабизе ккелилан.

Гьелги гьал руго: куфру; нифакъ; чIухIи; хIасад; хIал хъублъи; диналъе гIоло гуреб ццин бахъин; рияъ; хиянат; бахиллъи; махсаро-хочI; рибат; гьереси; мацI; макру; хIилла; тушманлъи; зулму; цIогь; пандур; хъумуз; зурма.

Гьел руго ислам ине гьабулел, ракI бецц гьабулел, макъамалде щвезе толарел жал. РекIелъ макру, хIилла, хъублъи, дунял бокьи гIадал жалги рукIун, как бани, кIутIун тавбуги гьабун, гьеб как цIи гьабизе ккела. Инсанасул рекIелъ гьединал унтабиги рукIаго, гьесие тIагIат-гIибадаталъул мунфагIат букIунаро.

Аварагас ﷺ абун буго: «Иманалъул нух- Аллагь ﷻ рехсей буго» абун. Гьединго абун буго: «Иманалъул 70-гоялдасаги хадуб гIаркьел бугила. Гьезул бищунго хириябги "Лаиллагьа илаЛлагь" бугила. Ва бищунго гIодобегIанасебги- нухдаса гIадамазе зарал гьабулеб жо нахъе рехи бугила. Нужеца нужерго иман цIи гьабейила «Лаиллагьа илаллагь» абун. Гьелъ мунагь толарила ва гьелдаги Аллагьасдаги ﷻ гьоркьоб пардавги гьечIила» абун.

Аллагьу ﷻ ТагIалаяс абун буго: «Фазкуруни азкуркум, вашкурули вала такфуруни» абун. Гьелъул магIна ккола: «Нужеца дун рехсей, дица нужги рехсела, нужеца дие щукруги гьабе, ва диде капурлъизеги капурлъуге» абураб. Гьеб аяталда Аллагь ﷻ рехсеян абун гьабураб амруги, Аллагь ﷻ рехсей тIалъиялъги буго жинда лъан Аллагь ﷻ цо гьавиялъул бищун кIудиябги «Лаиллагьа илаллагь» буго.

«Ла» абураб хIарпги цIан, иллагьалъул алифги мухIкан гьабун, гьелъул гьиги сакин гьабичIого, кквечIого, илаллагьалъул гьиги сакин гьабун, илагьалдаги илаллагьалдаги гьоркьоб чIезеги чIечIого абила. «Лаиллагьа илаллагь!» абун щив чи вугониги, цIалел хIарпалги цIан, цохIо нухалъ гьесул 4000 кIудияб мунагь чIуризе гьабула, воре мун кIарчанлъуге гьал рехсарал жалазе.

Гьеб Аллагь ﷻ рехсеялъул щуго пиша буго:
ТIоцебесеб- Аллагь ﷻ разилъи буго;
КIиабилеб- щайтIаналдаса цIуни буго;

Лъабабилеб- ракI парахалъи ва ракI тIеренлъи буго;
Ункъабилеб- тIагIат гьабизе гъира бахъин буго;
Щуабилеб- мунагьалдаса цIуни буго.

Мун даимлъе квешлъи малъулеб напсалъул сипатал дулъа тIагIинегIан Лаиллагьа илаЛлагь абиялда. Гьелдалъун мун щола сагIадаталъул авалалде, зикру бачунаго дуца ракIалде ккве лаиллагьа абураб мехалъ, щибниги жиндий лагълъи гьабизе ккун лагълъи гьабулеб жо гьаб ракьалда батун гьечIилан абун. Цинги илаЛлагь аби- кутакаб къуваталда квегIаб рахъалда каранда жаниб къазе гьабураб гIадин, бералги данде къай, гIундулги зикруялде гIенеккизе гьаре, каки чуриялдеги даимлъе, вацIадги вукIа, хIарамаб жоялдасаги цIуне. Шайихзабаца тIатараб, ай рагьун зикру бачиналдалъун амру гьабун буго. РакI тархъизе, гъаплат тIагIине зикру гIемер бачиналда тIадчIейги гьабе. ШаригIаталъул рагьдухъги чIчIун, нафсалъул пикруги гьабе, гьеб хвезе гьабе, мунго хвезегIан цебеккунго. Гьединги буго хIадис. Гьеб хвезе гьаби арубаб жоялъул магIнаги буго- гьелъие бокьараб гьабичIого, шаргIалда рекъон гьабе абураб.

Дуда лъай: Аллагьасдаса ﷻ хIинкъи буго бищун мунагьаздаса цIунулеб жо. Аллагьас ﷻ абун буго лагъасда: «Дица кIиго хIинкъи данде чIвазе гьабиларо абун, ай дунялалда дидаса хIинкъани, ахиратталда хIинкъизе гьавиларо. Дунялалда хIинкъичIого вукIани, ахираталда хIинкъизавичIогоги теларо» абун.

Иманалдаса ватIалъиялдаса хIинкъи гьечIого вугев чи, гьелдаса ватIалъилин абун буго цо асхIабас.

Дуда лъай: чорхол гьаваги, Аллагь ﷻ разилъиги тIаде бачIунеб жо буго. Гьеб гьава беки гIассилъи ва фасикълъи теялда бараб жо буго. Гьеб кIиябго жоялдаса нахъе цIалеб жоги- зикру буго. Гьелъул хIасилги- Аллагь ﷻ разилъи буго.

Зикру буго муридзабазул хвалчен, жинда тӀадчӀчӀей гьабурал чагӀи цӀунулеб.

Ибну МасгӀудидасан бицана- Лаиллагьа илаллагьу абурав чиясе лъикӀаб буго: гьев чиясе мунагьалъ зарар гьабиларо, ширк бугеб чиясе лъикӀаб гӀамалалъ мунпагӀат гьабуларебго гӀадин.

Аллагьﷻ рехсолевги рехсоларевги чиясул мисал буго, чӀагоявги хваравги чиясул мисал.

Аварагасﷺ абуна: «Цо чи вугони квенчӀчӀелтӀе диргьамалги ран, садакъа бикьулев, цойгидав чи Аллагьﷻ рехсолев вугони, Аллагьﷻ рехсолев хирияв вуго, жиндица гьеб садакъа бикьулесдасаги», - абун.

Гьединго, абуна цойги хӀадисалда: ***«Бищун хирияб зикру- Лаиллагьа илаллагь буго. Бищун хирияб дугӀа- алхӀамдулиллагь аби буго. Бищунго Аллагьасеﷻ бокьулеб калима- субхӀаналлагьи валхӀамдулиллагьи валаиллагьа илаллагьу валагьу Акбар буго»**, - абун.*

Бачинин Аварагасулﷺ цойги хӀадис: «Аллагьасﷻ кьураб кигӀан гьитӀинабги нигӀматалде данде алхӀамдулиллагь абуни, гьелдасаги лъикӀаб нигӀмат кьела БетӀергьанас».

-Дуда лъай, дир вас, мун Аллагьасулﷻ лагъ вуго. Лагъас гьабизе кколеб жоги, гӀисъянги тун, ракӀ бацӀад гьаби буго ва Аллагьﷻ тун нахъияб жоялдаса вуссинги буго. Цинги мунги Аллагьасулﷻ хӀикматазул рукъалъул рагьдухъе лъугьина. Цинги мунги гьалаглъиялдасаги цӀунила.

Дуе бегьуларел жалаздаса руго: Аллагьﷻ гуреб жо бокьи- гьелъ рекӀел бацӀалъи хвезе гьабула; Аллагьасдасаﷻ гъапуллъи- киналго гӀужазулъ, щибаб жоялъулъ; Аллагьасдеﷻ ширк гьаби; кинабго жоялъулъ Аллагьасдеﷻ мугъчӀвай гьабунгутӀи; асбабалгун цадахъ Аллагьасулﷻ къадаралъул хал гьаби тей; цониги балагьалъулъ сабру гьабичӀого вукӀин;

Аллагьасулﷻ къадаралда ццин бахъин; щибниги ишалъул Аллагьасул халкъалда чlухlи гьаби.

Ихлас бугев чиясул рекlелъ рукlине кколел жал: Аллагьﷻ вокьи; киналго афгlалазулъ Аллагьﷻ цо гьави; таваккал тlами Аллагьасдеﷻ гьаби киналго умуразулъ; балагьалде сабру гьаби; къадаралда разилъи; Аллагьасеﷻ хlелхlеди ва хlажалъи гlицlго живго Аллагьасдеﷻ буссине гьаби.

Аллагьасдеﷻ гlагарлъиги- битlараб махlабалъул хlасил буго. Гьебги кlудияб гъазаваталъул хlасил буго, дир вас!

***Кlудияб гъазават абуни ккола: каки чури даим гьаби; хlелун Аллагьﷻ рехсей; ракlалда Аллагьﷻ кквей даим гьаби, гlадамазда гъолъги, живго вугеб бакlадлаги; шайихасул ракlалда ракl бухьин- кидаго гьев жиндаго аскlов вугев гlадин, гьесул сипат-сурат цебе чlчlезе гьабун, гьесдаса файиз тlалаб гьабулеллъунги рукlина; тlагlамги макьуги дагь гьаби; кlал кквей гlемер гьаби; церего рукlарал квешал гьудул-гьалмагъзаби рехонтей; заралиял гlадатал рехун тей; чорхол тlабигlиял жалаздаса нахъчlваравлъун вукlин; кинабго халкъалдаса ватlалъун чlчlей, жеги гъапулав муридасдасацин; бацlадаб жо кванай-гьелъ ракl бацlад гьабула, гьаб заманалда бищунго захlматаб жоги гьеб буго; кваналеб мехалъ хlузуралда кванай, гъаплаталда кваначlого ва гьеб гуреб цойгидабги.***

***

Гьанирго лъолел руго Сайид ГӀободиясул قدس سره хӀакъалъулъ Дагъистаналъул гӀалимзабаз жакъалъизегӀан хъварал цо-цо тӀахьазул сияхӀги:

1. *Сиражудин ХӀайбулаев – гӀалимчи, филолог, профессор,*
2. *Ибрагьимил ГӀабдулпатахӀ- гӀалимчи,*
3. *МухӀамад ГӀабдулгӀазизов-писатель,*
4. *Шигьабудин ХӀажи-гӀалимчи,*
5. *ГӀабдулагь Хварши-гӀалимчи,*
6. *Гьарадерихъа Юсуп-гӀалимчи,*
7. *МухӀаммадкамил Гьиматов-гӀалимчи.*



*Сайид ГӀободияс тӀад как барабин бицен бугеб гамачӀ ХъахӀабросулъ*

## ХIИКМАТАБ МАЖМУГI

*Гьиматил МухIамадкамил*

Жиндаса Аллагьﷻ разилъаяв ва жиндир баракат нилъее насиблъаяв МухIамадхIажи ГIободиявقدس سره вукIана, тIарикъаталъул устар гуревги, кIудияв гIалимчиги. Жиндир мунагьал чураяв Гьарадерихъа Ибрагьимил ГIабдулфатахIица данде гьабун, 1995с. къватIибе биччараб «Сайид ГIободиясулقدس سره караматал, манакъибал» абураб тIехьалъе цебераглиялда профессор Сиражудин ХIайбулаевас хъвалеб буго: «Абула ГIободиясقدس سره кинабниги 26 тIехь хъванилан. Гьесул хIакъалъулъ нилъеда кодоре щварал баяназда рехсон руго: «Канз-уд-дурар», «Набзат-ус-санар», «ФатхI-ур-рахIман», «МухIарар», «Набзат-ус-санат», «Шаварикъ-ул-анвар».

Гьелги хъван руго гьваридаб динияб бичIчIиялъул ва лъаялъул кьучIалда, Къуръан, шаригIат, тIарикъат баян гьарун, гьезул балъголъабазде ваккун». ГIободиясул гьел рехсарал гIелмиял асаразда гьоркьоса «Канз-уд-дурар» ва «Набзат-ус-санат» абурал тIахьазул цо-цо бутIабиги гIараб мацIалдаса магIарул мацалде руссинарун, Гьарадерихъа ХIабибуллагьица гьабун буго хIикматаб мажмугI. ХIикматабилан абиялъе гIиллаги буго, устарасул рехсарал тIахьазул таржамаялда журазарун гьелда жанир ратулел рукIун гIемерал батIи-батIиял жал: жиндирго тIехьалъе рецензияби, кIигониги цебераглиги, устар ГIободиясул гIумруялъулги хIаракатчилъиялъулги хIакъалъулъ баянал, гьесул хIакъалъулъ цогидазул фикраби, гьес Дагьистаналде ритIун рачIарал кагьтал ва гь.ц. Гьеб тIехь цIализе рес ккедал, битIахъе бицани, дида яхI гьабизе кIвечIо, гьениса цIакъго дир рекIее асар гьабурал жалги хъан, диего букIине гьитIинабго тIехь гьабичIого. Амма цIакъ хIинкъадго босана къалам кодобе гIурус хIарпаздалъун хъвалаго гъалат-хатIа ккеладайилан.

Хьул буго Аллагьﷻ тIаса лъугьинилан, устар ГIободиясулقدس سره ва ХIабибуллагьил баракаталдаса махIрумлъиларилан. ТIехь лъугьине гIоло, гьелъул бутIабазул цоцаздехун хурхен букIинелъун рекъа-решезабизе гIоло гIаммал рагIаби гьоркьоре ккезари гурони, гьанир гьечIо дирго пикру загьир гьабулел бакIал. Гьединал чIахIиял гIалимзабазул тIахьазда хъваралда гьоркьове лъугьун, гьелъие шархI гьабизе ихтияр бугеб даражаялъул чи дунго гьечIевлъиги бичIчIун, кIвараб хIаракат бахъила ХIабибуллагьил ГIажам мажмугIалда бугелдаса кьуричIого хъвазе. Амма цо-цо гIараб рагIаби яги ричIчIизе захIматал бакIал, цIалдолезда ричIчIизе бигьалъизе гIоло, скобказда жанире росун, баянлъизарун лъикIилан ккана. Гьеб дир адаб гьечIолъиялдасаги Аллагь тIаса лъугьинев ватила.



Гьаб тIехьалда рехсарал лъугьа-бахъинал ккарал сонал ГIемерисеб бакIадда гьижраялъул тарихалдалъун кьун руго. Гьединлъидал гьелъул хIисаб цIалдолес жинцаго гьабизе,

исана 1424 сон букIин лъаларесе гьеб баян гьабиги мустахIикьаблъун бихьула.

Гьарадерихъа ХIабибуллагьица данде гьабураб гьеб хIикматаб мажмугIалъул авалалда лъун руго гьелъие хъварал рецензияби.

## ТIОЦЕБЕСЕБ РЕЦЕНЗИЯ

Бисмиллагьи ррахIмани ррахIим. АлхIамадулиллагьи раббал гIаламин. ЗагIипав нужер вац ГIорутIаса МухIамадтIагьир хIакълъунго валагьана гьаб техьалъухъ, жиб бицараб, жиб дандеги гьабураб, нилъер магIарул мацIалдеги буссине гьабураб Гьарадерихъа ХIабибуллагьица жиндаса Аллагь ﷻ разилъаяв Гiободиясул قدس سره тIухьдуздасан. Дида гьалда жаниб батичIо Саййидасул قدس سره тIухьдуздехун хилифлъи гьабулеб жо. Дица шукру гьабула жиндица гьев нилъер диналъул вац ХIабибуллагьие квербакъарав Аллагьасе ﷻ. Гьелда дандбитIараб ажру лъикIлъи, кири гьабеги Аллагьас ﷻ гьесие. Аллагьас ﷻ тавфикъги кьеги гьесиеги нилъееги гьаб техьалда жаниб бугеб жо ракьандаса гIосокьги ккун цIунизе.

## КIИАБИЛЕБ РЕЦЕНЗИЯ

### Къокъ гьабун кьолеб буго

«Гьаб гьитIинаб тIехьалда жаниб буго цIакъ кIудияб жавгьар, босун бажарарав чиясе. Нилъер умумуз гIелму цIалулаан, анцIила щуго — къого соналъ чияр росулъ чIун, нафакъаде кьураб гIицIаб хинкIги кун. Жакъа дуниялалъул боцIи бакIарулел гIадамаз баччулеб бихьула нилъеда, гумуздаги машинабаздаги рекIун, халатал сафаралги гьарун. ЦохIо хасалил дагьал къоязе гIоло риидал нилъеда балебщинаб гIетIги лъала нилъедаго. ЛъугIи гьечIеб ахираталъул рокъоб букIунеб гIазабалдаса цIуни гьитIинаб жо гуро, гьеб рукъалда божулев чиясе. БичIчIулариланги абун, гIодобе рехун течIого, яги щакал жалазда гIамалги гьабун,

гуккизе чІечІого, лъалев чиясдасан дарс цІалун, бичІчІизе гьабе. Гьелда тІад унеб жо буго цо анцІго къо. ГІибадаталъул бищун лъикІабги гьеб буго. Аварагасул ﷺ ХІадис буго: «Нужеца гІелму тІалаб гьабе кинияалдаса лахІтуялде щвезегІан» - абураб.

Хасго гьаб тІехь бичІчІизе бигьалъуларо. Гьалда жаниб бицун буго фикьгьи, шаригІат, суннат, тІарикъат, магІрифат ва хІакъикъатги, жиб-жиб тІавруялда хас гьабун, гьединго бицун буго цоялъул хІукму цоялъе къотІани мекъи ккеялда хІинкъараб загьирияб лугбузул гІамалалъулги балъгояб рекІел гІамалалъулги хІакъалъуль.

Цинги тІехьалъул «ЦеберагІиялда» Гьарадерихъа ХІабибуллагьица бицунеб буго гьаб тІехь хъваялъул мурад бутила ГІободияв-устарасда нахъвилълъарав чиясда гьесул калам бичІчІизе кумек гьаби. Гьединал кІудиял шайихабазул гІемерисеб калам букІунила батІинадда балъгоялда хурхараб, берда бихьулеб жоялдалъун мисалал рачун, гІатІид гьабун бицани гурони, гІадмазда гІадатиял гІадамазда бичІчІизе захІматаб.

Гьединго цеберагІилъун рикІкІине бегьула гьевго ХІабибуллагьица назмуяддалъун хъварал гьал мухъалги:

**Нилъер Имам ГІободияс قدس سره гІавамазул иманалъул**
**Жиндир «Канз-уд- дурараалда» кІиго тайфа бицун буго:**
**Цо-гуккараб хуррагІияб, хвалда аскІоб тІаса унеб.**
**Цо-бегьулеб жаизияб, жиб цІубалеб, касбу гьабун.**
**Гьеб кІиябго иманалъул баян лъазе бокьанани,**
**Устарасул каламалъул пикру гьабун, гьаб тІехь цІале.**
**Гьеб гуккараб иманалда агьлу-хъизан бугониги,**
**Гьел цІунизе цІаялдаса кІалъалев чи рагІуларо.**

ТІехьалда руго ГІободияс قدس سره гІелму цІалиялъулги гьесие тІарикъаталъул устарлъиялъе изну кьеялъулги баянал.

**«ГIободияв-устар قدس سره жиндаса Аллагьﷻ разилъаяв гьитIинаб мехалъ цIализе ана Гьухъалиса МухIамадида аскIове. Гьесдасан тIарикъатги босана. Гьедин ГIободиясда قدس سره тIарикъат малъарав чи ккола Гьухъалиса МухIамад. Гьев жиндирго устарги мударрисги Мадинаялде гочун индал, ГIободияв قدس سره вачIуна ГIабдурахIманхIажи Сугъуриясда قدس سره аскIове. Гьенив чIола гIезегIан заманаялъ.**

**Сугъурияс гьав, къачIазеги къачIан, жиндирго бакIалда чIезавула, ва гьесие изнуги кьола Дагъистаналъул халкьалда кIиябго тIарикъ малъизе: «Лаилагьа иллалагь абурабги ва жалалияб ланзалдалъунги. Гьедин гIемераб заманаялъ Дагъистаналда кIиябго тIарикъалъул устарлъун вукIана МухIамад ГIободияв قدس سره, жиндие ГIабдурахIман Сугъурияс قدس سره халгIатги чалмаги кьурав маъзун».**

ХIабибуллагьица хъвалеб буго Сугьурияс قدس سره ГIободияв قدس سره маъзунлъун гьавураб заман жинда лъаларила. Амма гьенибго кьучIаб къагIидаялъ тIаде жубалеб буго анлъго тIарикъалъул устарлъунги кIудияв къутIбулъунги вукIарав Маккаялдаса Саййид ХIусейница, гьижра тарихалъул 1288 соналда хъван мугьруги чIван, гIемерал лъикIал гIадамазда цебесан, ГIободиясе قدس سره изну кьунила 6 тIарикъ малъизе, жиндир хирияб квералъ Саййид ХIусейн ал-Маккияс قدس سره гьесда тIад халгIатги ретIанила чалмаги къанила.

Гьелъул хIакъалъулъ ГIободияс قدس سره хъвалеб буго: **«Маккаялдаса кIудияв къутIбу Саййид ХIусейница дида абуна: «Дуца гIелму босуге мухъаздаса, дуца гьеб босе дурго карандаса». Гьенир нугIзаллъун рукIарал гIадамаздаги Саййид ХIусейница абуна: «Гьасда разилъарав чи дида разилъарав чи вуго, дида разилъарав**

**-аварагасда ﷺ разилъарав чи, аварагасда разилъарав чи Аллагьасда ﷻ разилъарав чи вуго. Гьасда разилъичІев чи дида разилъичІев чи вуго, дида разилъичІев аварагасда ﷺ разилъичІев чи вуго, аварагасда разилъичІев чи Аллагьасда ﷻ разилъичІев чи вуго. Дида гьес цІарги тана тавфикъ бугев чийилан. Гьес нагью гьабуна бусурманчиясда фасикъилан абугея гъазаваталда гъорлъеги лъугьунгеян.**

**Цинги ниж данделъичІо гьелдаса хадуб микьго-ичІго сон инегІан. Нахъеги данделъана жиндаса Аллагь ﷻ разилъаяв ГІалибег-хІажи вахъун хадуса ГІалибег-хІажи вахъана 1294 соналда. Цодагьабго цІех-рехги гьабун берцинаб гара-чІвариялдаса хадуб гьес дида абуна жинда гІагардегІан вачІайилан, гІагардегІан вачІайилан. Гьедин тІаса вичІичІого абидал, дагьа-дагьавккун гІагардегІан къана. Къалъул гІужалда бакъул гІдинаб нур букІиндал, гьесул гьурмахъ валагьизе кІоларого вукІана дун. Гъосул какикьжоялда табаррукалда гІодов чІана дун. РохукъотІи къандалъоялда тІад букІана, хутІараб черх букІана гъоркь тІамураб жоялда тІад. Дица щиб гьабизе кколебали бицана, гІемерисеб бахчун теян къвакІун амруги гьабун, цо-цо загьир гьабизе изнуги кьуна. Цинги дир квералги чурана, гІисинал лъималазул гІадин».**

Гьединав кІудияв къутІбуясул изнуялдалъун вахъана МухІамад ГІободияв قدس سره гІадамал тІоритІиялъул нухде. Гьелдаса хадуб гьаб къарнуялъул мужаддидлъунги Имамлъунги гьавуна, шаригІат цІигьабиги гьасие загьирлъана Аллагьасе ﷻ бокьараб куцалда анцІила ункъабилеб нусго соналъул авалалда жумадул ула моцІалъул цо рузман къоялъ зухІаялъул гІужалда. Гьелдаса хадубги гьасие фатхІу Аллагьас ﷻ цо балъголъи рагьи лугьана 1303 соналъул

зулхlиджжа моцlалъул къурбан хъвеялда цебе хамиз сордоялъ.

Гlободиясулسره قدس сифат загьирлъизе, гьесул кlодолъи бихьизе ва Дагъистаналдаса вахъун ун гьижра гьабиялъе гlилла баянлъизеги квербакъи гьабула Шугlайиб-афандияс гьесул хlакъалъулъ хъвараб жоялъги: **«Гlелму ладуналда гlамалги бугев, Раббанияб бичlчlиги жиндихъе щварав, гlалимзабазулги гlалим, хириязулги Сайййид, рацlцlадазулги тажлъун вугев Хlажи Мухlамад-афандиقدس سره, жиндаса Аллагь ﷻ разилъияв. Гьев щвана къутlбулъиялъул даражаялде ва кlудиябго валилъиялдеги. Гьев вукlана аварагасул ﷺ суннаталда нахъвилълъиналдалъун Ахlмадил ﷺ чlунтарал камалатал камилал нухал чlаго гьариялъулъги, аварагасул нухде халкъ тlобитlиялъулъги гlелмуялда гlамал гьабулев кинавго гlалимчи ва камилав муршидги гlажизлъулеб даражаялда. Гьесдаса Аллагь ﷻ разилъаги, гьесул баркаталъул файизал нилъедеги щвезе гьареги. Нахъеги гьев вукlана жиндаса Аллагь ﷻ разилъаяв Къуръаналъул хlакъикъал ричlчlиялъулъги, хlадисалъул асрарал лъаялъулъги, раббаниял кашфаби рагьиялъулъги, жагьилзабаздаяли щиб гурин, гlалимзабаздагицин жив Жунайд-ал-Багъдади вугилан ракlалде кколев, Абуязид ал-Бастlамиги вугилан ракlалде кколев чи. Гьеле гьеб даражаялъе гlоло, гьев гьединаб тlадегlанаб, борхатаб даражаялдаги кlудияб макъамалдаги вукlиналъе гlоло, гьев чlечlо Дагъистаналъул фасатал шагьаразда. Щаян абуни, гьаниб гьесухъа бажарулеб букlинчlо, лъикlаб гьабеян амру гьабизеги квешаб теян амру гьабизеги квербакъулел, кумек гьабулел чагlи рукlинчlелъул. Гьединлъидал гьес гьижра гьабуна гlусманиязул улкабазде, турказул шагьаразде. Амма гьев гьенив халат**

**чӀечӀо, кӀиябго хӀарамалде хирияб ракьалде ана. Цо заманаялъ Мадинаялда чӀана. Цинги Маккаялде ана. Жиндие хвезе Маккаялда бокьун бугиланги абун, хвезегӀан чӀана жиб Аллагьасﷻ хира гьабураб Маккаялда. Гьенив накълулъун Аллагьасулﷻ къадаралде щун Маккаялъул хабалалъ МугӀаллаялда вукъана 1313 соналъ. Аллагьасﷻ гьесда гурхӀел-цӀоб лъеги, гьесул даражабаздаса бутӀа налъееги щвезе гьабеги. Амин».** Жиндир баракат щваяв Багиниса ШугӀайб-афандияс قدس سره гьаниб хъваралда тӀадеги баянал ратана ХӀабибуллагьица гьабураб тӀехьалда ХӀажи МухӀамад ГӀободиясул قدس سره хоб бугеб бакӀалъул хӀакъалъулъ: **«Гьес васият гьабуна МугӀаллаялда вукъеян. ГӀиллаги бачана, тӀаде зиярат гьабулел чагӀазе бигьаяб бакӀилилан. Маккаялъул хӀукуматалъул гӀадат букӀана, ужра-мухь кьун гурони, МугӀаллаялда чи вукъизе толареб. Маккаялда жив чӀарав Къарахъа Малла МухӀамад абулев чияс хӀукуматалде щвезабидал гьев хвеялъул хабар, хӀукуматалъ абуна МугӀаллаялда вукъеян. Гьенир ругел шайихзабазда гьоркьоб рекъараб бугин Дагъистаналъул шайихасул хоб, щибниги ужраги босугеян абуна».**

**Ибну ХӀажарасул «ТухӀбат» абураб тӀехьалъе хӀашия баян кьей гьабурав мусанниф ГӀабдулхӀамид аш-Ширваниясда аскӀов МугӀаллаялда ШагӀбатул нур абулеб рахъалда, Маккаялъул агьлуялъ кӀудияб хӀурматги гьабун, 1313 соналъ вукъана нилъер устар».**

ШугӀайб-афандияс قدس سره хъваралда тӀадеги баянал руго ХӀабибуллагьица гьабураб тӀехьалда ГӀободияс исламалъул ракьалде гьижра гьабиялъул хӀакъалъулъги. Гьениб рехсолеб буго гьижраялъ гьав къватӀиве вахъараб къоги 1304 соналъул шагӀбан моцӀалъул анцӀила ункъабилеб къо-шамат къо.

ГӀободиявгиقدس سره нуха регӀун нахъе иналде, Гьоркьоб Гьарадерихъа ТӀайиб абулев муридас жинда Аллагьﷻ гурхӀаяс

гIемерал гIадамалги ругеб бакIалда гьикъун буго, гьанже мунги унев вугин, ниж лъидейин руссинелан. ГIободияс قدس سره жаваб гьабунила дун нухарегIизе гьанире рачIине гIемерал чагIазда ракIалда букIанин, гьеб нужее щванин, нуж кирего кьватIире рахъине ккеларин, лъалев лъаларесдаги малъун рукIаян.

ХIакъикъаталдаги Дагъистаналъул бусурбабазе, хасго магIарулазе бокьун букIун гьечIо ГIободияв قدس سره гьижра гьабун гьаниса къватIиве ине.

Муниса ГIабдусалам-къадица ГIободияв قدس سره шаргIалде ахIун вуго, гьадин нижги тун ине изну кьеларилан. Гьас абун буго: «Нужеца дун гьанив чIаян абуни, дие къокъиналъул нухги къотIани, нуж гIажамиязул милицабаздасаги квешал руго», -йилан. Гьеб мехалъ виччан вуго.

ТIарикъаталъул устар, къарнуялъул Имам Саййид МухIамад ГIободияв قدس سره жидеда аскIоса ватIалъун, рикIкIадаб исламалъул ракьалде гочине къватIиве вахъунеб кьоялъ гьев жидее хириял гIадамаз гьарун буго гьесда цо васият гьабун тейилан.

Гьедин ГIободияс قدس سره жиндие гьабураб васияталъул хIакъалъулъ гьадин хъвалеб буго Тумагъариса МуртазагIали-хIажияс: **«Дие васият гьабуна дир гьудул Саййид МухIамад-хIажи ал- ГIободияс قدس سره, дие васият гьабейилан дица абураб мехалъ.**

**Ццин бахъараб мехалъ, мун вуцIцIун чIа, хIелму гьабе. ХIелмуялъулъ цIакъго кутакги гьабуге, гьоркьохъеб хIалалда чIа. Дуца дур хъизан-агьлуялъул гурхIелалдалъун гIамалги гьабе. Кафурзабазул сифаталда релълъараб сифаталдасаги рикIкIалъе. РатIлилъ исраф гьабиялдасаги рикkIкIалъе. Мунго вугеб бакIалда лъикIаб ретIел ретIе, гIадамазда аскIов вугев мехалъ квешабги ретIе. Фискъу-фужуралдалъун**

**хъублъарал гьаб заманалъул агьлуялдаса дуца кІодо гьаре рацІцІадал малаикзаби. ТІехьалде балагьун, дуда масъала суал бичІараб мехалъ, дуца гьеб къарар гьабе, тІанчил рагІалда тагІликъатал хъван. ТІехъалдаги хъваге какичури гьечІого, таяммумалдалъун букІаниги. Кваранаб квер гурони тІехьалдеги бегьуге.**

**Гьижраялъул нухде гьев нухарегІизе рахъараб бакІалда Колоб росулъ 1304 соналъ абуна гьес гьедин».**

Жиндаса Аллагьﷻ разилъаяв Гьарадерихъа ХІабибуллагьица гьабураб гьеб тІехьалда буго ГІободиясул кІиго чІужу гьев живго хвелалдего хун Маккаялъул рагІалда бугеб Бардасбагь абулеб бакІалда Армуткой абулеб росулъ, гьениб бугеб масжидалда нахъа рукъанилан, гьесие хъулухъалъе цадахъ цо чачанай чІужуги хутІанилан. Гьеб ритІухъ гьабулеб буго живго МухІамадقدس سره шайихасги Маккаялдаса Дагьистаналде битІун бачІараб цо кагьтида. Гьесул цоги чІужуялъул ИнкІкІвалитІаса **ХІалимат-Эбелалъул** хоб буго ГІорутІа росулъ. Гьелъул хабатІа бараб хІужраги буго. Баракат тІалаб гьабун гьенире зияраталъ гІадамалги хьвадула.

«Канз-уд-дурааралда» ГІободиясقدس سره цІакъго гъваридго ва мухІканго баян гьабулеб буго иман щиб жояли. Иман бугила диналъул аслу. Нилъер иман камиллъуларила хъизан-гІагарлъиялдехунги диналъул вацаздехунги гьуинлъи-рокьи рекІелъ гьечІони: **«Нужер цонигияв вукІунаро иман лъуравлъун, нужер нафсалъе бокьулеб жо нужерго диналъул вацасеги бокъизегІан».**

Хадубги хъвалеб буго иманалъулъ нуж ункъавго Имамасул ШафигІил, АбухІанифал, ХІанбалил, АхІмадил мазгьабалдаса кьуризе бегьуларилан, гІодорехун лъугьун, я тІадехун рахун: **«Воре, кантІе. Гьел Имамзабазул нухалги журазарун, вагьабияз цо нух гьабун буго. Гьезул тІахьал**

**Дагъистаналдеги рачlун руго. Гlадамасул хасият буго цо цlияб жо бугилан рагlани, гьеб тlалаб гьабулеб. Гьелдаса цlуне!»**

Иманалъул микьго рукнуги рехсон буго Гlободиясقدس سره: **тlоцебе зикру, дуниялалъул квешал хиялаздаса-къасдаздаса ракl цlуни, аварагасул суннат хьвадизаби, аварагасул тlабигlат-гlамалги жиндилъго цlуни, шайихасулгун гьалмагълъи кквей, шайихас абичlеб жо кlочон тей, шайихас зикру малъи, живго гlалимчи вугониги, шайихасул гlакълуялда нахъвилълъинги.** Гьеб микьабго рукнуялъул цояб камуниги муридасул нахъвилълъин тlубаларила.

Гlободияс абулаанила устарасул хlалалдехун рекъолареб пиша рехун тезегlан мурид даражаялде вахунарилан. Гьеб щибилан гьикъани: хъизаналъе гlакъуба гьаби, мадугьалихъ зарал гьаби ва гьел гурелги рекlелъ ругел квешал къасдаздасан инсанасул лугбалъе жал унел гlамалал.

Аварагасул ﷺ хlадисги хlужжалъун бачун, гьес хъвалеб буго: «Гlадамазулъ нужеда бихьараб мехалъ гьел мутlигlаб бахиллъи, гьел жидерго гьаваялда нахърилълъунги рихьараб мехалъ, дуниял гьез ахираталдаса тlаса бищунги бихьараб мехалъ, щивав чи жиндирго гlакълуялъ гlажаиблъизавунги вихьараб мехалъ, нужеца тlадчlей гьабе нужерго нафсазда. Гьедин гьабуни, къосарав чияс мекъи ккезариялъул зарал нужее букlине гьечlо».

«Канз-уд-дурараlъул» 255-абилеб гьумералдаги хъван батула:

**«Инсан цо шагьаралда релълъараб жо буго, жинда жаниб кlиябго рахъалдасан кlиго аскар цоцалъ багъулеб бугеб - муъминзабиги кафурзабиги. Кlиябго аскаралдаги нус-нус рагъухъан вукlуна - гьелги ккола инсанасул гlамалал-тlабигlатал. Гьезул кlиго наибги бетlерги вукlуна**

**— рухІги нафсги. КІиго Имамги цевехъанги вукІуна — гьелги ккола аварагги шайтІанги. Гьеб шагьаралда кІиго хъалаги букІуна - цоцаздаса цІунулеб». Гьелдаго хадуб баян гьабулеб буго аварагасул сайигъаталдалъун доб шайтІаналъул рахъалда бугеб хъала бахъизе кумек гьабулеб гІамал ккolила нусгоялдасан цояб — инсанасул тІабигІат лъикІлъи, вакъун чІеялъ гьелъие квербакъиги гьабулила. Нафсалъ кингоги рухІалда данде рагъ гьабулила шайтІаналъул кумекалдалъун, дол лъикІал гІамалаллъун рикІкІунел 99 гІамалалда гъорлъе шайтІаналъ загьру жубан, гьел квешлъиялде сверизарун. Гьеб мехалъги нафс къезабизе къваригІунила калам дагьлъи. Гьелдалъун рухІалъ нафсги кверде босулила. РухІалъе хъулухъ гьабиялде ккolила гьеб нафс. ГІакълуялъул тахида рухІги гІодоб чІолила. Гьеб инсанасе загьирлъулила Аллагьасе тІагІат гъабиялдалъун, гьесие лазат кколеб бугони, дин гьесие гьуинлъун бугони, гІисен дандечІей кьогІлъун бугони. Квешал гІамалаздалъун нафсалъе квербакъиги щун, рухІалдаса нафс бергьани, гьеб мехалда иш гІаксалда сверулила. Гьебги загьирлъулила гІисяналдаса нафсалъе лазат кколеб бугони, тІагІатги гьесие кьогІлъун бугони, кІудиял мунагьалги бигьаял жаллъун толел ругони».**

МухІамад-хІажи ГІободиясقدس سره бихьизабулеб буго: **«Реццарал цІакъго лъикІал гІамалазда гъоркьор бищунго аслияб щуго буго: битІараб бицин, калам дагьлъи, кваналеб жо дагь гъаби, хІажат гьечІеб жоялъухъ балагьиялдаса бер цІуни».** Цоги бакІалда гьес хъвалеб буго реццарал сифатазул улбуллъун ккolила: щвалде щвараб, унго-унгояб тавбу гьаби, нигІматалда шукру гьаби, къадаралда разилъи, Аллагъасукьаﷻ хІинкъиялдаги хьулалдаги гьоркьов

чIей, боцIуда бер хъантIичIого вукIин, гIамал бацIцIад гьаби, тIабигIат берцинлъи, Аллагь ﷻ вокъи, Аллагьасде ﷻ хIелхIеди.

Амма нилъеда лъикIалилан кколел гIамалалги, ГIободиясул قدس سره гьеб техь цIалидал, цIакъго бегьулареллъун ричIчIула. Кин бугониги, нилъер ракIбацIцIалъи шаргIалъулъ гъечелъул, гьеб гьабизеги лъугьуна. Масала, ГIободияс قدس سره хъвалеб буго: **«Хасго васасе чIужу ячунеб сордоялъ мавлид гьабизе ахIарал гIадамал гьенире ин буго битIахъего квешаб мункар, ай Аллагьас какараб иш. Гьеб къоялъ росулъ ругелщинал гIлохъаби жа гьекъезе цо бакIалде данде гьарула. Гьезие квенги кьачIала, гьединго ясалги къачIала, цIиял ретIелги ретIун. Къаси кIиялго бахIарал данде гьарула, гъорлъги журала. БахIарасул минаги азбарги цIун букIуна лъица щиб гьабулеб, щиб бицунеб бугебали лъалареб хIалалда мехтараб халкъалъул. Гьанже цIикIкIарал гIадамал, цояб рокъореги ракIарун, мавлид ахIизе лъугьуна, гъагъаб кIудияб мункар гьагъадинги тун. Расги Аллагъасукьаги ﷻ нечечIого дугIаги гьабула, цере квералги ккун. Я, ле, дунялалъул боцIуца мехтараб агьлу, гьадинаб бакIалда веццулев чийищ Бичасул авараг ﷺ вугев?!».**

«Канз-уд-дураралда» 17-абулеб гьумералда Сайид МухIамад ГIободияс قدس سره рехсолел руго Аллагьасул ﷻ ццин бахъиналде инсан вачунел, инсанасул иман загIипльулел, куфруялде нухал рагьулел квешал гIамалал: жагьиллъи, бахиллъи, дунялалде хьул лъей, чIухIи, ццин бахъин, ракI квешлъи, жахIда гьаби, ракI хъублъи, гIужбу, рилъ, квешаб тIабигIат, файда гьечIеб хабар бицин, божуе хиянат гьаби - боцIцIудалъунги черхалдалъунги. Гьел сифатал ругилан хъвалеб буго тIаде кIанцIун жидеца зарал гьабулел гIалхул хIайваназул сифатал. Гьелда абулила нафсул аманат абун.

Гьелъул магӀнаги: Аллагьасукьа ﷻ хӀинкъичӀого, лъикӀаб букӀа, квешаб букӀа, нафсалъ малъараб жо гьаби.

Аллагьасукьа хӀинкъиги, дуниялалъул рукъ къачӀачӀого, ахираталъул абадияб рукъ къачӀайги, нафсалъе черхалъе бокьараб гьабунгутӀиги бусурманчи жужахӀалдаса хвасарлъиялъе чара гьечӀеб гӀамаллъун бихьизабулеб буго «Канз-уд-дурар» абураб тӀехьалда тӀарикъаталъул шайих МухӀамад ГӀободиясقدس سره. Нилъ гӀадинал гӀадатиял гӀадамазе мисаллъун букӀине кколила Аллагьас жиндие хирияв чилъун - ХӀабиблъунﷺ рикӀкӀарав, халкъалдаса тӀаса вищарав, халкъалда дин малъизе ритӀарал русулазул кӀудияв МухӀамадﷺ аварагги гьесул хъизан-агьлуялъул гӀадамалги. Гьеб мурадалде буссараб буго тӀехьалъул 146 гьумералда рехсараб хӀадис:

**«ГӀумарица бицанила: «Цо къоялъ дун аварагасухъе ана. Жиндирго рокъов туртида тӀад вегун ватана. Рукъ букӀана тӀохги тӀад цураб тӀутӀураб, бихъ-бихъараб турутги букӀана гьесул хьолбохь. ГӀумар гӀодун вуго. Аварагасﷺ гьикъун буго: «Мун сунца гӀодизавурав, я ГӀумар?» - абун. ГӀумарица жаваб гьабун буго: «Кисраги къайсарги тамахал бусабазда тӀад регун руго. Мун гьаб тӀохги тӀад цураб рокъов вуго, тӀутӀураб, бихъ-бихъараб турутги хьолбокь тӀамун». Аварагасﷺ абун буго: «Нахъа хьибил лъезде бугеб бакӀ гьалдаса къвакӀараб бугин, тӀохилан абуни гьалдасаги тӀад цураб бугин, ГӀумар»**, - абун.

Хадубго 147 гьумералда буго цоги хӀадис:

«ФатӀимат ГӀалие кьолеб мехалъ, ФатӀимат ячун ине аварагасﷺ ахӀанила жиндадаса Аллагьﷻ разилъаял Абубакар, ГӀумар, ГӀусман, Салман ва Усаматги. Къайиги къуна: цо кверзул гьобо, цо дабгъил ургу, чамарсдакил хъал жанибе бараб цо къандалъо, чамарсдакӀил гагаялъул гьарурал цо чӀумал ва цо гелги, цо гьадароги. Абубакар гӀодана,

Фатlиматил къайиланги абун. Аварагас ﷺ гьикъана: «Я Абубакар, сунца мун гlодизавурав?» - абун. Фатlиматил къайийиланги абун, нахъеги гlодана Абубакар. Аварагас ﷺ абуна: «Гьабги гlемерго буго дуниялалдаса къокьунев чиясе къайи».

Фатlимат тlаде яхъана, анцlила кlиго рукъи бараб сугърал гурдеги ретlун.

Фатlимат йикlунаан жиндаса Аллагь разилъаяй кверaлъ гьабалги сверизарун пурчlина ххенолей, мацlалъ Къуръанги цlалулей, ракlалъ магlнаги гьабулей, хlатlица киниги кlибикlулей. Кlиябго бадиса магlуги чвахулаан, Аллагьасукьа ﷻ хlинкъун».

Гlободиясقدس سره нилъ кантlизарулел руго квешал гlамалазде рачине нилъеда хьолбохъа кьурулареб, Аллагьас ﷻ жиндие нагlана кьураб тушман шайтlаналдаса бергьине хlаракат бахъейилан. Шайтlан бергьине тани, гьеб инсанасда тlад рекlунила, нилъ хlамида тlад рекlунел гlадин. Гьелъ гьев инсанги вачуна жиндиего бокьараб бакlалде. Шайихас аманат гьабулеб буго жиндиеги щайтlаналъеги нух бащад бикьизегlаги бажаруларищали хал гьабеян. Гьеб нухлул жиндие тараб рахъадда зазги чlван, жив гьенисан вачlинеги гьукъун, гьеб тушманалъе гlатlилъи гъабугейилан.

**«Набзат-ус-санат» абураб кlиабилеб тlехьалда 28-абилеб гьумералда Гlободиясقدس سره хъвалеб буго: «Шаригlат-черх буго, суннат-рухl буго, магlрифат лъай-къуват буго, хlакъикъат-бичlчlи буго, лебаллъиги буго, загьираб гlелму-киналъего берзул канлъиялда релълъараб жо буго. Черх буго жиб багъарулеб жо, гьеб багъаризабулеб жо рухlги буго, унеб рахъ бихьулеб жо канлъиги буго. Гьеб лъабабго цадахъ гьечlони, дунял гъабизе бажаруларо. Киналъулго аслуги черх буго. Гьедин данде ккуни, Аллагьасде нилъ рачунеб жо**

**шаригІат буго, шаригІат камил гьабулеб жо суннатги буго, хІалалалабги хІарамабги батІа гьабизе лъалеб жо загьираб гІелму буго. Гьаб лъабабго гьечІони, Аллагь ﷻ разияб гІамал чиясухъа лъугьунаро. Воре, гьеб нух кколе Аллагьасде ﷻ щвезе бокьарав чияс».**

ГІободияс قدس سره гьадин нилъее васият гьабулеб буго Аллагь ﷻ лъаялде нужго гІагарлъизе бокьани, гІелму тІалаб гьабеян. Имам Нававаясул гьадинал рагІабиги рехсолел руго гьес, гІелму хиралъизе ккеялде гІадамал кантІизарулеб: «ГІелму буго нилъер киналго кІалзул хІухьелал жиндие нафакъаде кьезе мустахІикъаб жо гІелму гьечІони, инсан вацІцІалъуларо. ВацІцІалъичІев чиясул Аллагьсе ﷻ тІагІат-гІибадатги камиллъуларо. РакІги нафсги бацІцІалъичІого гІибадат гьабулев чи релълъунила, хьураб хІайваналъул бакъалги чуричІого, жанибго ракги тун, тІад гьанги лъун, бакьал цІолев чиясда. Гьединаб бакь квине бегьунгутІи баянаб жо буго.

КигІан гІемер гІибадат гьабуниги, ракІги черхги бацІцІалъизегІан чи квешал гІамалаздаса тархъанлъуларо. РакІ буго лугбузул хан. Лугбузул гІамалалда ракІ нахъбилълъунаро. РакІалда нахърилълъуна лугбал. Гьединлъидал цин ракІбацІцІад букІине ккола. Гьелъ лугбалги хадур цІала, мунагьал гьарияладаса цІунула. ГІободияс قدس سره хъвалеб буго: «ЖужахІалъул агьлулъун гьев лъугьинавулел гІамалаздаса инсан вацІцІалъизе ккани, ракІ бацІцІалъизе ккола квешал къасдаздаса, цинги гьелда дандечІеялдаса лугбалги цІунизе ккола: хІарамаб жоялдаса бер, мацІ, гІин цІунизе ккола».

Гьалдасан бичІчІулеб буго: ракІ бацІцІалъани, лугбазул гІамалги бацІцІалъулеблъи. Амма лугбазул гІамал лъикІлъи жеги ракІ бацІцІалъи кколаро. Масала, дур кквералъ цо чиясе садакъа кьуна. Гьеб лъикІаб гІамал буго. Амма дуца гьеб

садакъа цо кинаб бугониги пайдаялъе: мунго лъикӀав чилъун вихьизе, яги гӀадамаз мун сахаватчи вугилан веццизе, яги гъов чияс метер дуе цо лъикӀлъи, дур рукъалъул хӀалтӀи гьабизе гӀоло кьун бугони, гьеб дур кверзул гӀамал бацӀцӀадаблъун рикӀкӀинищ? Гьеб гӀамалалде квер гьесизебураб дур рекӀелъ бацӀцӀалъи букӀинчӀелъул. «Инсанасул ракӀ рукъалда релълъараб жо буго. Цо рокъоб нурги бецӀлъиги цадахъ букӀунаро. Чирахъ рекӀани, бецӀлъи лъутула. Чирахъ свани, бецӀлъи жаниб чӀола», - гьедин абулаго ГӀободияс قدس سره аварагасулﷺ хӀадисги рехсолеб буго: **«Инсанасул чорхолъ буго цохӀо нухалъ чӀамизегӀанасеб гьанал кесек, жиб лъикӀлъани, кинабго черхги лъикӀлъулеб, жиб квешлъани, кинабго черх квешлъулеб. РакӀин гьеб! КантӀе нуж! Цо къвачӀаялда релълъараб жоги буго гьеб, гъоркь махӀцелги букӀаго, жинда жаниб лъураб жо, кигӀан тӀагӀамаб, гьуинаб лъуниги, гьениб жаниб махӀцунеб».**

Гьедин Аллагьасул ХӀабибасги ГӀободияв قدس سره устарасги бусурбабазде ахӀи балеб буго щибаб ишалъулъ, рагӀулъ ва гӀамалалъулъ ракӀ бацӀцӀад чӀезабеян.

Аварагасулﷺ цоги хӀадис буго гьениб рехсон: **«ХӀарамаб жоялде балагьараб мехалъ ракӀ хола, дабагъ лъугьараб мехалъ тӀом холеб гӀадин. Гъоркь букӀараб хӀалалда тӀокӀаб гьеб буссунаро»**, -ян. ГӀободияс قدس سره абулааниланги хъвалеб буго ХӀабибуллагь ал-Гьарадерихъияс: **«Азарго нухалъ чураниги, буртина бацӀцӀалъуларо, гьеб буртинаялъе къачӀараб квас чурун гьечӀони»**.

БацӀцӀадаб буртинаялъе чурун къачӀараб квас къваригӀунеб гӀадин, шаригӀат бацӀцӀалъиялъе къваригӀунила инсанасе гӀелму. Амма гӀелму тӀалаб гьабизе ккола исламалъул нух камиллъиялъе. ГӀодобияс قدس سره рехсолеб буго, аварагасулﷺ хӀадис бугила «**ГӀалимзабаздехун чӀухӀи**

**гьабиялъе гӀоло, кьерилаздая гьоркьоб тӀадегӀанлъи щвеялъе гӀоло гӀелму тӀалаб гьабурав чи Аллагьасﷻ жужахӀалъуве лъугьинавулилан».**

Дагьистаналда гӀемерал мадрасабиги рагьун, гьанже гӀелму босизе ресалги щун цӀалулел ругезе цӀакъаб насихӀат буго гьеб.

ГӀелму тӀалаб гьабизе тӀадаб букӀиналъул бицун хадуб, Сайид МухӀамад-хӀажи ГӀободиясб قدس سره шартӀ бихьизабулеб буго мадрасаялда цӀализе чиясе: **живго жагьлуялдаса лъай гьечӀолъи-бецӀлъиялдаса хвасарлъиялъе гӀоло цӀализе ният гьаби-цо, жиндир гӀелмуялдалъун халкъалъе мунфагӀат гьабизе къасд гьаби-кӀиго, гӀелму чӀаго гьабиялъе гӀоло цӀализе къасд гьаби-лъабго хадубккун жинца гьеб гӀелмуялда гӀамал гьабизе гӀоло цӀализе лъугьин - ункъо, гьеб ункъабго шартӀалъе хилифлъун, ай ракӀалде ккечӀого цӀализе лъугьунев гьечӀолъи - щуго.**

Жинца Мадраса рагьун, гӀадамал цӀализаризе ккани, мударрисасеги къваригӀунила 10 шартӀ: **тӀоцебе -квешал къасдаздаса-хиялаздаса ракӀ бацӀцӀалъи, диналъулъ гӀадилав вукӀин, насаб хиралъи, тӀабигӀат-гӀамалалъул лъикӀлъи, гӀумруялъ цӀикӀкӀарав вукӀин, тӀадругел чагӀаздаса цӀунарав вукӀин, жиндие чара гьечӀеб къадаралда гурони дунялалда хьул лъурав гьечӀолъи, боцӀи-мал цӀуниялъулъ жинда божизе бегьулев вукӀин, жиндирго лъикӀаб лъай-гӀелму бугев вукӀин, дарс цӀализе изну бугев вукӀин.**

Гьал шартӀал ричӀчӀиялъги гӀезегӀан пайда гьабила гьаб заманаялъул мударрисазе.

Цоги бакӀалда ГӀободиясسره قدس хъван батула: **«Аварагасулﷺ хӀадис буго: «Нахъзаманалда гьаб уммат муъминчияс яги капурчияс къосинабилилан хӀинкъуларо**

**дун. Муъминчи иманалъ цlунула. Капурчиги Аллагьасﷻ гьезда тlаде виччаларо. Дун хlинкъула ракки жагьилав, мацlалъ хабарги бицунев, ай Аллагьасдаﷻ риханщинаб гlамалги гьабун, мацlалде бачlанщинаб бицунев мунафикъас къосинабилин дир умматилан».**

Гьаб хlадисалде мугъчlвайги гьабун, Гlободиясقدس سره кантlизарулел руго цlаларал гlадамазул гlелмуги гlамалги рекъезе ккеялде. Имам Гъазалица абун бугилан хъвалеб буго гьес, гьалбацlалдаса лъутулел гlадин, лъутайин нуж квешал гlалимзабаздасаян.

Гьаб заманаялъул ахlвал-хlал цебеккунго лъалеб букlараб гlадин, Шайихасقدس سره абулеб буго: **«Цо тайпа гlадамазул даран-базаралде руссана. Хlалкlвараб гьересиги бицун, дандияв махсародеги ккун, хlалаллъи-хlарамлъиялъул хал гьабичlого, рибаялдасаги цlуничlого, бечелъи тlалаб гьабизе лъугьана». Гьединал гlадамаз, халкъалда цере рахъун, цоцалъ къец бан гlадамазе «гlакълу кьеялъул»** букlине бугеб заралги бихьулеб, бичlчlулеб букlун буго гьев кlудияв шайихасда.

«Жидер гlумруго дуниялалъул боцlи тlалаб гьабиялда арал гlадамал цо мажлисалда-хlалкъаялда гlахьаллъани, цlакъ чlухlун, рохун чlола гlалимчийилан цояв, муридилан цояв. Жидеца сиратl бахун бугеб гlадин, гlадамазе вагlза-насихlат гьабизеги лъугьуна, жидерго нафсалъ тlаса бищараб жо бицун, Къуръан-хlадисалдаса щибго кьучl гьечlел жал рицун. Жидер рагlиялда тlад чи кlалъани, кlиявго цоцалъги рагъула жамагlатги гlенеккун. Цого жо цояс хlалал гьабула, цогидас хlарам гьабула. Гьаз гьабулеб гlамалалъухъ балагьани, шаргlалда рекъараб цониги гьебги батуларо. Гьезул боцlиялъухъ халгьабуни, гьел хвараб къоялъ хадуб хъвезе хlалалаб цониги гьебги батуларо. Хъизан-лъималазулги цонигиял ратуларо куфру-нифакъалъул ва фасикъзабазул

сифат жиделъ камурал. Гьезул цояв гьаб дагӀба сабаблъун куфруялде ккола, цого жо хӀалал гьабун, цогидас хӀарам гьабун кӀалъараб мехалъ. ХӀалалаб жо хӀарам гьабуни кафурлъилилан буго, хӀарамаб жо хӀалал гьабуниги кафурлъилилан буго. Гъоркьгоги иман загӀипал гӀадамазда, гьазул калам рагӀараб мехалъ, ракӀалде ккола аслуго гьечӀеб, цо-цо гӀадамазул пикру-хиялазда тӀад гӀуцӀараб жо бугин исламилан. Гьебги лъугьуна халкъ къосиналъе сабаблъун».

Гьедин инсан къосинчӀого вукӀине, гьесие къваригӀуна иршад. «Иршад абулеб жо гӀадамал тӀоритӀи буго, загьираб гӀелму малъун тӀоритӀаниги, тӀарикъаталъул вирд малъун тӀоритӀаниги. Гьеб кӀиябго нухалдалъун гӀадамал тӀоритӀулев устарасе къваригӀуна Аварагасдасанﷺ байбихьун гьоркьоса къотӀичӀеб тӀарикъаталъул силсилаялда вугев чияс изну кьезе, ай жиндирго маъзунлъун гьавизе, чӀван мугьругун, изну кьеялъул кагъатги хъван».

Амма гьеб иршадалъул агьлу цоцалъ дагӀбадиялдаса кӀудияб унти гьечӀилан бичӀчӀизабулеб буго гьижра гьабун гӀемер заман иналдего ГӀободиясقدس سره Дагъистаналде ритӀун рачӀарал кагътазда.

***



## САЙИД ГIОБОДИЯС ДАГЪИСТАНАЛДЕ РИТIУН РАЧIАРАЛ КАГЪТАЛ

Сайид ГIободиясулقدس سره гIелму-лъаялъул бицунеб гьаб тIехьалъул иргадулаб бутIаялда гьоркьоре, гьесул цо-цо гIаги Дагъистаналде ритIарал кагъталги, Вали-шайихасул жиндирго пикрабиги гъорлъе рачани, цIакъго лъикI букIинин ккола дида, хирияв цIалдохъан. Гьеб киналъго нилъее кумек гьабизе буго жеги гъваридго, камилго ва гIатIидго гьесул сипат-сурат загьир гьабизе, гьев анцIила ункъабилеб къарнуялъул Имамасул гIамал-хасияталъул хаслъабазулги, пикрабазулги каваби жеги гIатIидго рагьизе. Гьесул рухIиябгун-рухIанияб нахъарукъалъул хIайранаб хIужраялъул горсверуда гIодорги чIчIун, дунялалъулги ва ахираталъулги пикраби гьаризе. Аралда тIад ургъизе, жакъасеб къоялдаса битIун пайда босулелллъун рукIине ва метерисеб къоялде хIадурлъизе.

***

Цо гьарини бугеб
Дир гьудул дибирасдехун,
Дир берал къанщидалго
ТIолго рехун тогеян.
Цингиги гьари бугеб
Берзул нур будунасде,
Чорхол рухIгIан хириял
ГIолохъаби ракIарун,
ГIалимзаби данделъун,
ЖамагIатчагIи рачун,
Нужеда гъорлъ дун вугин,
РакIалъ хиялги гьабун,
БацIцIадаб тавбу гьабун,
Дагьаб зикруги бачун,
Пакъирасул рухIалъе
ХIалал гьабун кьейилан.

Къиямасеб къоялда
Махлукъат бакIаридал,
Халикъасда цере чIчIун,
ХIисабалде лъугьиндал,
Гьарунщинал мунагьал,
Мухтарасде руссиндал,
ХIабибги цIакъ пашманлъун,
Аллагьасулﷻ ццин бахъун,
Умматалъул гурилан,
Авараrﷺ нахъ вуссиндал,
Кавсаралъул лъедаса
Нилъ нахъе рачахъани,
Нужей алжан кьезе дий
Биччас изну кьечIони,
Нужедаса къурбанлъун,
Лъугьина жужахIалде.

***

Дур иман щибан абуни
-Анлъго жоялда мун божи.
Аллагьасдалъун ﷻ тIухьдузда,
ТIолго малаикзабазда,
Киналго анбияазда,
Къиямасеб къо чIчIеялда,
Къадар бичасуллъиялда,
Махлукъасул кверщел
гьечIеб,
Киниги сабабал рижун,
Лагъзадерихъ ихтияр кьун,
Халикъасул машиятал
Ракьалда жал свердулила.
Лагъзадерил гIамал бижун,
ГIамалалъе сабаб тIамун.
КIиябгоги цадахъ бачун,
Гьабулила жиндир мурад.
Къадар жиндир бугониги,
Сабаб лагъзадериллъидал,
Сабаб гьаби хIисаб гьабун,
Гьабулила гьесий жаза.
ТIагIатгиму мунагь гьаби
БетIергьанас бижаниги,
Гьелъул сабаб гьабунилан,
ГIазабгиму кири хъвала.
МацIалда тIад ракIги рекъон,
Иман ислам хьихьанани,
Гьесий алжан тIадабила,
ТIокIаб гIамал гьечIониги.
Алжанги кьун воханиги,
ГIавамазул хIисаб гьабун,
Даражаялъ мухIкан гьавун,
ХIасраталде жив кколила.
ХIабибасул суннат тедал,
Ризваналда пардава ккун,
Гьардолевго чIчIоларила,
ЖужахIалъул агьлу гIадин.
Гьеб имангун ислам хьихьун,
Гьелда цадахъ суннат цIунун,
БидгIияб жо жибго тани,
Тавбуялда хIел-хIедани,
Бичасул цIобалдалъун,
ЦIар сагIидиланги абун.
ХIабибасул чодрохъила
МахIшаралъул агьлу урхъун.
Иман ислам лъазе гьаби
Гьаб халкъалда
тIадаблъидал,
Рукну камун бегьичIилан
ФатхIул мубин гаргадидал,
Факъир ГIободияв кIалъан
Баян гьаризин арканал.
Иманалде халкъ ахIани,
ХIабиб разилъилевилан,
ХIабибасул шапагIат щун,
БетIергьанас тIоритIизе.
Бичас нилъер иманалъе
Микьго рукну гьабун буго,
Гьезул цохIо камун тани,
Гьесул иман тIубаларо.
ТIаса хвалчен боси гуреб
Хабал гIазаб босуларо.

Микьалъулго цо камуни,
Нифакъалъул цIар абула.
Гьелда хадуб исламалъе
Аллагьасﷻ тIад гьабун буго
Щуго амру тIобитIизе,
Щуялъулго цо камуни,
Фискъуялъул цIар абула,
Как байигун кIал кквей буго.
ЗакагIатгун сахIги бахъун,
БоцIиялда хIал кIванани,
ХIаж гьабизе живгу ина,
Гьелдаса жив хилиплъани,
БоцIи кьезе тIад гьабуна,
Гьеб щуялъулгоги бетIер
Исламалъул тIоцебесеб
МацIалда тIад ракIги рекъон,
КIалалъ шагьадат тIобитIи,
Халкъалда жиб тIад гьабураб.
Аллагьасﷻ тIад гьабун буго
ТIолгосебго гьаб халкъалда
Лагълъи жиндий гьабийилан,
Цойгидаб жо жибго теян.
Гьелда хадуб изну кьуна
Лагъзадерий гьарудизе.
Жодор чурхдул загIиплъани,
Лагълъи жибго телебилан.
Гьеб лагълъиги лъабго буго,
Лъабалъулго цо камуни,
Мункирилан цIар абула,
Суннатгиму важиб буго,
Гьелда хадуб фарзги буго,
ГьабичIого жиб гIолареб.
Гьеб тун нахъа бидгIа буго,
Воре мискин мун гуккуге.
БидгIаялъул агьлуялде
ХIадисалда абун буго
ЖужахIалъул гьабийилан,
Щаклъанани капурлъила.
ГIамал бихьун жаза гьабун,
Нахъа тархъан риччаниги.
Воре дугIа, диналъул вац,
Диеги камизе тоге!

***

**Сайид ГIободияс قدس سره ГIарабустаналдаса битIун бачIараб, Гьухъалиса МухIамадил яс, Написатие хъвараб кагъат:**

ТIоцебе киназдего саламги хъван, хадуб хъван буго гьадин: Цинги гIемераб салам буго дир насихIат къабул гьавулев, дир вирд тIобитIулев кинавго чиясде.

Цинги нужеда тIадаб буго гьадинаб заманалъ Аллагьасулﷻ шаргIалъ абухъе жодер гIужазда щуябго как цIуни, шурутIалгин цадахъ, заманаялъул агьлуялда жаниб берцин хьвадиги буго, хIарамалдасаги, шубгьаялдасаги цIуниги буго.

КIиябго рукъалда гьалаглъулел жалаздаса цIуниги буго, росабалъ свердиги, зиярataлги тун, варагI бугел гIалимзабазухъеги, жо хIакъ гьабулел фукъагьаазухъеги хутIизегIан ищкал ккараб жо гьикъизе.



Ножеде тIаде бачIине буго анкьго соналдаса хвалиде урхъулел умурал. Чан нухалда нужеца тIарикъат чIунтизе гьабураб, рагъаздалъун, питIнабаздалъун шайихзабазул изнуги гьечIого, чан дир амру гIадада хвезе тараб муршидзабиян ругел гIаламазда хадурги лъугьун. Гьанже дида гьаб Дагъистаналъул умурал гьенир акътIабаллъун машгьурал, гIакъилал муршидзабиян ругел чагIазде тIамун тана.

Вореха гьаб дир насихIаталда нахъ рилъарал чагIи, нужеда гьаб дир каламалдалъун ракI чIчIезе гьабуге нилъер тIарикъат битIараб, нахъиязул батIулаб букIиналда. Гьеб кIудияб къосен, сурараб гIисян буго, кинабго чIухIиялъул бетIерги гьеб буго.

Гьаб дир каламалдасан мурад буго шаргIалъул парзалда тIад чIчIей, диналъул хIудудал цIуни, гIорхъодаса араб жо зидалде сверулилан хIадисги буго.

Гьединго, мех щвелалде цо жо тIалаб гьабурав чи, заманаялъул хIал бихьиялъ къватIив чIвазе гьавула.

Загьирияб гIелмуялъеги, батIинаб иршадалъеги изну букIин шаргIалъ тIад гьабун буго, Аварагасдаﷺ хурхун букIинеги тIалъулеб гIадин.

ТIоцебе гьаб изну Дагъистаналда Ярагъиясдасан тIибитIана Сугъуриясде щвезегIан, шейх Жамалудинидасаги шейх ТашавхIажиясдасаги баянаб изну щвана шейх БащтIавиеги шейх Илисханийеги ва гьезул хулапаазеги.


فاول هذا الاذن الصحيح للارشاد
انتشر في الداغستان من اليراغي فقط حتى يصل الى الثغوري وجمال الدين وتشوحاج
رضي الله عنهم فانقطع الخلافة وانقرض الاذن الصريح في مملكة الامام امير المؤمنين
شمويل الكمراوي اعلى الله درجته من الحضرة العلية شيخ جمال الدين قدس سره العزيز
الا في شكي وشروان وتويس واقام الخلافة واتصل النسبة من تشوحاج
بالاذن الصريح على الشيخين بتستو والسرخان اي حاج كنت قدس الله سره
العزيز وخلفاهما واقام الخلافة واتصل النسبة بالاذن الصريح من الثغوري رضي الله
تعالى عنه على الكاتب الفقير لا بالسرقة والا نتحال على يد جم غفير وجماعة كثير
واقمت مقام العالم الحاج احمد الغوقي الهغالي كما اذنت للتلقين واعطاء الاوراد
الورد للخلق للحاج ابكر الملطي والحاج فرمحمد الخشدادي وادريس الترخاني
واخذت العهود على الكل ان لا يذكروا احدا من المشائخ والمريدين ولا
يعاندوا احدهم هذا والسلام
من خط خط خط خط السيد العبودي
المدفون في مكة المكرمة قدس الله سره
العزيز ورزقنا بشفاعته
آمين

Сугъуриясдасан бачIана гьав пакъир ГIободиясе, бикъахъамун, гьересиго гуреб, гIемераб халкъалда цебе кьун, щвана.

Цинги дица дир бакIалда халипалъун тана ***Гъумекиса ХIажи АхIмад,*** халкъалъе вирд малъизе изну кьураб гIадин, ***МелъелтIаса Абубакар-хIажиги***; ***Хуштадаса ПирмухIамад- хIажиги; Турхъалиса Идрисги.***

Дица гьездаса къотIабиги росана щивниги шайихги, муридги рехсечIого рукIине, гьездехун хIал хъублъиги гьабичIого рукIине.

***

**Сайид ГIободияс قدس سره ГIарабустаналдаса бачIараб кагъат:**

Авалалда салам-каламгун, ахиралда гьадинал рагIаби:

«Цинги, дида рагIана нужеда гьоркьо диналъул бихха-хочи ккун бугилан, шайихзабиян рахъарал цо чагIазда нахъги рилъун.

Чара гьечIеб жо буго гьединал чагIазул хIалбихьи гьабизе ккола.

Гьезда нужеда гьал жалазул магІна гьикъе шаригІаталъул магІна, тІарикъаталъул магІна, магІрипаталъул магІна, вусулалъул магІна, сулламул гІуруж гьелъул даражаби, иттисал, инфисал, гъайбат, хІузур, мушагьад, истигъракъ, муракъабат, тІумаънинат, талвин, тамкин, иман, гьелъул чара гьечІел жал, гьелъул лъугІун кколеб бакІ.

Гьал киналго жалазе жаваб кьурав чи гІалимзабада бажарулареб куцалда, Къуръан-ХІадисалдасаги босун, гьев чи шаргІалъул аминияв чи вуго, Расуласул варисги вуго, халкъалъул Имамги вуго, Расуласул халипаги вуго, шаргІалъул мухІакамги вуго.

Гьев чи дирги, нилъер сайидзабазулги маъзумги вуго, гьесдасан хІал кІвараб куцалъ мунпагІат босе.

Гьел суалазе жаваб кьезе лъачІуни, гьев чи шаргІалъул хиянатчи вуго, диналъул цІогьорги вуго, бусурбабазе питІнаги вуго, живги къосарав, жинцаги къосине гьарулев, жиндиего кепкал ракІарулев чи вуго, жиндего гІадамал руссине гьарулев чи вуго.

***ХІадис буго:*** «Рахчун рукІин рахІат буго, кинавго чияс гьелдаса цІунизе тІалаб гьабула, машгьурлъи-балагь буго кинавго чияс гьелде хьул гьабула».

Гьаб буго бусурбабаде балагь бачІунеб бакІ, гьелги рихахочулеб бакІ.

Нилъеда тІадаб буго гьересичагІи хъамизе, хІакимзабада лъазе гьабунги».

***

### Сайид ГІободияс قدس سره ГІарабустаналдаса бачІараб кагъат:

. Аллагьасдаﷻ аскІоб жодор макъам бугилан, жодое шайихзабазул изнуги бугилан дагІба гьабулел чагІазда тІадаб буго:

АлхIамалдалъун бисмиллагь баян гьабизе, иза вакъагIатиялдалъун алхIамги баян гьабизе, Къуръаналдалъун иза вакъагIатиги баян гьабизе, мутуназдалъун фуругIалги баян гьаризе, ункъабго мазгьабалда цоялъ цояб хвезе гьабичIого. Гьаб буго фатхIуялъул бищун дагьаб къатIрат.

Гьадаб баян жиндилъ камиллъарав чиясда тIадаб буго кинавго муршидасеги, гIалимасеги таслим гьабизе, ай дагIба тезе.

Гьедин гьечIони гьев ПиргIавнидасаги, Намрудидасаги квешав питIначи вуго.

***

**Сайид ГIободияс قدس سره ГIарабустаналдасан бачIараб кагъат:**

Хуштадаса устарас сайидасде битIараб кагътил ахиралда гьадин хъван буго:

Цинги, дица дудасан изну гьарула азаргоялдаса цIикIкIун зикру кьезе, муридзабаца цIикIкIун кьей тIалаб гьабулеб буго.

Цогиги, мун дидаса цеве накълолъани, дунги иршадалъул даражаялде щвечIони, гьаб дир рахъалдасан бегьизе бугищ, ялъуни тIубанго къотIараблъун ккезейищ бугеб? Гьеб дуца дие баян гьабе, дун гIисяналде ккечIого вукIине.

Гьелде данде бачIараб Сайид ГIободиясул قدس سره жаваб:

. Вирдилан абуни гьелъул маратибал гIемерал руго.

Нилъер гIурпалда бищун дагьаб щунусго буго, кIиабилеб даража- азарго, лъабабилеб-щуазарго, ункъабилеб-анкьазарго, гьедин буго нусиялда цо азаргоялде щвезегIан сордо-къоялда жаниб.

Амма загIипал, гIажизал чагIазе дица азаргоялда лъугIун ккезе гьабула.

Эхедехун зикру бахарабгIан къадаралда гIазаималги цIикIкIине гьаризе ккола, рухсабиги тезе ккола.

МагӀишат гьабулел, хӀалтӀулел чагӀазул гьелда хӀалги кӀоларо цӀикӀкӀине гьабизе, босарас жинцаго хӀал кӀвараб куцалда цӀикӀкӀине гьабе изнуялдалъун.

Амруян абуни, дун цевеса аниги, дудаса къотӀараблъун ккезе гьечӀо, дурго такъсир ккун, Аллагьасде ﷻ гӀассилъун, иршадалъе, вилаяталъе бегьуларев лъугьани гурого.

***

***Анкьабго ракьалде цере кверал ккун,***
***Дица гьаб Дагъистан хьихьун букӀана.***
***Гьанже цо хӀалалда хутӀиларилан,***
***Жиндир квералъ хъвараб кагъат бачӀана.***

***

**Сайид ГӀободияс قدس سره ГӀарабустаналдасан бачӀараб кагъат:**

Гьаб кагъат хъвалеб буго гӀажизав Шайихасдасан - МухӀамад ад-Дагъистаниясдасан قدس سره исламалъул агьлуялде, муридзабаздеги, хасго дир муридзабазде.

Ассламу гӀалайкум ва рахӀматуллагьи тагӀала ва баракатугьу. Амин!

Амма багӀду ва гьелдаса хадуб. Цоцалъ рокьа-хинлъи гьабиялдалъун цебе тӀарикъат букӀиндал алжаналде лъугьиналъе сабаблъун, батӀияв маъзунасде, батӀияв шайихасде хьандон, цоцалъ дагӀбади, цоцада нахърилъунгутӀи сабаблъун гьанже гьебги лъугьун бугелъул жужахӀалде иналъе сабаблъун, дица нужеде насихӀат гьабулеб буго, я, иман лъурал гӀадамал: кагъат хъван, мугьруги чӀван ссарихӀаб кьучӀаб изнуялдалъун жал ругел киналго шайихзабиги гьезул маъзунзабиги руго Аварагасул ﷺ варисзаби. Муршидасдеги, сахӀихӀав хӀакъав, витӀарав маъзунасдеги жинца инкар гьабурав чи — гьев ккола Расуласде Аварагасде ﷺ, инкар гьабурав чи. Аварагасде ﷺ инкар гьабурав чи ккола, Аллагьасде ﷻ инкар гьабурав чи.

Аллагьасдеﷻ инкар гьабурав чиги капурлъула, ай капурчи вуго гьев.

Аллагьасﷻ абуна: «Ла нурил минкум илла мувраддатан филкъуба». Гьединго абуна: «Инна ллазина аману саяжгIалу лагълу ррахIману вудда». Аллагьﷻ вокьи жинца ццин бахъиналъухъ хисарав чи хIакълъунго иманалъул гIаламатаздаса вахъула ай гьесдаса иман батIалъула. Гьелъул пикру гьабе нужеца, дие бокьулеб агьлу, нужеда Аллагьﷻ гурхIаял! Дие дугIаги гьабе».

***

**Сайид ГIободияс قدس سره ГIарабустаналдасан бачIараб кагъат:** *къокъ гьабун бахъулеб буго*

ХIажи МухIамад ал-ГIободиясдасан قدس سره киналго муридзабазде.

Ассаламу гIалайкум салам буго цIадал тIираби рикIкIун, гъутIбузул тIанхал рикIкIун. Амин!

Амма багIду ва гьелдаса хадуб. Шайихзабазулги устарзабазулги изнуги гьечIого, дагIбаги фитнабиги гьарун, чан нухалъ нужеца тIарикьат хараб гьабизе хвезабизе бугеб? Дир амруги нужеца чан нухалъ гIадада хвезабилеб, ишадалъулъ цоцазде дагIбабиги ран? Гьанже дица Дагъистаналъул иш тIамун тана нужерго машгьурал къутIбуязде ва гIакъилал муршидаздеги. Гьаб дир насихIаталда нахърилълъарал чагIи, нужеца нужго цIуне, гьаб нижер нух битIараб бугин, ниж гурезул нух мекъабилан абулеб бугин дицайилан ккун, нужеца гьелда ракI чIезабиялдаса. Щаян абуни, гьеб игIтикъад ракIчIезаби кинабгоги къосиналъул бищун кIудияб къосин буго, гIисяналъул бищун къабихIабги буго. Элдаса Аллагьасﷻ цIунаги. Загьираб тадрисалъеги гIелмуялъеги батIинияб балъгояб иршадалъеги изну кьей, шаргIалда рекъон, тIадаб жо буго. Киналго разилъун гьеб кIиялъулго шартIгунги рикIкIуна Аварагасдаﷺ сахIихIияб

батIияб къагIидаялъ хурхинаби ай аварагасдасан бачIараб букIин чIезаби.

***

**Сайид ГIободияс قدس سره ГIарабустаналдасан бачIараб кагъат:**

Гьаб кагъат хъварав факъирасул - ХIажи МухIамад аль-ГIободиясулقدس سره рахъалдасан гIабадерил жамагIаталде, гIагарлъиялде, гьудулзабазде, хасго дие бокьулеб агьлуялде, хасго яцалде Умукусумиде, ва МухIамадидеги, ясаздеги, ва ГIабдулфатахIиде, Булбулиде, МухIамадил вас ХIусениде, эсул яс ФатIиматиде, ва Сиражудиниде, ва гьоболасдеги. Ассаламу гIалайкум ва рахIматуллагьи ва баракатугьу, чIинхал рикIкIун, миччил-гамачIги рикIкIун салам буго. Амин.

Амма багIду ва гьелдаса хадуб. Нилъеда гьоркьоб сафар халалъидал, нилъер махIаббатги рокьа-хинлъи къотIидал, дица битIулеб буго нужехъе кагъат, нижер ахIвал-хIал баян гьабун, нужеда нижер ахIвал-хIалги лъазе. Нужеца гьикъулеб батани нижер ахIвал-хIал, ниж Аллагьасе ﷻ реццалда руго. Кинниги дун ватIалъана хъизамалдаса, цо чачанай чIужу хутIизегIан.

Инна лиллагьи ва инна илайгьи ражигIун. Аллагьас ﷻ дун хвезе гьавун вукIаравани гьаздаса цеве. Алдаги разияв вуго. Эбги бацIцIадаб Аллагьасул ﷻ къадар буго. Цинги нужеда тIадаб жо буго: нужеца хъвай нужер ахIвал-хIал, хваралги баян гьарун, цIарал хъван. Вассалам.

Цинги гIемераб салам ГIободаса МухIамадил вас ХIусениде, ГIорутIаса МухIамадидеги, Колоса ГIумаридеги. Нужеда лъалел дир налъабиги ракIаре. Нужецаги босе ГIободаса МухIамадил вас Шамхалихъа щуго тумен.

Цинги азарго, азарго, азарго салам дир лъималазде — дие рокьулел рухIаздеги. МелъелтIаса Абубакар-хIажиде, АргъванисаМухIамад-хIажидеги, Хушдадаса ФирмухIамад-

хlажидеги-нужеде васият гьабулеб буго, дир лъимал, нужеца тlадчlей гьабе нуфусал чурхдул цlунииялдаги, муридзабазе тарбия кьеялдаги, халкъ тlобитlиялдаги. Нужги цlуне гlадамазе нужго машгьурлъиялдасаги диналъул вацазда гьоркьоб дагlба-рагlи гьабиялдасаги. Дие дугlаги гьабе.

***

Эрпелиса Давудие Гlободиясقدس سره гьабураб вагlзаги буго гьеб тlехьалда. Тlубанго кьечlого, гьелъул байбихьи гьаниб хъвазе рекъараблъун бихьана: **«Я, дир вас, мун рикъзи тlалаб гьабизе хехлъуге. Рикъзи гьечlо хехлъиялда бараб жо. Рикъзи буго лавхlалда ажалгин инсан холеб лахlзатгин цадахъ хъван. Дуца сабру гьабуни, рикъзиялъ мун тlалаб гьавизе вуго. Гьаб буго Аллагьасﷻ нилъее гьабураб вагlза. Мун гьеб вагlза къабул гьабулевлъун вукlа.**

**Тажвидалда махражалда Къуръан цlале. Хlуруфал тlерен гьариги, риццат гьариги хавасазда тlадаб жо буго, ай кьури гьечlеб фарз буго».**

Къуръан цlалейилан васият гьаби гуребги, Гlободиясقدس سره жиндирго тlахьазда насихlат гьабулеб буго Къуръаналъул къимат гьабейиланги. Къуръан жаниб бугеб гъамасалдагицин квер хъвазе хlарамаб бугила какичури гьечlони. Гьединабго хlурмат-адаб гьабизе тlадаб бугила Аллагьасулقدس سره шаргlалъул бицунел тlахьазулги.

Тlехьалъул ахиралда «Гlободиясулقدس سره риваятал» абулеб бетlералда Гьарадерихъа Хlабибуллагьица лъун руго гьес абулел рагlарал жал.

Нижецаги кьолел руго:



*ГIалимчи Сиражудин ХIайбулаев (м.ч.) ва тIехьалъул автор МухIамад ХIасанов ГIобода зияраталда*

## ГlОБОДИЯС قدس سره АБУЛААН

Жив мурид вугин, жиндир муридзабиги жиндие устарзабилъун ккун ругин, жиндие бокьараб жоялда гьел нахърилълъунарого, жив гьезда нахъвилълъине ккун. Гьединал чагlиги жиндир муридзабилъун рукlине мустахlикъал гьечlилан абулаан шайихас.

Жиндир устар гlадамазда гурхlуларилан ракlалде ккарав чиясда гlадамалги гурхlизе гьечlо. Гьесда ракlалде ккани устарасдаса пайда щоларилан, гьесие устарасдаса пайдаги щвезе гьечlо.

Хlалтlиялде машгьулав чияс вирд гьабизе бегьула кивениги унаго нухда ва гьеб гурелъубги.

Хlалтlуде араб бакlалда цо парччи цlураб гурони лъим гьечlони, цо рахъ хlалтlизе гьабе какичуризе, цояб рахъ тlагьарат гьабизе ва гьеб гуребги хъублъи тlаса инабизе.

Гlободиясда قدس سره гьикъана, цо къоялъ рабитlа гlемер гьаби лъикlаб жойищин, яги нахъчlвараб жойищилан. Жаваб гьабуна лъикlаб жо бугилан.

Дида рагlана Гlободияс قدس سره абулеб, рузман къоялъ Аварагасдеﷺ битlулеб салават гьоркьоб къотlизабун кlалъаялъул зарал гьечlилан. Цогидал вирдаздехун хилифлъун, гьоркьор кlалъазе бегьуларо, кинниги чара гьечlолъиялъул нухалда салам буссинабизе бегьила. Цоги гьес абуна: «Рузман кьоялъул салават хамиз къоялъул къалъул гlужалдаса байбихьун битlизе бегьула рузман къоялъул ахиралде щвезегlан».

Муридасда жиндирго устар ракlалде щвараб мехалъ ва гьесдеги гlашикълъараб мехалъ, чвахун унеб лъадахъ валагье, устар вихьизе вуго, гlишкъуги буссине буго. Ялъуни гlурччинал гъутlбузухъ валагье, гьенивги вихьизе вуго, гlишкъуги буссине буго.

Цо къоялъ цІикІкІине гьабун, цоги къоялъ дагьлъизе гьабун, вирд гьабизе бегьуларо.

Гьесул гІадат букІана ретІел квараналдасан байбихьун ретІунеб, тІаса бахъулаан квегІалдасан байбихьун.

Черхалда бахараб хъублъи гьес кваранаб кверacross тІаса инабулароан.

Кьураб жо квегІаб кверлъ босулароан. КвегІаб кверлъ чияхъеги кьолароан.

***

**Сайид ГІободияс قدس سره малъулаан:**

-Гьаб дунялалда тІад букІанщинаб куллу-гІалам ГІарасаталъул майданалде хІисаб-суалалъе БетІергьанас ракІарараб мехалъ, гІаданиб нах гьалиледухъ ракьалде бакъ гІагарлъараб къо букІине буго.

Гьеб мехалъ МахІшаралда сверун лъугьун амлаказ гІадамазе гІакъуба кьолеб мехалда, циндаго, гьатІипалъул гІадинаб цо гьаракь рагІулила: «Аллагь ﷻ вокьи-дин бокьи, ХІабиб вокьи-дун вокьи! ГІун бугин гьезий гІазаб, тейилан гьарулила.»

Гьениве цеве вачІунила, жибго гвангъараб бакъ гІадин, Муршидун Камил, ва киналго гІадамал гьесул гьаркьидаги хІайранлъулила.

Цинги хадуб абуни кулли гІаламалъул рахъунила жидеего кумек гьарулел гьаркьал: Аллагь ﷻ! ХІабиб! Устар! -абун.

Гьелдаса хадуб Аварагасул ﷺ пишаби, гьесул суннат, иттибагІ-гьеб кинабго цІунаравщинав чи вачунила Муршидас ХІабиб АхІмадихъе, алжаналъул агьлу хІисабалда.

Вореха, нуж Хирияв ХІабибасул суннатазде кІвар кьолареллъун рукІунге жакъа дунялалда, метер ахираталъул къоялъ къосун ккаразда гъорлъ ратичІого рукІинелъун, - абун.

***

Сайид ГIободияс قدس سره жиндирго муридзабазда абулаан: «Анкьабилеб зодосан гIодоре рортиго лъикIаб буго нужее, дир берзукьа рортиялдаса. Анкьабилеб зодоса гIодове вортарав чи холаро, дир берзукьа гIодове вортарав чи хола», - ян.

Сайид ГIободияс قدس سره абулаан: «Жиндие вирд къваригIун вачIарав чиясда малъизе изну буго, бокьарав муридасул, хисичIого рабитIа лъалев чи вугони», - ян.

***

Сайид ГIободияс قدس سره абулаан: «Устарилан вачIарав чиясда нужеца гьикъейила, МухIамад Аварагасда ﷺ хадув мигIражалде унеб мехалъ, дуда цевеги хадувги щив вукIарав?» - абун.

Гьединго, абулаан, ***дунги вихьичIев, дунги вокьарав, дир вирдалги гьарурав чи-дир мурид вуго. Гьесде дир балагьиги щвезе буго, дун вихьарасдасаги цебе.***

Жеги абулаан, ***дун чIаго вугеб мехалъ, лъалиниб лъураб хвалчен гIадин вукIине вуго, амма хун хадув абуни, лъалиниса бахъараб хвалчада релълъун вукIине вугохаянги.***

Нахъеги жинда Аллагь ﷻ гурхIаяс абун буго. «ТIадегIанав Аллагьас ﷻ дие квербакъи гьабуна дун Сиррул къадаралде ваккизавизе.» абун.

Сиррул къадар абуни буго ЛавхIул махIфузалде хIукму босулеб бакI.

Гьабги буго Сайид ГIободияс قدس سره бицунеб букIараб жо.

«***Ажвибатун марзият***» абураб тIехьалда абулеб буго.

«Васазда, ясазда, руччабазда, багьа тIадегIанаб ретIел ретIун, бертаби гьарун, ясалъе къайиги кьун, рукъалъул агьлуялъ яс фасикъасе кьун, васасе фасикъайги ячани, фасикъзабаздехун хурхен гьабулел чагIазе гIела Аварагасул ﷺ гьаб хIадис абун. ХIадис: фасикъасе яс кьурав чиясде сордо-къоялда жаниб Аллагьасул ﷻ азарго нагIана рещтIуна, гьесул

гІамалги бахунаро зобалазде, гьесул дугІаялъе жавабги гьабуларо, гьесул фаризаяб ва суннатаб какги къабул гьабуларо. «***Анисул жалис***» абулеб тІехьалда буго, яс гьарани гІалимчияс, яги гІелму цІалулев чиясниги, гІибадат гьабулев чиясниги-гьарун кьечІони, фасикъасе кьуни, чІужуялда цІар ккела. Яс разилъани, гьезги гьарулаго, фасикъасе кьезе, гьейги кафурлъила.

Бищун бигьаго нилъ щайтІаналъ гъоркье рехулеб бакІ буго къадаралда иман лъунгутІи. Аварагас ﷺ анлъго жоялде иман лъеян амру гьабуна жиндирго умматалъе: Аллагьасде ﷻ; малаикзабазде; тІухьдузде; аварагзабазде; Къиямасеб къоялде; къадаралде. Аллагьасде ﷻ иман лъуравлъун вукІунаро, къадаралде иман лъечІев чи.

-Нужедасан цояс гІибадат гьабула, иманалъул рагІалги ккун жиндиего лъикІаб жо щвани, Аллагьасе ﷻ рецц гьабун, алхІамдулиллагьанги абун. Амма рихараб жо тІаде бачІани, гьезул гьумер букІкІуна-гьел руго дунялги ахиратги жидеда кодоса босарал чагІи. Аллагьасул ﷻ хІукмуялда данде чІчІезе бегьуларо гьеб кинаб бугониги, чІчІани гьев чиги кафурлъула.

-Нифакъ, чІухІи, хІасад, хІал хъублъи ццин бахъин, хиянат гьаби, гъибат, гьереси бицин, макру, хІилла ва гьел гурелги рекІелъ хъублъи бугев чи исламалъ какула чияр жо бикъулесдасаги, зина гьабулесдасаги, жа гьекъолесдасаги цІикІкІун.».

***

Сайид ГІободияс قدس سره камилаб иманалъе микьго рукну бихьизабун буго.

***Гьел рукнабиги гьал руго***: зикру; хиялаздаса ракІ цІуни; суннат цІуни; ХІабибасул тІабигІат кквей; шайихасулгун гьалмагълъи кквей; шайих гуреб жо кІочонтей; шайихас жинда зикру малъи; шайихасул гІакълуялда, гІалим вугониги, нахъвилъин.

Гьаб микьабго рукну буго чара гьечӀого камилаб камалаталде вахарав чиясе бугеб жо.

*Бичас нилъей иманалъе*
*Микьго рукну кьун буго.*
*Гьезул цохӀо камун тани,*
*Гьесул иман тӀубаларо.*
*ТӀаса хвалчен боси гуреб,*
*Хабалъ гӀазаб босуларо.*
*Микьалъулго цо камуни,*
*Нифакъалъул цӀар абула.*

***

Ахиралда гьанир рехсезе мустахӀикъаллъун рихьана Гьарадерихъа ХӀабибуллагьил цӀакъго рекӀелъ рекъараб вагӀзаялъул рагӀаби: **«Я, мун-Аллагь ﷻ разилъи тӀалаб гьабулев чи, чияр гӀамал цӀазе кодоб ккураб цӀадироги гӀодобе рехун, дурго хӀетӀе чӀолеб бакӀалъухъ валагье. Дурго нафс цӀалеб цӀадироги кодоса кьуризе биччаге. Къиямасеб къоялъ дуда дурго гӀамал гурони цӀехоларо. ЛъикӀаб гъабизе, квешаб тезе тавфикъ къеги Аллагьас ﷻ».**



## САЙИД ГІОБОДИЯСУЛ قدس سره ЦО-ЦО МАЛЪА-ХЪВАЯЛ

Жинда нахъ рилълъаразда ***Сайид ГІободияс*** قدس سره абулеб буго, гьединал гІадамазе тарбия кьолеб жо бугила шаригІат абун, шаригІат черх бугила, суннат рухІ бугила, загьираб гІелмуги берзул канлъиялда релълъараб жо бугила, шаригІаталъул макъам батани хІарамаб жо жибго тей, – тІарикъаталъул макъам бугила хІарамлъиялда хІинкъун хІалалабги тей, хІарамабали щиб гурин, хІалалаб кванил цІураб чехьгІан рихараб къвачІа гьечІила Аллагьасеян.

Нужеца хІакъаб жо лъазе гьабе, нух лъан хадувин нухдасан унев чиги лъалев. Нилъеца кунеб кванил бацІцІалъиялда бараб бугила гІамалалъул бацІцІалъиги.

Аварагасул ﷺхІадис буго, партал бичун босулаго кьураб анцІго диргьамалъул цо диргьам хІарамаб бугониги, гьеб ратІлил цо рукъи тІад бугониги, ургьиб хІарамаб квен бугониги, гьесул гІамал бахунаро зобалазде, гьесул дугІаялъе жавабги гьабуларо, паризаябги суннатабги какги къабул гьабуларо.

КІикъого къоялъ хІалалаб квен кванарав чиясул ракІалда Аллагьас нур базе гьабула, ракІалдасан мацІалде хІикматазул иццги чвахизе гьабула. Нилъер магІишат хъублъизабизе хІарамаб жо гІемераб букІине кколаро, парталалда хъублъи букІаго, как базе хІарамаб бугеб гІадин, дагьаб бугониги хІакъ тІад хурхани, васияталъе бахъизе киниги, садакъаде кьезеги хІарамлъула.

**Жиндица гІелму лъазабизе ният гьабурав чиясул рукІине кколел мурадал руго гьал:**

1. Живго жагьлуялдаса хвасарлъиялъул мурад.
2. Жиндир гІелмуялдалъун халкъалъе мунпагІат гьабизе бокьи.
3. ГІелму чІаго гьабиялъул мурад.
4. ГІелмуялде гІамал гьабулевлъун вукІин.
5. Гьеб мурадги гьечІого гІелмуялде машгьуравлъун вукІин.

***

**Жинца мадрасаги рагьун, гIадамал цIализаризе кканани, мударрисасе къваригIуна анцIго шартI:**

1. Квешал къасдаздаса ракI бацIалъи.
2. Диналъулъ гIадилав вукIин.
3. Насаб хиралъи.
4. ТIабигIат-гIамалалъул лъикIлъи.
5. ГIумруялъ цIикIкIарав вукIин.
6. ТIад ругел чагIаздаса цIунаравлъун вукIин.
7. Жиндие чара гьечIеб къадаралда гурони дунялалде хьул лъуравлъун гьечIолъи.
8. БоцIи-мал цIуниялъулъ жинда божизе бегьулевлъун вукIин.
9. Жиндирго лъикIаб гIелму-лъай бугевлъун вукIин.
10. Дарс малъизе изну бугевлъун вукIин.

***

Жал реццарал гIамалазда гьоркьоб бищунго аслияб щуго буго: ***битIараб бицин; калам дагьлъи; кваналеб жо дагь гьаби; хIажат гьечIеб жоялъухъ балагьиялдаса бер цIуни; исламияб гIелму тIалаб гьаби.***

***

Жал реццарал сипатазул улбуллъун ккола:

6. ***Щвалде щвараб, унго-унгояб тавбу гьаби.***
7. ***НигIматалде щукру гьаби.***
8. ***Къадаралда разилъи.***
9. ***Аллагьасукьа ﷻ хIинкъиялдаги хьулалдаги гьоркьов чIчIей.***
10. ***БоцIуда хъантIичIого вукIин.***
11. ***ГIамал бацIад гьаби.***
12. ***ТIабигIат берцинлъи.***
13. ***Аллагь ﷻ вокьи.***
14. ***Аллагьасде ﷻ хIел-хIеди.***

***

Инсанасул ракI рукъалда релъараб жо буго. Цо рукъоб нурги бецIлъиги цадахъ букIунаро. Чирахъ бакани, бецIлъи лъутула, чирахъ свани, бецIлъи жаниб чIчIола.

***

Аллагьасулﷺ ццин бахъиналде инсан вачунел, инсанасул иман загIиплъулел, куфруялде нух рагьулел квешал гIамалал ккола гьал.

***Жагьиллъи; бахиллъи; дунялалде хьул лъей; чIухIи; ццин бахъи; ракI квешлъи; жахIда гьаби; ракI хъублъи; гIужбу; рияъ; квешаб тIабигIат; пайда гьечIеб хабар бицин; божуде хиянат гьаби.***

Сайид ГIободияс قدس سره кидаго абулаан: мурид кидаго даражаялде вахунарин, гьес жиндирго устар разилъулареб гIамал-хасият рехон течIони: эбел-инсуе гIакъуба кьей гIадаб ва жиндирго мадугьалзабазе зарар гьаби гIадаб.

***



# ШАЙИХАСЕГИ УСТАРАСЕГИ ЧАРА ГЬЕЧIОГО РУКIИНЕ ККОЛЕЛ АСЛИЯЛ ШАРТIАЛ

***Сайид ГIободияс قدس سره жиндирго тIахьазда рехсон тун руго шайихасеги устарасеги чара гьечIого рукIине кколел аслиял шартIал:***

1. Жинда аскIоре рачIарал гIадамал ва гIалимзаби хIайранлъулеб лъай букIин, батIиниябги ва загьириябги.
2. Ункъабго Имамасул масгьаб лъай.
3. Аварагасулﷺ акъвалал лъай.
4. Щибниги жо Къуръан-хIадисалдасан босичIого гьабулареллъун рукIине ккола гьел. Эбги ишкал гьечIеб куцалъ лъалел рукIине ккола.
5. ЧIезе ккола кинабго гьабулеб жоялдаги, бицунеб рагIудаги, эб шаргIалда рекъонккей лъазегIан.
6. Сипат, киналго умурал жодорго, лъималазул рукIа, Аллагьасдеﷻ тIамун те.
7. ГIадамазда лъикI рихьизе жал гьариялдаса цIунаравлъун вукIин.
8. Жидеца жидер гьудул-гьалмагъзаби жалго тола, шаргIияб нух гьечIого, тIад ругел чагIахъе гьел ани.
9. Жанисанги тIасанги, шаргIалда рекъон, ращад рукIина.
10. ТIад ругел чагIазул зулмуялъе сабру гьабулеллъунги рукIине ккола, жидерго мунагьаздалъун бачIанилан рукIун. Дунялалъул жоялъе гIоло гьезул ццин бахъунаро ва щивав чиги вокьизе ккола.
11. Роххизеги цIакъ дагь гурони роххуларо. Дунялалъул жоялдалъун ракIги гIатIилъуларо.
12. Хвезеги бокьула гьезие, дунялалда рукIун мунагьал ккеялде хIинкъани. Аллагьасдасаﷻ хIинкъиги цIакъ гIемераб букIуна гьезул.
13. Церехун арал жидерго мунагьал ракIалде щвараб мехалъ, гIемер пашманлъулелги рукIуна гьел.

**14.** Къиямасеб къо ракIалде щвараб мехалъги, Къуръан цIалулеб мехалъги гIакълуялдаса унеллъунги рукIуна гьел.

**15.** Цин-цин цIакъ хIинкъулел рукIуна рухIбахъи мекъи ккеялда, хасго унтараб мехалъ.

**16.** Хварав чи вихьараб мехалъ, цIакъ гIодулеллъун рукIуна.

**17.** Хвел ракIалде щвараб мехалъ, гIакълу биххулел рукIуна.

**18.** Дунял бокьун, дунялалъухъ балагьулеллъунги рукIунаро.

**19.** Жалго бищунго пасикъаллъун рихьулелги рукIуна эл.

**20.** Жидее зиян гьабуразда тIаса лъугьунеллъунги рукIуна.

**21.** Кинавго бусурбанчи кIодогьавулеллъунги ва гьезие лъикIлъи гьабулеллъунги рукIуна.

**22.** Жидер чIужуялъул заралда сабру гьабулеллъунги рукIуна гьел.

**23.** КIодолъи-тIадегIанлъи тIалаб гьабулареллъунги рукIуна гьел.

**24.** ГьитIиназулцин адаб гьабулеллъунги рукIуна.

**25.** Даим сардилъ тIаде рахъунеллъунги рукIуна эл.

**26.** Жидерго черх гIодобегIан гьабулеллъунги рукIуна.

**27.** ГъапуллъичIого Аллагьﷻ рехсолеллъунги рукIуна.

**28.** ШаргIалъул рахъ цIакъ ккураллъунги рукIуна.

**29.** ГIадамазул лъикIал гIамалал рихьулел ва квешал рихьуларел рукIуна.

**30.** Жидеда жо лъазе гьабурал устарзабазул адаб гьабулеллъун рукIуна, цохIо аят лъазе гьабуниги.

**31.** Жидер тIагIат дагьаблъун бихьулел рукIуна.

**32.** Сайгъат бегьизе хьул гьечIел рукIуна.

**33.** Гьалбал рачIине бокьулел, гьезие цIакъ хъулухъ гьабулел рукIуна.

**34.** Дунялалъул амруялдаса ахираталъул амру цебе гьабулел, жал хун хадуса хъизан мискинлъулин абун хIинкъуларел рукIуна.

**35.** Хабзалалъе зияраталъ гIемер унел рукIуна.

**36.** ГIодор чIчIараб бакIалдаса тIаде рахъунелъул, салават битIулелллъунги рукIуна.

**37.** ХIалкIун хьибил гIодоб лъулареллъунги рукIуна.

**38.** Жидер гIоди гIемераллъун рукIуна, такъсир ракIалде щун.

**39.** Жидер рукъзал берцинлъиялъул кIвар гьечIел рукIуна.

**40.** ГурхIел гIемераллъун рукIуна гIассияздаги, хIайваназдаги.

**41.** Дунялалда бугеб кинабго жо, рухI гьечIебги, рухI бугебго гIадин, жинда бихьулеб гIадин вукIуна.

**42.** Жидер дугIа къабуллъи ракIалде кколеллъун рукIинаро, унго-унголъун жидер чурхдул рацIалъичIеб мехалъ.

**43.** Жидер боцIи бикьулеб мехалъ, цо чи вокьун, батIа гьавулареллъун рукIина.

**44.** Батаралда разиял, тIокIлъи тIалаб гьабуларел рукIина.

**45.** Ахират жидер беразда бихьулел гIадин рукIина.

**46.** Имамасда хадуб как базе гIедегIулел рукIина.

**47.** Жидеда аскIоб дунял гIодобегIанал рукIуна.

**48.** ХIажатханаялде гIемер хьвадизе нечолеллъун рукIуна.

**49.** БоцIи гьечIолъи, боцIи буголъиялдаса бокьулел рукIуна.

**50.** ГIатIилъиялдасаги, рахIаталдасаги, захIмат тIаса бищулел рукIуна.

**51.** Бокьараб жо щвечIони, рохулеллъун рукIуна.

**52.** Цоял-цоязе вагIза-насихIат гьабулеллъун рукIуна.

**53.** ЧIухIараб ретIел ретIунареллъун рукIуна.

**54.** Жидерго ругел караматал рахчулеллъунги рукӀуна.

**55.** Жидер гьудул-гьалмагъзабазул бечедал-мискинал цӀехолеллъун рукӀуна, мискиназе жо кьезе бокьун.

**56.** Илбисалъул макруялдаса гъапуллъулареллъун рукӀуна.

**57.** Аллагьасулﷺ къадаралда цӀакъ разиял рукӀуна.

**58.** КигӀан Аллагьасеﷺ тӀагӀат гӀемер гьабуниги, Аллагьасулﷺ цӀобалдалъун гурони, жидее гурхӀел гьечӀин абулеллъун рукӀуна.

**59.** Аллагьасﷺ жидее кьурал нигӀматазда данде жидеца гьабулеб гӀамал жолъунго бихьулареллъунги рукӀуна.

**60.** Бусурбанчиясул хатӀа цӀакъ бахчулевлъун вукӀуна.

**61.** Жидеца мушавара гьабулеллъун рукӀуна.

**62.** Жидер калам дагьаллъун рукӀуна.

**63.** ХӀад гьечӀел рукӀуна.

**64.** Вас-вас гьечӀел рукӀуна, щибаб каки чуруллеллъун рукӀуна.

**65.** Ургъел бахчулел рукӀуна.

**66.** Жидедехун квеш кӀалъаразде, хӀалимго кӀалъалеллъун рукӀуна.

**67.** Сахаватал рукӀуна.

**68.** ЛъикӀлъи гьабизе бокьулел рукӀуна.

**69.** Гьудуллъи гьабизе хӀалкӀоларел рукӀуна.

**70.** Шубгьаялдаса, щакаб жоялдаса цӀакъ цӀунарал рукӀуна, кваназе-гьекъезе унарел.

**71.** ТӀокӀаб жоялдалъун садакъа кьолеллъун рукӀуна.

**72.** Гьарун вачӀарав чиясе гьумер гӀатӀидавлъун вукӀуна.

**73.** Цояз- цоязухъе насихӀат гӀемер хъвалеллъун рукӀуна.

**74.** ГӀадамаздаса батӀачӀчӀей бокьулел рукӀуна.

**75.** Тавбу истихаралда тӀад чӀчӀарал рукӀуна.

**76.** Амру-нагьиялда тӀад чӀчӀарал рукӀуна, жидецаго гьабичӀониги.

**77.** Жидерго хIажаталдаса чияр цебе гьабулел рукIуна.

**78.** Жидеего хIажат букIаго, чидае жо кьолел рукIуна.

**79.** Къуръан цIалулеб мехалъ, цIакъ хIинкъулел рукIуна.

**80.** Какичури къачIалел рукIуна, Аллагьасда ﷻ рихьун цере чIолел гIадин.

**81.** Жодор нич цIакъал рукIуна.

**82.** Унго-унголъун Аллагьасдаса ﷻ жал хIинкъарал рукIуна, амма хIинкъичIел гIадин рихьулел.

**83.** Дунял тарал рукIуна, эб гьабулел чагIи какулел рукIуна.

**84.** Жодое хIажатаб жо цебе гьабулел рукIуна, суннатаб жоялдаса, тIадаб жоялдасанги борчIун кколеб батани.

**85.** Мискинзаби рокьулел, эзда хIал рекъезабулел рукIуна.

**86.** Бечедал чагIазда аскIор чIчIеялдаса лъутулел рукIуна.

**87.** Садакъаде кьезе боцIи бокьулев вукIуна, нахъе тезе гуреб.

**88.** Жидедаса тIокIаб жо садакъаде кьолел рукIуна.

**89.** Жал рокьуларел чагIаз жидеда гIайиб чIвани, жидеда гьеб гIайиб бугилан кколел рукIуна, гьечIониги.

Сайид ГIободияс قدس سره абуна: дуда гьикъараб мехалъ, тIарикъат щиб жоялда бан бугеб абун, жаваб гьабила анлъго жоялда бан буго абун: Аллагьасда ﷻ нахъвилълъиналда; тавбу гьабиялда; гIадамаздаса ватIалъиялда; дунял теялда; Аллагьасдаса ﷻ хIинкъиялда; кванай-гьекъей дагь гьабиялда.

***

Гьал руго Сайид ГIободияс قدس سره рикIкIунел рукIарал ***тIарикъаталъул арканал: гIелму лъай; хIилму; сабру; вацIалъи; лъикIал тIабигIатал кквей; Аллагьасул ﷻ хIукмуялда разилъи.***

***

Гьал абуни руго Сайид ГIободияс قدس سره рехсолел рукIарал ***тIарикъаталъул адабал: Аллагь ﷻ рехсей;***

***чорхол гьава тей; дунял тей; диналда нахъвилълъин; халкъалъе лъикIлъи гьаби; лъикIаб гIамал гьаби.***

***

Гьалги руго Сайид ГIободияс قدس سره жинде цIакъго кIвар кьолел рукIарал ***тIарикъаталъул ахIкамал: Аллагь ﷻ лъай; гьелда ракIчIчIей; сахавалъи; витIунчIчIей; щукру гьаби; Аллагьасул ﷻ тIагIаталъулъ пикру гьаби.***

* * *

Сайид ГIободияс قدس سره гIемер бицунаан Аварагасул ﷺ гьаб каламалъулги:

МухIамад Аварагас ﷺ абун буго:

- Я, ибну МасгIуд! Дидасаги хадуб нахъзаманаялда бачIина цо къавм, жидеца кьер-кьерал, лъикIал тIагIамалги кваналел, жал рихьун хьвадулел, росасе руччаби гIадин, бихьинал берцин къачIан хьвадулел, жагьлияб заманалъул махсаро-хочI букIунел- гьел руго ахирзаманалъул мунафикъзаби, лазатал жал гьекъон гьездаса кеп жидеца босулел, гважул кагIазул гIадаб махсаро-хочI жидер букIунел, шагьватазда жал рекIарал, жамагIатал жидеца толел, радал-бакъанил хириял гIужал гIадада риччалел.

- Я, ибну МасгIуд! Дунялалда кьурал нигIматаз, жужахIалде рехидал, цIаялдаса гьелъ нахъчIваларо. Гьезул калам хIикматаб букIуна, амма гIамал абуни къабулаб букIунаро. Гьезул гIамал, дунял гьабун, ахираталъе гъапулаб букIина. Гьел рукIина дунялалде цIакъго ракI гъун, берцинго мажгитал къачIан. Гьезул мурад -дунял бугила, гьезул дин - жидер гьава бугила, гьезул Аллагь ﷻ -чехь бугила. Гьез жидер хьул ккараб жо, хIалал- хIарамлъи батIа гьабичIого, кваназе бугила. Гьезул хириял, тIадегIанал чагIиги-гIарац гIемерал чагIи ругила. Гьезул кIварги-чехь бугила. Гьездасан байбихьулила къиямасеб къо чIчIезе ва гьезда тIад гьебги

чIчIезе бугила. Гьезул берал гIорцIиларо, ракIалги хIинкъиларо.

- Я, ибну МасгIуд! Дин баккана цIакъ тIеренго ва тIагIинеги дагь-дагьккун тIагIина. Гьеб заман бачIиндал, гьезул данделъиялъе салам кьоге, гьезул хварав чи вукъизеги унге, унтарасде ваккизеги унге. Гьел руго кIалалъ бусурбабиян абулел, ва амма Аллагьасул амруялде жал хилипал чагIи. Гьезул хвелги букIине буго динул ислам гурелда хурхараб. Дир умматалъул гьелги гуро, дун гьезулги гуро.

- Я, ибну МасгIуд! Мун хIинкъуге Аллагьﷻ гуресдасан. Гьеб заманаялъул гIалимзаби рукIина хиянат къосарал чагIи, жалги халкъалъул бищунго къосараллъун ругел. Гьединго, гьел нахърилъаралги, гьезухъе хьвадулелги, гьездаса жо босулелги, гьел рокьулелги, гьезда аскIор гIодор чIчIолелги-гьел гIадамал руго Аллагьасулﷻ халкъалъул квешал гIадамаздасагицин квешал чагIи. Гьезулгун даранги бегьуларо, лъим кьезеги бегьуларо. Гьел руго гIинкълъун, беццлъун, жал жужахIалъуре рехулел чагIи.».

- Сайид ГIободияв قدس سره гьижра гьабун ГIарабустаналде унаго, гьев жиндирго устар нуха регIизе вахъарав Къелеса ХIессол ГIалица абун буго: «ГIанкIудал тIанчIи гIадал загIипал нижги рехун тун, унев вугинха, эмен, мун», - абун.

Сайидас гьесие жавабалъе гьадин абун буго: «Мунги, жеги диде хьул лъуралги, дир каранда рукIуна, ГIали, дуца ургъел гьабуге», - ян.

***

Жакъа къоялъ абуни, тавхIид -агьлуялъул устарги накълолъун, хараплъун ккун буго сверухъе киса-кибего исламалъул унго-унгояб чIаголъи.

*«…Фикъгьи- хIадисалъе, сулук-шаргIалъе,*
*Свана, ГIободияв, дур жавгьарул нур.*

*Иманалъул хӀуби бегараб мехалъ,*
*ИхӀсаналъул кьибил кьабу чӀван буго.*
*Дов хӀакъав гӀаламат цевеса индал,*
*Циндаго нур свана суннат ккуразул.*
*Ва бецӀлъана дунял иман бугезе.*
*Ургъалилъ тӀерхьана тӀогьол Дагъистана,*
*ТӀубан загьирлъидал жагьиллъидул «бакъ»*

Гьалдасаги мухӀканаб хӀакъикъат лъала цохӀо Аллагьасда!

***



# ИНГИШУСА АБУБАКАРХIАЖИ -БУЛАЧХАН



Камилаб иршадалъе Ингишуса Абубакарие изну кьураб кагъат

Сайид ГIободиясде قدس سره хъварал къасидатазулъ, марсиятазулъ ва назмабазулъ гьесие кьун батула батIи-батIиял гIадамаз: хIафизин, валийин, гIалламатин, Муршидул Камилин, мужтагьидин, мужадидин, устарин ва шейхин абун даражаби. Гьеб кинабго хIакъикъаталдаги данде кколаан букIараб Сайид ГIободиясда قدس سره, кинан борцаниги щиб макъамалда къотIаниги.

Гьев жиндир заманалда киналго мукIурав Муршидун Камил вукIин гуребги, ГIободиясул قدس سره рекIелъ букIана жиндир диналъул вацасул рекIелъ гIелму-лъаялъул чирахъ бакизе кIолеб даражаялъул рухIияб къуватги, каламалъулъ цо хасаб тIокIлъи бугеб гIакъиллъиги, шигIрияб рагIулъ хIайранаб пасихIлъиги.

Гьеб киналдаго цадахъ Дагъистаналда камун рукIинчIо Сайид ГIободиясул قدس سره хIалбихьизе бокьарал ва гьесул макъамал лъазаризе жидеда ракIалде ккарал цо-цо шайихзабигицин. Бачун телин гьелъие цо гьитIинабго мисалги. Гьеб хурхараб буго Ингишуса Абубакарида:

.Жиндирго муридзабазда шаригIаталъул бицун кIалъалев вукIарав Сайид ГIободияс, циндаго, бицунеб букIараб хабарги хисизабун, аскIор гIодорчIчIун рукIараздехун хитIаб гьабун абуна:

-Цо кутакаб бугъа бугоха, дир муридзаби, гьабсагIаталда нилъеда тIаде щолеб, ва амма лълъурдул гьечIеб жо бугоха гьеб пулан,- абун

Сайидас жиндирго рукъалъул кIалтIе щвезегIан виччан тана гьев Ингишуса Абубакар, ва амма муршидасул хIал жинде щведал, цо сунцаялиго жив къан ккурав гIадин, чIчIаралъувго эхетун хутIана, цебехун гали бахъизе кIоларого.

Жиндирго муршидасдехун гьев маъзумас ахIи байдал, жив гьанив Сайид ГIободиясул кIалтIа гьалаглъун холев вугин, жив

хвасар гьавеян абун, вачIун гьесда тIаде щола КъутIбул Гъавс Жамалуйллали. Амма Сайид ГIободияс قدس سره цо ишара гьабидал, Жамалуйллали къутIбу нахъ вуссине кканила, жиндирго гучги биххун.

Гьеб мехалъ Сайид ГIободияс قدس سره жиндирго маъзум ПирмухIамад Хуштадияв витIанила гьенив кIалтIа эхетун вугев гьобол жаниве ахIизе. Чваххулаго бадиса магIугун, соролаго черхгун, рокъове жаниве лъугьун вачIанила Ингишуса Абубакар.

Сайид ГIободияс قدس سره гьесда гьикъула:

-Дуе Абубакар, Жамалуйллалиясул маъзумлъунищ вукIине бокьилеб, яги дир муридлъунищ? - абун.

Ингишуса Абубакарица абула:

-Дур муридлъун бокьила хIурматияв Сайид, дуца дун къабул гьавуни! Мун дида тIаса лъугьа, я гIаламалъул къутIбу! Дида мун ватана камилаб иршадалъул унго-унгояв агьлулъун, жиндие ункъабго тIарикъаталъул изну кьурав. ГIаламалъул мужадид, дуца дун нуха ваче, дур кверalъ иршад гьабун, тIовитIе Бархазалде.,- ян абун.

Сайид ГIободияв قدس سره гьесда тIаса лъугьана ва камилаб иршадалъе Ингишуса Абубакарие изну кьуна ва бичIчIизабуна гьесие, жиндир караматаздасаги, Аллагьасулﷻ нух-шаригIат хIажатаб бугеблъи.

-Дуца шаригIат гьитIинаб жойилан ккун, гьелдехун хилап ккоге, шаргI камиллъичIонани, тIарикъат роцIцIунарин, ва шаргIалъул нух рехун тарав ХIабибасдеги щоларин, - абун, берцинаб калам гьабуна Сайид ГIободияс قدس سره Ингишуса Абубакарие.

Гьес жеги тIаде жубана:

- Дуда лъайха, Абубакар, Хирияв Расулуллагьﷺ жиндие лъугIел гьечIеб рахIматалъул гIор вукIин, гьеб рахIматги жиндица жиндирго умматалъе бикьулев ва Бичасе бищунго

вокьулев валиги ва гӀиссян жинца къинабулев ссахӀрау самум вукӀин. Гьеле гьединлъидалин Аварагасулﷺ суннаталда хӀур ккарав гьудуллъун ккезе диеги бокьуларев, дуеги бегьуларев.

Ингишиса Абубакар-ХӀажи гӀахьаллъана 1877 соналда букӀараб къокъаб гъазаваталда ва хадув гьев Сибиралде витӀана. ПирмухӀамад-ХӀажи Сибиралъул лагеразда хвана. Сиражудин-ХӀажи болшевиказ жанив тӀамуна. АмиргӀали-хӀажи хвана НКВДялъул туснахъалда. Аргъваниса МухӀамад-ХӀажи ЧКялъ чӀвана. Гьес Имам Нажмудинил рахъ кколеб букӀана ва ахирияб рагъулъги гьесда цадахъ вукӀана.

Дагьаб мухӀканго бицинин Ингишиса Абубакар-ХӀажиясул хӀакъалъулъ. Гьев хвана 1899 абилеб соналъ. Гьев вукӀана ГӀободиясулقدس سره бищун хирияв муридлъун. ГӀободиясقدس سره Абубакар-ХӀажиясе тӀарикъат тӀибитӀизабизе изну кьураб кагътида буго кӀиго зарбу. ТӀоцебесеб ккола силсилаталъул гӀаммаб зарбу, цогидаб – живго ГӀободиясул зарбу.

1955 соналда СССРалъул ГӀелмабазул Академиялъул Дагъи- станалъул филиалалъул тӀадкъаялда рекъон, гӀалимчи ГӀоротӀаса МухӀамадрасул щвана Гумбет районалде. Щвана Ингишивеги. Гьениб Абубакар-ХӀажиясул яс ГӀайшатица гьесухъе хал-шал гьабизе кьуна ГӀободиясулقدس سره кагъат. 45 соналъ гьеб кагьат букӀана гьесухъ. Дагьаб цебе макъала газеталда бахъун букӀана 2001 соналъ гьес гьеб кьуна Абубакар-ХӀажиясул наслуялъул гӀадамазухъе. МагӀарул мацӀалде буссинабураб гьеб кагъат басмаялде бахъулеб буго тӀоцебе.

**«Хъвалеб буго жив тӀадегӀанав Аллагьасде хӀажалъулев ХӀажи-МухӀамад ГӀободиясقدس سره, жинца битӀараб нухдасан рачунев, жинда загъирабги балъгоябги лъалев шайихас. »**

**Хадубги: «Устазазул цIаралдасан нижеца изну кьолеб буго Абубакар-ХIажиясе нижер цIаралдасан гIелму малъизе ва гьелде хIажатазе тарбия кьезе, тIарикъаталда рекъон тавважугь гьабизе. Нижеца гьаб щула гьабулеб буго силсилаталъул гIаммаб зарбуялдалъун, гIаммаб ва тIубараб изну кьезелъун Шамалъул халифазул цIаралдасан, ГIабдурахIман Шамасул, СайидхIусен Къурайшиясул, Шайх Хизри Мухиясул ва нилъер ГIабдурахIманхIажи Сугъуриясул цIаралдасан. Аллагь разилъаги гьел киназдасаго. Аллагьас гьел рахинареги бищунго тIадегIанаб даражаялде. Амин. Бокьарав божа абе, бокьичIев божуге абе».**

ГIурусалъ гьадин буссинабун бугоан гьаб тарихалъул гIалимчияс. Дицаги бугеб куцалъ лъуна хисизабичIого.

**Иджаза от Мухаммада ал-Убуди ум. в 1307 г.х./1889-90 г., которая дает право на наставничество Абу-Бакру ал-Ингиши. Текст перевод с арабского яз.:**

**«С именем Аллаха, [обладателя] лучших имен, господа Земли и Неба. От пишущего это нуждающегося в [помощи] Всевышнего, Всемогущего, Владыки, ал-хаджж Мухаммада ал-Убуди, милость ему от Дарящего, Всевышнего, шейха всего явного и сокрытого, всем тем, мусульманам на кого распространяется его наставление на правильный путь милость вам Дорогого, Прощающего, Всевышнего и правильный путь [вам] от Владыки Всевышнего, да сохранит нас и вас Всевышний Аллах от ущерба и заблуждения. И далее: Я, слуга прекрасной степени кутба одна из высоких степеней суфийской иерархии, да будет доволен им Аллах, и наставник возвышенного тариката, со стороны шейхов мы дали разрешение этому человеку ал-хаджж Абу-Бакру на обучение зикру от нас и воспитанию [в тарикате]**

**нуждающихся нашим источником и [совершение] таваджуха когда шейх обращает свой внутренний взор на сердце мюрида на высоком пути. И мы удостоверили это печатью силсили цепь духовной преемственности в тарикате абсолютного разрешения разрешение на все - таваджух, зикр и передачу иджазы в последующем и на достоверную преемственность от преемников до него [а именно]: Шама - Абдуррахмана аш-Шами, от преемников Абдуррахмана ал-Кубзари аш-Шами; от сейида Хасана ал-Курайши; и от шейха Хидра ал-Хумуси. Иджаза разрешение на наставничество [передается также] от нашего господина ас-Сугури, да будет доволен ими Аллах и да возвысит Аллах степень их [святости], амин! И тот, кто захочет пусть верит, а кто не захочет - пусть не верит».**

Абубакар-ХӀажи гьавуна 1826 соналда Ингиши росулъ ГӀумарил Улубил ва Бикабатил рес бугеб хъизаналда. Гьезул хъизаналъул бухьенал рукӀана лъарагӀлъиялъул халкъалъулгун. Индирей росулъ Абубакар-ХӀажиясе щвана лъикӀаб льай. Гьеб росулъ букӀана Шейх-ГӀали Багъдадияс гӀуцӀараб Мадраса. Гьениб гӀелму малъулаан Багъдад шагьаралъул "Ал-низамият" университеталда гӀадин. Гьенир цӀалун рукӀана Дагъистаналда жал лъикӀ лъалел гӀалимзаби Ташав-ХӀажи, Юсуп Яхсави, Абубакар ГӀоротӀи, Инхоса, ГӀали-ХӀажи ва цогидалги.

1877 соналда гъазаваталда гӀахьаллъи гьабиялъе гӀоло Абубакар-ХӀажи хьизангун цадахъ Тобол губерниялъул Двинск шагьаралде витӀана. Гьесие кумек гьабичӀо Гумбеталъул наиб Дациев Пазлулгун букӀараб бухьеналъги. Абулеб букӀана гьел рахьдал вацал кколаанин. Сибиралда хвана Абубакар-ХӀажиясул хъизан. Гьев Дагъистаналде тӀадвуссана гӀицӀго 1884 соналда жиндирго чӀаго хутӀарай лъабго сон барай ясгун.

# БАГИНУСА ШУГІАЙП АПАНДИЯСУЛ ХЪВАЙ-ХЪВАГІИЯЛДАСА

Гьале **Накъшубандияб тІарикъаталъул устар Багинуса ШугІайп** апандияс قدس سره хъвараб, КъахІиса ХІасан-хІелмиясул тІехьалда гьоркьоб батун, Кьохъа СултІанмухІамадица рахІим. магІарул мацІалде буссинабураб кагъат: «Ладунияб гІелмуялда гІамалги бугев, раббанияб бичІчІиги жиндие щварав, гІалимзабазулги гІалим, хириязулги Сайид, рацІцІадал щиназулги тажлъун вугев МухІамадхІажи апанди ал-ГІободийи Дагъистан, разиялагьу гІангьу, ГІободаса МухІамадхІажияв, жиндаса Аллагь ﷻ разилъаяв.



Гьев щвана КъутІбияталъул даражаялдеги кІудияб валилъиялдеги. Гьев вукІана Аварагасул ﷺ суннаталда нахъ вилълъиналъулъги, бацІцІадаб шаригІат кквеялъулъги, Аварагасул ﷺ нухал камил гьариялъулъги, АхІмадил чІунтарал караматал чІаго гьариялъулъги, Аварагасул ﷺ нухде халкъ

тІобитІиялъулъги, кинавниги гІелмуялда гІамал рекъарав гІалимги камилав муршидги гІажизлъулеб даражаялда.

Гьесдаса Аллагьﷻ разилъаги, гьесул баракаталъул пайизал нилъееги щвезе гьареги. Нахъеги гьев вукІана Къуръаналъул хІакъаикъал ричІчІиялъулъги, хІадисалъул асрарал лъаялъулъги, раббаниял кашпаби рагьиялъулъги, жагьилзабаздани щай гурин, унгоунгоял гІалимзабаздацин Жунайдул Багъдади Абуязидил БастІами قدس سره ватилин абун ракІалде кколев чи.

Гьединаб тІадегІанаб даража-макъамалда вукІиналъе гІоло гьев чІечІо Дагъистаналъул пасатал шагьаразда, щайгурелъул, гьесда аниб лъикІалдалъун амру гьабизеги, квешалдалъун нагью гьабизеги бажарулеб букІинчІо, гьелъие квербакъулел кумек гьабулел чагІи рукІунгутІиялъе гІоло.

Гьединлъидал гьев 1302 1883 соналъ, гьижра гьабун, кидагоялъе гочана СагІудиялъе Макка-Мадинаялде. Байбихьуда гьев чІана Мадинаялда, хадув Маккаялде вачІана, гьенив хвезе бокьун бугиланги абун. Гьелдаса хадуб Макка шагьаралъул аслияб мажгидул хІарамалдаги чІун 10 соналъ тІубазабуна Мужадидасул хъулухъ живго накълулъизегІан. 1313 соналъ накълулъун вукъана «МугІалаялъул» хабзалалъ. Аллагьасﷻ гьесда гурхІел-цІоб лъеги, эсул даражабаздасан бутІа нилъееги щвезе гьабеги. Амин.»

Цойги тІарикъаталъул устар, ШугІайб Багинияс абулеб буго гІурусазул зулму-хІалалъ, гьарурал зарал -питна сабаблъун Дагъистаналда яхІ -намус, варагІ, тІоклъи бугев гІалимчиго хутІичІин, хІайванал, багьаимал гІадал чагІи гурони.

***

والعاقل الفاهم في العلوم الدائم ، صاحب حلّ مشكلات العلوم ومعضلات الكتب ، شافع بن العالم المرحوم الشهيد بيد القُشّاق في ١٢٧٩ محمد بن قربان البَرْدِي ـ رحمهم الله تعالى ـ ، وهؤلاء ماتوا وقت وصولهم في المملكة الروسية قبل ذهاب وقتهم لكونهم هناك في ١٢٩٥ ، رحمهم الله تعالى ، ورزقنا من بركاتهم وشفاعتهم آمين .

وغيرهم من شمس الدين العموقي المدقّق المحقّق ـ الذي هو من أفاضل تلاميذ العلامة مفتي الإمام شمويل مرتضى علي العرادي ـ الذي مات في ١٢٨٧ ـ من العقلاء والكرماء زبدة الرجال الداغستانيين ، حتى وصل عددهم وعدد الذراري والعيال الذين أرسلوا معهم إلى سبير عشرة آلاف ، والذين أرسلوا إلى سبير والذين استشهدوا في القتال قد وصل عددهم تخميناً إلى خمسة عشر ألفاً ، ولم يبقَ في داغستان بسبب تلك الفتنة العظيمة ، والبلية الكبيرة ، عالم ورع ، وفاضل متورّع ، إلا الذين هم كالحيوان والبهائم .

ولكن إن أهالي داغستان لما كانوا أصحاب غيرة في الدين ، وشجاعة ومروءة ورجولية ، قد لازموا العلوم ، وتدرّسوا الفنون ، حتى صار لهم علماء كالعلماء الذاهبين إلى سبير .

وأما الآن فقد قصد الكفار الملاعين لتخريب العلوم ، وتهديم الفنون ، لأن الدين الإسلام إنما يهدم بذلك ، وقد علموا ذلك ، وابتدؤوا لبناء الصوامع لقراءة علومهم الشيطانية ، وكتبهم الإبليسية ، وصار أهل ضعف الإيمان مائلين إليهم ، ومنتظرين ، قائلين أن المال لا يحصل بقراءة العلوم الدينية ، وإنما يحصل بقراءة الروس في آجكول ، فانظروا هل يكون وهل يبقى إيمان هذا القائل؟!

ونحن ـ إن شاء الله تعالى ـ على قصد بناء المدارس في الأماكن المتعدّدة والبلدان الكبيرة لقراءة العلوم ، ولعل الله تعالى يكون معيناً لنا وناصراً ، وهو المستعان ، وعليه التكلان ، وحسبنا الله ونعم الوكيل ، ولم يبقَ لنا معين إلا هو الله الواحد القهار .

ولعلّ الله يقرأ على الكفار والأعداء الفجار ﴿ومكروا مكراً ومكرنا مكراً وهم لا يشعرون﴾ ﴿فانظر كيف كان عاقبة مكرهم أنا دمرناهم وقومهم أجمعين﴾

٣٧٤

# ИНХОСА ГӀАЛИХӀАЖИЯВГИ ГӀОБОДИЯСУЛ قدس سره МАЪЗУМ ККОЛААН

*ГӀоротӀаса АхӀмад ХӀасановасул биценалдасан босараб*

19-абилеб гӀасруялъул лъабкъоялда анцӀабилел соназ гӀурус пачаясул амруялдалъун, гъазаваталъул байрахъулаллъун рукӀарал исламиял гӀалимзаби тӀагӀинаруниги, Гъойсубулиялъул



эркенал жамагӀатазде гъорлъе кколеб ГӀоротӀа росолъ хутӀун рукӀуна гъваридаб лъаялъул бажари бугел, амма хӀинкъи гьечӀел гӀалимзаби. Гьел рукӀана ГъазимухӀамад Имамасул мугӀалим, гьевгун анцӀила кӀиго соналъ гӀелму цӀалулев вукӀарав тӀоцебесеб Имаматалъул дибир фикъфиялъе тӀокӀав рекъав ХӀажиясул, Шамилил Имамасул хазиначи ва рукъалъул гьудул КӀудияв хӀажиясул, наибзаби ва бодул церехъаби кӀиявго МуртазагӀалил баракат щварал ирсилал. Имаматалъул бищун гӀолохъанав ва ахиралда тарав наиб Ислам вукӀана ГӀоротӀа мадрасаялда дарсал кьолев. Жидерго гӀумроялъе ва гӀагарлъиялъе бугеб хӀинкъиялде балагьичӀого, гӀарадерил гӀалимзабаз гӀун бачӀунеб гӀелалда малъулеб букӀана динияб гӀелму, гӀадамал куцалел рукӀана шаригӀаталъул кьучӀалда, гӀелмудал борхалъиялде вахарав, кашму-карамалъи жиндилъ загьирав кьучӀав устарасухъа босулеб букӀана мухӀканаб вирд.

БитӀун гьеб заманалда **ХъахӀабросулъ ва ИнкӀкӀвалита** вукӀарав Накъшубандиябги, Шазалиябги, Къадириябги —

лъабабго тIарикъат тIокIкIинабурав, гIакълу-гIелмуялъул тIогьиве щварав МухIамадхIажи ГIободияв قدس سره гочуна ГIоротIе, гIарадерил гIалимзабигун цIалула ва хIалтIула чанго соналъ. Исламил гьудул вукIиналъги, гIелмуялдехун бугеб шавкъалъги къоло щуйилъе вахарав, жеги рукъалде вуссинчIев ТIаса Инхоса ГIали гIемерисеб мехалъ вихьизе бегьулаан гIарадерил гIолохъабигун мадрасаялдаги, бертин-гвай бугеб мехалъ гьенивги.

1869 соналъул рамазан моцIалъул ращалъуда ГIободиясقدس سره, тIолго жаниблъиялъул цIар рагIарал гIалимзабиги ахIун, гIарадерил ТIасияб мажгиталда гIуцIула мажлис бахIс Къуръаналъул суратазул магIна битIун гьабиялда тIаса. Щибав гIалимас жиде-жидер магIна загьир гьабун хадуб устарас Исламида цIехола мун щай вуцIцIун чIаравилан. Исламица жаваб гьабула жиндир магIна цойгидазулалдаса батIияб бугилан ва загьир гьабула гьеб. Инхоса ГIалица гьарула Исламида тIад вуссунги кIиго нухалъ гьеб такрар гьабеян ва къвалги бан къочула гьесда. МухIамадхIажи ГIободияс قدس سره цинги абула, Ислам, дуе баракат ибну ГIабасидаса бугила ва магIнаги дур гьеб сураталъул бичасул аварагасул ﷺ бугила. МагIна гьабулебги Къуръаналъул суратул «Нур» букIанин бицуна. Жеги бицуна МухIамад аварагасул ﷺ бицунелъул гIолохъанав ГIали лъавудасацин унаанила, гьединаб букIанила гIищкъу жеги лъади ячинчIев гIолохъанчиясул нилъер аварагасдехун.

Батизе ккола, ГIоротIа цIалулаго Аллагьас гIакълуги гIелмуги гIажаибаб пагьмуги рекъон кьурав мутагIиласда бихьараб ГIободиясулъقدس سره цойгидазул гьечIеб цо хаслияб тIокIлъи – тIаса бищараб нухалдаса кьурунгутIи, гьеб хисунгутIи, цойги батIияб жоялде вуссинчIого, гьес жинда цебе лъураб масъала букIин авалияб, аслияб диналъул гъваридаб, кьучIдаса бахъараб хIакъикъаталъул цIех-рех гьаби, гьезул

бальголъабазде гъорлъе вакки, гьеб цойгидал къарнабаз гьарурал гъатаздаса ва хъалалдаса эркен гьаби. Хадубги рес щола гӀолохъанав гӀалимчиясе гьеб цебе рехсараб жиндирго мурад гӀумруялде бахъинабиялъул аслияб хӀасиллъун кколел гьесул къиматал тӀахьал цӀализе щвей. Гьел гьанжесеб заманалъул гӀадатиял гӀалимзабазда цӀаланиги битӀун бичӀчӀуларел, гьезде гӀагарлъизе кканани, тӀадегӀанаб даражаялъул гъваридаб лъайги, лъаялда чӀолохъжо бан бажарулеб кьучӀаб гӀакълуги хӀажалъулел асарал — анлъго тӀехь: МухӀарар, Канз-уд-дурар, Манасик, Шаварикъ-ул-анвар, Набзат-ус-самат, ФатхӀ-ур-рахӀман кидаго цӀунун рукӀана ва ратизе ккола нижер ГӀоротӀа. ХутӀараб къого тӀехьалъул къисмат лъаларо, гьел ругин абула къватӀисел исламиял хӀукуматазда.

ТӀаса Инхоса жеги гӀолохъанав ГӀалил, гъваридаб лъайги, цере-цересел мугӀжизатал-караматалги рихьарав ГӀободияс قدس سره росдал жамагӀаталда абула тӀокӀав лъикӀав дибир нужое щоларилан. Баракатаб росдал жамагӀаталъ ГӀали дибирлъун тола.

Рукъ ккунги гьев вукӀуна Салманил Дибирил бакӀалда. Дибир живгоги вукӀуна гӀараб гӀелмоги цӀаларав рекӀехъе хӀисабги лъалев росдае дибирлъиги гьабурав лъикӀаб тухумалъул рикӀкӀунев муъминчи. Дида лъалеб мехалъги ГӀалихӀажиясул рукъилан абулеб ХӀосенкӀудил гъоркьа рукъалъул къед бохьараб дебиги къадалъ Къуръан-тӀехь лъезе ва хӀедул чирахъалъе гьабураб рукӀелалги кверхъвачӀого рукӀана ирсилаз мина карт цӀи гьабизегӀан. ГӀалихӀажиясул рукъ буго ГӀарадерил ТӀасияб мажгиталда дандбитӀун цо нухлул манзил гурого гьоркьоб гьечӀого росдал, ХӀола абун, годекӀанибе балагьараб бакӀалда.

ГӀажаибго берцинаб бакӀ буго гӀарадерил гьеб ХӀола бакӀ. Гьединабго ХӀола годекӀан буго ТӀаса Инхоги. Росо бакьулъ

бугеб лъабгоункъго метраялъул гъваридаб къали ролъул хьалеб хурул гIатIилъи бугеб ХIола хIор сверун руго росдал бихьинал ригьалъухъ балагьун гIодор чIолел рукIарал «тахбакIал» – ганчIал. Умумуца бархъалисезулгун къотIи-къайги гьабун рачIинарурал, гъваридго ракьулъ лъурал щагIил гонгаз бачараб цIорораб лъим чвахулаан росдал руччабаз ва ясаз лъим цIолеб, бекIкIун ганчIил гьабураб берцинаб иццухъе.

БакътIерхьудехун бугеб иццул кIалтIаса рикIкIад гьечIого бихьула МухIидинил тIалтIа лъураб рукъалъе рес гьечIого хIажатабщинаб бича-хисулеб БагIула кIодол базар. Къирбалалде балагьараб СагIитил минаялъул рагъидаса хIарире кIанцIи букIана гIисин-лъималазда гьоркьоб бицунеб гьунарлъун, амма гьоркьоб ункъго метра бугеб рагъиги тун минаялъул тIохтIаса кIанцIи цIакъго лебалаздасан гурого бажарулароан. Бакъбаккудехун хIорил рагIалда букIана лъабго чияс къвалид жемулареб, гучаб, нусидаса цIикIкIун сонал рараб намус-карудал гъветI, бицен батана ГIалихIажияс бацIцIараб гъветI букIанин гьебилан.

Росулъ бертин-сухIмат бугони, гьеб карудал гъотIокьги лъалхъун, цо-кIиго бакъанги тIамун, гIодоб расанди бачинчIого иш тIубалароан. Гьенибго букIана бакIаб ва тIадагьаб кIиго гамачIги гIисиназ ва гIолохъабаз къец бан рехулеб, иххил щалай бараб, росдал лъимал гугарулеб тIабигIияб ургуги. ТIубараб риияль росдал лъимал рукIунаан лъелъ лебаллъи камил гьабулел ва гугариялъул къагIидаби куцалел.

Дидаги тIоцебе ХIола рагIана ХIасан-мутагIилас жиндирго берцинаб ва борхатаб гьаракьалъ шигIрияб бакъаналда ахIулеб ГIалихIажиясул Макка бахъиялъул турки. Хъвазе-цIализе лъаларев, амма ракIцIодорав, залимаб къаркъалаялъул, гIажаибго гIамал берцинав ХIасанида рекIехъе лъалаан ГIалихIажиясул киналго назмаби. Гьесулго

вацгӀал Чалабегил Идирисица бицунаан бажари бугев кочӀохъан Гьарадерихъа МухӀумагӀалигун ХъахӀабросолъа МахӀмуд ГӀоротӀе вачӀиналъул ва гьес Багьадурасул ПатӀиматиде гьабураб сариналъул. Жиндицагоги кучӀдулги хъвалев, гьелги ахӀулев Идирисица хабар къотӀизе толаан, сордо рогьинегӀан ахӀанила хис-хисун кӀиясго кечӀ — МахӀмудги къуркьичӀилаха, хӀалчӀахъад, амма живги къечӀилан абун.

Дица гьанже гӀажаиблъи гьабулеб буго хъвай-хъвагӀай гьечӀого, басмаялде рахъарал тӀахьал гьечӀого, гьедигӀан гьарзаяб бечелъи цояз цойгидахъе кӀалзул каламалдалъун кьун, нахъе кӀудиял умумузда цӀунизе кӀвеялда.

Лъаларо, мухӀканлъи гьечӀо, амма батизе бегьула, гӀакълоялда данде ккола — кеп ихтилат хирияЛ, батӀи-батӀиял кьералъул накъищал ва мугьраби жаниб бессараб рагьараб ракӀлъун кколел шигӀраби ва назмаби цӀунараб, кочӀое къимат кьезе цӀар бугел кочӀохъаби рачӀунеб букӀараб росдал баракаталъ цебе тӀун ва тӀегьан бачӀун батилин ГӀалихӀажиясулги махщел ва гьунарилан. Амма лъала тӀоцересел рокьул шигӀраби ГӀалица ГӀорутӀа цӀалулаго ва хӀалтӀулаго хъварал рукӀин.

Цо къоялъ ругьалил какде мажгиталде щварав Исламдибирасда ГӀали мажгиталъув халлъуларо. РакӀалда гьечӀеб къварилъи ккун росулъецин ундайилан пикрабазда вугев гьев дибирасухъе ваккизе уна. ГӀали гьесда сах гьечӀого ватула. Гьесулгун гьабураб мушавуралдасан Исламида бичӀчӀула гьесул унтое дару гӀицӀго Маккаялда букӀин ва нийят гьабула кӀиясго цадахъ бичасул аварагасухъе сапар бухьине. Бачунаго халатаб зикрогун, тӀолабго росдал жамагӀаталъ нуха регӀула жидерго дибир АхӀулгохӀ тезегӀан. Гьеб букӀине ккола 1870 соналъул ноябрь моцӀ. Гьебго соналъ хӀеж борхулев Шамил вукӀин лъалеб жамагӀалъ гьарула ГӀалида Имамасда

урхъараб саламги бицейин гIарадерил АхIулгохIда шагьидлъарал гъазизабазул ирсилазул рахъалдасайилан.

МагIарул мацIалъул дарсида къватIиса учителас цIехон буго цо нижер школалъул цIалдохъанасда Инхоса ГIалихIажияв киса вукIаравилан, гьес жаваб гьабун буго ГIоротIаса вукIанилан. ЦIалдохъанасе лъикIаб къимат лъечIев учителас гьев цIалдохъанасул бициндал, дица абуна жаваб битIараб бугин, ТIаса Инхоса ГIалил хIажи дир росдал жамагIаталъ вахъинавунин.

Гьаб бакIалда рекъон букIинин ккола ГIалил тIоцебесеб ХIеж борхиялъулги ракIалде щвезабуни, нилъее баракат щвеяв ГьаракIуниса НурмухIамадил МухIамадидеги раккун, цо-цо лъавукъал мугIалимзабазги жидерго цIалдохъабазе бицинегIаги букIине.

Доб заманалда Дагъистаналъул ва Чачаназул халкъалъ бихьизабураб бахIарчилъиялъул хабар тIолабго дунялалъул бусурбан халкъалда лъалаан, гьединлъидал Шамил Имам ва гьесул къапила Маккаялда хIежги борхун Мадинаялде щвараб мехалъ, шагьаралъул гIалимзаби, кIудиял чагIи данде рахъун кIудияб хIурмат гьабун буго гьезул.

Мадинаялде щвейгун Шамилица изну тIалаб гьабун буго шагьаралъул хIакимзабаздаса МухIамад аварагасде тIаде жив живго цохIо виччайин цадахъ чи гьечIого. Имамасул мурад тIубан гьев цадахъ чи гьечIого виччан вуго зиยраталъ аварагасул хабатIе.

Бицен буго Шамилица рачлихъе щвезегIан тIаса ретIел бахъун бугила ва хабада цевеги чIун чIагояв чиясда гIадин гаргадун вугила ва Бичасул аварагасда, къоло щуго соналъ гьарурал рагъазул, халкъалда бихьараб гIакъуба къварилъиялъул, бачханщинаб зулмуялъул, исламияб диналъе гIоло шагьидлъаразул рехсон черхалда сири бан хIинкъадго суал кьун бугила, хвелалде цебе гъазават

къабуллъиялъул цо мугІжизатги загьир гьабуни бокьилилан. Аварагасул хобалда жаниса кверзул сураталда цо берцинаб нур бачІанила Имам вугев рахъалдехун баккун. Шамил тамахлъун, тартадилаго, накабазда кканила. КватІичІого тІаде рачІарал хІажизабаз Имам ссверун ккунила ва гьенире Имамгун цадахъ рукІарал киналго Дагъистаналдаса 400 ялдасаги цІикІкІарав хІажичиги вакІаранила. Гьеб аварагасул зияраталда байбихьун буго цояс гІарабалъ, цойгидас гІажамалъ назмаби ахІизе. Гьеб мехалъ Имамас абун буго ГІалихІажиясдехунги вуссун гьадин: ГІалихІажияв, гьагъалщинал назмаби Дагъистаналда рукІарав чи жакъа гьав аварагасда цеве чІарав мехалъ, мун щай гІенеккун чІолев абун.

Гьеб мехалъ пиркъан тІадеги вахъун, Имамасде килищги битІун, ГІалихІажияс ахІанила аварагасде гьабураб назму. Гьеб ахІулеб мехалъ Имамги вукІанила гонгиниса лъимгІадин гьурмадаса чвахулеб магІугун, цІамухъ гІащикълъараб гІиял гъади гІадаб гІодулеб гьаракъ хІажизабазулги букІанила рикІкІаде рагІулеб.

1875 соналъул рии ращалъуда хварав чиясул хабада лъураб хъубаялда жанив къуран цІалулев вугев ГІоротІаса Салманил Дибирида, Аллагьасул къудраталдалъун, хобалъа рагІула ракІ гъанцІулеб хварасул гьаракь ва гьев унтула захІматго. Дибирасде ваккизе вачІарав ГІободиясги قدس سره абула гьесул васасдехун, нужеца цІодорлъи гьабе, гьав халат хутІуларин. Гьобол унтун вугин хабар рагІарав, Индиралде гочарав ГІалихІажиявги вачІуна гьесде ваккизе ГІоротІе. Дибир хведалги ГІалихІажияв анкьица живго чІола гьесул хабада Къуръан цІалулев. Рузман къоялъ ругьалил какдаса хадув гьобол хисизе хабаде арав Дибирил вас МухІумидехунги вуссун ГІалихІажияс абула цо гІараб бакъан биччалищилан ва байбихьула махражалда берцинаб роцІцІараб гьаракьалъ

суратул Ясин цIализе. Заманго иналде МухIумида рихьула киналго хваразул рухIал, заназде тIадеги рахун, ГIалихIажиясдехунги руссун.

МухIумицаги гьабула росдае чанго соналъ дибирлъи ва гьаракь берцинаб букIиналъ какги ахIулаан ТIасияб мажгиталъуб. 1877 соналъ Сугъралъ букIараб восстаниялдаги гьабула гIахьалъи. ТIарикъаталъул устар Сугъралъа ГIабдурахIманхIажиясул قدس سره мина бухIулелъул, гьесулги гIарадерил гIолохъабазулги гьениб бажари гIун буго устарасул гIелмиял тIахьал рухIичIого хутIиялъе, гьезде тIаде ракь хъван цIадудаса рахчун.

Дун бегавуллъун вищараб, араб гIасруялъул ункъоабилел соназ, росдал дибирлъун вукIана дица рехсарав МухIумил васасул ХIасанил вас МухIамад.

Коммунист партия тIогьолъ бугеб заман бугониги 17 соналъ росдае исламияб нухмалъи гьабуна гьев, тIекълъиялда тIад рекъоларев, росулъ гIадло ва цолъи бокьарав, лъикIав гIалимчияс. Гьесул нухмалъиялда гъоркь гIарадерил жамагIаталъ цIи гьабуна кIудияб мажгит. ГIемер бицунаан мунагьал чураяв МухIамадица Инхоса ГIалихIажиясул лъугьа-бахъиназул ва ккараб таралъул. Гьес бихьизабунги букIана дида ГIоротIа жиндирго умумузул минаялда жаниб букIараб ГIалихIажиясул рукъги.

Гумбет районалъул гIолохъанав прокурорлъун хIалтIулаго дир кабинеталдаги букIана Игьалиса ГIабдулхIамидица бахъараб ГIалихIажиясул кIудияб сурат. Дагъистаналъул прокурорлъун вукIарав Яралиев Имамица дида цIехана МелъелтIе вачIиндал, гьаб щив правоведасул суратилан, дица гьесие жаваб гьабуна гьасул щибаб рагIи букIанин мугIрузул законилан. Дида щайха гьев лъалааревилан гIажаиблъи гьабуна поэзияги бокьулев, жиндицаго кучIдулги хъвалев лезгияс. Инхоса ГIалихIажияв вугин абидал, гьев цо гIажаибаб

асар гьабун лъугьана, гьадиназул сурат бокьараб бакIалдаги рекъолилан тIадеги жубана, дие кабинет къачIазе гIарацги биччана.

КIудияв шагIирасул 150 сон тIубаялъул данделъи тIобитIулелъул гьенире рачIун рукIана гIемерал гьалбал, гIалимзаби ва гьанже ругел Дагъистаналъул бутIрулги. ГIемер щвана дун ТIаса Инховеги, гьесул ирсилал руго дир гьудулзабиги гьалбалги. Лъай-хъвай ккана гьанже нилъгун гьечIел ГIалихIажиясул рухIияб хазина сундухъго балагьичIого данде гьабун цIунарал, жидер мунагьал чураял, ГIабасил МухIамадилгун, Инхоса ГIусманхIажиясулгун, ГьаракIуниса НурмахIамадил МухIамадилгун.

Рехсараб данделъиялда хъулухъчагIи ва гIалимзаби рещтIараб тIотIода нахъа халлъичIев НурмухIамадил МухIамад дида ватана ТIаса Инхдерил ХIола годекIанив гIодов чIун, аскIов чиги гьечIого, живго цохIо. Салам кьун бахъиналде дица цIехана гьесда мун рещтIараб бакIалда цIар лъалищ дудайилан? Дагьавго пашманго, гьинкIунги вачIун, гIалимчияс абуна КIудияв Имамасда лъалеб букIараб бакI нилъеда лъачIого бегьилищан ва тIадеги жубана гьаб хабар: рии бащалъуда гъоркьчIел гьабун, рахчун чIезе ккеялъ къечалъ хIал бергьун, тату хун бугониги, муридзабаз тушманасда тIад бергьенлъи босун хадуб цо наибас Имамасда цIехола, бугодай Дагъистаналда жакъад гьогьомараб бакIгойилан? Шамилица жаваб гьабула бугила ТIаса Инхо ХIола годекIаниб бугеб цIулакьодул гъотIокьилан. Лъаларо кида ва кин Имам багIарараб риидал ТIаса Инхове щун вукIаравали, амма лъала ТIаса Инхо ГIалихIажияв вукIинги, ЧIикь Имамасул туснахъ букIинги ва гьел росабалъан ГIанди – Гъагъалъе, Чачаналъе нухал рукIинги.

Дун ва дидасаги мустахIикъал рахун бажарулеб борхалъиялъул гIадамал нилъер кIудиял умумул

рукIинчIониги, дирго жагьиллъиги хIисабалде босун, жигар бахъана дица бажарараб куцалда гьезул заманалъул гIаммаб сурат цебе чIезабизе. Жеги бокьилаан, гIарадерил тарихалъул хIакъалъулъ хъвай-хъвагIай бугев ва батарав чияс редакциялде битIани.

***



*Маккаялда, МугIалаязул хабалалъ, ЩагIабатул нуран абулеб бакIалда ГIободиясул зиярат*

## САГIИД АФАНДИЯСقدس سره ХЪВАЛЕБ БУГО

***СагIид Афандияс***قدس سره хъвалеб буго жиндирго тIехь «МажмугIатул Фаваид»-алда «…ГIасаса ГIабдурахIманхIажияс, ГIободияв бергьарав гIалим вукIанин абун, гьесул хIакъалъулъ гIемер бицен гьабулаанила. Хириял бусурбаби, дагъистаниял! Ножода бихьула буго гьал рехсарал вакъигIатаздасан



иршадалъул изноялда тIасан гIалимзабазул бугеб кIалъай. Жедеца бицаралги жедеда тIасан хабар бицаралги – гьал рехсарал гIуламаал рукIана кIудиял ралъадал. Гьазул гьечIо цонигияв, нилъеца рагIи къабул гьабизеги, нилъ божизеги бегьуларев, кинаса батаниги, гьаз бицараб бицунилан дида гIайиб чIвайги битIун букIинаро…».

СагIид Афандиясра жиндирго тIехьалда "МажмугIатул Фаваид" -алда ГIободияв Накъщубандияв Устар вукIанилан меседил рахасалда Силсилаялдаги рехсонги вуго:

Гьаб цебехун рехсараб накъщубандияб тIарикъаталъул силсилат Аварагасдаса ﷺ бахъараб бачIун буго ИсмагIелил-Курдумериясде щвезегIан, гьевги вуго силсилаталда 31-абилев. Гьесдасан силсилат бикьана кIийиде, ай гьесул вукIана кIиго маъзун: МухIамадсалихI Ширваниги ХасМухIамад Ширваниги. МухIамадсалихIидасан гьав ккола 32-абилев гьаб силсилат бачIана КъахIиса ХIасан-афандиясде, гьав ккола 38-абилев гьаб гIаркьелалъул. ХасМухIамад Ширваниясдасан

гьеб бачIана МухIамад ал-Ярагъиясде, гьесдасан – Жамалудин Гъумукъиясде, гьасул маъзунзаби ккола Мамадибир Ручи, ГIабдурахIман Сугъури ва Шамил-Имам. ГIабдурахIман Сугъурияс изно гьабун буго Багиниса ШугIайб-афандияс бицаралда рекъон МухIамад-ХIажи ГIободиясеги ЦIадахIариса Илясиеги.

«ГIабдурахIман Сугъуриясул قدس سره гьадав кIиявго горони маъзун вукIинчIо, жив ГIободиясул قدس سره маъзун вугоян дагIба барав Хошдодаса Фир-МухIамадни вукIана», -ян абулеб буго Багинияс."

Жиндир баракат халкъалъего щваяв ГIободиясул قدس سره хIакъалъулъ, гьесие гьабулеб буго гьадинаб сифат ва абулеб буго: «Къуръан-хIадисалъул магIнабазда нахърегIиялъулъ ва гьезда жанир ругел балъгоял асрарал ричIчIиялъулъ, гьединго илагьиял кушуфал фатхIолъиялъулъ гьев вукIана, жагьилзабаздаяли щиб горин, гIалимзабадацин Жунайд ал-Багъдади ва Абу-Язид ал-БастIами ватилин кколев гIалим.

Гьединаб макъамалдаги вукIиндал, гьев чIечIо пасалъаби гIемерлъидал Дагъистаналда ва ана Турциялде. Жиндир макъамалъ гьенив чIейиги къабул гьабичIого, гьенисаги ана Мадинаялде, заманаялъ гьенивги вукIун, гьенисаги ана Маккаялде, «Мадинаялдаса Макка хирияб буго, дие Маккаялда хвезе бокьила», - янги абун. Гьенив хвана ва вукъана Хадижатил хобги жинда жаниб бугеб МугIалаялда бусурман тарихалъул 1307 аб. соналъ». Дагъистаналдаса ийиналъе сабабги букIана лъикIалдалъун амро гьаби ва квешалдаса нагью гьабизе хIалкIвей букIунгутIи, жиндир хьолбохъ чIун жиндие комек гьабулев чи вукIунгутIиялдалъун.

Дица гьаниб къокъго бицун тана, цIакъго халалъи бокьичIого, ГIабдурахIман Сугъуриясул ва ГIободиясул قدس سره караматал. Гьезул хIакъикъат цIакъго баян гьабун бицун буго «ТIабакъату-Багини» абураб тIехьалда.

# САГIИД АФАНДИЯСУЛ "МАЖМУГIАТУЛЬ ФАВАИД" ТIЕХЬАЛДАСА НАКЪШУБАНДИЯБ СИЛСИЛА




343 ГЬУМЕР

## ГЬАРАКIУНИСА НУРМУХIАМАДИЛ МУХIАМАД,
*магIарулазул цIар рагIарав гIалимчи*



-Хунзахъ районалъул ГIободаса КъебедхIажиясул вас МухIамад-хIажи قدس سره вукIана цIакъ кIудияв гIалимчи, машгьурав тIарикъаталъул устар. МухIамад-хIажияв قدس سره бергьарав гIалимчи лъугьун хадуб, эсие гьитIинав чиясе тIарикъаталъе изну кьуна Гъумекиса машгьурав тIарикъаталъул устарас Гьухъалиса МухIамадица قدس سره.

Цинги накъшубандияб тIарикъаталъе эсие изну кьуна Сугъралъа Муршидун Камил ГIабдурахIман-хIажияс قدس سره.

Нахъеги эсие анлъго тIарикъаталъе изну кьуна Маккаялда вукIарав Сайид ХIусейн СалихIица 1878 قدس سره соналъ.

***

## ГЬАРАДЕРИХЪА ХIАБИБУЛЛАГЬ,
*гIалимчи*

ГIободияв устар قدس سره гьитIинаб мехалъ цIализе ана Гьухъалиса МухIамадида قدس سره аскIове, гьесдасан тIарикъатги босана. Гьев жиндирго устарги, мударисги Мадинаялде гочун индал, ГIободияв قدس سره вачIуна ГIабдурахIман-хIажи Сугъуриясда аскIове. Гьенив чIчIола гIезегIан заманаялъ. Сугъурияс قدس سره гьав къачIазеги къачIан, жиндирго бакIалда чIезавула, ва гьесие изнуги кьола Дагъистаналъул халкъалда кIиябго тIарикъ малъизе: Лаиллагьа илаллагь абурабги ва жалалияб лафзалдалъунги.

Гьедин гIемераб заманаялъ Дагъистаналда кIиябго тIарикъаталъул устарлъун вукIана МухIамад-хIажи ГIободияв قدس سره, жиндие ГIабдурахIман-хIажи Сугъурияс قدس سره

халгІатги чалмаги кьурав маъзун, нахъеги тІарикъаталъул устарлъунги кІудияв къутІбулъунги вукІарав Маккаялдаса Сайид ХІусеница قدس سره гьижра тарихалъул І288 соналда хъван мугьруги чІван, гІемерал лъикІал гІадамазда цебесан, ГІободиясе قدس سره изну кьуна анлъго тІарикъат малъизе, гьесда тІад халгІатги ретІана, чалмаги къана.

***

## ЧАЧАНАЗУЛ НАКЪЩУБАНДИЯБ СИЛСИЛА ва ХІАЛИ-КЕЛОЙ РОСУЛЪА ИСКІИ(ИСХАК)-ХІАЖИЛ КАГЪАТ

## ГОЧЙИНА (на ЧЕЧЕНСКОМ)




Деле хьашт волуш волу яздархочуьнгара ду хІара, ал Хьадж шайх Мухьаммадал Іубуди, ДегІистанара волуш волу Іабдурахьман СугІури некьа тІех волчу Ислама охлунга а, бусулба нахе Ассаламу-Іалайкум варахьматуллахІи таІала вабаракатухІу “амин” Цул тІаьхьа аса шуна хоуьйту,

са бусулба вежарий хIара зама хиларна АллахI -Дели сийлахь цIе хьехош болу охлу шена чохь дIабевла хилар бахьана долуш аса пурба дели сай кIантана ал хьадж Мухьаммадана ал хьадж Мухьаммада кIантана ал къардий тайпана волчу.

АллахI-Дели сийлахь цIе хьехаяр нахана дIахьеха, халкъ нисда а, шен ницкъ кхочучу барамехь нийса некъ лоьхуш болчарна.

АллахI-Дели оху дуьйцу - чунна теш ву, иза тIех диканиг ву тIетойжиш болчарна а, ларлуш болчарна ХIара яздина шен куьйга Элчана Ровзатехь цIенчу бешахь, керла шо долалуш 6 чу дийнахь 1313 ш.

## ГОЧЙИНА (ПЕРЕВЕДЕНО на РУССКИЙ)

Нуждающийся в милости Аллаха, автор этого письма аль Хадж Шайих Мухаммад Убуди из Дагестана, последователь Абдурахмана Сугури.

Мусульманской общине, всем верующим благословение и приветствие, а также благодать от всевышнего Аллаха. Амин.

Далее я извещаю: по причине того, что число сторонников искреннего поминания Аллаха в наше время исчезло, я даю разрешение сыну Мухаммаду аль Хаджи и внуку из родового племени (тейпа) Кардий относительно обучения верующих людей, по мере сил и возможностей, поминанию Всевышнего Аллаха, а также наставления всех тех, кто поклоняется Аллаху в поисках истинного пути. Аллах свидетель всему. Он наилучший покровитель богобоязненных и тех, кто искренне полагается на Него.

Данное послание изложено на бумаге в благословенном священном Равзате Пророка (САВ) в начале нового года 6 (шестого) дня 1313 года.

# СИЛСИЛ НАКЪАШБАНДИЙН ТӀАРИКЪАТ ЭЛЧАНО ХЬИЖРАТ ДИНА

Маккара - Медийната вахана терхь ду хӀара

1. Мухьаммад-Мустафа Дела салам хилда цунна…..11
2. Абубакар сиддикъ…..13
3. Салманал фарасий…..33
4. Имам къасим…..107
5. ЖаӀфар ниссадикъ…..148
6. Абуязид ал бастӀамий…..261
7. Абухьасан Ӏалий ал харкъаний…..425
8. АбуӀалий фазла ал фармадий…..477
9. Юсуф ал хӀамданий…..535
10. Ӏабдулхаликъ ал гӀуждуваний…..575
11. Мухьаммад Ӏариф арривгирий…..657
12. Мухьаммад ал инжийр фагӀнавий…..670
13. Ӏазизан Ӏалий арралийтаний…..705
14. Мухьаммад бабассамасий…..753
15. Ӏамий амир кулал…..755
16. Мухьаммад бахӀауддийн бухарий…..791
17. Мухьаммад Ӏалауддийн ӀаттӀарий…..802
18. Якъуб ал чирхий…..851
19. ӀубайдаллахӀ ахьрар самаркъандий…..895
20. Мухьаммад захӀид самаркъандий…..963
21. Дарвийш-Мухьаммад самаркъандий…..970
22. Мухьаммад-хьажакий самаркъандий…..1010
23. Мухьаммад-бакьий ал кабалий…..1012
24. Ахьмад ал Фарукъий…..1034
25. Мухьаммад маӀсун ал фарукъий…..1079
26. Мухьаммад сайфуддийн ал фарукъий…..1095
27. Нур-Мухьаммад ал бадваний…..1135
28. ХьабибуллахӀ Шамсуддийн…..1190

29. Iабдуллахl аддихIпавий…..1240
30. Халид ал багIдадий…..1242
31. ИсмаIийл ал курдамирий…..1247
32. Хасмухьаммад аширваний…..1252
33. Мухьаммад ал ярагIий…..1254
34. Жамалуддийн ал гIумукъий…..1283
35. Iабдурахьман ас сугIурий…..1299
36. Мухьаммад ал Iубудий…..1313
37. КъутIбул авлияи, ва гIовсал асвияи, Шамсал шариIата, ва нурал тIарийкъата, Шайх хьадж Мухьаммад, ибна Мухьаммад ибна Мухьаммад ал аварий, ал гIанасолий БIаьчи-юртахь зиярат долуш шена тIехь "ЖавахIирил Сулук" яздинарг ву Молла (Махьма хьадж)…..1334
38. Шайх Исхьакъ хьадж ибна Мухьаммад ал гIансолий ал къарадий, ал аварий…..1349

## ЧАЧАНАЗУЛ КIУДИЯВ ГIАЛИМЧИ, ТIАД БУРТИЯЗУЛ МУФТИЯСУЛ КАГЪАТ:

-Дица Аллагьасулﷻ цIаралдалъун байбихьула дунялалда лъикIасдаги квешасдаги гурхIулев, ахираталда хасго муъминзабазда гурони жив гурхIуларев. Щибаб рецц тIадегIанлъиялда даимав Аллагьасеﷻ буго, салатги саламги лъеги нилъер сайид МухIамадидаﷺ, киналго аварагзабазул бищунго хирияв, гьесул агьлуялдаги, гьесул асхIабзабаздаги, гьесие рокьулел, гьесие хириял киназдагоги. Амин!

Гьелда хадуб, гьаб кагьат буго битIулеб самданияв къутIбуясде, раббанияв гIарипасде, халкъалъе насихIат гьабулев, халкъги жинца битIараб нухалде тIобитIулев муршид, жинца нух бихьизабулев гIалим, киналго гIулумазул ралъад, нилъер мугъ чIвалеб бакI, ниж кумек гьарун канцIулеб бакI, нижер сайид, шайх ХIажи МухIамад ГIободиясде.



Ва нижер Аллагьﷻ, дун гьесдалъун гьев василат гьавун щола дун духъе, ва дир БетIергьан, дие шапагIат гьабизе кье дуца гьесухъе ихтияр.

Ассаламу гIалайкум ва рахIматуллагьи тагIала ва баракатугьу.

Мун чIаголъиялда вукIиналдалъун ралел рахIматалъул цIадал къотIине хъван батугеги тIадегIанав Аллагьасﷻ, жидеца халкъалъул ракIазул хварал бакIал чIаго гьаризе.

Я дир Аллагьﷻ, дир ракIалъул хвел чIаго гьабеги, Дуца гьесие гIумруги халат гьабун. Мун чIаго вукIиналъул гIурччинал гъутIбиги ракъвагеги, жодор гIаркьалабаз тIалибиназе Аллагьﷻ рехсезе кIвеялъе чара гьечIого къваригIунел гьуинал пихъал кьолел, жалго Аллагь лъаялъул асраразул бищунго гъорлъе унеллъун ругел.

Я дир Аллагьﷻ, дуца дун гьавеги гьеб гъветIалъул пихъалдасан бетIербахъи гьабулев чилъун, камилаб хиралъиялъе гIоло. Амин!

Цинги гьалда хадуб; дун вуго АскIи -Хусил вас, ХIали-Келой абулеб росулъа Шубутиб вилаяталъул. Дун вачIун вукIана дуде зиярат гьабизе Ражаб моцIалъул ахиралда, 1300 соналъ букIанин ккола. Лъабго сордо-къо бана дица ГIобода росулъ, дун вачIунаан щибаб къоялъ дуда аскIове, кинабго заманаялъ дуда цадахъги вукIунаан. Щибаб нухалъ дуца дие кьуна насихIатги, вагIзаги, иршадги, ахираталъул ургъел гьабулев гIакълу-лъай бугев чиясе хвезегIан чIолеб. Гьеб заманаялда дун хIалтIулев вукIана гIурусазе хъулухъ гьабулеб диваналъул бетIерлъун.

Дица дур хIасраталъе къотIи гьабун букIана гьеб хьулухьалдаса гIодов ччIезе, тIубараб куцалда гьеб ишалдаса ватIалъизе. Амма дида ракIалде ккун букIана дур шаклъи ккун бугин дида гьеб хьулухьалдаса ватIалъизе кIвеларилан абун, гьеб дида ракIалде ккараб жо хадуб дуцаго баян гьабунги абуна дида. Дуца дие дагьабго вирдги кьуна, хьулухьалдаса гIодов чIчIезе шартIги гьабун, хъулухъалдаса гIодов чIчIечIого вирд гьабугеянги абун.

Дун тIад вуссана дуда аскIоса, дуца кьуна дие жигьадалъулги ижтигьадалъулги хIакъалъулъ хъварб тIехь ва гьединго дуца къотIи гьабуна дие кьезе силсилаялъул хIакъалъулъ хъвараб назмуги, дуца хъвазе байбихьун букIараб тIехьги хъван лъугIарабго. Хехго, гIемер заман иналде, дуде тIаде щвезе къотIиги гьабун букIана дица. Гьаб кинабго рехсолеб буго дица гьаб кагътида, дун ракIалде щвезе ва дун дуда лъазе мурадалъе гIоло. ГьанжелъизегIан санагIат ккечIо дие гьагъаб хъулухъ тезе, дуде зияраталъ вачIинеги, щайтIаналъ ракIалде рехулел васвасаз, квешал пикрабаз.

Ракlалъ щайтlаналдалъун абула дида: «Мун вуго загlипав чи, хlалтlизе кlоларев, дур руго гlиссинал лъимал, хlалтlизе кlоларей хъизанги, дуца тlаде босулеб иш буго захlматаб, бакlаб иш, гьелда хlал кlоларо загlипав чиясда цо щибниги тlаде жо бачlунеб хlалтlи гьечlони», - ян, ва гьелда релъаралги пикраби щайтlаналъ рекlелъе рехулел руго. Гьалаглъиялде ккелилан хlинкъун вуго дун, ракl цо хlал ккун чlезабизеги кlолеб гьечlо, гьеб битlараб нухде бачине хlалги кlолеб гьечlо. Щибаб лахlзаталъ гьалаглъиялде ккеялдаса хlинкъун вуго дун. Хвасарлъиялде нухги батулеб гьечlо, жидеда Аллагь ﷻ




Из книги "Джавгьару ссулук", Г1ободияв устар (К.С.) дает разрешение на наставничество одному из своих последователей Мух1аммад хаджи аль-аварий который похоронен в селение Бачи-юрт.

разилъаял вализабазул цояздасан лъикlлъиялде дун вачунеб иршадги кумекги щвечlони. Халкъалда гьоркьов цониги чи ватиларилан ккола дидасаго ракlги согlав, рекlел унтабиги цlикlкlарав. Тlадегlанав Аллагьасул ﷻ квербакъиялде, гурхlелалде, хьул лъун буго дир согlаб ракl хlеренги гьабун Аллагь ﷻ рехсеялде, гьев лъаялде бачинин абун, дуца

Аллагьасﷻ бижараб халкъ битIараб нухде бачиналъе гьарулел пайдаял, лъикIал тадбираздалъун ва дур къабуллъулел мунажатазул кумекалдалъун.

Ва амма, гьаб дир хьул хIорго хутIиялдасаги хIинкъун вуго дун, дирго черхалъул тасамахIлъиязул гIемерлъиялъ, хIатта дуца тIад къан рукIарал ишазецин, гьелги цоял тIуран, цоял тIурачIого хутIун руго, гьаб квешаб хъулухъалдаса гIодов чIчIей гIадаб, дуца гьабураб вагIзаялда нахъвилълъин гIадаб, теян абураб тун, гьабеян абураб гьабун. Гьелъул бищунго кIвар бугеб, лъагIалидаса цIикIкIун заманалъ нахъбахъиги, гьебги дуца битIараб салам кIудияв Аллагьасулﷻ валиясде, Аллагьасулﷺ нухда шагьидлъарав шагьид Ахъбердил МухIамадиде щвезабунгутIи, живги вукъун вугев Шубутиб вилаяталъул Гъур-Шукурти росдал хабзалалъ, жинда Аллагьгиﷻ гурхIаяв, хобалда нурги баяв.

Ва гьединго дида ккараб такъсирги, нилъер мугъ чIвалев ва нилъер кIудияв сайид, нилъер эмен, шайх ХIажи ГIабдурахIман Сугъуриясдехун кидаго букIинеб карамат гьесул хобалда, ва гурхIилев, ва разилъилев Аллагьﷻ гьесда.

Щваги нилъее шапагIат гьесул кумекалъул пайзалдалъун.

ИчIго соналъ цебе гьабун букIана дица Сугъуриясде зиярат, гьес дида тIад къан букIана вирдалъул дагьаб жо, дие санагIат ккечIо гьеб даимго гьабизе. Духъе зияраталъ вачIараб мехалъ, гьеб Сугъуриясулгун букIараб дандчIвай дуда бицине кIун букIинчIо дида, дудаса нечон. Кин букIаниги берцинаб тIаса лъугьин хьул лъолеб жо буго гурхIулев тIадегIанав Аллагьасулﷺ вализабазул рахъалдасан. Вализабазул хIикматияб балъголъиялъул мурадги бугелъул тIадегIанав Аллагьасﷻ рижарал лагъзадерил гIунгутIаби-гъалатIал жодода хIал кIолеб куцалда ритIизари ва гьел тIагIинари Аллагьасухъеﷺ щвелалде. Гьезул мурадги гьечIелъул мунагьал, хатIаял кколел гIадамал жодор баракаталдаса

рикIкIад гьаризе. Кин букIаниги, дир хьулалъул кун тIолеб гьечIо дур рахъалдасан бачIунеб пайзалдаса, мун гурев чиясде ракIги балагьулеб гьечIо. Масала, дица дидаго абуни, нилъерго гьанир Чачан ракьалда гIемерал шайихзабиги устарзабиги руго, гьезда аскIове ине маслихIат букIинарищ дуе абун, ракIалъ гьеб къабул гьабулеб гьечIо, дудехун бугеб гIищкъуги ссунеб гьечIо, дуца дурго агьлуялде гъорлъе виччалев гьечIониги цониги капурзабазе хъулухъ гьабулев чи. Гьебги батизе бегьула Аллагь ﷻ тун цогидазе хъулухъ гьабулел гIадамазул ракIазул загьириябги батIиниябги хIалтIи бацIад гьабизе рес гьечIолъи ва кIунгутIи.

Нижер вилаяталда ругел цо-цо устарзабаз тIаде къабул гьарула ракI бацIадго рачIарал чагIи, нилъеца рехсараб хъулухъ гьабулел чагIи гьел рукIаниги, гьезие вирдалги кьола. Гьебги батизе бегьула цо балъгояб хIикматалъе гIоло жагьилаб агьлуялдасан бугеб. Дида лъала дирго мунагьалги такъсиралги, гьелъие мукIуравги вуго дун, гьадалги, гьадал гурел цойгидал шайихзабазги гIажаиблъизе гьавуларо дун, гьез битIараб нухде тIовитIуларо дун. Дица макьил истихараги гьабуна, гьелъги дир мурадалъул гIагсалда бихьизабуна. Щаклъи гьечIого, баянаб жо буго дун гIадал гъаплаталъул агьлуялъул истихаралъул кIвар букIунгутIи. Аллагь ﷻ вуго киналъулго вакил, гьесдалъун буго тIовитIиги кумекги. ТIадегIанав Аллагьасе ﷻ бокьани, дица къасд гьабун буго гьаб бачIунеб ихдал духъе зияраталъ вачIине, дуда цеве чIезе нечон, дуда гьумер бихьизе намусав вукIаниги цебехун рехсарал ишазе гIоло. Аллагьасул ﷻ агьлуялда ниж гIадал мунагьазул агьлуялъул напсал рихьулел рукIиналда цадахъ, кинниги унтарав чиясе чара гьечIого къваригIуна тохтурасухъе ине, унтараб бакIги гьесда бихьизе, кигIан нечараб бакI гьеб букIаниги. Киналго рахъал жанире рачунеб, хадур гъезе захIматаб, гъваридаб балъголъиялъ, дуда тIад лъураб

мухIканаб жавабчилъиялъ тIад гьабула дуда Аллагьас ﷻ бижараб кинабго халкъалъул ургъел, тIалаб-агъаз гьабизе, гьезда гъорлъ дир ургъел гьабизеги, мунагьал кколел дунго гIадал гIадамазул цоясул гIадин. Дида лъаларо чIванкъотIун дуда абизе, Аллагьасул ﷻ кумекалдалъун гьаб жо дие гьабеян абизе, дида лъаларелъул шиб жо дие битIун кколебали.

Аллагьасул ﷻ гIинаяталдалъун дуда лъала дие битIун кколеб жо дидагоялдасаги гIемерго лъикI.

Кинниги дун вуго загIипав, адаб цIунизе кIоларев, Аллагьасде ﷻ таваккал дагьав чи ва гьелдаго цадахъ Аллагьасул ﷻ динги ва гьесул диналъул агьлуги бокьулев чиги.

ШагIирас абун буго: «Рокьул гIищкъу ккарасе йокьулелъе мутIигIлъи гуреяб цогидаб жо лъаларо»,- абун.

Гьарула ва жеги гьарула дур хIасраталда дида тIад бугеб гьир баччизе кумек гьабеян, кигIанго бакIаб гьир гьеб букIаниги ва дуца гьареянги тIадегIанав, мунагьал чурулев, кинабго жинда рагIулев, нилъее жаваб гьабулев, нилъ рокьулев нилъер Аллагьасда ﷻ дир ракI гIасиял пикрабаздаса бацIад гьабеян, рекIел беразда цадахъ ботIрол бералги Аллагьасдаса ﷻ нечон, гIодулеллъун гьареян.

Дун тIадегIанав Аллагьасде ﷻ гIагарлъизавулев, гьев дида лъазе гьабулев кумекчилъунги вукIа мун дие, дур хIасраталда аскIоса дунги нахъе гъогеян. Дида дур хIакъалъулъ гIемерал макьабиги рихьула, гьезул цо-цояз мукъсанлъи загьир гьабула, цо-цояз лъикIлъиялде вачуна, Аллагьасдаги ﷻ гьесул рацIадал лагъзадеридаги лъала гьезул баянал. Дица битIулеб буго гьаб кагъат баракат бугеб дур хIасраталде, лъаларо гIодобейищ рехилеб дуца гьаб кагъат дир рахъалдасан батидал, яги кодобе босун балагьизейищ мун гьалъухъ балагьилев?

ГIатIидаб, гъваридаб, киналго рахъал жанире рачунеб дур пазлоялдаги дур хIеренаб хIалимлъиялдаги гьарула гьаб

кагътил нахъияб рахъалда дие жаваб хъваян, дир рекӀел пащманлъи нахъе босулеб куцалъ, хъван гьаб кагъат босун духъе вачӀарав дир вац, дун божулев чи Шамил Халифа БайтӀилиясул васасухъе кьун жаваб битӀеян. Нагагь дуца гьеб гьабичӀони, гьеб ккола дие лъикӀлъиялъул рагьу къай. Шаввал моцӀалъул авалалда, 1302 соналъ гьадинабго кагъатги хъван дица духъе витӀун вукӀана цо дир диналъул вац, гьев дир вакил щвана дур росулъе ГӀободе, гьев гьениве щвелалдего дагьалго къояз цеве мун ун ватана Эрпелиб рахъалдехун, гьедин дир кагъатги нахъбуссун бачӀана, гӀададаги ккун. Амма гьанжесала тӀадегӀанав Аллагьасулﷻ хиралъиялде, гьесул цӀобалъул гӀатӀилъиялде хьул буго гьаб кагъат духъе щвелин, дагьабго халалъун букӀаниги ва дида гурхӀун, дир кверги босун, дур хӀазраталъул баракаталдаса дунги махӀрум гьавиларилан, дида бугеб бакӀлъиги дуца тӀаса босилилан ва гьединго дир кинабго агьлу- хъизаналъул бакӀлъиги, гьезда гьоркьоса хасго дир эбелалъулги, дида бищунго цӀакъ ургъел бугей, хӀатта, жинда Аллагьﷻ гурхӀаяв, жиндир хобги бацӀад гьабеяв Сугъуриясулгун дир ккараб ишги. Гьелдалъун кагъат лъугӀизе тела, гӀищкъуялъулаб саламгун.

ТӀадеги: Дир вуго ракӀ бацӀцӀадав диналъул вац, гьев вуго дида гурхӀулев, инсул бакӀалда чӀчӀолев чи. Щибго щаклъи гьечӀого, гьев вуго нижер Чачан улкаялда ругел гӀалимзабазул бищунго кӀудияв гӀалим, гьесда цӀарги буго ГӀабдулкъадир, гӀелмуялъул ралъад, гӀалимазул гӀалламат, жинда Аллагьﷻ гурхӀаяв ГӀабдулкъадирил вас, чачаназул Атахъ абулеб росулъа. Гьесул къасд буго дида цадахъ дуде зияраталъ вачӀине, унтиялъе дагьабгӀаги мадар лъугьани. ТӀубараб лъагӀел бана тохлъукье гьесул ботӀроде кӀудияб бакӀлъиялъул жо щун бетӀер бекаралдаса, ботӀрол ракьа я бекун, яги кьватӀун батиялда щаклъи ккун буго. Гьесги гьарулеб буго гьеб унтиялъул хӀакъалъулъ дуде хъваян, гьеб унти гӀадатияб дару

гьабуни Аллагьасулﷺ кумекалдалъун сахлъулеб унтийищ, ялъуни гьеб жиндие хиси гьечIеб Аллагьасулﷺ къадарищ? Гьеб тIоцебеселдаса батани, гьесул дуде гьари буго гьеб унтуе дугIа гьабун балагьизе гьабеян, гIицIго тIадегIанав БетIергьанасулﷺ сабабалдалъун, кумекалдалъун. Нагагь гьеб кIиабилелдасан батани, дуде гьари буго гьесие сабру гьабизеги, Аллагьасулﷺ къадаралда разилъизеги кIвезе дугIа гьабеян.

Ва гьединго ГIабдулкъадирица тавбу гьабун буго авалалда рехсарал устарзабазул цоясда цебе, дуде гьари буго гьесул къабуллъун бугищ гьеб тавбуян балагьеян, нагагь къабуллъун батичIони, щиб гьабун лъикIилан балагьеянги. Гьаб буго гьесулги дирги дуде бугеб гьари, хьулги буго дуде, щакдариялги нахъе рачахъун, ниж мурадалде щвезе гьарилин абун дуе буго даимаб тIокIлъиги кириги.

***17-аб. Жумадул авал, итни къо, 1303 сон.***

Дунги гьаб кагъат хъварав пакъир, Аллагьасул лагъзадерил бищунго хIакъирав, кагътил бетIералда рехсарав АскIи».

***Гьаб кагъат гIараб мацIалдаса авар мацIалде буссине гьабуна ГIорутIаса МУХIАМАДРАСУЛИЦА.***

*20 июнь 2003 сон.*

## ИГЬАЛИСА ЧУПАЛАВ,

*гъваридаб динияб лъаялъул инсан, шагІир*

КІиго мужадидги нусго шайихги,
МагІарул хвалчада гьоркьор рахъана.
ГъазимухІамадги ГІободиявги,
Макка-Мадинаялъ къабул гьаруна.
МухІамад Ярагъи, сайид Сугъури
Свинаро нужер нур гьаб ракьалдаса.
Жамалудин шайих-шаргІалъул къолден,
Щваги дур шапагІат шигІру хъварасе.
Маккаялъул къутІбу сайид ХІосенас
Сайид ГІободияв хІужра кьун тана.
Равзаялде щведал мужадидасда,
ЖамагІат гьардедал гьенивго чІчІана.
Гьедин ХІажиахІмад Гъумекиясе,
Жив унеб мехалда халафат кьуна.
Гьев хведал жиндир вас Аргъваниясда
Иршад тІобитІеян тІалаб гьабуна.
Анкьалго маъзумал ГІободиясул
ГІадамазе швана шаргІ тІобитІизе.
ПирмухІамад шайих Хушдадиясе
Халкъ иршад гьабизе изну кьун тана.
Идирис маъзумас Хъумтурхъалисан
Камилаб дин-ислам дурус гьабуна.
Абубакар Имам Ингушив рещтІун,
Агьлу суннаталъул сангарлъун чІчІана.
ГІамиргІали устар Алмахъалдаса
НахъбакІал къалъарав бакълъун вукІана.
ГІусмандибир-ГІурив, ГІавухъалъ-ТІалхІат
ГІелмуялъул цІураб ралъадлъун чІчІана.
Дагъистан чІухІарал гІалимзабазул
ГІемер тІахьал руго тІарикъаталъул.

ТIолго ГIарабустан жидей мукIурал
РукIана магIарухъ гIелмудал курмул.
ГIободияс хъвана къоло щуго тIехь,
Гьезул анлъго буго Дагъистаналда.
Гьесул тIахьаздасан тIокIкIараб гIелму
ТIолго гIаламалъе гIела ракьалда.




**Дагъистан**

Игьалиса Чупалав

...МагIарулаз улка берцин гьабуна
Имамзабаз Кавказ кенчIезабуна:
Авлахъ гIатIилъана, мугIрул рорхана
Купруялда цIа лъун, ислам цIунидал.

Бадру-УхIудалда рагъал рельлъараб
Чанги тунки ккана Дагъистаналда
ХIабиб гIахьаллъараб Бадру хирияб
Цоги ками гьечIо АхIулгохIалъул

Къаси кьижичIого, къад кваначIого
Ункъоялда анцIго къоялъ рагъана
Бидул цIураб хвалчен бигьаяб гьечIо
Пирдавус щванани рохелги буго

КIиго мужадидги, нусго шайихги
МагIарул хвалчада гьоркьор рахъана
ГъазимухIамадги ГIободиявги
Макка Мадинаялъ къабул гьаруна.

МухIамад Ярагьи, сайид Сугъури
Свинаро нужер нур гьаб ракьалдаса
Жамалудин шайих-шаргIалъул къолден,
Щваги дур шапагIат щигIру хъварасе

Маккаялъул къутIбу - сайид ХIусенас
Сайид ГIободияв хIужра кьун тана.
Равзаялде щведал мужадидасда
ЖамагIат гьардедал, гьенивго чIана.

Гьедин, ХIажиахIмад Гъумекиясе
Жив унеб мехалда халафат кьуна.
Гьев хведал, жиндир вас Аргъваниясде
Иршид тIобитIсян тIалаб гьабуна.

Анкьалго маъзумал ГIободиясул
ГIадамазе щвана шаргI тIобитIизе,
ПирмухIамад щайих Хуштадиясе
Халкъ иршад гьабизе изну кьун тана.

Идирис маъзумас Гъумтурхъалисан,
Камилаб дин - ислам дурус гьабуна.
Абубакар имам Ингишов рештIун,
Агьлу суннаталъул сангарлъун чIана.

ГIамиргIали устар Алмахъалдаса
НахъбакIал къалъараб бакълъун вукIана.
ГIусмандибир ГIурив, ГIавухъалъ ТIалхIат
ГIелмуялъул цIураб ралъадлъун чIана...

## АРГЪВАНИСА ХIАЖИЯВ قدس سره,

*Сайид ГIободиясул قدس سره вас ва гьесул халапа*

***Дида ракIалде ккола Сайид Пободиясул р.гI. бицунеб тIехьалда дагьа-макъабго гIаги бицен гьабичIого бегьиларин, гьев КъутIбул гъавсас жинда васлъиги ва халапалъиги рагIизабурав, тIарикъаталъул камилав устар Аргъваниса ХIажиясулги р.гI. хIакъалъулъ абун. Гьединлъидал, бицен гьабун тезин гьев Аллагьасулﷻ нух ккурав, Аварагасулﷺ суннатазда жив, эменго гIадин, нахъ вилълъарав, унго-унгояв муъминчиясулги***




***хIакъалъулъ. Аллагьасﷻ гьесул киригун-шапагIат камун тогеги нилъ, жакъа гьаб хIалбихьиязе кьураб дунялалдаги, метер-МахIшаралъул къоялъ цIадирабазда аскIобги. Амин!***

Халкъалъулго Хирияв МухIамад Аварагасулﷺ цо хIадисалда абулеб буго: ***«ГIелму жиделъ бугел гIадамал дунялалда аварагзабазул хулапаал ругила, ахираталда шугьадааздасаги ругилан»*** абун. Гьеле гьединаздасан цояв вукIана, жиндир керен гIелму-лъаялъулги, Къуръан-хIадисалъул гIаламатго караматаб нуралъулги дангъва чорхолъ бессарав тIарикъаталъул кIудияв устар Аргъваниса ХIажи قدس سره.

. ГIемерал гIадамалги тIаде гуризарун, гьезие вагIза-насихIаталда вукIана цо къоялъ Хунзахъ базаралда Сайид

ГIободияв قدس سره. Гьенире тIаде рачIана ТIанусиса базаралде сверизе ун рукIарал Аргъваниса МухIамадги ва ТIанусиса гьесул вацгIал ХIажиги. Гьеб гуриялда гъорлъеги лъугьун, цо лъикIав чи вихьулин гьаниванги абун, Аргъваниса МухIамадил вацгIалас квер босана гьесул. Гьесдаго хадуб Аргъваниса МухIамадицаги босана Сайид ГIободиясул квер قدس سره.

Муршидун Камилас Аргъваниса МухIамадил квер къанккун чIчIезабуна, гьесул рокъосезул цIех-рех гьабун лъугIизегIан. ТIаде балагьун гIемерал гIадамалги рукIана, устарас гьев гьитIинав гIолохъанчиясде гьедин кIвар кьеялъе бугеб гIиллаги бичIчIуларого. ЦIар-цIарккун жиндирго рокъосел гьес жиндаго гьикъулелъул, гьавго щив чи, гьадигIан мухIканго дир рокъосезул ахIвал-хIал лъалеван абун гIажаиблъун Аргъваниса МухIамадги вукIана. Гьесда ракIалде ккун букIана гьев гIободисев жидерго гьоболгIаги ватилинхаян абун.

Цо кинабалиго гIаламатаб къуваталъ васасул черхалда чапун гIетI базабуна, гьесул хIал хисана, жинда лъаларев чияс, кверги ккун, гьедин живго чIчIезавидал.

Ахирги Сайид ГIободияс قدس سره гIолохъанчиясда абуна:

-Мун къаси нижехъе ГIободе вачIа, дир вас! Мун ***ХIалимат-эбелалъе*** къваригIун вуго! -абун.

ГIободе устарасул рокъове унаго, цо кинабалиго ричIчIуларел гIаламатаз паналъизабун букIана Аргъваниса МухIамадил ракI. Гьеб лахIзаталъ чорхол гьаваги, рекIел хиялги чорхолъа батIалъун ана. Саламги кьун устарасде тIаде щвана.

-Я, дир вас, гьанжеялдаса нахъе мун гьедин вукIине бегьуларо. ЧIужуги ячине ккола, хIалтIиги гьабизе ккола, боцIи-панзги букIине ккола къавулъ, мунго бетIергьанаб рукъги букIине ккола дур, - ян абуна устарас гIолохъанчиясул, додинго, кверги ккун.

Цо заманалдасан Сайидас ХIажиясда МухIамадида абуна:
-Мун гьанже Аргъванивего тIадвусса, дир вас, ва эбелги цадахъ ячун, мун гьанивегоги тIад вусса. Дие бокьун буго мун васлъун гьавизе.



Эбелалда гьеб хабар васас бициндал, гьей разилъана ГIободе васгун цадахъ ине ва устарасе жиндирго вас кьезе. Устарас абухъе кинабгоги гьабун эбелги-васги Аргъванирего тIад руссана ва шаригIаталда рекъон буголъи бикьана. ХIажица жиндиего кколеб хIалалаб бутIа бичана. Нахъеги эбелги-васги ГIободе рилъана гIарацги босун, амма устарас гьеб босичIо гьезухъа. ХIажица абуна: «Нужер анир бесдалал ругищ?» абун. Устарас абуна: «Руго» абун. ХIажи гьезие гIарац

бикьизе унев вукIарав чи устарас тIад вуссинавуна ва гьеб гIарацги босана жиндихъего.

Эбелги тIад йуссун ун, ХIажи живго хутIидал, Сайидас гьев тIубараб кIикъого къоялъ халваталда чIчIезавуна. Гьесие квенги ва къваригIанщинабги кьолеб букIана живго Сайид ГIободияс قدس سره.

Халваталдаса къватIиве вачиндал, Сайидас Аргъваниса ХIажида قدس سره абуна, гордал цIералде килищги битIун: «Гьанжеялдаса нахъе, гьаб цIородагIаниги, дуда щайтIаналъул хъат баларо, дир вас. Гьанже абуни дуда тIадаб буго дурго черхги ва дурго напсги квегъизе» абун.

Гьединги абун, Сайид ГIободияс قدس سره цIидасан халваталъуве вачана Аргъваниса ХIажи قدس سره. Амма гьаб нухалъ абуни гьеб халалъана тIубараб лъабго гIун соналъ. Жанив тарасе кьечIо гьабихъ хараб ролъул цо къатIрагицин. Кваназе кьолеб букIана гIицIго белъараб гьоло, багIаргьоло ва цIоросаролъ.

ТIоцебесеб къоялъ халваталъуса къватIиве вачунелъул, гьесда бихьизе тана гIицIго жиндирго хIатIида цебе бугеб ракь, къараб квералъул манзилалда. КIиабилеб къоялъ абуни-рагьараб квералъул манзилалда. Лъабабилеб къоялъ абуни вачана бащдаб натIалъул манзилалда ракьги бихьизе тун. Жеги нахъияб къоялъ-кIиго натIги лъун.

Хадуб абуна: «Гьанже мун къватIиве вахъине бегьула тIуванго» абун. Ва тIокIав халваталъув жанивги течIо.

Гьеб киналдасаго хадуб Сайид ГIободияс قدس سره Аргъваниса ХIажиясул قدس سره бетIералда квербацI бухьана.

ТIадехун нилъеца бицен гьабухъе, Дагъисталалдаса гьижра гьабун нахъе унаго, Сайид ГIободияс قدس سره жиндирго халапалъун тана Дагъистаналда Гьухъалиса ХIажиахIмад قدس سره.

Жиндир къоял рагІалде ракІарулел рукІин лъайдал, Гьухъалиса ХІажиахІмадица قدس سره хиял гьабуна Макка-Мадинаялде ине ва гьенивго МухІамад Аварагасулﷺ ракьалда накълулъизе инеги.

Гьесул лъади Написатги йикІана динияб гІелму жинда лъикІго лъалей, гІараб гІелму жиндица цІаларай гІадан.

Гьелда ХІажиахІмадица малъун букІана вирд босизе вачІарав чиясухъе гьеб кьезе кколеб куцги. Ва абун букІана духъе цо пуланав вас вачІине вугин, жив Сайид ГІободиясул قدس سره халапа вугин абун. Ва гьес жинцаго дуда бицинеги бугин, жиндиего Сайид ГІободияс قدس سره цебеккунго хъван тараб ижазаялъул кагъат нилъер рокъоб бугеб бакІги абун. Гьесул цІарги бицун букІунаро гьес Написатида, гьев дудаго лъазе вугинги абун.

Аргъваниса ХІажияс قدس سره тІаде къо щведал гьеб кагъат нахъе босана Написатихъа ва халапалъи гьабизе байбихьана. Ва амма гьеб букІана кутакалда диналъе хІинкъи бугеб, «РУХІАНИЯЛ» абун, гІалимзабазда тІад вахІщилъиялъул михир бачунел, капурал коммунистазул зулмуялъул гьобо тІубараб къуваталда хенолел сонал.

Гьеб балагьалъул михир тІад бачана Сайид ГІободиясул قدس سره вас ва халапа Аргъваниса ХІажидаги قدس سره тІад.

Ахирги 1932 соналъ херав ва унтун тату хварав Аргъваниса ХІажи قدس سره, туртида тІадги лъун, мугъзада ваччун ана милициялъул хІалтІухъабаз. ЧКаялъул чукъбузул мацІалги кьочІчІое росун, НКВДелъул жасусаз Анжиялда туснахъалда жанив тІамуна тІарикъаталъул кІудияв устар, гьесда щибго гІайиб букІинчІониги. Гьеб мехалда устарасул гІумруялъул букІана 99 сон.

Аргъваниса ХІажица قدس سره ахираб нухалъ живго туснахъалде вачун унеб мехалъ, гІага-божаразда абуна: «Дида инсуца абун букІана, дида тІад капурзабаз лъабго

нухалъ квер лъезе бугин ва ахираб нухалда мун чIаго росулъе тIад вуссинеги гьечIин. Гьаб дир лъабабилеб буго, ва дунги гьаб нухалда чIаго нахъ вуссине гьечIо.» абун.

Гьес жиндицаго цебеккунго абухъе, кIудияб захIмат-гIакъубаги бихьун, Аргъваниса ХIажил قدس سره жаназа туснахъалдаса бикъана бахIарчиял магIарулаз ва гьев тIарикъаталъул устар вукъана, цебеккунго жиндицаго бухъун хIадурун тун букIараб хобалъув- Хунзахъ районалъул ГIоротIа росулъ бугеб зияраталда.

***Аргъваниса ХIажида قدس سره цадахъ туснахъалда вукIарав, гьесул лъадул вац ГIабдулкъадирил ракIалдещвей:***

-Нижер вукIана кинавниги анлъго чи. ХIажица нижеда щивасда бицана кида щив нижер къватIиве виччазе вугев, хвезе вугев, ва кигIан сонал туснахъалъул кьезе ругелали.

Аргъваниса ХIажи قدس سره рахан бугеб нуцIидаги хъвачIого, жиндиего къваригIараб мехалъ, жаниве- къватIиве хьвадулев вукIана. Гьеб кинабго бихьулеб букIана хъаравулзабаздаги ва нижедаги.

Нижеца цо къоялъ ХIажиясда гьикъана: «Гьедин бокьараб жо гьабизе кIолев чи, мун щайха гьаниса нахъе тIурун унарев?» - аун.

Аргъваниса ХIажица قدس سره нижеда абуна: «Аллагьасулﷻ хIукму дун гьанив жанив хвезе буго. Гьединлъидал, дун гьаниса кивего инеги бегьуларо, дир диналъул вацал!»,- абун.

-ХIажи хвана. Хварал гIадамал рукъизе росулеб гьоко букIана туснахъалъул азбаралда. Гьеб цIезегIан чанго къоялъ тIатIала ран толаан рукIарал хваразул жаназаби. ХIажи цеве хун вукIун, гьесул жаназа бищунго гъоркь букIана, ва амма гьеб щибаб нухалъ, ниж балагьидал, бищунго тIаде рехун батулаан букIараб. Гьаб гIаламатго щибан абун, гьеб нижеца ургъунго гъоркье ккезабуна, амма жаназа абуни, додинго,

бищунго тӀаде ккун батулеб букӀана нижеда. Лъабабилеб нухалъги гьев бищунго тӀаде ккун ватидал, хварал рукъизе ритӀарал нижеца, гьев, гъваридаб гвенд бухъичӀого, батӀаго, цо худер-чӀахӀги тӀаде бан, тун вукӀана. Гьениса гьев унги ватана.

-Аргъваниса ХӀажи قدس سره жанив тӀамураб рукъ букӀана кутакалда цӀорораб рукъ. Гьесие хвасарлъи букӀана рокъосанго цадахъ босараб тӀимугъ. Цо сордоялъ гьесде ваккизе щведал, дида гьеб тӀимугъ, унтун тату хвара устарасда тӀаса нахъеги бахъун, рукъалъул ракьанде рехун батана туснахъалъул жасусаз. Дица гьеб тӀимугъ босизеги босун,




ХӀажиясда тӀад бан тана. Гьес дида абуна: «Гьал дихъ ругел чӀумалги сагӀатги нахъе росе, ГӀабдулкъадир» абун. Дица чӀумал росана, кигӀан бокьичӀониги, амма устарасухъа сагӀат нахъе босизе дун нечана. Радал гьесде ваккизе щведал, сагӀат бикъун ун батана дида. КӀиабизе щведалги, гьединго, тӀасаги бахъун нахъегӀан рехун батана дида тӀимугъ. Лъабабизе рогьалилъ щвелалде, тӀимугъ борхатаб горда тӀад лъун батана дида. Ва ХӀажиги цӀорон хун ватана гьеб сордоялъ.

Гьеб киналдасаго хадуб, 1936 соналъ Аргъваниса ХӀажил قدس سره лъади ПатӀимат абуни, жиндирго вац ГӀабдулкъадиргун ва гьесул хъизан-лъималгун цадахъ, кулакалинги абун, ритӀун рукӀана Гьоркьохъеб Азиялде Казахстаналде гӀумру гьабизе. Гьел «кулаказул» рокъоб

батараб къайи-цIаги хIукуматалъ хIалалъ нахъе бахъун ун букIана.

***

*Аргъваниса ХIажил قدس سره цо-цо караматал:*

Ахирисеб-лъабабилеб нухалъ 1932 соналъ, туснахъалъув тIамизе, унтарав живгоги туртида лъун, ваччун унев вукIарав милициялъул хIалтIухъанасда Аргъваниса ХIажица قدس سره абуна: «Гьаб дур дун ваччараб мугъ кватIичIого борлъизе буго кIудияб гуллица» абун.

ГIемер заманго иналде, устарас абухъего, кIудияб гуллица борлъун рехана гьев НКВДеялъул хIалтIухъанасул мугъ.

***

Живго, гьалмагълъигун цадахъ, хIежалде ине къачIалеб мехалъ, Аргъваниса ХIажида قدس سره жиндирго лъади Загьратица гьарана жийги ячейин нужеда цадахъ хIежалде абун.

Устарас лъадуда абуна: «Ралъдалъе рехизейищ дица мун цадахъ ячиней?» - абун.

Росги ва гьесул гьалмагълъиги, гамидаги рекIун хIежалде унелъул, Гьарадерихъ росулъ къадаралде щвана Загьрат.

Устарас гIадада щибниги абуларо.

***

Гьаб буго ГIоротIа ккараб иш. Устарги ва гьесул гьалмагълъиги хIадурлъулеб букIана ГIавухъалде сапаралъ ине. ГIабдурахIман абулев мурид вукIана цадахъ босизе ярагъ хIадур гьабулев.

Гьесухъаги босун гьеб туманкI Аргъваниса ХIажица قدس سره муридасде битIизабуна. ГIабдурахIманица, хIинкъуца холаго, абуна гьелда жаниб гулла бугин, чвархъизабизе гуринха дуца гьеб, устаран, абун.

ХӀажияс, муридасдеги битӀизабун, туманкӀ кьвагьана. ва гулла ГӀабдурахӀманида цебе хенелеб букӀана таманаб мехалъ.

АскӀов вукӀарас ГӀабдурахӀман ккуна, гьев чӀван ватилинги ккун.

Аргъваниса ХӀажица قدس سره, махсароги гьабун, велъулаго абуна: «ТӀухьидул гулла гуреб, жибго пистон кьвагьун батилин.» абун.

***

Гьеб букӀана Хунзахъа ГӀалиханил Хъайтмаз, жиндирго васалгун цадахъ, цӀунтӀадерил рохьазда рахчун, болъшевиказде данде рагъулеб заман.

Гьез рекӀунаан, цере ратарал элхъабалъа тӀаса рищун, лъикӀаздаса лъикӀал чуял.

ЦоцӀул гьезухъе щвана Аргъваниса ХӀажил قدس سره цӀахӀилаб чуги, ГӀабдулкъадирилазда цадахъго.

Хъайтмазица ХӀажил чу кколеб мехалъ, цадахъ рукӀараз абуна гьеб Аргъваниса ХӀажил قدس سره чу бугилан. Шайихасул чу дагьабги цӀакъ рекӀине кколаянги абун, Хъайтмазица ккуна гьеб. Амма жиндаго тӀад рекӀине толарого, гӀемераб гӀакъуба кьуна Хъайтмазие устарасул чоца. Квешго ццинги бахъун, чодуе гӀакъуба кьезе байбихьана Хъайтмазица.

ГӀоротӀа вукӀарав ХӀажида бихьана, цӀунтӀадерил рохьазда жиндирго чодуе Хъайтмазица гӀакъуба кьолеб бугеб куц.

Жиндирго муридзабазда Аргъваниса ХӀажица قدس سره абуна: «Гьадаб дир чодуе Хунзахъа Хъайтмазицаги лъималазги кьолеб бугеб гӀакъуба бихьулеб букӀарабани, нужеда кванан квен эхебе инароанин, дир диналъул вацал!» абун.

ГӀурцӀмадаги рекӀун Гьарадерихъа ГӀабдурахӀман ана устарасул чода хадув. Гьесда ратана Хъайтмазги, гьесул васалги ва устарасул чуги. Васаз инкар гьабула гьеб устарасул

чу нахъе кьезе, амма Хъайтмазица абуна: «Гьел суфизабиги, шайихзабиги бергьараб къуваталъул чагIи рукIунин, дир лъимал, гьесул чу нахъе кье», - ян абун.

ХIажиясул чуги бачун ГIабдурахIманги, жиндирго гIурцIмадаги рекIун, Гьарадерихъе тIад вуссун вачIана.

***

Цо нухалъ ХIасанхIажи абулев муридасда ракIалде ккола: гьав нижер устарасул кашфу-караматазе бажариго бугодайха абун.

ЖамагIат гьабун как балел рукIана киналго. Какилъ вукIаго ХIасанхIажиясда бихьулеб буго къиямасеб къоги чIун, ГIарас-майданалде халкъги бахъун, цIадирабиги лъун, хIисаб-суалалде халкъ бачIунеб. ЦIадирабазда цеве гIодовги чIчIун, жиндирго муридзаби тIоритIулев Аргъваниса ХIажиги قدس سره вуго.

Гьебго жо устарас жиндирго ахирияй лъади ПатIиматидаги бихьизабун буго.

***

Цо нухалъ Шалиялде ун рукIана Аргъваниса ХIажиги قدس سره ва гьесул муридзабиги. Гьел къасиялде Шалиялде щвана. Чуяздаса кьалал рахъун рахъиналдего, устарас буюрана чуязда цIидасан кьалал лъейин, нилъ къасиго эхеде рилъине кколел ругин абун.

Гьеб мехалъ цо кьвагьи бахъана росулъ. Боголил гIужалъ бахъараб гьаб кьвагьиго щибан абун, гьоболасул лъимал уна росулъ ккараб жо щибали лъазабун рачIине. ТIадруссун рачIиндал, гьез бицана росу гIурус аскаралъулаз сверун ккун бугеблъиги ва метер радалалде гIадамаз жидехъго бугеб ярагъалъул пуланаб къадар нахъе кьечIони, гьезул росу цIаги гъун бухIизе бугилан гьез лъазабураблъиги.

Аргъваниса ХӀажица قدس سره гьеб мехалъ цадахъ рукӀаразда лъазабуна, нужеца хехлъи гьабун, чуяздаса кьалал рахъеян абун.

Радал жалго лъугӀараб мехалъ, чуяздаги рекӀун къватӀире рахъана гьел. Гьел ана битӀун гӀурусазул аскаралъул штаб бугеб бакӀалде тӀаде. Киназдаго тӀад букӀана ярагъги, гуллбузул цӀурал патронташалги рукӀана гьезда рихьиледухъ тӀасан ран.

Муридзаби тӀаде рачӀунел рихьидал, гӀурусазул солдатал гьезие бакьулъан ине нухги кьун, кӀийиде рикьун ана. Гьезие честги кьун чӀчӀана солдатал, устарасул рекӀараб къукъа цебеса ун бахъинегӀан.

Гьезда абуни ракӀалдегицин ккечӀо рекӀаразухъа ярагъ нахъе бахъизе.

***

Чачаналдаса тӀадруссун рачӀунаго, Аргъваниса ХӀажил قدس سره муридзаби тӀаде ккола, Ахъташ лъарал рагӀалда хӀухьбахъизе лъалхъарал ГӀандиса ГӀумархӀажил къапилаялде тӀаде.

-Мун маъзумги гурин, дуца кьурдизе, кечӀ ахӀизе тӀамун, дин щай хвезабулеб? -ян Аргъваниса ХӀажица قدس سره цӀехедал, ГӀандиса ГӀумархӀажица гьикъана тӀад вуссун, дуца жив маъзум гуриланищ абурабилан абун.


Хаджи Аргвани -маъзум Мухаммадхаджи Ободи

-Мун гӀинкълъунцин гурищ вугев, ГӀумархӀажи? Дица цойги нухалъ, киназдаго рагӀун,

абулеб буго мун маъзум гурилан абун, ццин бахъун кIалъана гьесда устар.

Гьеб параялъ, цо сункьаялиго кутакалда хIинкъарав гIадин, тIадго хьиталги тун, лъар бахун довехун лъутана ГIандиса ГIумархIажи.

Щай мун гьедигIанго цIакъ хIинкъун тIурараавилан цадахъ рукIараз цIехедал, ГIумархIажица абун буго жинда тIаде бачIунеб букIанин цо кIудияб гъалбацI. Гьелдаса хIинкъун тIурулев вукIанин живан абун.

***

Гьеб букIана Аргъваниса ХIажи قدس سره цодагьаб заманаялъ Инхо чIараб заман. Доб мехалда ХIажил хъизанги йикIинчIо. Цо Гьарадерихъа гIаданалда ракIалде ккола жиндирго яс Аргъваниса ХIажие قدس سره лъадилъун кьезе ва ургъула гьелъие данде кколеб хIиллаги. ШагIил гIортоялда жанибе рахьги тIун, гьелда гъорлъе «рокьул херги» бан ячIуна Инхое гьей ясалъул эбел.

Гьеб лъикIалъе гуреблъи гьаналъ бицараб гIадин, Аргъваниса ХIажица قدس سره босун къотIнобе рехун битIула «рокьул рахьдал» бугIун жаниб цIураб щагIил гIорто ва гIодобги речIчIун щущан бихун уна. ва рахьдада бараб борохь рахь-рахьалде жункIун уна.

«Рокьул маххги», гьабизе жоги тIагIун, женлъун цееса паркъун ана, жанисанго ХIажидеги гъулгъудилаго.

Гьалдаса мухIканаб хIакъикъат лъала цохIо Аллагьасда ﷻ!

***

. Гьел шайихзаби руго ракьалдасан баккизе гьабураб лъим гIадал чагIи, хъубаб жоги чуризе ва къечарасе гьекъезеги.

Жинда нахъ вилълъарасда гьав Сайид ГIободияс قدس سره бихьизабулеб буго цо гьитIинаб нукътIаялдасан 70000 сирру, 70000 хIикмат, Аллагьасулги ﷻ ва Аварагасулги ﷺ изнуялдалъун.

Гьаб цогидаб Аллагьасﷻ ракьалда рещтӀанщинаб тӀехьалъул магӀна буссана Къуръаналде. Къуръаналъул магӀна буссана алхӀамалде. АлхӀамалъул магӀна буссана БИ-ялъул нукътаялда гъоркье. Гьеб нукътаялдеги балагьун кьола Сайидас къватӀибе.

Гьаб тӀехь буго 14 къарнуялъул мужадид КъутӀбул гъавс Сайид ГӀободиясулقدس سره манакъибал жанир хъвараб тӀехь. Гьаб нусабго соналъул тасарупалъул тӀолго дунялалда тӀад вирд малъизе ихтияр гьечӀо жив тун батӀиясе. Сайидас абуна: «Дица кьучӀчӀаб нух дунялалда хӀалтӀизабизеги, гӀавамал жидеца тӀоритӀизеги, нуж эзда нахь рилъинеги, Аллагьасулгиﷻ Аварагасулги ﷺ изнуялдалъун, гьал хадур рехсарал гӀадамал рихьизаруна нуж нахъ рилълъине. Гьав дир халапаясдаги халапаги дир ХӀажиахӀмад Гьухъали Гъумекиса, Мадинаялдеги вачун, халапалъун чӀчӀезавурав. ЧӀчӀезе гьавиялъул кагъатги ва халапаялъе мугьруги чӀвана».

Гьасда разияв чи жинда разияв чи вугин, силсилаялда разияв чи Аварагасдаﷺ разияв чи вугин, Аварагасдаﷺ разияв чи Аллагьасдаﷻ разияв чи вугин, нужеца гьесдасан кӀвараб мупагӀат босеян абуна Сайидасقدس سره.

Гьаб халапалъи нахъа вачӀине вугев васасухъе бачӀине буго, кагъатги кьун изнуялдалъун. Гьев васги Аргъваниса ХӀажи вуго рахӀим.

Гьаб нилъ жанир ругеб къарнуялъул азаралда ункънусабилел сонал руго. Жинца рихьизе гьарун тана, кодоре кагъталги кьун, мугьруги чӀван, изнуги кьун, хадур рехсарал маъзумзаби:

1. Къиблаялъул рахъалда тана ГӀуриса ГӀусмандибир.

2. МугӀрузул рахъалда- Хуштадаса ПирмухӀамадхӀажи. Гьесул кагъаталда нахъияб рахъалда халапаялъе чӀвалеб мугьру чӀвана, гьесдаса разилъун.

3. Хьиндал халкъалъе Ингишоса АбубакархIажияв тана, изнудал кагъатги кьун, мугьруги чIван, халапаясе чIвалеб мугьруги гьесулги кагъаталъул хъахIаб рахъалда чIвана, гьесдаса разилъун.

4. ГIавухъалъа ТIалхIатхIажияв маъзумлъиялъул кагъатги кьун, мугьруги чIван.

5. Турхъалиса Идрис, хъван кодобе кагъатги кьун, чIван мугьруги тана.

6. Алмахъалдаса ГIамиргIалихIажияв, хъван кодобе кагъатги кьун, мугьруги чIван тана.

7. ГIандиса ГIабдулагь, кьун кодобе кагъатгун, мугьруги чIван тана.

Халкъ тIобитIизе гьал маъзумзаби тана, жодой тIубараб изнуги кьун, щибго щаклъи гьечIеб хIалалда.

## ХЕЛЕКЬУРИСА ГIАБДУЛАГЬИЛ МУХIАМАД,

*магIарулазул машгьурав гIалимчи*

Аллагьасﷻ дие цIоб гьабидал, ГIободиясул قدس سره истилахIалги манакъибалги лъаялдалъун, дие бокьана дагьал гьесул ахIвалал баян гьаризе, гьесда нахъвилълъине бокьарасе ракIгъеялъе букIине.

Гьев ГIободияв Сайидقدس سره вукIана камилав Имамлъун жив вугев камилав шайих, тIадегIанал хIалазул бетIергьан, Аллагьﷻ лъаялдалъун футухIатазул асс, накъщубандияб тIарикъаталъул Сайидقدس سره, гьаб нилъ жинда жанир ругеб 14-абилеб нусго соналъул Имам.

Гьесул караматаздасан буго гьас тIахьал данде гьарулел рукIин. Кваранаб квер хъвадарулеб букIунаан, квегIаб чIумал рехулеб букIунаан, кIалалъ зикру бачунаан, гьеб гьабулеб тасбихIалда цадахъго.

Цо гьесул лъикIав муридас-Хьиндахъа МуртазагIалица гьикъун буго гьесда гьеб лъабабго жо цадахъ цохIо гIужалда

гьабизе дур хIал кин кIолеб, гьеб тIехь данде гьабизе цIакъго захIматаб жоги бугелъул, хасго тIахьаздасан босун, яги устарас малъун гьабулебги гьечIони абун. Гьесие жавабалъе Аллагь ﷻ разилъаяс абуна: «Дида тIадаб гьечIо щакъиялдаги ччун мухъил рагIалда къалам лъей гурони. Цинги Аллагьас ﷻ, жиндир къадаралда рекъон, гьеб билълъине гьабула»,- абун.

Сайидасул قدس سره киналго тIахьалги руго Къуръан-ХIадисалдасан росун данде гьарурал. Гьес гьениб рехсон гьечIо цересел мусафиназул рагIаби, далил бачиналъе гIоло гурони. ТахIкъикъалъул агьлуялъул шартIги цоги чиясул калам далиллъун гурони жидер тIахьазда жаниб хъвалареб буго. Гьелдалъунги лъала Аллагь ﷻ разилъаяв шайих ГIободиясул قدس سره макъамалъул тIадегIанлъи.

Расуласул ирс босарал акътIабазе гурони кIудияб фатхIу букIунарелъул, гьедин букIин лъала вализабазул тIахьаздасан.

Гьединго, гьесул хиралъабаздасан буго гьев вукIин Аварагасул ﷺ нухалда цIакъ нахъвилълъун, жинда Аллагь ﷻ разилъаяв вукIана хавасаздаги гIавамаздаги жанив, гьелдалъун машгьуравлъун.

Гьесул шайих Сугъурияв къутIбуяс قدس سره абуна цо жиндихъе гIемер вачIунев муридасда, гьев Сайид ГIободиясул قدس سره бицен гьабидал, дунги дида цересел шайихзабиги гьев ГIободиясе قدس سره мукIурал рукIана кIиго жоялъе: суннат цIуни-цо, шаргIалъул нухалда хъизан цIуни-кIиго. Лъабабизе цояс абуна караматалги хIалалги рахчун, халкъалдаса вахчиги бугин гьесул гьев тIокI гьавураб жоян. Гьедин гьесул караматаздасан буго щибго пиша букIа, рагIи букIа, вагъа-вачари букIа, чIей букIа, нахъиял хIалал- жал рукIа, кигIан гьитIинабги жо суннаталда рекъараб гурони букIунгутIи.

Гьев разилъулароан щибго гьабизе щивниги чиясда кинабго жо, хIатта рукъалъе гьабулеб хIалтIи-пишацин, суннаталда рекъон гьабичIони. Гьес абулаан рокъоре рагьдухъан лъугьине кколилан, гьедин гьабеян. Аллагь ﷻ разилъаяс гьедин гьабизе ккеялъе далиллъун гьаб аятги цIалулаан «Вама арсална мин расулин иллалиютIагIа биизниллагьи». Гьелъул магIна буго «Аллагьас ﷻ цониги расул витIичIо Аллагьасул ﷻ изнуялдалъун жиндиде гIадамал мутIигIлъизе гурони».

Гьев Аллагь ﷻ разилъаясул разилъи Аллагь ﷻ разияб жо гьабиялъулъ букIана, гьесул ццин бахъинги Аллагьасул ﷻ ццин бахъунеб жо гьабиялъулъ букIана. Суннаталде хилипаб жо Аллагь ﷻ разилъаяс щибго къабул гьабулеб букIинчIо. ХIатта бичIун бачIараб цIул гьес нахъ чIван буго, как ахIулеб мехалъ чIечIого бичIун бугин абун. Гьединго, жиндирго лалилъан бачIараб богIол гьир босун вачIарав чиясда абун буго гьеб дуего теян, как ахIулеб мехалъ чIезе тун гьечIин, гьеб жиндие бегьуларин абун.

Гьединаб букIана гьесул кинабго жоялда жаниб гьабулеб иш. Гьединго, Аллагь ﷻ разилъаяс, гIемер абулаан гьал рагIаби: «РекIел хиял, кIалзул жаваб, чорхол гIамал цоцазда рекъон рукIине ккелилан, суннаталде хилипаб жо шаргIалъ къабул гьабуларелъул».

Гьесда аскIоб суннат цIакъ тIадегIанаб жолъун букIана.

Гьесул киналго тIахьазул щибаб тIамачалъ борхараб гьаркьидалъун ахIулеб буго: нуж Аварагасда ﷺ нахъ рилълъаян абун. Гьев Расуласда нахъвилълъин буго хIакъикъияб гIибадат. Гьелдалъун гьев вахчула гьаваялъул лагълъиялдаса, амма суннатазда нахъвилълъин рехун тани, гьев гьаваялъул лагълъун вукIуна. Лагъасе Аллагь ﷻ вокьун вукIин лъалеб жо- гьеб буго бусурбанчи МухIамад Аварагасул ﷺ суннатазда нахъвилълъин. Сайид ГIободиясул

قدس سره муридзаби цойгидаздаса ратӀа рахъизе лъала, гьел цӀакъго ва сундулъго Аварагасулﷺ суннат цӀунарал рукӀиналъ. МухӀамад Аварагасﷺ амру гьабун, абун тун буго: «Нужеде диналъул хилиплъи тӀаде гӀунтӀараб мехалъ, нуж суннаталъул агьлуялда цадахъ чӀчӀа!» - ян абун.

Аварагасулﷺ цойгидаб хӀадисалда абуни абулеб буго: «Ягьудиял лъабкъоялда анцӀила цо бутӀаялде рикьизе руго, насраниял лъабкъоялда анцӀила кӀиго бутӀаялде рикьизе руго, дир уммат абуни лъабкъоялда анцӀила лъабго бутӀаялде рикьизе руго. Гьезда гъорлъан дир умматалъул цо къукъа гурони хвасарлъизе гьечӀо ва лъабкъоялда анцӀила кӀиго къукъаги жужахӀалде ине буго. Гьеб хвасарлъулеб къукъа кинабин абуни- гьеб буго дунги ва дир асхӀабзабиги жинда ругеб, жидеца дир суннат ккуразул къукъа.» - илан.

Инсанасул иман тӀадегӀанлъанагӀан, гьесул тушбабиги гӀемерлъулеб, хӀасадчагӀиги гӀемерлъулеб гӀадат буго. Гьединабго жо кканин абизе бугьула Сайид ГӀободиясулги قدس سره. Аллагьасﷻ гьесул даража жеги тӀадегӀан гьабеги. Амин!



## **ХЬИНДАХЪА АБУБАКАР**,

*магIарулазул машгьурав гIалимчи*

Азаралда ункънусабилеб къарнуялъул мужадид вукIана гьев, лъабнусиялда лъабкъого шаргIалде жиндир гIамал бугев.

Жиндир кашфу бахчарав ГIободиясулги قدس سره, жиндир кашфу загьирав ГIабдулкъадир Гиланиясулги даража хал гьабидал, Геланиясул батана анцIила анлъго даража, ГIободиясулسره قدس батана щунусго даража. ШаргIалда рекъон хъизан хьихьиялъеги, мурид цIуниялъеги, суннат цIуниялъеги киналго акътIабаца жиндие рагIи толаан. Аллагь ﷻ разилъулареб жо жиндасан лъугьунароан.

Сиррул къарааралде жив ваккизе гьавурав гьебги буго лавхIул махIфузалде гIелму биччараб бакI гьесул къадру макъаналда хадув чи гъоларо. Гьев вукIана жинца дунялалъул рахIат босичIев. Къад гIадамазде вуссун, къаси тIахьазде вуссун, лахIту гIадаб бецIаб рокъов, чирахъги бакичIого, бачунаго зикругун, кквералъ къаламги ккун, лъабго жуз хъван батулаан. Жинца дарс цIалулел мутагIилзабиги рукIунаан.

КIал кквейги даимаб букIана Сайидасулسره قدس. Анлъго къоялъ кIал ккун, анкьабилелъ мажгиталдаса вахъун вачIунаго тарана дагьав. Жинца абуна: «ГьадигIанго-гьадин гIакъуба кьелароан букIараб дица гьаб черхалъе, гIурусазе хъулухъалда ругел милицабиги жужахIалъуй риччаларилан гуребани», - абун.

Жиндир хьул ккараб жо жиндие щвани, жинца гьеб кваналароан, напсалъе бокьараб жо гьабиларилан.

Гьев Сайид ГIободияв قدس سره вукIана КъутIбул гъавс.

Маккаялда гурого чIчIезе бегьичIого, эбел-инсуда гьурмал рихьуларел руччабиги рачун гIараб ракьалде ана. Энивги эсда мугъ базе гьабулев чи ккечIо. Ахирги киналго гьесие мутIигIлъана.

Азаралда ункънусабилеб къарнуялда жанив вугев мужадид лъаларев чиясда, лъалел гӀаламатал руго, пикру гьабуни: киб бакӀалда жив вахъаниги, гьесул чӀчӀей букӀине ккола Маккаялда. Нахъеги гьев вукӀине ккола жиндаса тӀадехун гӀелму-лъаялъул рахъалъ щивго чи гьечӀеб макъамияб даражаялда.

## ГӀОБОДАСА СИРАЖУДИН

Устарас жинда васлъи рагӀизабурав ва гӀелму малъарав, «Бустан Аваристан» тӀехь шаргӀиял вирдалгун тӀоцӀебе къватӀибе биччарав, Эрпели росулъ жиндир зияратги бугев, бергьарав гӀалимчи.

- Чанги кӀудияв махӀал хӀайранлъизавуна гьес.
ХӀибру данде ккanани, бетӀер кӀибикӀулаан.
ГӀулумал хӀайранаб хӀакъикъаталъул ишкал
хӀакъалде ккезабун, баян гьабун кьолаан.
ГӀелмуялъул муддагӀи дагӀба къотӀун кколаан.
Дун шайхан вачӀанщинав чӀового гьавулаан.
МухӀамад Аварагасулﷺ шаригӀат
шулагьабун кквеялъе шейх я вали жинда релъунароан.
Аварагасулﷺ суннат цӀунизе ккани,
кӀудиял гӀарипиназцин рагӀи жиндие толаан.
Чохьое гӀадлу гьабун-раяза гьабиялъе,
Адгьамил вас Ибрагьим жинде вачӀунароан.
Жиндир агьлу руччабалъ гӀадлу-низам цӀунизе
ханзаби, гъункарзаби аскӀорецин къалароан.
Гъурфан, махӀабаталъе гаргар гьабулеб мехалъ,
гьаваялда хӀанчӀаз чӀчӀезе къасд гьабулаан.
ВагӀза-насихӀаталъе гӀадамалъе лъугьани,
ихх гӀадин, магӀу чваххун, ракӀал риун унаан.
ГӀелмуялъул бахӀс гьабун гаргадулеб мехалда,
зодосахун чваххулеб цӀадин абун ккolaан.
Хинаб лъеца гурони каки чуруларoан,
нагагь цӀороралъ чурани, чваххун цӀад балаан.
Перхолаго бачӀунеб балагьалъул цӀороде,
цохӀо квер хьвагӀаниги, минатахъ биххун унаан букӀараб.

Зоб-ракьалъул ихтияр асда кодоб бугилан,
балагьарал чагIазул ракIалде бачIунаан.
КIалалъ зикруги бачун, хъвадарулел килщазда
киналгIаги гIадамал гIажаиблъун кколаан.
Махсаруде бицунеб рагIиялда жанибги,
хIикмат жиндилъ камураб калам букIунароан.
Къаси кIал биххизе жо жидее щвечIонани,
жинцаго, я хъизаналъ кIалал риххулароан.
Жиндир агьлу, хьваницин, низамалда куцаялъ,
квешав чияс рекIине чу мукIурлъулароан.
КIиго-лъабго къоялъ гIодов вукIун чIчIаниги,
накаби хисун лъолеб гIадатго букIунароан.
ГIарабустан, Шагьрустан, Гьиндустан ва Дагъистан,
гьенир ругел амдадал жиндирилан абулаан.
Анкьабго икълималъул ихтияр жиндихъилан,
балагьарал васазда абулев ватулаан.
Нусго соналъ тасаруф жив гуресухъ гьечIилан,
цо-цо хIалазда жаниб бицун борчIун унаан.
ТашавхIажил лъалкIда витIун хьвадулев чи
Дагъистаналда щивго ватичIилан абулаан.
МутIмаинаялдаса эхедехун вахарав чиго гьечIин
гьанивилан бицунев вукIунаан.
ГIемерисел шуюхал, хIатта гьал гIарипинал,
тIарикъаталде щвечIел ругилан абулаан.
Ункъго чIужу камун жив кидаго чIолароан.
Эбел-инсудагицин гьурмалги гьез рихьулароан.
ЦохIо бакIалда ругел ункъайго чIужуялъул,
цоцазда ццим бахъараб калам букIунароан.
Абулаан: рокъоб гьечIеб карамат къватIиб кинан бицунеб,
истIакъамат гьечIезул къавлуялда божуге,
гьезул гьоцIоялда гъорлъ загьру жубан букIунин.

***

## ГЬИГЬАЛЪА ХIУСАЙНИЯВ МУХIАМАД قدس سره.




ГIободаса КъебедхIажиясул вас, жиндаса Аллагь разилъаяв МухIамадхIажиясул قدس سره хIакъалъулъ гьадин хъвалеб буго камилав гIалим ***Гьигьалъа ХIусайнияв МухIамадица*** **قدس سره:**

*АлхIам, аттахIият дурус гьечIезе,*
*ТагIзиралги гьарун, халкъ тIобитIулев,*
*ГIободияв Сайид МухIамадхIажи*
*Анкьго икълималъул къутIбу вукIана.*

**ХIусайнияв МухIамад قدس سره**

## ГЬАНЖЕ ГЬАБ ЗАМАНГО ХАРАБЛЪУН БУГО

Гьанже гьаб заманго хараблъун буго
Динул исламалъул асарал дагьлъун.
Дунялалъул рукъги херлъун ккун буго
Гьанжени бегьила хвезе бокьизе.
Исламалъул асар дагьлъун ккеларищ,
Исламалъул иццал ракьулъе къиндал.
Дунялалъул рукъги херлъун ккеларищ,
Дунял бахIарлъулел къанабакь къайдал.
Огь-гьай, бухIаяб къо, огь, аман-Аллагь
Дунго гъечIев ани гьаб заманалда.
БитIараб бицани, дунго рихунеб,
БицинчIого тани, дун гIасилъулеб.
Рихунги шибгурин, дун чIвананиги
Хъван къагътазда тела битIараб рагIи.
БатIа-батIа гьавун дун къотIаниги,
КъотIизе теларо квешалде инкар.
ЦохIо къоялъ кодор чIумал ккуразул,
Муридзабиййилан дагIбаби руго.
Муридлъунго гьечIев жагьилчиясул,
Жив муршидин абун гIакъикъат буго.
Мурид, устарасул шартIго лъаларев,
Сулукго бихьичIев дун вугеб гIадин,
БитIун иман-ислам лъаларел чагIаз,
Жал муршидзабиян дунял цIун буго.
Мурид вукIиналда дун мукIурлъила,

Расмияб нухниги рехун тарасе.
Муршид вугин абун адаб гьабила,
Дунялалъул боцIул къимат гьечIесул.
Камилав щайхилан накаби чIвала,
Загьираб, батIинаб гIелму бугесе.
Загьириябцини гIелму гьечIесе,
Камилав щайхилан кин мукIурлъилев?!
ЛавхIалдаса гIелму босараб къавмалъ,
ТIахьазда жаниб хъван батулеб буго:
Загьираб, батIинаб гIелму гьечIев щайх,
Ралъдал карачелахъ рехеян абун.
ГIадамазул рекIел хIал лъаларесда,
Щайих вугин абун божугейилан.
ТIайпур Имамасул васият буго –
МухIканлъи бокьарас балагьун бихье,
ВацIцIадав, камилав муршидасул шартI,
ГIадамазул рекIел хIал лъай бугелъул,
Жидерго ракIазул хIал лъалареца,
Вирдал малъунилан ихлас кин щолеб?
ЖавамигI, гIакъаид, ибнухIажарал,
Чидада малъизе кIварав чиясе,
Загьираб гIелмудал гIаламатилан,
Щибго инкар тIагIун мукIурлъун чIела.
Гьел тIахьазда гьечIеб хIукму кканани,
ЛавхIалде балагьун патва кьурасе,
БатIинаб гIелмудал ралъад вугилан,
ГIундул гIодор далун, адаб гьабила.
Ладунияб гIелму букIун тун хадуб,
Загьираб гIелмудал ралъад вукIина.
АхIмадил диналъулункъабго мазгьаб
Щибго ишкал тIагIун баянлъун лъала.
ЦохIо шапигIияб мазгьаб лъаларес,

ГIелму-ладуналда дагIба кин балеб!
ГIараб гIелмуялъулъ лъикIго вугев чи,
Сиррияб гIелмудал лъалкIде кин кколев!
Алпазал лъачIого магIна лъаларо,
МагIнаби тIокIкIиндал, асрарал лъала.
Асраразде ваккун, хIакъикъат лъала,
ХIакъикъат камиллъун, магIрипат щола.
Гьеб лъабабго жоялъ ракI канлъанани,
РакI беццал гIадамал иршад гьарила.
Щакъиявлъун гьечIев гIасияв гIадан,
Ихласалде вачун, камил гьавила.
Гьеб макъамго гьечIел гIабидзабазе,
Рукъалъул бокIнилъ чIун тIагIат гьаби лъикI.
ГIадамазул ретIел ретIарал бацIаз,
ГIиял рехъабазе вехьлъи гьабуге.
Цебе заманалъул муршидзабини,
Ханзабазда бадир заэлъун чIолаан.
Гьанже ругецани залимзабазул,
Чакар-чай гьекъола замзам гIадинан.
Наибзабаз кьураб гIарац абуни,
Лъороблъун толаро, ургьибги лъола.
Гьезул тIутI кваназе кодобе щвани,
Кванан гIорцIуларо гьал муршидзаби.
Росабалъе хьвадун, хIалкъаби гьарун,
Кке-ккезе гьабула чвантиниб гIарац.
Жал хвараб мехалда хазанаталда,
ГIарцул, меседил цIун гъансал ратула.
Гьарун-Рашидилан Имам вукIана,
Имамазабада гъорлъ гIадлу, дин тIокIав,
Гьесул заманалъул вализабаца,
Гьесул квералъ кьураб сайгъат босичIо.
Цере рукIанщинал щайихзабазе,

Ханзабазул рагьу рагьун букIана,
Гьезул рагьда чIарав вали вукIинчIо,
Алжаналъул рагьу къаялда хIинкъун.
Я цо капурчияс, я цо наибас
ЦохIо гъурущ кьуни гьанже ругезе,
КIудиял чагIаца сайгъат кьунилан,
Муридзабаздехун рохун бицуна.
Щай дуе боцIиян суал гьабуни,
Цоял устарзбаз жаваб гьабула:
Мавлид-хайраталъе къваригIунилан,
Жагьилал божулеб рагIи бицуна.
ХIарамаб, шубгьаяб боцIул садакъа,
БатIуллъи хIакъ гьабун хIадисалъ гьечIищ?
ХIарамалда хIинкъун хIалалаб тезе,
ТIадабилан гьечIищ вализабазда.
Жив аварагилан дагIба барасе,
МугIжизат гьечIого чараго гьечIо.
Камилав чиясе карамат кьела,
Балъго хутIиларо пикру гьабуни.
Щайхасе карамат гIунги тIокI буго,
БоцIул тIалаб гьабун, бацIлъун чIечIони.
Гьесул муридзаби «уяллъун» тела,
Царал гIамал гьабун, хьвади танани.
Дагьаб боцIи бугес риба гьабула,
Рибадул хIиллаби лъазеги гьарун.
БоцIцIи цIикIкIараца даран гьабула,
Дарман тIагIанщинал махсароде ккун.
ГIарац-меседалде кверищ бегьулеб,
Гьаб заманаялда камилав чияс.
БоцIул бетIергьанав муршид вукIунеб
БакI дида лъаларо – дунищ жагьилав?
Муршидзабазеги боцIи бегьила,

Мискин-пакъирасе къойил бикьизе.
Ихласалде щварав муридасеги
БоцIи цIакъ бегьила витIун хьвадани.
Цере аралшинал щайихзабазул
Сияр-сулукалъул пикру гьабидал,
Гьаб заманаялъул вирд кьолел чагIи
ЩайтIанияб нухда ругилан ккола.
Цебе заманалъул муршидасухъе
Мурид гьавейилан цо чи вачIани,
Дидаса хварав чи дуй щвечIищ абун,
Цогияв цIехеян зигардулаан.
Гьанже вирдал кьолел гьал чагIияца
Дун гIадинав устар гьечIин абула.
Жиндирго цо мурид чидахъе ани
Чара-яхI тIагIула, гъибат гьабула.
Дунги устарилан цо чи вахъани,
Жиндир жо бикъулев цIогьорлъун ккола.
Вохизе ккелаан гьав цояв устар,
Диналъе квербакъи цIикIкIанин абун.
Цересел чагIазул сират, тIарикъат,
Гьадинищ букIараб, я, гьудулзаби?!
Я гьанжейищ бугеб батIулаб сират
Жаваб гьабе дие, дун вуцIцIун чIелин.
Нужей талихI кьеял диналъул вацал,
Нужецаги гьабе ракI божун пикру.
Гьаб заманаялъул вирд кьолел чагIи,
ГIадада хвараб жо гьабулел гьечIищ?!
Муршидасул макъам гьечIел чагIазе
Рукъалъул бокIнилъ чIун гъурлат лъикI гьечIищ?
ГIадамазе пайда лъикIилан ккани,
ШаргIиял ахIкамал малъи лъикI гьечIищ?
Гьаб дуца абулеб бацIцIадаб тIарикъ,

Гьединго вацӀцӀадав камилав муршид,
Гьанже кисайилан суал гьабуни,
Гьелде данде кьезин цо къокъаб жаваб:
Оцол лъдъарин абун хӀамил гӀин ккоге,
Динул гӀажузалда къвал бан, даимлъе.
Пикъгьиял пуругӀал тӀуразе гьаре,
Къаси-къад чӀечӀого салават битӀе.
ШурутӀал тӀубарав муршид щвезегӀан
Гьедин хьваданани, мун вахъун ккела.
Цебе заманаялъ тӀагӀанин абун
ТӀахьаца бицунеб тӀарикъат абун.
ШаргӀияб нухги тун, расму ккуразе,
Щиб пайда щвезилан вирдал малъулел?
Уяб хӀакъаб буго диналъул вацал,
Муршидго гьечӀого заман теларо.
Дунялалда ругел тӀолго икълималъ
Я цо-цо вукӀина, я цо вукӀина.
ТӀолго дунялалда цо вукӀаниги
Гьесул пуюзаца дуниял цӀела.
Дуниял цӀун буго устарзабазан,
Дуниял хирияв цо устар вугищ?
ТӀарикъат лъаларев чийищ вукӀарав
Атададзул рукну ИмамшапигӀи.
ТӀарикъ малъун гьечӀин гьес тӀахьал гьарун,
Гьелде кантӀуларел чагӀиго кинал!
ТӀарикъат лъачӀевищ Шамил вукӀарав,
Росулъ гӀулби тӀамун, ислам малъулев.
АлхӀам, атахӀият дурус гьечӀезе
ТӀагӀзиралги гьарун, халкъ тӀобитӀулев.
**ГӀободияв Сайид МухӀамад-хӀажи**
Анкьго икълималъул къутӀбу вукӀана.
Гьес изну кьунилан вирд кьолелщинал,

Гьесда релълъунилан ракIалде ккоге.
Гьес изнудал кагътал кьолеб мехаца
Дун вукIана аскIов, нуж божа дида.
Изнуялъе хIакъав гIадан гьечIилан
ГIодулаго кьуна изнудал кагътал.
Гьижра гьабун ине цо къо хутIидал,
ГIалимзабаз цIураб мажлисалда гьорлъ,
МутIмаинналдаса тIаде вахарав
Чиго гьечIин абун цIакъ зигардана.
Какие чуризе лъаларел чагIахъ
КъваригIел ккანилан гIемер къварилъун,
Вехь гьечIеб гIи гIадин рукIиналдаса,
БукIайилан кьуна изнудал кагътал.
Масала, цо чини муршид вукIина,
ТIарикъат камилав шайих вукIина,
ШаргIиял ахIкамал рехун таразда
Вирдал малъунилан щиб пайда бугеб?
ШаригIат ккун ругин гIадамалилан
ГIабдалас гурони дагIба баларо.
Ккараб дагIбаялъе хIукму гьабизе
Къойил диваналда рихьулел гьечIищ.
Гьаб дир гIажамалда щаклъи ккаразул
Щаклъи тIаса инзе мисал рехсезин,
Ихлас бокьаразе тIокIлъигун гIолеб
Къокъаб рагIи бицун ахир кIалъазин.
Лъар бахине къудрат гьечIел чиязе
ГIор бахине къудрат киса букIинеб?
ГIурулъ лъадаричIел лъелал чагIаца
Гамаго гьечIого ралъад бахинищ?
Вакъидал кваназе чед гьечIев чияс
Чидар гIадамазе чурпа кин кьолеб.
Кидаго гIорцIичIев мискин-пакъирас

Ракъарал аскарал кинан хьихьулел!
Гьал чагІазде рагІи ккеялда гІодун,
Инналилагь, цІале, дин бацІцІадав вац.
ГІемерго пащманлъун, патихІа тІаме,
ЛъугІун, тІубан бугин диналъул амру.
Сулукалъул тІахьал рихьарав чияс,
Гьаб дир гІажамалда гІайиб чІваларо.
ГІадада гІайиб чІван жагьил кІалъани,
Гьесул гІайибални гІурулъ рехила.
Дирго къадру-къимат дида лъалелъул,
Нечонги вукІана гьадин кІалъазе.
Кьурул рагІалабахъ цо къавм бихьидал,
«Воре» абичІого чІезего кІвечІо.
«ИхІяалда» жаниб мисал хъван буго
Сулукалъул раис хІакъав Имамас,
Истикъамат гьечІел супизабазул
ДагІбаби къотІулеб, мугъал рекулеб,
Жидеего жалго гІурал гІадамал
Гьелъул пикру гьабун кІалъан лъикІ буго.
КантІи, пикру гьечІел супизабазда
Квер хьвагІун, салам кьун дун вуцІцІун чІела.

Жинда Аллагь разилъаяв Гьигьалъа ХІусайниясул назмуялдалъулъ нилъее загьирлъана устар Сайид ГІободиясул قدس سره хІакъикъияб Аллагьасде гІагарлъиялъул рахъалъ къанагІатав чиясе гурого щолареб даража-макъамги, тІарикъаталъул рахъалъ тІадеги баяналги.

***

## ГIОБОДАСА ДИБИРДАДАЛ МУХIАМАДИЦА БИЦАРАЛДАСАН:



Сайидгунقدس سره цадахъ гIагараб ГIобода росулъги цогидал росабалъе цадахъ хьвадунги исламияб лъай босун буго гьесул вацгIал ГIабдулпатахIицаги. Росуцояз жиндехуналдаса Сайидасдехун цIайи цIикIкIун гьабидал, гьес абун буго, дицаги МухIамадицаги цадахъ цого лъай босанин, щиб тIокIлъи нужеда гьесул би-хьулебилан. Гьединаб калам гьес гьабун буго аскIов МухIамад вугеб бакIалдаги. Сайидасقدس سره абун буго, нилъеца цадахъ цIалун гIелму-лъай босанин цого чагIаздасан, кин бугониги, нилъер цояв цоясдаса цеве ккарав вукIинчIого рес гьечIин, рачIайин, цо хIалбихьизеян.

Нилъеда жеги лъаларин, нилъерго хабзалалъ бугеб нилъерго росулъа бергьарав гIалим ЩагIбан-къадил хоб. Гьеб бугеб бакI бихьизабун дуда бажарани, ниж киналго дуе

мукӀурлъизе ругин. Жинда гьеб балагьизе кӀоларин вацгӀалас абидал, аскӀор рукӀарал Сайидасде قدس سره тӀаделъун руго, гьанже дуцаго тӀубазабе гьасдасан дуцаго тӀалаб гьабулеб букӀараб жоян.

Гьедин батани, дица бихьизабураб бакӀ бухъизе гӀолохъаби ритӀейин, дун цеве хаб-залалъе инилан гьав ун вуго. ГӀолохъаби тӀаде щвелалде, бухъизе кколеб бакӀ ункъабго бокӀоналда гӀучӀалги чӀван, хӀадур гьабун буго. Бухъун буго гӀолохъабаз, бухъун буго, букӀине кколеб гъварилъиялде щвезегӀан бухъаниги, тӀаде ккечӀеб мехалъ, цо-цоязул зигар баккун буго, чӀалгӀаде хӀалтӀизе тӀамунин нилъ гьав чиясилан. Нахъойги яхӀги гъун, тӀамун руго гӀоло-хъаби гьеб бакӀ бухъизе, тӀаде ккун гьечӀо.

Дагьаб яхӀ бугезда яхӀги гъун дагьабги бухъизе тӀамидал, тӀаде ккун руго, къоно ричӀун жанире раккидал, жакъад хабалъ лъурав гӀадин ватун вуго. ГӀолохъаби гьасда тӀад хурхун руго, росулъги сверухъ росабалъги гьасул рагӀи билълъун буго, гьев Маккаялде хӀежалдеги ун, гьениса росулъе тӀад вуссинегӀан. Амма гьав тӀад вуссун вуго тӀарикъаталъул хӀакъалъулъ батӀияб тӀадкъайги босун.

Гьеб букӀун буго кӀиабилеб нухалда хӀежалдеги ун, Мадинаялде Аварагасул ﷺ Равзаялде щведал, «заман ахираб бугин, ислам тӀеренлъун бугин, гӀадамазда бигьаял шаргӀалъул нухал малъеян» Аварагас ﷺ тӀадкъайги кьун, Дагъистаналде гьев тӀад вуссараб мех.

Цебеккун жинцаго малъулеб букӀараб рекӀел зикруялъул тӀарикъаталъул бакӀалда, бигьалъизабураб «ШаригӀаталъул вирдал» абун цӀар лъураб тӀарикъат малъизе гьев лъугьиндал, гӀадамал гьесухъ гӀенеккун гьечӀо.

**«Силкул гӀайн»** абулеб тӀехьалдасан байбихьун, тӀадчӀун балагьарал чагӀазул пикраби гӀажизлъиледухъ цӀалулаго, «**Сирру къарар**» абулеб тӀехь рекӀеда хурхун истихар

гьабулаго, саламги кьун тlаде щвана хириял аварагзаби Хизригун Иляс. Сайидасул قدس سره рекlел канлъиялъул асар загьирлъидал, хирияк аварагзаби гьасухъ гlащикълъун, гlарипиназдаги гlалимаздаги гьоркьов гьасдаса ракl бацlцlадав муршидго вахъинадаян кlалъан руго. Гьесул кваранаб хьибилалда вугев Мухlамадхlабибица хъвадареянги абун, гьав хъвадаризе лъугьиндал, килщаздасан нурги баккун, мугlжизат загьирлъидал, каранда дандвитlун чlарав Хизри аварагас битlараб нухалда кlалъаян, квегlаб хьибилалдехун чlарав Илясица, хlакълъун рехсе тlадегlанав Аллагьилан абун, гьасул хlал бихьун буго. Бичасде гlагарлъулеб гlелмуялде ваккарав, хирияб Къуръаналъул цо-цо хlарпалъул магlна лъабкъоялда анцlиде бахинегlанги бицунев Сайидасдаقدس سره цереса тlерхьун арал аварагзабаздасан загьирлъун руго кlудиял мугlжизаталги.

Ракlалдаго букlинчlеб гьеб лъугьа-бахъиналъ кlудияб асар гьабун, тамахлъун Сайид قدس سره вукlаго, саламги кьун тlаде щванила хlакъав муршидул камил, дарсил ккараб хlасилги гьикъизе, хlукмуги гьикъизе. Имтихlан таъвил гьабун гьикъа-бакъи лъугlидал, Сайидас قدس سره давар гьабун буго устарас жиндаго малъарабги, гьесухъа малъичlого гъоркь хутlарабги киналниги хlукмаби. Гьаб даража дуе кьурав тlадегlанав Аллагь вуго, халваталде лъугьине дуе изнуги бачlанаян жиндирго устарас абидал, Сайидас قدس سره абун буго, я дир кlудияв эмен гlуламаазул магlдан, гьеб хlалалъ цеве чlезе дир черхалда кlвеладайин, вижаралдасаго жаваб тlад букlин хlакъаб бугелъул, амру тlаде бачlинегlан дун дунго цохlо хутlиладайин, Сайидас قدس سره абидал, дуе кумек гьабизе Бухарияв вачlина, Гlабдулкъадир Гелани дур хьибилалда чlелаян гьасул ракl гlодобе биччазабула устарас.

Я дир кlудияв эмен гlуламаазул магlдан, хирияв Хlабибасул Равзаялде щвезе хьул бугин Сайидас قدس سره жаваб гьабидал,

гьасул рекӀел хиялги батӀаябго батидал, вохарав муршидас, дур мурад цӀакъ бацӀцӀадаб буго, гӀумру гӀадада тоге, нагагьлъун хирияв ХӀабиб вихьани, эсда дирги салам бицеян гьарула.

Гьесул каламалъ хӀалхьун вукӀаниги, рекӀеца течӀого, хехлъи гьабун ХӀежалде сапар бухьун, Мадинаялде щун, кигӀан хирияв ХӀабибасдаса нечон вугониги, гьесул шапагӀаталде хьул лъун, Равзаялъул гъапудахъ гӀодов вукӀуна. ХӀал хисун, тамахлъун, хӀаяъ бергьун вукӀаго, хирияв ХӀабибасул изнуги щун, жаниве лъугьаравго, гӀурччинаб нуралъ гӀажаибго гвангъун хирияв МухӀамадун МустӀапа вихьула, кваранаб рахъалда Бувайсигин, квегӀаб рахъалда ГӀалихӀажиявгин. Гьев ГӀалихӀажияв нилъерго Инхоса ГӀалихӀажияв кколин абулел чагӀиги руго, ГӀободияс قدس سره жиндасаго бахъун халгӀатги, гьединго гӀансаги кьурав гьесул маъзун. ГӀодосанго батараб биценги гьечӀишха гьесда МухӀамад аварагﷺ рекӀехъе вихьулаанилан.

Гьев кӀиясдаго гьоркьов чӀун кӀалъалев Аварагасе ﷺ , асаламугӀалайкум, я Сайидул мурсалиман, саламги кьун, дур шапагӀаталдаса махӀрум гьавугеян, я хатамуланбияъ, хӀакъав Бичасул расул, дуда цеве вачӀарав, нахъе чӀваге, МустӀапаян, гьарула. Я, хирияв дир гьудул, хӀакъав Муршидун Камил. Гьаб нусго соналъ хӀукму дур амруялда буго. Дир гӀадилав халипа, гӀадлу бацӀцӀадаб гьабе, шаригӀаталъул нухда гӀавамал чӀезе гьаре. ЧӀумал вирдал гурелъул, гьетӀаризе риччаге. БоцӀуе, цӀаруе гӀоло шаригӀат, тӀарикъат ккун, гӀавамазе бетӀерлъи гьабулел рикӀкӀад гьаре. Муршидасе гӀолареб мугӀжизат халват бугин, муршидасда тӀадаб жо – суннат-иттибагӀ цӀуни. Жал муршидзаби кколин гӀавамал божизарун, суннат-иттибагӀ гьечӀел гьабанакъатал хъаме. Ахир заманалъидал, ислам тӀеренаблъидал, гӀавамазе бигьаял шаргӀалъул нухал малъе. Гьединаб къагӀидаялъ малъе ислам динилан, хирияв

ХIабибуллагь ﷺ Сайидасда قدس سره кIалъана. Гьеб лъугьараб вакъигIат Сайидасقدس سره балъго тана, жинда цеве вукIарас иршад жиндий кьезегIан.

Иршадалъе изну щварав чи муршид вукIунелъул, Сайидасгиقدس سره байбихьана ШапигIияв Имамас бихьизабухъе, шаргIияб нух малъун, гьеб цIигьабизе, шаргIалъ малъухъе хьвадичIев чи гIазаб гIакъубаялъулъе ккей хIакъаб букIин бичIчIизабун.

Гьаниб тIарикъаталъул биценго гьечIониги, абулеб буго устар-валиян абун доб мехалъ рукIаразул гьасда чи ващалъичIилан, хIатта Маккашагьаралъул Имам КъутIбу Жамалулайцин قدس سره гьасие мукIурлъанилан. Гьелъул хIакъалъулъги гьадин хъвалеб буго жиндаса Аллагь разилъаяв СайидхIосеница: «Гьев Жамалулай Маккиясул قدس سره Дагъистаналда вугев маъзун вукIана жиндаса Аллагь разилъаяв Ингищоса Абубакар – Сугъралъа къутIбу ГIабдурахIманхIажиясулгун قدس سره жиндир хурхен букIиналъул бицен гьечIев. Аллагь разилъаяв Сугъурияс قدس سره тIарикъаталъе изну кьурав устар ГIободаги вахъун вугилан рагIидал, гьелъул хIакъикъат лъазеги цIияв устарасул хIалбихьизеги къватIиве вахъун вуго. МагIарулазул щиб росулъе Абубакар вачIаравали баян гьечIониги, гьев вачIун вуго ГIободаса устар вукIараб росулъе. Гьеб росдал гIадамазе шаригIаталъул бицун кIалъалев вукIаго, илгьам гьабунищ, гьатIипалъ бицунищали, Сайид ГIободиясда قدس سره лъан буго Ингишиса Абубакар тIаде вачIунев вугеблъи. Рокъоса къватIиве гьев лъугьарабго, Сайидасقدس سره абун буго: «Жакъад нилъеда тIаде цо кутакаб бугъа бугинха бачIунеб, нилъер хIакъикъат лъазеги хIалбихьизеги, амма лъурдул гьечIинха гьелъул.

Мажгиталъувищ, яги живго жанив вугеб минаялъувищ гьев гIадамазе вагIза гьабулев вукIаравали лъаларо, квал-квал

гьечIого гьев рагьде вахинегIан тун вуго, рокъов жанив вукIарав муршидасул хIал дандчIвайдал, тIокIаб цебехун хIетIе бахъизе кIун гьечIо. Гьеб мехалъ Абубакарица рахIим. ахIи бан буго жиндирго устар Маккашагьаралда вугев къутIбу Жамалуллайде قدس سره, гьалаглъун холев вугин, жив хвасар гьавеян. МахIаби, гъуждул гурун тIаде щварав Жамуллайл къутIбуясдаги гьесие кумек гьабизе кIун гьечIо Сайид ГIободияс قدس سره гьабулеб кверзул ишара бихьун. Гьедин гьев нахъвуссине ккун вуго. Сайид ГIободияс قدس سره аскIов вукIарав жиндирго маъзун жиндаса Аллагь ﷻ разилъаяв ПирмухIамадида абун буго, вахъайин рагьда вугев нилъерго гьобол жаниве вачеян. Чвахулаго магIугун, соролаго черхгун, салам кьун, жанивехун Абубакар рахIим. лъугьиндал, бачIинахъего Сайид ГIободияс قدس سره гьесда гьикъун буго: «Жамалуллайлиясул قدس سره маъзумлъиййищ яги дир муридлъиййищ тIаса бищилебилан бацIцIадаб ниятalдалъун».

«Я, гIаламалъул къутIбу, дун дуе мукIурлъана, дур муридлъун бокьила, дуца дун къабул гьаве, дур карамат тIокIлъана, тIадегIанав Аллагьасде ﷻ мун цIакъго гIагарлъун вукIин хIакълъана, ункъабго тIарикъат малъизе камилаб иршадалъул агьлулъун мун ватана, мун дида тIасалъугьа. Гьанже гурого дие тIубанго загьирлъичIо дур къадру-къимат, мун дида тIасалъугьа, дур квералъ иршад гьавун тIовитIе барзахалде. ГIободияв قدس سره мужадид гьесда тIаса лъугьана, гьесул бадив валагьун хIеренго гаргадана, гурхIулев устарасул хIелмуялъул камиллъи загьирлъана. Я, гьудул Абубакар, рахIим. караматал жалгоги тун, суннат-иттибагIалда тIадчIей камилаб гьабе, шаригIат дуда гьитIи-бикъинаб жойилан ккоге, гьеб камиллъичIони, тIарикъат роцIунарин, гьелъул нух рехарав ХIабибасде ﷺ щоларин, Суннаталде хIур ккезе таравги нилъер гьудул гуревин. Воре-воре, дир гьудул Абубакар, суннат-иттибагI цIуне, нилъер гъалатI чуризе гьеб

гьечIого гIолареб, Суннатги Аварагасул ﷺ нухин, дуца хьвадизабуни, шагьралъун дуе лъугьунеб».

Гьеб мажлисалда рукIарал Сайидасул قدس سره маъзунал, муридзаби, гIалимзаби, гьеб лъугьа-бахъиналъ хIайранлъун хутIана, жидерго устарасул макъамалъул тIокIлъиги бичIчIун, гьесул хIалимлъи-хIеренлъиги лъан. Мажлисалда рукIаразе Сайидас قدس سره бицана Хирияв ХIабибасул ﷺ хIадисазул, гьев рахIматалъул гIор вукIиналъул, гьеб рахIмат жинца бикьулев Бичасул вакил вукIиналъул, гIисян къине гьабулев СахIрау Самум вукIиналъул, гьесул васиятазул камиллъиялъул, гьесул Равзаялде щведал, гьес жиндаго тIадкъарабщиналъул. Хирияв ХIабибас ﷺ абунилан Сайидас قدس سره гьезие бицун буго, ахир заманаялъул дир уммат букIине бугин суннаталъе кIухIалал, шаргIалъул нух рехарал, бидгIа-гIадаталъе мутIигIлъун, чIумал кодоре росарал. Гьеб къавмалдаса цIунун чIайилан цIакъ гьарана ХIабибасилан ﷺ . Жинде рабитIа гьабуларев чи камилав муршид вукIунарилан, кинавго чиясул гьелъие рекIел бацIцIалъиги гIоларилан. Хабал гIазаб бигьа гьабиялъеги, хIисаб-суалалъулъ кумек гьабиялъеги. ГIарас байданалде рахъараб, гIаданиб нах гьалулеб къоялъ кумекалъе ратулел устарзабазде цIакъ гIащикълъун гIадамал рукIаго, гьатIипалъул гIадинаб цо гьаракь рагIулила: «Аллагь ﷻ вокьи – дин бокьилъун букIаразеги, ХIабиб ﷺ вокьи – дун вокьилъун букIаразеги гьаб гIазаб-гIакъуба гIун бугин, БетIергьан, гьезие хIисаб суал бигьа гьабун теян, ахIи балаго, гвангъараб бакъ гIадинан, нилъер муршид цеве вачIунила.

Гьеб мехалъ ГIарасат майданалда рукIаразул, Аллагь ﷻ, ХIабиб ﷺ , устарилан гьаркьал рахъуна, ХIабибасул ﷺ пишабиги суннат-иттибагIги цIунун дунялалда хьвадаралщинал, ХIабибасухъе ﷺ рачIуна. Гьеб мехалъ ХIабибас ﷺ , я Сайидул мужадид, хIакъав камилав муршид,

дир суннаталъул агьлу хехго хIавзалде рачеян абула. Берцинаб низамалда, гIурччинаб байрахъги борхун, бачунаго зикругин ХIабибасухъе ﷺ щола. Хадуб Аллагь ﷻ разилъаяв СайидхIосеница гьадинаб дугIаялдалъун лъугIизабулеб буго назму:

Я, Раббана дир
Аллагь ﷻ, цIаялдаса
ниж цIуне,
Дур камилаб
квербакъи нижей
камизе тоге.
ХIабиб, устар
разилъи нижее
насиб гьабе.
Хасго
гIаламулгьуда, мун
рази насиб гьабе.
Щибаб рецц дуй,
БетIергьан,
маликул-мулкаясде
Цинги камилаб
свалат хирияв
ХIабибасде,
Гьесда хадур
хириял ункъавго
асхIабасде.
Нахъиял сахIабиял
муршидун авлияал,
Гьединго Имамзаби, мусанипул гIулумал
Камил гьабун щвезабе, жалалияв БетIергьан.




*Амин.*

## САЙИД ГIОБОДИЯСУЛ قدس سره ШАРГIИЯБ ВИРД ГЬАБУЛЕБ КЪАГIИДА:

Камилал муридзаби тlарикъат малъизе ратун гутlиялъе гlоло ва тlарикъат босун хlалтlизабизе бажарулеб къагlидаялда халкъги батунгутlиялъе гlоло, тlарикъаталъул вирдалги тун, шаригlаталъул вирдал гьариялда тlадчlчlей ва гьединго Аварагасулﷺ суннат цlуниялда тlадчlчlей гьабун, Сайид Гlободияс قدس سره Дагъистаналъул халкъалда малъана ва 20-гоялдасаги цlикlкlун малъиялъул тlахьалги данде гьаруна ва гьелги басмаялда рахъана.

Живго мужадид ва камилав муршид хlисабалда, жиндирго бугеб ихтияралда рекъон, гьес халкъ тlобитlана ва шаргlиял вирдал малъизе ихтиярални кьун, шайихзабиги тана Дагъистаналда ва гьез цоцахъе кьун, гьеб тlечlеб рахас жакъа къоялъгицин Дагъистаналда хlалтlулебги буго.

Гьеб шаргlияб вирдалда цlарги накъшубандияб, загьирияб, шаргlияб вирд абун лъуна, щай гурелъул бищун хирияб накъшубандияб тlарикъаталъул шайихзабазул силсилаялда хурхараб букlиналъ ва живго Сайид Гlободиявги قدس سره анкьго тlарикъаталъул ва хасго накъшубандияб тlарикъаталъул Кьутlбул гъавс вукlиналъ.

***Вирдалъе ният гьадин гьабила:***

«Дица ният гьабула накъшубандияб, загьирияб, шаргlияб вирд гьабизе, Сайид Гlободияс قدس سره малъухъе. Гьаб вирд гьабун лъугlидал гьабураб дугlадул вирдалъул кири кибего кьоларо: гьеб нижер лъикlаб гlамал хъварал кагътазда гъорлъ лъе» - абун гьаризеги ккола Аллагьасдаﷻ.

***Тlоцебесеб даража:*** гьеб вирдалъул гlолохъанал чагlазе сордо-къоялда жаниб 100 лаиллагьа илаллагь абураб лафзги ва 100 свалатги буго Рузман къоялъ 700, яги 1000 свалат битlила.

***КӀиабилеб даража:*** 300 зикру; 100 астагъфируллагь; 100 свалатги буго.

***Лъабабилеб даража:*** 500 зикру; 100 свалат; 100 астагъфируллагь; 100 къулгьу буго.

Лъабабилеб даражаялъул вирд гьабулезе вирдалда цебе рабитӀаги буго. Гьеб гьадин тӀубала: 15 астагъфируллагь; 1 алхӀам; 3 къулгьу; къулагӀузаби; 10 свалат ва гьаб аятги цӀалила: «Ала инна авлиа-аллагьи ла хавфун гӀалайгьим валагьум яхӀзанун».

Хадуб гьаб дугӀаги гьабила: «Дица гьабураб рабитӀаялъул кири камил гьабун мунги БетӀергьан Аллагь ﷻ, Дур ХӀабибги, Устар ГӀободиявги قدس سره разиябщинаб бакӀалде щвезе гьабе» абун.

Хадуб дудаго лъараб къагӀидаялда гьари-дугӀаги гьабила.

***Ункъабилеб даража*** бищунго тӀасияб даража: 1000 зикру;

100 свалат; 100 астагъфируллагь; 100 къулгьу; 100 «ла хӀавла вала къуввата илла биллагьил гӀалийил гӀазим»; 100 «лаиллагьа илаллагьу вахӀдагьула шарикалагьу лагьул хӀукму валагьул хӀамду вагьува гӀала кули шайин къадир».

Вирд гьабилелде цебеги ва тӀубан хадубги рехсараб къадаралда рабитӀаги гьабила: 25 астагъфируллагь; 1 алхӀам; 3 къулгьу; цо- цо къулагӀузаби; 20 свалатги битӀун гьаб аятги цӀалила: «Ала инна авлияа лагьи ла хавфун гӀалайгьим валагьум яхӀзанун» ва хадуб-цебехун рехсараб къагӀидаялда дугӀаги гьабила.

ШаргӀияб нухалда гъорлъе лъугьарав, вирд гьабулев чи, диналъул умуразулъ ва дунялалъул умуразулъ кинабго рахъалъ Аварагасул ﷺ суннат цӀунаравлъун вукӀине ккола: чорхол гӀамал; кӀалзул рагӀи; рекӀел ният ва киналго пишаби рацӀадавлъун вукӀине ккола, гьеб гьечӀони вирд тӀубаялъулги пайда букӀунаро.

Вирдалъул даража хисизе ккани, гьелда цадахъго хисизе ккола суннатал какал, чорхол гIамал ва бажарулеб гьечIони, бажаризегIан вугебго даражаялда чIезе ккола. Масала: дуца цебеккун зухIаялъул, авабиназул, витруялъул каказул балеб букIун батани 7 ракагIат, базе ккола 8 ракагIат.

Вирд гьабизе хассаб бихьизабураб гIуж гьечIо. Дурго рес рекъохъе гьабизеги бегьула ва лъалес Къуръан цIалун, свалат битIун гьелда даимлъизеги лъикIаб буго.

***«ШаригIаталъул вирдал»*** абураб бутIаялда жиндирго ***«Бустан Аваристан»*** тIехьалда ГIободаса ХIосенил вас Сиражудиница гьадинаб баян кьолеб буго:

- Шайих гьечIев чиясул, шайих щайтIанин абун,
агьлу тассавуфалъул тIахьазда гIемер бицун буго.
Гьал нахъа рицунел жал хьвадизарурал чиясул,
устарлъун жиндир Имам вукIунин абун буго.
Дурго Имам ШафигIил дуй тарбият бокьани,
течIого хьвадизаре шаригIаталъул вирдал,
риязат гIемер гьабун, гьава гIодобе рехун,
гIадат тун черх квегъулев чилъун мун гьечIонани,
тIарикъаталъул вирдал дуца тIаде росуге,
дуйго таклибги бакIлъун гьалаглъиялде кколин,
тIарикъаталъул вирдал тIаде росарал чагIи,
чара гьечIо гьел ккола захIматал умураздe.
Суннатаб жо тIалъула, тIурукъал къварилъула,
Рухсаби хIарамлъула, хIалалаб тезе ккола.
Карагьат хIарамлъула, хIарамаб гIемерлъула,
Дунял-ахират бахъун, хъат балеб бакI тIагIуна.
Аркан шурутIал тIубан тIобитIе щуябго как,
Чияр дуда тIад ругел хIукъукъалги тIоритIе.
Агьлу-хъизан вацазулъ мугIашарат лъикI гьабе,

Лъикlаб хlалалда хьваде бусурбабазда жанив.
Эбел-инсул хlукъукъал- гьелги нухда ккезаре,
Дур гlагарал чиязул гlагарлъи хурхинабе.
Щунусго, я азарго зикру камизе тоге,
Гьелъул хиралъи бицун рагlалде бахъинаро.
Къойилго нусго свалат Хlабибасдеги битlе,
Анкьнусго, я азарго рузман къоялъги битlе.
Нусго астагъфируллагь, я лъабкъоялда анцlго,
Нусго къулгьу цlалиги къойил камизе тоге.
Нусцlулго вахlдагьула, нусго лахlавлавала,
Суннатун муаккадал гьездаги тlадчlчlей гьабе.
Ишрак, зухlа, аввабин, хlал кlванани тагьажуд,
Кинабго рузман къоялъ тасбихlалъул как тоге.
Хlалалаб бетlербахъи хъизамалъеги гьабе,
Гьалаглъулел жалазда жуба-гъубай гьабуге.
Гьелдасаги мухlканаб хlакъикъат лъала цохlо Аллагьасдаﷻ!

## УСТАРАСУЛ ГIАЛАМАТАЛ-БАЛЪГОЛЪАБИ



Сайид ГIободияв قدس سره вачIунев вукIун вуго Гьарадерихъе. Гьесда батун буго нухдегIан бачIун чIчIараб цо кIудияб гамачI. Гьеб гамачI Сайид ГIободиясда хадуб бачIине жубан буго. Устарас гьелда тIад лъун буго жиндирго квер ва гьеб, хIарщулъе гIадин, ганчIида гъорлъеги ун, гьениб устарасул кверзул килщазулсурат лъугьун буго. Гьеб хIикматаб гIаламат гьанжегицин нахъе цIунун хутIун буго гьеб ганчIида тIад. Гьеб нухдасан гIодоре- эхеде унел гIадамаз тIаде къулгьу-алхIамги цIалун, гIиссинал чIимхал рала гьелда аскIоре. Гьебги буго Сайид ГIободиясул караматазул бицунеб хIужаялъул цо гIаламат.

***

Жиндирго вас ва халафа Аргъваниса ХIажида قدس سره Сайид ГIободияс قدس سره абуна: «Дуда капурзабаз лъабго нухалъ квер тIад лъезе буго, дир вас. Лъабабилеб нухалъ мун гьезул квердасан хвезеги вуго», - абун.

ЧКаялъ жанив тIамун вукIана унтун тату хварав, гIумруялъул 99 сон барав Аргъваниса ХIажи قدس سره. ТIаса тIимугьги бахъун, цIорораб камераялда жанив хвезавуна гьев ЧКаялъул рахIму гьечIел чIвадарухьабаз.

КIудияб захIмат, гIакъуба бихьун Аргъваниса ХIажил قدس سره жаназа туснахьалдаса бикъана ва гьев вукъана, цебеккунго жинцаго бухъун къачIан тараб хобалъув Хунзахъ

районалъул ГӀоротӀа росулъ бугеб устарасул хъизан ХӀалимат-эбелалда аскӀов-зияраталда.

***

ГӀобода росулъ рукӀун руго Шихайилавги, Аминтазаги, ОцойлхӀумаги ва Амириласул ХӀосенги абулел, цояздаса-цоял согӀал, жидерго берazда бихьаралда гурони божуларел, гӀадамал балъаргьине рокьулел гӀанчӀал гӀолилал. Цо къоялъ гьел данделъун рукӀун руго, цӀакъ гьуинаб хабар-каламалъул маххул устар Ибрагьимил къебелъухь.

Гьезда рагӀун букӀун буго Сайид ГӀободиясдаسره قدس кӀолин нух къокъ гьабизе ва лъеда тӀасан вилълъинеян абун бицунеб гӀадамаз. Хадув чиги витӀун вачӀинавула гьез Сайид ГӀободиявسره قدس жидедаго аскӀове къебелъухъе.

Гьениве жаниве щваравго, къебелъухъ батараб маххул кесек лъола Сайид ГӀободияс سره قدس цӀадаб ва абула гьезда перело пуян абун. Амма гьез инкар ккведал, гьес жиндицаго бакула гьеб маххуда гъоркь цӀа. Гьеб билбагӀарлъараб мехалъ, Сайид ГӀободияс سره قدس гӀолохъабазда абула гьеб маххул кесек гьезул бокьарас кодобе босеян абун. Гьез гьецӀалъ босизехъин бугеб мехалъ, Сайид ГӀободияс سره قدس жиндицаго, цӀадабе кверги бегьун, босун жиндирго хъатикь ккола маххул билбагӀарлъараб кесек. Ва абула гӀолохъабазда: «Дица гьаб маххул кесек гӀадин, хӀакъаб жоги кодоб ккун, хабар къотӀун рукӀа нужги», - ян абун. Гьебги гӀолохъабазда цебе гӀодобе рехун, ГӀободияв سره قدس нахъе уна.

Гьеб хабар цӀакъ хехго тӀибитӀула ГӀобода росулъ.

Мажгиталде какде данделъидал, гӀемерал гӀадамал рачӀуна Сайид ГӀободиясул سره قدس квер бачине, гьезие бокьун букӀуна Къебедил васасул жаниса квер бухӀун бугищали бихьизе. Гьеб карамат жидедаго устарас бихьизабидал, ункъавго гьудул гӀажаиблъи гьабун хутӀула, божизе кӀоларого, гьеб кинабго жидерго берazда бихьун кканиги.

***

Жакъа къоялъ ГIобода ШагIбан-къадил зияраят бугеб бакI цебе лъидаго лъалеб букIинчIо мухIкан гьабун бихьизабизе.

Гьев вукIана Сайид ГIободиясдасагиقدس سره нусгоялдасаги соналъ цевеккунго вукIарав чи. Гьеб букIун буго цIан битIараб гIуру къараб ракь.

Цо хабар ккараб къоялъ Сайид ГIободиясقدس سره гьевго ункъавго гьудуласда абула нуж газа-белгун дида цадахъ къватIире рахъаян абун ва тIамула гьел цо пуланаб бакIги бихьизабун гьеб бухъизе. Гьенире ракIарула жеги гIемерал гIадамалги. Сайид ГIободиясقدس سره гьезда абула нуж жив вачIинегIан гьенире хабалъеги раккугеян абун ва гьениса нахъеги уна.

Цо балил кьергIан манзил хутIараб мехалъ, вачIуна тIадвуссун устарги гьенивего. Гьанже гьаб хутIун букIанин дуца жидее гьабизе жоянги абун, гъулгъудилел рукIуна росдал гIолохъабиги, гъоркьанго устарасда бералги речIчIизарулаго. Сайид ГIободиясقدس سره гьезда абула цодагьабги гIодобегIан бухъеян абун.

Гьедин бухъулаго гьел цо къаназда тIаде ккола ва хобги цебе рехун бачIуна.

Гьел гIолохъабазда гьоркьов ракь бухъулев вукIарав ОцойлхIума абулев чи, Сайид ГIободиясдаقدس سره тIадги хурхун, гьесда жинда тIаса лъугьаян абун гьардезе жувала киназдаго цеве.

Гьеле гьедин, Сайидасулقدس سره, баракаталдалъун тIатана гIабадерие жидерго росулъа цIар рагIарав гIалимчи ШагIбан-къадилقدس سره хоб бугеб бакI. ГIицIго гьелдаса хадуб бана гьениб тIад хIужраги.

Аллагьасﷻ гьезул баракат камун тогеги киналго бусурбаби.

Амин!

***

Цо рузман къоялъ мегеж кIкIваялъул бусурбанчиясе бугеб мунагьалъул хIакъалъулъ вагIза-насихIат гьабула Сайид ГIободияс قدس سره гIабадерил жамагIаталъе. Нахъеги устар махсаро-хочI гьавун гаргадизе журала довго ункъавго гIоркьилав.

Гьеб мехалда ГIободиясقدس سره гьезда абула нуж гьаб бачIунеб гIодоб къоялъ, цо лъикI рекIараб гIащтIиги босун, жинда цадахъ Хъаладухъе базаралде рилълъине хIадурлъеян абун.

ГIодоб къоялъ радалго рачIуна ункъавго, гIащтIиги босун, базаралде рилъинеян абун Сайид ГIободиясдаقدس سره хадур.

Доб заманаялъ Хъаладухъ лъарал рагIалда букIана НикIалайил аскаралъул рагъухъабаз, махил гъутIбиги чIчIун, жидеего хIухьбахъиялъе гьабураб парк. Гьенирреги рачIун Сайид ГIободиясقدس سره гьел гIолохъабазда абуна: «КъотIе босун гIащтIигун, бищунго бицатаб махил гъветI», - абун. Гьенирего ракIарун рукIана батIи-батIиял росабалъа гIадамалги. Гьез абуна: «Нижеда кIоларо! Гьедин гьабуни, ниж пачаясул аскаралъулаз рачун туснахъалде рехула», - ян абун. ГIободиясقدس سره абуна: «Нуж хIинкъулел ратани, дица къотIила. Кье дихъе гIащтIи!» - абун. Гьел жеги цIакъ хIинкъана.

Гьеб мехалъ, жиндирго бахараб магжида кверги бахъун, Сайид ГIободиясقدس سره, киназдаго рагIун, гьел гIолохъабазда абуна: «ЦохIо гъветI къотIанигицин НикIалайил аскаралъул рагъухъабаз жанир тIамулел нилъ, гьабгощинаб гъветI къотIараб мехалъ, Аллагьасﷻ нилъеда щибдайха гьабилеб, гIолохъаби?» -ян абун.

Гьеб мехалъ, дов ункъавго гIолохъабазул цояв- Аминтаза, Сайид ГIободиясулقدس سره бохдуздаги хурхун, гьезда къочардизе жувала, базаралде данделъарабщинаб гIаламалда цеве.

***

Гьеб букIун буго кутакалда ракъдалаб сон. Хундерил тIалъиялда цIад бачIого бечIан ва бакъван букIун буго сверухъе тIабигIатги ва ах-хурги.

Цо къоялъ Сайид ГIободияс قدس سره росуцоязда абун буго: «Жакъа нилъ цIад гьаризе рахъани, Аллагьасﷻ нилъер гьари тIубазабизе бугоха, гIабал», - ян абун. ГIадамаз абун буго: «Эдин батани, МухIамадхIажиявقدس سره, кида эб цIад базе бугебалиги лъазе ккелаха нилъеда цебеккунго: жакъа нилъеда тIадейищ, метер нилъ рокъор ругеб мехалдайищ?» - абун.

Сайид ГIободияс قدس سره абуна: «ЦIадги гьарун нилъги рокъоре щун, дица кваранаб хIетIе мажгиталъубе бегьулеб мехалъ, дир квегIаб хIатIил эгъеялда тIоцебесеб цIадал тIири речIизе буго.

***

Сайид ГIободияс قدس سره гьижра гьабун Маккаялда чIчIезе унеб мехалда, жиндаго цадахъ рукIарал лъабайго чIужуялъул цоялда абун буго, Архъабаш абулеб бакIалде щведал: «Мун гьаб бакIалдасан рокъоего нахъюсайин, мун дида цадахъ Маккаялде ине бегьуларин», - абун. Гьей гIодизе жуян йиго, щайин жий бегьуларей жиндирго росгун цадахъ Дагъистан тун инеян абун.

Гьеб мехалда Сайид ГIободияс قدس سره гьелда абун буго: «Дуда ракIалде ккана гьабсагIат, дун щай ине кколей чияр чигун цадахъ, чияр ракьалде гIумру гьабизе, дирго росу-ракьги ва гIагарлъиги гьанибгоги тунилан», - абун. Устарас гьей лъади гьеб бакIалдасанго рокъое тIад юссинайун йиго, жиндаго цадахъги ячинчIого.

***

Дагъистаналъе къолъикIги гьабун, Макка-Мадинаялда гIумру гьабун чIчIезе ине ниятал къватIиве вахъунаго, устар нуха регIизе цадахъ рахъараз гьесда гьарула нижее, васият

хIисабалда, цо кинаб букIаниги пайдаяб малъа-хъвайгIаги тейинха, МухIамадхIажияв, дуца кагътида хъванилан абун.

Сайид ГIободияс قدس سره гьезда абула: «Дица цо пуланав чиясул Къуръаналда гьоркьоб лъун тараб кагътида хъван буго нужеца гьабизе кколеб лъикIаб гIамал. Рокъоре тIад руссараб мехалъ, гьенире Къуръаналда гьоркьоре раккеха нуж», - абун.

ТIадруссутIа ун руго гьел киналго дов Сайидас абурав чиясул рокъоре, Къуръаналда гьоркьоре балагьизе. Гьев абуни тIирун чIчIун вуго, жиндица устарасухъе Къуръанги кьун букIинчIин киданиги, гьениб гьоркьоб кинабгIаги кагъатги гьечIин абун.

Кин бугониги Сайидас гьедин абун бугелъул, балагьун руго Къуръанги рагьун гьоркьоре ва гьениб батун буго цо гьитIинабго кагътил жо. Гьелда хъван букIун буго гьадин: «Дуего гьабизе бокьулареб жо чияеги гьабуге. Сайид ГIободияв» - абун.

***

Сайид ГIободияв قدس سره Маккаялда накълолъанин рагIидал, унтун бусада ккун вугев Алмахъалдаса ГIамиргIалихIажияс Муршидун Камиласул даражабазул бицараб «ШаригIат тIарикъат тIубан хьихьарав» абураб назму гьабун буго сордо борчIун. Радалалде, циндаго, сахлъизеги сахлъун, росдал къотIносан унев вукIарав ГIамиргIалихIажиясда аскIове вачIун вуго, жинсияб къагIидаялъ, чIагояв Сайид ГIободияв قدس سره ва абун буго: «Цо доб нолъ дуцаго хъвараб шигIру жакъаги ахIеха ле, ГIамиргIалихIажияв»,- абун.

Сайид ГIободияв قدس سره Дагъистаналъе къолъикIги гьабун, Макка-Мадинаялда чIчIезе гьижраялъ унаго щун вуго, жиндирго муридзаби ва маъзумзабигун цадахъ, Чачаназул ЮртгIавухъазул росулъе. Гьез жидерго рухIияв цевехъанасда гьикъун буго гьаб росулъ нилъер гьобол щив кколев абун.

Сайидас абун буго: «Нилъ гьаб чоца жинцаго рачине руго нилъер гьоболасул кlалтlе. Гьалда лъала.»,- абун.

Цо бечедав гlавухъав вукlун вуго, хъвехъун гlиялгун, бежун чедгун, Дагъистаналдаса хlурматияв гьоболасда дандчlвазе хlадурго чlчlун. Амма жиндаго гъоркь рекlараб чуялъ Сайид Гlободияв قدس سره вачун вуго гьеб росу рагlалда вукlарав цо мискинав, пакъирав Мухlама абулев валиясул кlалтlе. Гьев Мухlама вукlанила рокъоб бессараб сугъурги, жиндирго хуриса бачlараб цlоросаролъги гуреб, тlокlаб дунялалъул магlишат- яшавалъул щибго тlалаб гьабуларев чи.

Гlавухъал абуни гlодизе журан рукlун руго, Сайид Гlободияв, жидеда тlасан галиги тlамун, жалги санго гьаричlого росулъан унев вугиланги ккун.

Мухlамал хъизан сугъур бессулей ятун йиго гьалбадерида. Живго Мухlама гьеб заманаялъ хурив цlоросаролъ хъусун чlаралев вукlун вуго.

Гьев рокъове ахlизе гlавухъал ине журайдал, Сайидас абун буго: «Унге. Гьев живго гьабсагlат, нужеца ахlичlониги, нилъеда тlаде щолев вуго.»,- абун.

Мухlамаги живго тlаде щун вуго заманго иналде.

Гьесул рокъоб жамагlат гьабун как бан буго киназго цадахъ ва зикру бачун буго.

Гьеб заманаялъ, Махlамал рукъ сверунги ракlарун, авал-къоноялъулго боцlулги гlер-гlери букlанила гьездаго цадахъ «зикру» бачунеб.

Гьениса рахъун унаго, Сайид Гlободияс قدس سره абун буго: «Кватlичlого кlиябго Гlавухъалде кlудиял балагьал тlаде рачlине руго: гьал гочинаризе руго хlалалъ чияр рикlкlадал ракьазде. Гьаздаги ва гьазул бакlалде гьанире гlумру гьабизе рачlине ругездаги Аллагьﷻ гурхlагиха», - абун.

Кватlичlого Гlавухъалъул чачанал хlалалъ, бугеб магlишат-яшавги гъоркьго тун, Казахстаналде гочинаруна Сталиница ва

гьезул бакlалде Дагъистаналъул мугlрул росабалъа магlарулалги рахъинаруна, кигlанго гьезие жидеего бокьун букlинчlониги. Гьенибги кинабго ккана, цебеккунго Сайид ГІободияс قدس سره абухъе.

***

Макка-Мадинаялда чlчlезе гьижраялъ унаго, нухда Сайид ГІободияс قدس سره лъалхъи гьабун буго Алмахъалдаса Жантемир абулев чиясул бакlалда, жиндицаго гlелму-лъай малъарал гlалимзаби ГІамиргlалихlажиясулги ва Исрапилхlажиясулги бакlалдеги инчlого.

Гьединав хlурматияв гьобол вачlиндал, Жантемирил рокъобе бакlарун букlун буго алмахъазул тlубараб росуго. Амма Жантемирица Сайид ГІободияв قدس سره къабул гьавун вукlун вуго цо хухги хъун. Гьесул чlужу Салихlат чарахун йикlун йиго, росас цохlо хухги хъун танин, оц гlаги хъвечlого, жиндица чан чиясда цебейин хохол гьан лъелебан абун.

Салихlатил ракlалда бугеб жо цlалараб гlадин, Сайид ГІободияс قدس سره абун буго гьелда: дун цо доб дур хьагихъе вачея, Салихlат, абун.

Сайидас, босун гелгун, гьанги гьагlуги багъарун буго.

Гьеб хьагиниб букlараб хохол гьан росдацаги ва тlаде рачlарал гьалбадерицаги кванан ва жеги нахъегицин хутlун букlун буго. Гьелъул бицен жакъа къоялъгицин хутlун буго Алмахъазул росулъ.

Гьединаб хlикматаб ва гlаламатаб баракат букlана киса-кибего Аллагьасулﷻ унго-унгояв вали, къарнуялъул Имам,

Сайид ГІободиясда قدس سره сверухъе, кивехун гьев къисматалъ вачаниги.

Алмахъалдаса ГІамиргlалихlажияв Сайид ГІободиясул قدس سره доваса жиндихъего рукъове ине нуцlихъе щун вукlаго, гьесда ракlалде ккун буго: «Гьав Мухlамадхlажияв жиндир

цIакъ даража кIудияв шайихги вуго. Бугониги ас дида цониги жиндирго кашфу-караматлъигицин бихьизабичIоха» абун.

Гьебго лахIзаталъ, ГIамиргIалихIажиявги рагьдухъго лъалхъизавун, Сайид ГIободияс قدس سره гьесда абула: «Метер нилъер цо мюрид хвезе вуго. Мун гьевги вукъун ине чIчIезе ккела рокъове», - абун.

Устарас абухъе, нахъисеб къоялъ ГIобода росулъ хун вуго устарасул цо мурид. Гьев чуризе, мусру базе ва лахIтуялъув рекъезавизе тIамун вуго ГIамиргIалихIажияв. Кинабго ишги тIубан хобалъуса тIаде вахъунаго, жиндирго каранда кисинир рукIарал чIумал ругищан халгьабидал, чIумал ратун гьечIо. ЧIабаралде рортунги ратун гьечIо гьел чIумал. Цинги ГIамиргIалихIажица абун буго аскIов вукIарасда: «Дир чIумал ругищали халгьабизе цо къоно борхея, гъоре рортун рукIине ккола» -ян. Къоно борхун балагьидал гъора чIумалги ратун руго, гъов муридасул къаданив гIодов чIчIун лахIтуялъув Сайид ГIободиявги قدس سره вихьун вуго. ГIамиргIалихIажияв хобалъусан эхеде валагьун вуго: лъова тIад вахъунчIчIунги валагьун ватун вуго гьесда Сайид ГIободияв قدس سره. Нахъеги валагьун вуго лахIтуялъуве, гъоваги ватун вуго, додинго, устар гIодов чIчIун.

ГIицIго гьеб мехалда бичIчIун буго ГIамиргIалихIажиясда гьеб хIикматаб карамат Сайидас жинда щай бихьизабурабали.

***

Цо къоялъ Сайид ГIободияв قدس سره вукIун вуго гIандисезда гIелму малъулев. Цодагьаб мехалъ гIенеккунги чIчIун, шайихас гIелму цIалулел рукIарал гIандисезда гьикъун буго гьаб пуланаб кIиго-лъабго чачан мацIалъул рагIабазул магIна щибин кколебан абун, гьезда чачан мацI лъалеб букIиналъ. ГIандисез абун буго гьел ругин дуде ахIи бан, дудасан кумек гьарулел рагIаби абун.

Нахъисеб къоялъ кІиго чачанав вачІун вуго Сайид ГІободиясухъе قدس سره вирд босизе. Гьез бицун буго жал магІардасан рачІунаго, кутакаб пуй-чІвайги бахъун, жал гІазул гІансазулъ гъанкъиялде хІинкъи кканин. Гьединлъидал жидеца цоцазда абунила: нилъ ГІободиясул муридзаби гьечІониги, гьесул вирд босизегІаги унел ругелъул, рачІайин кумек гьарун гьесде ахІи базе бугин абун.

Нижеца ахІи бан гьоркьоб заман иналдего, къалъ-къалъун дунялги роцІанин, жалги хвасарлъанин бицанила чачаназ.

***

Сайид ГІободиясухъе قدس سره вачІун вуго гьесухъа вирд босизе Алмахъалдаса Иразихан абурав чи. ГІабадерил росда цебесан чваххулеб лъарахъе щведал, жиндирго черх чурун буго Иразиханица, устарасда тІаде вацІцІадго ун лъикІилан ракІалдеги ккун.

Жеги жиндирго цІарги, росуги ва мурадги тІаде вачІарав гьоболас бициналдего, Сайид ГІободияс قدس سره гьесул цІарги, росуги ва мурадги гьесда жиндагоги бицун абун буго: «Дуца дихъе вачІунаго жакъа нухда гьабураб иш тІокІаб гьабуге, дир вас Иразихан»,- абун.

Гьоболас, гІажаиблъи гьабун, гьикъун буго устарасда щибин жинца бегьулареб жо гьабураб абун.

Сайид ГІободияс قدس سره абун буго: «Дуца жакъа дихъе вачІунаго, лъарахъ чвердолеб мехалъ, зобалазда цебе дурго гІаврат загьир гьабуна. Гьединлъидал, мун вихьулеб бакІалдаса рикІкІалъун, малаикзаби зобалазде рожун ана. Дозул гъеж-квер бекиялда кІудияб хІинкъи букІана, гІемер гІедегІиялъ», - абун.

***

Гьевго Иразиханида Сайид ГІободиясда قدس سره гьикъун буго гъов нужехъа ГІамиргІали щиб гьабулев вугев абун.

Иразиханица абун буго нижер Алмахъалда ГIамиргIали абулев чиго гьечIин абун. Сайидас абун буго вугин, щай эв вукIунаревин абун. Иразиханица гьеб мехалда абун буго: «Цо гьитIинавго вас вугоха Дилималда гIараб гIелму цIалулев. Цойги дида лъалев ГIамиргIали гьечIоха нижер росулъ», - абун.

Сайид ГIободияс قدس سره абуна: «Цо гьитIинав вас гуро дов, цо кIудияв гIалимчи вуго», - абун.

Гьеб абуни букIун буго жеги киданиги Сайидасда ГIамиргIали вихьичIеб заман.

ГIемер заманго иналде, гьитIинав ГIамиргIалил хIукму ккола хIежалде ине ругел цо-кIиго кIудияв чигун цадахъ Макка-Мадинаялда чIезе ине. Гьев кIиявго чи валагьулаго, росулъа-росулъе унаго, ахирги ГIамиргIали ккола ГIобода росулъе. Гьениб мажгиталъуб сордоги рогьуна гьес.

Сайид ГIободияс قدس سره, жиндаго ракIалда бугеб жо васас бициндал абула: «Мун хIежалде ине гIедегIуге, дир вас. Дица цо лъагIелалъ гIелму малъила дуда. Цинги хадуб мун тIадвусса дурго мугIалим ГIумаханхIажиясухъе», - абун.

Гьеле гьедин данде гьаруна Аллагьасﷻ мутагIилги мугIалимги.

***

Сугъралъе МухIамад Ярагъиясул зияраталде щвезе унел рукIана Сайид ГIободиявги قدس سره ГIободаса ХIусен абулев муридги. Дара-Мурадисезул габурлъухъе щведал хIухьбахъизе гIодор чIчIана гьел кIиялго. Жидедаго цересан доре-гьанире хьвадулел ругел цIунцIрабазухъги валагьун, гьимана устар. Муридас босана гьеб гьимиялъул балъгояб магIна, амма мухIканлъи Сайидасда гьикъизе нечана.

Гьезда данде бачIана ГIабдурахIманхIажи Сугъуриясул равхIания. Сайидги Сугъуриявги кIалъалел рукIана. Гьезул

бицунеб жоги букІана Къиямасеб къоялъ кигІан мурид жидеда хвасар гьаризе кІвелел абун.

Сугъурияс абуна дида гьадигІан къадар кІолилан.

ГІободияс абуна: мун херлъунги кІодолъунги вугин. Дида дудагІанги, жеги гьедигІан тІадеги кІолин абун.

Гьеб бакІалде гьоркьобе бачІана цо гьитІинавго чиясул равхІания ва гьес абуна: «Сугъуриявги кІодолъун вуго, ГІободиявги кІодолъун вуго. Дица тІоритІила нуж кІиясго тІоритІурел рукІаралщиналги ва жеги тІадеги.» абун.

Гьеле гьеб лахІзаталъ гьимун вукІана, гьеб равхІаниялда гІажаиблъи гьабун Сайид ГІободияв قدس سره Дара-Мурадисезул габурлъухъ, цІунцІрабазухъ балагьараб мехалда, гьав гьитІинав чиясда гъорлъ гьадигІанго кІудияб гьунар букІинадаян абун щаклъун.

Цо пуланаб базаркъоялъ Хунзахъ базаралде щведал, гьенив вихьаравго лъана Сайид ГІободиясда قدس سره доб равхІаниялъул бетІергьан. Гьев абуни вукІана, заманаялдасан, жив Сайид ГІободияс قدس سره васлъунги ва жиндирго халапалъунги гьавизе вугев Аргъваниса ХІажил قدس سره равхІания.

***

Дагъистаналдаги гІемерал гІадамаз хІалбихьана Сайид ГІободиясул قدس سره Гьезул цояв вукІана ЧІикІав вахъун вукІарав Гъодобериса Мустафа. Сайидас гьев нахъе витІун вукІана берцинаб каламалда вагІза-насихІатги гьабун, щибго жиндирго кашфу-караматги бихьизабичІого, гьелъие гІоло гьев вачІун вукІин жиндаго лъалеб букІаниги.

ЧІикІаве тІадвуссиндал жиндирго муридзабазе пударун ватана Гъодобериса Мустафа щибго пайда гьечІев, гьадингояв чи ватанин гьев Сайид ГІободияв жинда абун.

Гьеб хабар лъайдал, Сайид ГIободияс قدس سره жиндирго вас Аргъваниса ХIажи قدس سره витIана ЧIикIаве Гъодобериса Мустафада данде бахIсалъе.

Мустафа кутакалда вохана живго Сайид ГIободияв قدس سره вачIинчIого, гьес вас витIун вачIиндал жиндаго данде бахIсалъе. Гьев гъаримасда ракIалде ккана гьав пакъирав жагьилчини дица данде вазего теларин абун.

Сайид ГIободияс قدس سره вас ЧIикIаве нуха регIулаго абуна: «Гъос дуда абила, гIоралда тIаде буртинаги рехун, как байилан. Гьеб дуца гьабуге: гьеб буго сихIручагIаздагицин гьабизе кIолеб жо. Цойги гъос абураб бокьараб жо гьабе. Гъос дуда абила загьру гьекъеян. Гьебги гьекъе дуца. Белъун болъонил бетIер цебе лъуни- эбги кванай дуца.» абун

ЧIикIаре щваралго цо кIудияб рокъор данделъана Мустафал муридзабиги Аргъваниса ХIажиги قدس سره. Киналго гIадамал даделъун хадуса, цо гIадангицин вагъаричIого, Мустафа живго жиндасанго эхеде восунги ун, гIодовречIчIана ва кIалдиб полопги бан холев вукIана, тIаде гурун жиндирго муридзабигун.

Аргъваниса ХIажияс قدس سره тIадеги вахъун, гьесул гъуждулги кIорокIун, Мустафа лъавуде вачIинавуна ва гIодов чIчIезавуна.

Ругелъур ругелги тун, Аргъваниса ХIажияв قدس سره вахъун нахъе ун вуго.

Хадуб Гъодобериса Мустафаца гIадамазда абун буго: «Сайид ГIободиявни жинда цIакъ хIеренав ва лъикIав чи ватанин, амма гьев Аргъваниса ХIажиявин абулев чи цIакъго хъачIав чи ватанинха жинда»,- ян абун.

***

Сайид ГIободияс قدس سره хъвана гIемерал тIахьал. Гьесул кваранаб квер хъвадарилеб, квегIаб чIумал сверулеб, кIалдиб мацI зикру бачунеб букIунаан.

Сайидасул мурид Хьиндахъа МуртазагӀалица гьикъун буго устарасда: «Гьаб лъабабго хӀалтӀи цого заманаялда гьабизе кинин дуда кӀолеб?» - абун.

ГӀободияс абун буго: «Дида тӀадаб жо буго, щакъиялдаги ччӀун, къалам мухъил авалалда лъей. Гьеб жиндирго къадаралда Аллагьасﷻ билълъанхъизабула.», - абун.

***

Хьиндахъе рачӀунеб нухтӀа, жамагӀат гьабун, бакъанил как балел рукӀана устар ГӀободиявги гьесул муридзабиги. Имамлъи гьабулеб букӀана Сайидас.

Хьиндахъ вукӀана цо валимахӀав муъминчи, жив рукъги хъизанги рехун тун гӀалхуда чӀчӀарав. Гьев вукӀана гӀадан вихьаравго тӀурун унев, тӀутӀу-хъухъураб ретӀелги ретӀун вукӀунев, гӀадамаз жив гӀантав вугилан тарав, гӀадамаздаги кӀалъаларев пакъирав пулан.

Гьев гьедин чӀчӀеялъе гӀиллаги букӀана лъадиги ясги шаргӀалъул нухда хьвадунгут Ӏи.

Гьал как балел церехун руссун рукӀаго, гьездаги вихьичӀого, гьев хьиндахъевги жувала гьездаго цадахъ жамагӀат гьабун как базе.

Какги бан дугӀа гьабизе ирга щвараб мехалъ, нахъехунги вуссун, Сайид ГӀободияс قدس سره абула гьев хьиндахъесда: гьанже цо дуца дугӀа гьабеха, дир васан абун.

Гьесги гьабула къокъабго дугӀа: «Я хирияв Аллагьﷻ, мун гурхӀагиха!» абун.

Гьелдаса хадуб, вачӀаравго гӀадин, лъидаго вихьичӀого, гьев киве аравалигицин лъачӀого тӀагӀунги ватана.

Гьелдаса нахъе гьев лъиданиги ва киданиги вихьунги гьечӀо.

***

Гьаб лъугьа-бахъин ккана Хунзахъ районалъул Хьиндахъ росулъ. Цо къоялъ годикӀанир гӀодор чӀчӀун рукӀарал

бихьиназде тIаде вачIана цо чи саламги кьун. Гьес гьикъана бихьиназда устар вугеб бакI лъалищ нужедаян абун. МуртазагIалица рокъове вачун вуго гьев, жинда цадахъ вилълъаянги абун.

Саламги кьун гьобол тIаде щведал, Сайидги гьевги цоцалъ хурхун руго. Цинги кIиявго рокъоре жанире ун руго. НуцIаги къан буго жидедаго тIаде.

МуртазагIали кIулил картIинисан жаниве валагьун вуго, щибдай аз гьабулеб бугебан абун. Гьенирги рахьунчIчIовухьего цоцалъ хурхун рукIун руго гьел.

Цодагьабго мехалдасан, гьобол нухарегIизеян абун, росу рагIалде кьватIире рахьун руго лъабалго.

Кверaлги росун нух битIагиян абуна Сайид ГIободияс قدس سره гьоболасда. Гьевги тIовитIун нахьруссун хадубго МуртазагIалица Сайид ГIободиясда قدس سره абун буго жив гьадав гьобол дагьавги довегIан тIовитIизе ине вугин, дов мекъи ккезеги бегьулин абун. МуртазагIали гьесда хадув векерун вуго, амма гьобол абуни, араб мохъ-рахь лъайчIого тIагIун ватун вуго.

Рокъове тIадги вуссун ккараб жо бициндал, Сайид ГIободияс قدس سره МуртазагIалида абун буго: «Дов гьобол кинха духье щвелев: гьев вукIана Хизри авараг.», - абун.

ГIарабаз хIурмат гьабун, Имам хIисабалда, цебе как базе вичча вуго Сайид ГIободияв قدس سره. Амма бугониги гIарабазул цо кIудияб божилъиго букIун гьечIо жеги гIажамияв Сайидасде. Гьеб бичIчIарав Сайид ГIободияс قدس سره мажгиталда жамагIат какда цадахъ рукIарал рачун руго МухIамад аварагасул ﷺ хабатIе.

Сайид ГIободияс قدس سره салам кьедал, МухIамад аварагас ﷺ, хабалъа къватIибеги бегьун, квер бачун буго Сайид ГIободиясул قدس سره.

Цадахъ рукІарал киналго гІарабиял абизе жо лъаларого, цІоро- гъорон хутІун руго гьеб хІикматаб гІаламат жидерго бераздa бихьидал.

Гьелдаса нахъе киналго гІалимзаби сундулъго мутІигІлъун руго, анцІила ункъабилеб нусго сонил Имам, Дагъистаналдаса гІажамияв Сайид ГІободиясе قدس سره.

***

Цо къоялъ ГохІаколов вукІарав Сайид ГІободиясда قدس سره тІаде вачІана Игьалиса Исрапил абулев гьесул жиндирго мурид, устарасе хъвезе кІиго цояздаса-цоял кьариял дугІнулги рачун.

БачІарабго цояб дегІен хъуна. ЦІокоги нахъе хутІараб гьанги магІида бана. Цояб дегІен абуни бухьун тана, устарас цояб хъуниги гІелинги абун.

ДагІнил гьанги кванан, жиндирго мурид нуха регІизе къватІиве вахъана Сайид ГІободияв قدس سره. Гьес Исрапилида цадахъго цояб дегІенги тІад буссинабуна ва магІида бан букІараб хъураб дагІнил цокоги гьелда аскІобе рехана. Гьелъулги жиб хъвелалдего букІараб гІадаб дегІен лъугьана нахъеги.

ГохІаколоб жидецаго хъураб дагІнил гьанги кванан., кІиябго дегІенги цебе къотІун, рокъове тІад вуссун Исрапилги ана.

Сайид ГІободияс سره قدس жиндирго муридасда бихьизабураб гьеб гІаламатаб караматалъул хабар, пирияткъул хехлъиялда тІибитІун ана гІадамазда гьоркьоб.

Цо нухалда ГІорота холев вукІана Сайид ГІободиясул قدس سره Чупалав абулев мурид. Гьев вукІана жиндица ахираб хІухьел цІалеб бугин гІадамазда ракІалде кколедухъ захІматго унтун.

Жиндирго мурид захІматго унтун вугинги рагІун, гьесде ваккизе вачІана Сайид ГІободияв قدس سره. Гьесда цадахъ вукІана ГІоротІаса МухІамадхІажияв абулев муридги.

Унтарасдеги раккун, къватIире щваралго, устарас МухIамадхIажиясда абуна: «КьутIбул гъавс кинав чи вукIине кколевали лъалищ дуда? Гьев вукIине ккола холев чиясул рухI кквезе кIолев, гьесул бакIалда рухI бахъизе Малакулмавтасухъе цоги чи кьезе кIолев чи. Гьав нилъер Чупалав лъугIулев вукIана. Гьанже гьев хвасарлъана хвалдаса. Амма гъосда салат тIад лъуна нилъер хирияв Аварагасдеﷺ битIизе.», - абун.

Гьев Чупалав хвалил босноса тIаде вахъана. Гьев вукIунаан, цо рагIи абун, кIиабилеб абилелде, салават битIулев.

***

Дагъистаналдаса рахъун Маккаялде унаго нуха, ГIахьалчIиса Алгъинал МухIамадхIажияв абурав муридас Устарасда гьикъана: «КъутIбул гъас кинав чидай вукIуна?» - абун.

Сайид ГIободияс قدس سره гьесда абуна: «Анкьалго зобалаздеги щвана, анкьабго ракьалдеги щвана дун, ва амма дида гьев кивниги ватичIо» - абун.

Кивниги гьечIого вукIине рес гьечIев гъавс, цохIо лахIзаталъ ватичIилан абуниги гьеб бичIчIуларев МухIамадхIажияв, мун ватилин абизе лъачIолъиялдалъун, гьесда абун буго устарас: «Лъураб бакIалдаса хIетIе цебе босизе рес гьечIин асие, цIакъ цевехун унев вукIанин ав. Гьанжеялдаса нахъехунги вачине бегьиларин, амма асие тIокIаб тIаде лъайги щвеларинха»,- абун.

Живго ахирияб нухалъ, гьижра гьабун, Маккаялда чIчIезе унаго, Сайид ГIободияс قدس سره абуна жиндирго муридзабазда: «Дун ун хадуб, анкьго сонидасан, цIакъго кIудияб балагь бачIине буго нужеде.»,- абун.

Гьеб букIана гьижрияб къагIидаялъ 1320 сон. СССРалда хIурият бахъана ва гIалимзабазда тIад зулмуялъул михир

бачана хIукуматалъул мунафикъзабаз. Аллагьасﷻ жужахIалда даим гIазабалда гъоркье ккезареги гьел диналъул тушбаби! Амин!

***

Маккаялде унаго нуха Буравалде щвараб мехалъ, пачаясул жандармаби рачIун руго Сайид ГIободиясухъа قدس سره зулмуялъ гIарац бахъизе.

Сайидас абуни гьел, нухтIа-къватIиб букIанщинаб цIул-цIаги хадуб лъвинабун, къватIул турщул гIадин, чIчIичIчIиялда, тIуризарун руго.

Хунзахъеги ахIун, Сайид ГIободиясде قدس سره ахIдезе жуван вуго губернатор, мун, Имам Шамилго гIадин, цIидасан Дагъистаналда гъазават лъазабизе хIадурлъулев рагIулин абун гIарзал рачIун ругин жиндихъеянги абун.

Гьедин Сайидасде ахIдезе жувайдал, губернаторасда бихьанила, Сайид ГIободиясул قدس سره гъуждузда нахъасанги баккун чIчIараб аздагьоги, жиндаго тIаде, кIалги гьакIкIан, бачIунеб гIассияб гъалбацIги.

ГIемераб хIинкъиялъул кутакалъ, губернатор чIчIичIчIидизе жуван вуго: «ТалихI кьеги! Нахъе, а! Нахъе, а дида вихьулелъуса!» - абун.

Гьеле гьединаб караматги бихьизабун буго Сайид ГIободияс قدس سره жиндирго диналъул тушманасда. Дагъистанияз жакъа къоялъгицин, гIажаиблъи гьабун, бицуна гьеб хIикматаб лъугьа- бахъиналъул хIакъалъулъ.

Аллагьасﷻ Сайид ГIободиясул قدس سره баракатгун-шафагIат камун тогеги нилъ, дир диналъул вацалги ва яцалги.

Амин!

Маккаялде гьижра гьабун унаго, цадахъ рукIаразда Сайид ГIободияс قدس سره абун буго, ГIарахъ мегIералъул рагIалдеги ваккун, тIаса гъоркье Шагьадехунги валагьун: «Гьаб дица нужеда бихьун рехулеб бугеб кагъат кодобе щвезе буго,

ахирзаманалда жиндица, Имам Магьди хIисабалда, дунялалдаго дин цIигьабизе вугев васасда кодобе.», - абун.

Гьеб кагъат кодобе щун буго Хунзахъ районалъул Шагьада росулъ вукIарав, жиндир кваранаб гъажалда гьавураб къоялдаса нахъе Магьди Имамасул мугьру букIарав ГIабдулбасир шайихасухъе.

Гьев шайихасул хIакъалъулъги ва мугьруялъулги хIакъалъулъ мухIканго бицунеб буго МухIамад ГIабдулгIазизовасул «Накъшубандиял цIваби» абураб, тарихиялгун- таварихиял хIужабазул кьучIчIалда хъвараб тIехьалда. Гьенибго буго гьеб мугьруялъул берцинго бихьулеб суратги. ЦIакъго бокьилаан жакъа къоялъ Дагъистаналда ругел гIалимзабазда гьоркьоса цо гIаги гIалимчи гьеб мугьру цIализе лъалевлъун ватани. Дир цIакъ кIудияб хьулги буго гьединав гIалимчи кида-къадги дида дандчIваялде.

Аллагьасﷻ квербакъаги, кантIизареги ва битIун ккезареги нилъ киналго, дир диналъул вацалги ва яцалги. ***Амин!***

Гьалдасаги мухIканаб хIакъикъат лъала цохIо Аллагьасдаﷻ!

# САЙИД ГІОБОДИЯСДЕ قدس سره ГЬАРУРАЛ НАЗМАБИ-РИСАЛАТАЛ

*ЛъагІилухъа Шангерей*

Щибаб рецц Аллагьасе лъикІлъи, квешлъи бокьулев,
Жиндир хІакъикъаталда хадув пикру гъоларев,
Хадуб салат халкъалъул хирияв АхІмадиде,
Хирияб исламалде жиндица тІоритІарав.
Дир къасидат цІалулес цІакъаб пикруги гьабун,
Элъ рицунел берцинал хабаразухъ гІинтІаме.
МухІамадан цІар бугев, рекІехъе Къуръан лъалев,
Киналго улкабазда гІелму, адаб машгьурав,
Гъавус вуго гьев устар ахІи жинде тІамулев,
ТІолго балагь щвараца гьари жинда гьабулев,
ХІакъалде халкъ ахІулев муршидасул цІар хъвайдал,
ЦІер гІадин шуюхазул силсилат берциналъана.
Жавгьар, якъут тІад ххураб чІухІараб читІир буго,
Чан нухалъ сунтІаниги гьуинмахІ тІагІунареб.
Гьумер жиндир гвангъарав, сахаватлъи бергьарав,
Чорхол рижи гьоркьохъев, чакарул кило гІадав.
Мисал босун кІалъани кІудияб жавгьар буго,
ГІисинал маржаназда гьоркьоб жиб херхун бугеб.
РакІазул унтабазе тохтур вуго кІудияв.
РагІал гьечІеб ралъадлъун вуго нилъер гьев устар,
Босе гьениса жавгьар, бахъе гьениса маржан.
ЧІунтун хвараб диналъул асарал цІигьаруна,
Гьаб ракьул гьумералда суннат билълъинабуна.
Бакъ бухІараб ракьалда цІадалъ хурзал рижана,
Устарасул баркаталъ росабалъ дин цІилъана.
Эсул хІакъикъаталда хадув гІадан гъоларо,
Эсул пишаби рихьун пикраби хІайранлъула.

Ралъдалъ ругел ччугIбиги, ракъдада хIайваналги,
Гьаваялда хIанчIиги хIайранлъун ккола эсда.
Малаикищ, гIаданищ - гIадан хадув гъоларо,
Чорхол хIисаб гьабуни - гIадан нахъ гIунтIуларо,
Бокьани гьаваялда хIанчIазулъ гьев хьвадула,
Къасд ккани ччугIбузулгун ралъдалъ гьудулъи ккола.
РекIел хIасад, хIалхъублъи, гIужбу, рияъ, унтаби,
ТIаса босулев инсан Муршидул Камил вуго.
АкътIабазул кIудияс тIуна нилъеде фаиз,
НакIкIилъан цIад гIадинан чвахун бачIана рахIмат.
Нилъер талихI гIоларищ Дагъистаналъул васал,
ТIокIкIараб лъеда жанир лъедезе щун бугелъул.
Шуюхазда гьоркьоса ватIалъана рахIмуялъ,
РахIманасул кашпуялъ загьирлъана моцI гIадин.
Эв рехсеялъ къосарал ракIал риинаруна,
Эсул файиз щварасул курмул нуралъул цIуна.
Аман, Алагь, дун анищ гьесул заманаялда,
Дирго чорхол рухIги кьун гьесул хIурмат гьабизе.
Устарасул тIабигIат макъратIис гIадаб буго,
Иллагьияб фаизалъ халкъалъул ракIал цIалеб.
АкътIабазул кIудияс ракь бокьухъе гьабула,
Жиниялъ гьобо гIадин тIад тиризе гьабула.
Зобалазул бакъуца ракьул гьумер гвангъула,
Гьоркьоб пардав кканани элъ асар гьабуларо.
Устар ракьул бакъ вуго халкъалъего нур кьолев,
БецIаб сардилъ жиндир нур бокьанщинасе щолев.
Бакъуца къоязда нур къад гурони баларо,
Къаси бецIаб сардие элъул гьунар гIоларо.
Гьав Муршидул Камилас кидаго нур бикьула,
Сордойин къойин абун батIалъи гьабуларо.
ГIажаибал аятал загьирлъана эсдасан,

ЗухӀаялъул гӀужалда бакъгӀан берзуй загьирал.
Эс кьураб зикруялда тӀадчӀей гьабе муридас,
Къиямасеб къоялда цӀунила эв инсуца.
БетӀе гьунар бугеца барщун бугин чамарсаг,
Босе нухда къадиквен сапар халатаб бугин.
ГӀасруялъул фалясуф къец ккун къец барав муршид,
МугӀанид мункир жинца мукӀур гьавулев устар.
АхӀмадил хӀадисалъул хӀукму жинца бахъула,
КъвакӀаралщинал бакӀал жинда ричӀизе кӀола.
Дагьистан гьаб ракьалъе барка кӀудияб лъикӀлъи,
Хиралъи жиндир тӀокӀав гӀарип жанив вижараб.
Кавказалъул мугӀрузе кӀудияб рохел буго,
Бергьарал хӀикматазул хӀаким нилъее кьурал.
ГӀулумазул ралъдалъан босе дангъураби цӀун,
Эсде инкар гьабулел тоге цере раккизе.
Чамарсагил гъветӀалъул бетӀе дуца чамарсаг,
Барщун бугин камилго кванай гьунар бугеца.
ШаргӀалъул агьлуялъе эс хъварал тӀахьал руго,
Киналго улкабазда эзул вилаят буго
Эсда хадув нилъее жавабал кьолев вугищ?
ШаргӀалъул ишкал ккараб борхулев чиго вугищ?
Кинабго эсул рагӀи хӀикматаз цӀураб буго,
АфгӀалал асаразул гӀибрат босун хал гьабе.
МагӀарипал анварал росе дуца эсдасан,
Рагьун бугин дуй кӀалтӀу, росе дурго мурадал.
Эсул гӀулумазул гӀор чвахулеб буго нилъей,
Кинабниги халкъалде квер щолеб их бачӀана.
Шайихасул гӀелмудал гӀайин лъугьунебани,
Элбрус мегӀер гӀанаб мегӀер лълъвинаан элъул.
СайхӀун, жайхӀун гӀоразул лъим жаниб чваханиги,

Эсул гIулумазул хIор цIун тIаде бахинаро.
РикIкIун, хIалкIолеб гIелму эсул рекIелъ букIинчIо,
Туркгин, Туркман, Татаралъ цIакъго жиб тIибитIана.
ГIулумазул ицц вуго, адабазул нур вуго,
Кутубал хъвалев катиб вацIцIадав устар вуго.
Бицаралда божичIев мункир вугев ватани,
Балъгоялгун тIатарал гьунаразде балагье.
Эсул тIахьазда жанир акъвалал гIемер руго,
Пайда босзе бокьани бокьарас къвалакье къай.
Кашпу, караматалъе “Канз-уд-дурар” гIоларищ,
Расму гIадат кьучIдасан рехун бугин биххизе.
ГIарац, месед нужеца хазинадай цIунуге,
Хазина бокьараца "Канз-уд-дурар" кодоб ккве.
Ралъад буго "МухIарар" лъедезе бокьаразе,
Гьунар бугев гIалимас фатва босе жанисан.
"Шаварикъул Анваран" цоги тIехь буго эсул,
ЦIвабзазда гъорлъ бакъ гIадаб халкъалъе канлъи кьолеб.
Эсул "Набзатул Санад" битIаралде халкъ цIалеб,
Инсанасул мугъ чIвазе сангар къалеб гIадинаб.
Гьале гIатIидал нухал устарасул тIахьазда,
ТIадегIанаб бакIалъан баян гьабун бицарал.
Чан-чан гьунар халкъалда гьес бихьизе гьабураб,
ГьоцIо босзе бокьани тIалиде хехлъи гьабе.
ТIадегIанаб бакIалде къасд гьабурал гIадамал,
КъвакIараб жони буго хIинкъарас кверал чIвазе.
Эсул канлъи хадусан загьирлъараб жо гуро,
ТубагIшагь вахъиналде хъван букIараб жо буго.
ТIолго дуниялалда квершел батарав чиги,
Вилаят батарасде даража тIокIав гьечIо.
ГIурсазул хан Дараги, Кисра Ануширванги,
Ишкандарил ханлъиги - хал гьабуни басралъи.

Ракьул гьумералда тІад гьунар, цІар тІибитІана,
Петро-Падишагьасда гьунар эсул тІатана.
Халкъалъул Имамасде кинабго халкъ буссана.
Гьинд, ГІараб, ГІажам, Хазар гьесде тІаде гьетІана,
Эсул гьаркьихъе тІаде тІолго гІалам гурана.
Курдгун, абхаз, падарал цІакъго эсде руссана,
РикІкІадаб бакІаздасан гІадамал эсде щвана.
ГІурсгин, судан, негралцин эсухъе рачІунаан,
Чачаназул гІадамал эсде лъикІ хьвадулаан.
АсатІинал, ингушал цІад гІадин чвахулаан.
Балагье Лезги, Ширван, Гуржистан улкабазде,
Гьесул асарал щвечІаб бакІго батулищали.
Гьаб ракьул гьумералда киналго улкабазда,
Эсул гІурул лъим щвечІеб бакІ бугодай кибниги.
Ираналда, Синдалда тиризе мун анани,
Тавуш эсул рагІичІеб бакІ дуда батиларо.
ЦІакъ якъинаб жо буго ХІижазалул агьлуги,
Эсде зиярат гьабун тІаде хьваделел рукІин.
Эв ваккараб аслу-бакІ Авар Хунзахъан буго,
Кавказалъул кьалбазда кьили чІвараб бакІ буго.
Эсдасан бугеб нуралъ бакъул дунял гвангьана,
Хунздерил сверухълъиго Мисри гІадин лъугьана.
Дагьистаналъул мугІрул цІакъ чІухІун рорхалъана,
ГІободияв вижараб ракьалда жал ругелъул.
Алфазазул гьуинаб ГІобода лафз абула,
Аслу лъикІаб бугони исму цІакъаб батула.
ГІарабалъул алфазал сарпалъул формаялда,
Масдар сигьаялдасан рахъулеб гІадат буго.
Баянаб жо гьечІищха их кІалахъе чвахулеб,
Гирун унел гьарчалги гъварилъуде кІанцІулеб.

Гьединго реханщинаб гамачI, чIимхал чIолеб бак,
Ралъадгин хIор лъималъул тIину гурищ букIунеб.
Шайих жанив вахъиндал росу тIадегIанлъана,
Росабазул бетIерлъун Баланжар гIадин ккана.
Тоботилан абулеб аваразул лъар буго.
Устарасухъ рокьи ккун ГIободехум сверулеб.
Авар агьлу устарас лъикIаб рокъой рачана,
ТIанса-салмагаз цIураб, сверун дарай бигъараб,
Макьасалъул тIугьдуца берцин гьабуна авлахъ,
Устарасул баркаталъ камиллъана расалъи.
ГIурччинаб байданалда тIанса бугин тIибитIун,
ТIаде шагь вачIиналде къачIараб бакIин ккола.
Балагьарав чиясул бераца хал гъабула
ТIанса-салмагалда тIад тIиритIарал тIугьдулан.
Тибетгин Пальмиралъул мугIруздасан ретIарал,
ТIугьдулищ гьурщун ругел, гъуинал махIал ругин.
Рии бакьулъ бокьарав цIехезе вачIа дове
ЦIиркъалъул цIоко гIадаб чарчараб байдан буго
Нусиречалъул нуси лълъел мухъазулъ бихьула
Кашмиралъул лъаразда берцинлъи цIакъ релълъуна
Гьеб Макьас ракьалъул таж, месед тIад биччараб дугъ,
ТIасан гьава гьогьомаб гьуинмахIаз бацараб.
Гьеб берцинаб гIатIилъи, гIалам урхъараб авалахъ
Алжанул байдан гIадаб тIогьол ц|ураб бакI буго
Эсул росу ГIобода лагълъи гьабулеб росу,
Метер ахираталда Алжан босулеб росу.
БетIербахъи ТIануси тIубан гIатIилъун буго
ГIободияв хьихьидал баркат гIемерлъун буго.
Хунзахъ росу гIурччинаб авлахъ гIадин лъугъана,
Устарасул баркаталъ бергьун цебетIун ана.

Бакьагьечӏиб росуги берцинаб гохӏда цебе,
Эсул хӏурмат гьабидал гьаваялде бахана.
Гьеб моцӏалъул бихьиги Гьарадарихъ тӏатана,
Гьезулгун гӏамал рокъон ГӀободияв хӏалтӏана.
Хирияй **Хӏалиматил** хӏурмат цӏикӏкӏароб буго,
Зиятаралъ хьвадулеб халкъалъул хӏисаб гьечӏо.
Элъул фуюзалъул махӏ ГӀоротӏасан баккана,
Пихъал, хуралги рачӏун магӏишат гӏатӏилъана,
Элъул баркат, камиллъи киназдаго бихьана.
Ахидуниб пихъалъул хайир ээий цӏикӏкӏана.
Дур калам бачунаго Кулдерий бакӏлъи ккана,
Кидаго балагьалъул гьури эздаги чӏвачӏо.
Хьиндадерил росдаде басралъи тӏаде щвечӏо,
Месед жаниб бахчидал чияде хӏажалъичӏо.
Малъараб гьабун гьамщал гьесие хиралъана,
Берцинаб магӏишатгун яшавалда хутӏана.
Кашпу, карамат эсул Эрпели цӏакъ гьурщана,
Эсде инкар гьабурал гьидаят щун руссана.
Муридзабигун устар Иштӏибурив вачӏана,
Лъикӏаб куцалъ чӏелилан гьабураб къотӏи хвана.
Иштӏал, Инкӏкӏвадериде къварилъаби рачӏана,
Эсул нухал рехидал захӏмалъаби камичӏо,
Лъегӏелилан абуни эсдехун балагьичӏо,
Эсул хӏурмат гьабулеб росулъун рикӏкӏунаро.
Меседил мугӏрулги тун боржун ана нилъер цӏум,
Инсан хадув гъолареб балъгояб ишалдалъун.
Халкъалъул хан ун вуго улка тун къватӏивехун,
Къимат бугел асарал анир халкъалъеги тун.
Хӏижазалъул ракьалде къокъун ана эв устар,
Халкъалъул Сайидасул хобалъухъ гӏищкъу бергьун.

РекIелъ бугеб гIищкъуялъ керендай дур бухIараб,
Вохун, тирхун зиярат ХIабибасде гьабураб?
Ясрипалъул ханасул саламдай дуде щвараб,
Мадинаялъул гъорол гьугьендай дуда чIвараб?
Маккаялдасан пирхун пирицин гурищ щвараб,
Гьеб Байтулагь бихьизе хехлъи дуца гьабураб?
Аллагь вокьун каранда цIацин гурищ бакараб,
Сияр, сулукалдасан ахIкамал цIакъ росарав,
Сайид вукъараб ракьул къимат кIудияб буго.
Гьев вукъараб ракьалъул багьа гьабун кIоларо,
ГIарац-месед, жавгьарги дандего бачIунаро.
ХIукму, къадарги букIун ГIилиюналде ана,
ХвечIого жив РахIманас хIазраталде вачана.
Авар улка-ракьалъул мугIрул хадур гIодана,
ЛъарагIазул авлахъаз тIуна хадуб магIил гIор,
Хвел гъалбацIин абула, ворчIизе чи толаро
Рохьоб бугеб хIутI-хъумур хьамичIого толаро,
Кьижа, устар, мун гьанже цIиял бахIарзал гIадин,
Вега мун рахIаталда рорхатал тахбакIазда,
Алжаналъул гIурччинал гIурабазда вега мун,
Рафраталда тIадги чIун тIокIаб мурадги босе.



*ТӀанусиса ГӀабдулмутӀалиб*

**Шангерайил назмуялде**

Гьаб байталъул хӀурупаз тарих бицунеб буго,
Къасидат тӀубараб сон баян гьабулеб буго.
Азаралда лъабнусго, лъабкъоялдаги анцӀго,
Хадуб микьго сон буго тарихалъул тама-гӀуж 1378
Микъаталъул агьлуялъ элда цӀар толеб буго:
Жамалу кабирилан кутубаз хъвалеб буго.
ГӀажаба шагӀирасул гьунар кӀудияб буго,
ТӀокӀлъи-ками течӀого тарих бицунеб буго,
ГӀела цо инсанасе пагьмуялъул камиллъи,
Кинандай эсда кӀвана эл данде ккезаризе.
КигӀан цӀакъ веццаниги бегьила рецц гьабизе,
Гьалгощикал хӀарпазул хӀисаб кьезе ургъарав.
Адаб, НахӀви, Сарпалъе сверухълъи мукӀурлъарав,
МагӀадгин хӀикматалъул хӀукму жинца бахъулев,
ХӀадис, Тафсир цӀализе цӀар арав гӀадан вуго.
ГӀарузгин МантӀикъалъе тӀокӀворчӀарав чи вуго,
ТӀолго Сияргин Сулук лъикӀ лъалев инсан вуго.
Усулгин каламалъе камилав инсан вуго.
Кавказалъул ракьалда цӀар арав Муршид вуго,
ЦӀвабзазул хӀисаб кьезе хӀалкӀолев устар вуго.
ХӀисабгин тарихалъе тавуш арав чи вуго.
Тоге нужеца гьесул васият цӀаличӀого.
Къварилъарал ракӀазе сабабалъе рукӀине,
Сайидасул бицараб шигӀру кодобе босе.
ШапагӀат гьабиялде хьул гьабулев муридас,
Манакъибал тӀад хъварал тӀахьазул хӀурмат гьабе.
ТӀолго гӀулумал лъалев гӀадан вукӀинчӀевани,
ГӀарабалъ шигӀру хъвазе нилъер хӀалкӀвелароан.

ГIарузалъе лебалав шагIир вахъинчIевани
Щвелааниц халкъалъе хазина кодоб кквезе.
Хирияв Сайидасул сиярал рицун ругин
РакI бацIадав муридас босичIого теларо.
Муршидасул къисаби къадруялда хъван руго,
Къвалакьа камун тарав камилав гIадан гуро.
ГIаламалда рагIичIеб къасидат бахъун бугин,
Къалмиде босичIого сордо рогьине тоге.
Ракьул гьурмада гьечIеб чIухIараб назму бугин,
ЧIарбида регизегIан рокъоса камун тоге.
Кавсаралъул гIор гIадин ГIободасан чвахулеб,
Черх чуризе къасд лъурас къавутIе сверизабе.
КъотIи гьечIеб лъар бугин ЛъагIилухъан баккулеб,
Бокьарасе гьекъезе гьуинаб тIагIам бугеб.
Гьединал гIелму лъалел гIалимзабаз веццарав,
ГIободияв какизе кинан нуж нечоларел?!
Катибзабаз тIокI гьабун къимат кьурав чиясде,
КъваригIинарищ нужей гьаваялда кIалъазе!
Гьесухъ изну гьечIилан гаргадулел чагIазе,
Гвангъараб хIужагь буго хIадисалъул Мугьасир.
Муршид вукIинчIин абун кIалъалел гIадамазе,
КIудияб шагьра буго Шангирейихъе ине.
Дунги ТIануси гIурав ГIабдулмутIалиб вуго.
Шангереяс къачIараб къадада хIарщ бахине,
КъватIив вахъун вукIанин кIалъаге дида вацал.
КIудияв шагIирасул назму буссинабунин,
Низамалда гьечIилан чIваге дида гIайибал.
ГIараб шигIру гьабизе гьунарги дир рекъечIин,
Гьабуралде гIинтIамун гIажамалъ гаргаданин.
ГIободи устарасул сиярал рицун танин,

СагӀиралъул цӀа ссунеб ралъадлъун гьабе, Аллагь!
Ралъдадасан цо къатӀра къватӀибехун босанин,
Къваридаб хоб гвангъизе чирахълъун гьабе, Аллагь!
Гьаб къасидат бахъизе сабаблъун жив гьавурав,
Гьарадерихъ Идрисил атамал тӀаса росе!
ТӀолго диналъул вацал, яцалгун агьлу, хъизан,
Агьвалазул къояца къварилъи бигьа гьабе.
Гьаб тӀехьалда рехсарал росабазул гӀадамал,
ГӀободияс кверги ккун ккаги гьел Алжаналде.
Амин.

*ТӀанусиса ГӀабдулмутӀалиб*

ЛъагӀилухъес рицинчӀел манакъибал хъвантезин.
Хундерил районалда, Аваристан ракьалда,
ГӀободияв абулев устар загьирлъун вуго,
Макка-ХӀарамалде щун хӀеж гьабун нахъ вуссарав.
МухӀамадхӀажийилан жиндир цӀар машгьурлъарав,
Эсул муридзабаца жиндир цӀар жибго тарав,
Сайид гуреб лафз абун мурид жинда кӀалъачӀев.
ХӀежалдасаги вуссун гьаб Дагъистан ракьалда,
ГӀезегӀанго сонаца суннат чӀаго гьабурав.
ГӀобода рузман балеб, ИнкӀкӀелтӀа зикру балеб,
ЦохӀо къо, цохӀо сагӀат кинаб амру букӀунеб?
Хъвадарулеб цояб квер, гаргадулеб кӀалдиб мацӀ,
«МухӀарар» хъвалеб мехалъ Харахьи бихьун буго.
ДагӀбадизе рачӀарал, къец базе данделъарал,
ГӀуламаал эб къоялъ мукӀурлъун нахъ руссана.
ШагӀбанкъадил хоб бицун халкъалда загьирлъана.
ТӀалъиялъул улка цӀакъ эсие мукӀурлъана.
Лъабнусил бетӀералде тарих бахараб мехалъ,
Дагъистанги жибго тун, ХӀабибасухъ гӀищкъу ккун,
ГӀарипас къасд гьабуна къиблаялъул ракьалде.
Маккаялда лъугьарал кӀудиял караматал,

Киналго улкабазда бакъ гIадин загьирлъана.
ГIарабустан ракьалда рукIарал гIарипзаби,
ГIободияв щваравго щибго тун мукIурлъана.
Мисри, Шамалда ругел щуюхазул къокъаби,
КъутIбу тIаде вачIингун, чIарбида гIодор ккана.
ГIаламалъе бицине хабаралъе гIеларищ,
Хундерил мугьажирас улка кодобе боси.
Кавказалъул халкъалъе бицаде букIинарищ,
КIудиял шагьрабаца шайихлъун къабул гьави.




<u>Гьаниб хъван буго:</u>

Аллагьасул хирияб калам Къуръан хъван лъугIана Аллагьасул кумекалдалъун жив загIипав лагъ МухIамадхIажи ГIободияс, Къебед Хунзахъи аль авариясул васас, щаматкъоялъ, джумадул ахир моцалъ, 1289 соналъ, кIиабилеб нухалъ ХIежалде къокъиналде цебе. *Август 1872 сон*

## ХӀОЦОСА НАЖМУДИН,

Дагъистаналъул анлъабилев Имам, кӀудияв гӀалимчи.



ЦӀакъ урхъараб цо салам
дица битӀулеб буго,
Жинде гьидаят бугев
Муршидун Камиласде.
Гьесул вагӀзаби руго,
гьезул цо мугь рехани,
Чиясул ракӀалда тӀад
анкьго тӀор базабулел.
Такъваялъул гьел чӀорал
чиясде жал щванани,
Диналъул нураз гьесул
ракӀ чӀаголъизабулеб.
Булбул хӀанчӀи ахӀтӀола рекӀел гӀаркьелазда тӀад,
Гьав нилъер Сайидасул манакъибалги рицун.
ТӀадегӀанлъиялъул гохӀ гьелъулги бетӀералда,
Устар веццун цӀалдола зобалазул тӀайпусал.
РакӀалъе гьев вокьулеб рокьи дир цӀазе ккани,
Цониги инсанасда хӀисаб кьезе кӀвеларо.
Дол нилъеца рорчӀарал Хунзахъ рукӀарал сардал,
Гьанже ракӀалде щведал чваххула берзул магӀу.
Берал къанщигун рекӀел беразда цеве вачӀун,
Дудехун бугеб рокьи рукьбазулъ щущан уна.
Бичас дие кьунани цойгиги гьесул хурхен,
Кьижунилан макьилъги суратги кӀоченаро.
Гьесулгун мадугьалихъ, гьесул лъаялъул ралъдалъ,
Лъедолевлъун вукӀина Бичас нигӀмат кьурав чи.



*Нажмудинил назму гIараб мацIалда хъвараб*

## АЛМАХЪАЛДАСА ГIАМИРГIАЛИХIАЖИ

Халкъалъул халат накълолъун вуго.
ГIобода бижараб жавгьаралъул гъветI,
ГIарабустаналда паналъун буго.
Жумадил Багъдади, Заванил Мисри,
Дурго хIабибасда аскIовищ арав?
Улка хараблъула ханзаби хвани,
Дунял хараблъана мун тIаса индал.
Дур гIамал бахунеб зобалъул гъапу,
МахIрумгойищ тараб, хирияв эмен.
ГIибадат гьабулел хириял бакIал,
Хараблъунищ тарал, гIазизав устар.
Дуца дин малъарал дур муридзаби,
Данде-гъанде руссун гъар-гъар бан руго.
Мун тIаде сверулеб диналъул агьлу
Мун тIаса къотIидал къваридго руго.
Фатва- тавхIидалъе Имам Навави,
Сияр-сулукалъе Имам Гъазали,
Къварилъи рехана дур хъизамалде,
Дуниял бецIлъана дур лъималазе.
Хабарищ бачIараб Сугъуриясул
Барзахалъул болъе мун лъугьанилан.
Каламищ рещтIараб Ярагъиясул
Панаяб дуниял жибго тейилан.
Ай, бухIаяб хIухьел, диналъул вацал,
Дагъистаналдего балагь рещтIана.
БухIараб магIу тIе гьал гIащикъзаби,
Дунялалъул къутIбу къокъун аравин.
Бархазалъул агьлу хадубги гьабун,
Сугъурияв дуда данде вачIинчIищ?
Дудехун гIащикъал гIадамал рачун,
Габунив хурхинчIищ дов Ярагъияв?

Нижер салам бице Маймунатида,
Къварилъи лъазабе Хадижатида.
Цоцаздехун русса ал муридзаби,
Нужеда тIад бугеб бакъул нур сванин!
Чамасдакил гъотIол кьалбал ракъвайдал,
Дир рекIел мащаби щущалел руго.
Дунялалъул къутIбу къокъаралдаса,
Къваридаб дир керен бухIулеб буго.
Байтуллагь сверулеб сурмияб микки,
Милъир хIулун буго, хIал дагьлъун буго.
ХIарамалда жаниб хIавагIечул гъветI,
ХIакъдилел нилъги тун, махI къотIун буго.
РачIа къварилъизин къварилъи щварал,
«ИбнухIажаралда» хIур кколеб бугин.
Я, хирияв эмен, гIазизав устар,
ГIамал загIипалин ниж рехун тоге.
Забаниятаз ккун ниж рачунелъул,
Аман, Сайид, дуда ниж кIочон тоге.
Хирав ХIабибасда аскIов унелъул,
Нижер кIарчамлъаби эсда рицунге.
Дудехун битIараб кваранабаб квер,
КъотIун реханиги нахъе цIаларо.
ГIищкъуялъ рухIулел рекIел мащаби,
Ралъдалъ ччунаниги цIаги ссвинаро.
Я, диналъул вацал, дунял бецI буго,
Сайид къокъун арал къоял квеш руго.
Гъоркьан пихъ къотIулеб чамасдакил гъветI,
Угьдилел нижги тун, гочунищ арав.
Чабхилъан баккулеб гьуинаб Зам-зам,
Гьекъезе щвечIого къунгойищ ккараб?
ГIищкъуялъ рухIулел ал хIажизаби,
ТIаде гIунтIилалде къо рехун буго.

Мун цевеги тӀамун, тӀавап гьабулел,
ТӀупан тӀунин абун угьдилел руго.
Дудехун гӀащикъав ГӀамиргӀалица,
Бераз магӀу тӀола дур бицунелъул.
Дур бицун мехтарав Аргъваниясул
Дур сипатал гьарун свакайго гьечӀо.
Вахъа, ГӀободияв, гьезул квер босе,
Мун вихьизейилан гьенирги рачӀун,
Дур хоб бихьун тараб къиямасеб къо!

### ХУШТАДАСА САЙИДХӀУСЕН

Аллагьасеﷻ рецц гьабун, ХӀабибасе салам кьун,
Байбихьизин кӀалъазе, гӀинтӀаме муридзаби.
Гьалда хадуб бицинин нилъерго Сайидасул,
АхӀмадил умматалъе гьесул бугеб шапагӀат.
Ахир заманаялъул загӀипал гӀадамазе,
РахӀмат жинца гьабизе Аллагьасеﷻ бокьидал,
Уммат хвасар гьабизе вализаби рижана.
Гьезий дугӀа гьабизе, тӀолго халкъ тӀобитӀизе,
БетӀергьанас изну кьун, ГӀободияв вижана.
Халкъалъего рахӀматлъун РахӀманас жив гьавуна,
Накъшубандалъул шайхас шаргӀалда байбихьана.
Таклибалъул захӀмалъи гьесие бигьалъана,
Кирамул катибиназ кверда убач гьабуна.
Гьесул караматалъул кӀодолъаби рихьидал,
ГӀаламулагьаталда гьесий кьурал гьунарал,
ХӀабиб гурев чиясда хӀисаб гьабун кӀоларо.
Алжаналъул микьабго рагьаби рагьун руго,
Малакул гӀаламалъул нурул хӀисаб борхана.
Гьанже рачӀа гӀинтӀаме, гӀащикъал муридзаби,
Нилъерго устарасул караматал рагӀизе.
Алжаналъул махӀазул раваихӀал чваххана,

Магърибгун Машрикъалда фуюзал тIиритIана.
Къасаваталъ мехтарал щуазарго мунафикъ,
РакIазе иршад гьабун, муридзаби гьаруна.
Аллагьасﷻ изнуги кьун, Расулуллагь разилъун,
ТIарикъаталъул изну эсда кодобе кьуна.
АнцIила кIиазарго равхIаниявги вачIун,
Муршид зодов вачиндал, зоб-ракь нуралъул цIуна.
Квешлъи, лъикIлъаби хъвалел малаикзазул кверал,
Кваранисa рехулеб лъикIлъи гьесие кьуна.
АнцIила кIиазарго жужахI тIадал гIадамал,
ГIазабалдаса рахъун нигIматалде рехана.
Нурал руго загьирлъун, зобал руго берцинлъун,
ХIурулгIинал гIащикълъун гIадаллъулеб куцалда.
Гьесдехун ракI лъикI гьабун, дунялалда хьвадарал,
Муридлъун гьечIониги алжаналде вачуна.
Гьев къутIбуясул къадру кIодо гьавурав мурид,
Къиямасеб къо чIчIедал алжаналда вукIина.
Гьев кIудияв шайхасул шакатал хъвазе ккани,
Катибзабазул къалмил къагIида рекъеларо.
Гьесул карамат бицун малаик хIайранлъила,
Нужум гIелму цIаларал гIалимзаби хIинкъила.
Гьесул рухIалъе гIоло цохIо чамасдак кьуни,
Зулму-хIал тIаде щведал, хIалае цеве чIчIела.
Гьесул силсилаялъул силкалда хварав мурид,
РухI бахъулеб сагIаталъ сагIдиявлъун гьавула.
Аллагьасдеﷻ къокъине къоял гIунтIараб мехалъ,
Аллагьасдаﷻ цеве чIчIун, мунажатал гьарила.
Гьаб загIипаб къавмалъул къварилъи рорхе абун,
Къиямасеб къоялда гьезул хIал бице абун.
Аллагьасулﷻ рахъалъан игьлам гьабун бачIина,
ХIикматазул киртазул кIулал гьесухъе кьунин,
КIалчIван гьекъе хIакъикъат ХIабибасул хIордасан.

Аллагьасﷻ изнуги кьун, Расулуллагь кӀалъала.
КъутӀбуясул гӀарзалъе бичас жаваб гьабидал,
Зодов вахун Сайидас шикаятал гьаридал,
ЖужахӀ тӀадал гӀадамал гӀутапаал лъугьина.
АхӀмадил умматалъул щунусазаравго чи,
ЦохӀо мунажа гьабун, жужахӀалде рачуна.
Накъшубандалъул шайих гӀаршалде вахун вуго,
ГӀазабалъул гӀадамал, гьарун, тархъан гьаризе.
АнцӀила кӀиазарго баркат ракьалде щвана,
РекӀел къварилъи арал къоял диде рачӀинчӀо,
Аварагасулﷺ уммат ургъалида кин тараб,
Киналго даражаби вализабазеги кьун?
АхӀмадил гьаб къавмалде къварилъи кин тӀамураб,
Кинабгоги махлукъат дуца бижараблъидал,
Кинабго тайпаялъе тапавут кин гьабичӀеб.
Кинабго къадар хъвалеб къалам дур кодоблъидал,
Гьал махӀрум гьарияльe хӀикмат щибдай, БетӀергьан?
Гьелъул хӀикматал лъалев хӀаким мун гурев гьечӀо.
Гьезухъ бухӀулеб керен кидаго дир ссвинаро.
Гьесул мунажаталъе жаваб щвана Бичасул,
АхӀмадил умматалъе рохел щун ракӀ бохараб.
ГӀободиясул гӀарзал зобалазде рахиндал,
Аллагьасﷻ къабул гьабун къварилъаби рорхана.
Дуде махӀабат кколин Аварагасулﷺ уммат,
Алжаналъул тӀохазда рохалида рукӀине.
Эб дур силсилаялъул силкалда ругел чагӀи,
Салсабилалъул хӀорда хӀавраалгун рукӀина,
Къваридаб умматалда эб гьекъезе гьабила.
Гьеб дур тӀарикъаталъул рахас ккурал гӀадамал,
Нуралъул пардав борхун Барзахалда рукӀина.
Гьаб жиндир умматалъе гьесул кумек бихьидал,
Карбилаалъул балагь ХӀабибасда кӀочана.

Балагь щварал гIадамал жинда жанир рукIунеб,
Дарул балаин абун Аллагьасулﷻ рукъ буго.
Гьеб рукъалъул хиралъи, хIавраазул берцинлъи!
Гьеб рукъ гIадаб къачIараб рукъ Аллагьасﷻ бижичIо,
Хирияб агьлуялде балагь гIемер бачIуна.
Жаннатул маъваялда Аллагьﷻ вихьун хIалхьезе.
Иман камиллъанани, курбатал гIемерлъула,
Карбилаалда чIварав ХIусенги данделъила.
Чан хирияв Аварагﷺ ургъалилъе рехарав,
Абадияб рокъове макъамалде ваккизе.
Накъшубандалъул шайих Аллагьасдеﷻ гьардедал,
Гьесул мунажаталъул бутIа гьесие щола.
Гьесде инкар гьабурал гIалимзабазде тIаде,
ГIажаибал балагьал Аллагьасулﷻ рачIуна.
Жинда рекъечIеб рагIи гIадамаца абидал,
РахIматалъул рагьаби рахан щула гьарула.
ТIолго вализабазул жамагIат бачIаниги,
Къараб рагьу рагьизе къуват гьезул тIагIуна.
Сирру-рабан цIаларал кIудиял гIалимзаби,
Гьелъул кIалтIу рагьизе къуват гьезул батичIо.
Кинабго Аваристан инкар къотIун руссиндал,
КъутIбуясул гьариялъ балагьал нахъе чIвана.
МухIамад Аварагасﷺ разилъун изну кьедал,
Щула гьабураб кIалтIу кIул гьечIого рагьана.
Гьанже рачIа гIодизе гIарипасда ракI бугел,
Муъминзабазул эмен ун рагIулин кодоса.
МухIамадил Бухари холелъул тIаде щвана,
Халкъалъул муршидасул рухI бахъизе рекIиндал,
МухIамадил Увайси мусру босун вачIана,
Накъшубандалъул шайих къадаралде щванилан.
Сайид- Амир Кулани кваранаб рахъалъ чIчIана,
ГIарипу Ривкарими квегIаб рахъалда чIчIана.

Салам кьун ГӀабдулхаликъ гӀедегӀун тӀаде щвана,
Юсупун Гьамданияс гьумералда баана.
АхӀмадун Саргъандияв сверун лъугьун цӀалдана,
ХасмухӀамад Ширвани, МухӀамадул Ярагъи,
Жамалудин Гъумукъи, ГӀабдурахӀман Сугъури,
Накъшубандалъул шайих дуниял тун унелъул,
Киназулго равхӀани гьесда аскӀор рачӀана.
Бакъ-моцӀ буго къварилъун, къоял руго чӀегӀерлъун,
Зобал руго багӀарлъун, ГӀарш-Курс буго гьалаглъун,
РахӀматалъул бахӀарав лахӀтуялде чвахидал.
Чара хвана халкъалъул халафа хун ватидал,
ГӀаламалъулго чирахъ чи гьечӀого хутӀидал,
Алжаналъул хӀавраал ракӀ гъезе тӀад рещтӀана.
ГӀободияв чуризе Маккашариф лъугьана,
Зам-замалъул лъим босун Байтулагьалда аскӀоб.
Гьеб рукъалда жанисан кӀудаб гьаракь рагӀана:
Чуруге гьев халафа, хун вугин гьев шагьидлъун.
Гьабизе жо лъачӀого Маккашариф хутӀана,
Жинца гьев чурилилан къотӀи гьабун букӀиндал.
КӀиабизе рагӀана цойги амруяб гьаракь:
Чуре дуца гьев муршид цӀакъго хӀурматаб хӀалалъ.
Лъабабизе рагӀана гьебго рокъосан гьаракь,
- Аллагьасулﷺ рахъалъан гьеб букӀин якъинлъана.
Цебе гьаракь гьабураб хӀал хъубаб щайтӀан буго,
ЧуричӀого халафа хабалъ лъезе бокьараб.
КӀиабизе кӀалъарав Хизри авараг вуго,
Жаназадул как базе ЖабрагӀилгун вачӀарав.
Зам-замалъ черхги чурун Маккаялъул хабзалалъ,
Хадижатида аскӀов МугӀалаялда лъуна.
Гьаб халкъалъул агьлуялъ гьесул адаб гьабичӀо,
Гьалаглъана Дагъистан, тӀаде бачӀана балагь.
Мажгиталги къакъана, къварилъаби рачӀана,

Вакъфу, чирахъ тIагIана, тIибитIана пасалъи.
Нужей бокьун батани зулму тIаса босизе,
Гьев къутIбу вакил гьаве Аллагьасда ﷻ гьаризе.
КъутIбуяс гьаранани Бичас жаваб гьабула,
Иншааллагь сверила цебе букIахъе дунял.
Купру, исбат, истизат атIрапазда расенлъун,
РекIел берал рагьарал муршидзаби тIагIана.
КъутIбуясул тIарикъат, тIагьаясул сиярал,
Салафазда малъарал маъзунзаби лъугIана.
РекIел кIудияв муршид ПирмухIамадхIажияв,
Пирдавус алжаналда даимавлъун гьавеги,
ТIолго нилъер халкъалъе шапагIат гьабулевлъун.
Лъим дагьлъидал гьабилги свера-тири дагьлъула,
Дунял тун Сайид индал, ратIаифал дагьлъана.
ТIавус аскIоб бугони, тIанчIи цIакъ расандула,
ТIаса къутIбу къотIидал къалбуялъ зикру тана.
Пуружин тIуни сагIат сверичIого букIуна,
Кьурулеб цIал бекидал султIану-зикру чIана.
ТIолго аварагзаби, киналго авлияал
Ана гьеб Бархазалде панаяб дунялги тун.
Огь, мискин дун, пакъир дун, къачIадуларев щай дун?
ГIисяналъул гIор гьекъон гIорцIуларев пакъирас,
ШапагIаталде хьул лъун, назму данде гьабуна.
Илбисалъул чу рекIун чороклъарав катибас,
Баракат тIалаб гьабун ГIободияв рехсана.
ГIалимзаби руссараб берцинаб мажлисалда,
АхIе СайидхIусенил гьидаятлъун букIине.

## ИНХОСА РАСУЛ

Дагъистаналъул жавгьар, къарнуялъул мужадид
-Сайид ГIободиясул хвалил хабар бицинин.
Аллагьасухъﷺ паналъун, ХIабибасухъ гIащикълъун,
Муршидул Камилица рехун тана Дагъистан.
Исламияб ракьалъул бакьулъ гурон чIеларин,
Мака-Мадина гуреб гьесие къабуллъичIо.
КагIба рукъалъ къалъараб къибла бугеб хазина,
ХIабиб гьавураб шагьар гьесие хиралъана.
Хирияб Равзаялде зиятаталъ хьвадизе,
Бадругин УхIудалъул шугьадаазде щвезе,
Аллагьасулﷺ рукъалда тIавап гьабун сверизе,
ГIарапалъул магIарда Ибрагьимихъе швезе,
Алжаналъул ганчIида квер хъван баракат щвезе,
Зам-замалъ каки чурун кинабго мунагь ине,
АхIмад жанив гьавураб хIужраде салам кьезе,
Марям, Асият щвараб азбар бихьун хIалхьезе,
ХIабиб жинда разияй Хадижат бикаялъул
Хирияб хIужраялде хIурмат гьабун хьвадизе,
Дагъистаналъул гъалбацI шайих Шамил вукъараб
БакъигIалъул баракат киназего бикьизе.
Аллагьасﷺ квер бакъана, кинабго тIокIлъи щвана,
КIиябго ХIарамалъул баркаталда квер лъуна.
ГIемер замана инчIо, ичIго-анцIго сон бана,
Азаралда лъабнусго хадуб анцIила лъабилъ
Маккаялда накълулъун тана пана-дуниял.
Муршидул Камиласул накълулъи лъазабизе,
МугIаллаялда лъезе ихтияр тIалаб гьабун,
МагIарулазул гIалим Маккаялда жив чIарав,
МалламухIамад Къарахъ ханзабазухъе ана.
Гьеб хабар баянлъидал ханзаби пашманлъана.
Маккаялъул ханзабаз харж букIана тIад лъураб,

Лъабго месед кьечIого чи вукъизе толареб.
Ужра тIалаб гьабичIо кагъат кодобе кьуна,
Шайихзабазул букIнилъ бакьулъ вукъеян абун.
Къарнуялъул мужадид жиндий бокьухъе вукъе,
Бокьаралъув вукъизе рекъарав шайих вугин.
МугIаллаялъул агьлу киналго разилъана,
Гьесул баркат-рахIматалъ киназдаго нур балин.
Гьеб къоялъ киназгоги хIалтIи-пиша рехана,
ГIаламго къватIиб бахъун МугIаллаялде ана.
Киналго шайихзаби рукъулеб бокIоналъул
Бакьулъ вукъун, къимат кьун, кIодо гьавуна Сайид.
ГIабдулхIамид Ширвани щив чияли гьикъани-
«ИбнухIажар» тIехьалъе хIашия гьабурав чи.
Дагъистаналъул шайих ГIободияв гурев чи,
МугIаллаялъул хабалъ мухь босичIевлъун гьечIо.
Муршидун Камиласухъ кинабго халкъ гIодана,
Къарнуялъул мужадид жиндий бокьухъе вукъе.
ГIалимзабазул керен кутакалда бухIана,
Загьир, батIин бикьулев къарнуялъул мужадид,
ГIаламалъе камидал кутакалда бакIлъана.
Ахир заманаялъе Аллагьасﷻ кьураб нигIмат,
Кодоса босун индал сорона киналгоги.
Аллагьасулﷻ гурхIел-цIоб, ХIабибасул баракат,
ГIобода вижарав гьев МугIаллаялда вукъи.
Цогидал мугIжизатал рехсезе хIажат гьечIо-
Пирдавусалъул агьлу гьалмагьлъиги гIеларищ!
ТIарикъаталъул муршид, къарнуялъул мун Имам,
ГIараб-гIажамиялда жавгьар бекьарав Сайид.
РухI бахъулеб заманалъ киналго хIайранлъана,
Кутакаб зикру бачун, пана гьабуна гIалам.
Иман, ислам, шаригIат, Аварагасулﷺ суннат,
Васиятал гьаруна воре аманатилан.

Шагьадат камил гьабун, кинабго мухІкан гьабун,
Камилаб иманалда къанщана чІегІер берал.
Хунин чІагойин абун гьесул батІалъи гьечІо,
Жиндида хурхарав чи, махх гІадин, гьес цІунула.
Муридзаби цІунизе цІодораб къуват буго,
Къарнуялъул кинабго гьесда кодосан буго.
ГІараб, гІажамиязе гьесдасан баркат буго,
Гьев Имамлъи лъазабун хадур рилълъин тІалъула,
Хабал питнаялдаса хвасарлъизе бегьула.
ГІараб улка-ракьалъул гьесде зиярат буго.
Дагъистаналъул халкъалъ хасго хІурмат гьабула.
Гьесул нухтІасан арав ГІалиюналде уна,
ГІамал бацІад гьабуни, Пирдавусалде цІала.
Маккаялъул МугІалла нилъее рикІкІад буго,
ХІалимат - эбелалде цо-цо ГІоротІе ракке, -
Сайидасул равхІани гьениса камуларо,
Мурадалде щвечІого мун нахъе вуссинаро.
Ахир заманаялъул жагьилал лагъзал руго,
Чорокал ратаниги тоге ниж МахІшаралда.
ГурхІулев Аллагьасда ﷻ гьарула муридзабаз,
Сайид ГІободиясул даража тІокІ гьабеян.
ХІабибасде щвезегІан гьесул силсилаялде,
Ссвин гьечІел дур цІобазул цІадал чваххизареги.
Гьезул баракатазул бутІа камун ниж тоге,
РухІ бахъулеб сагІаталъ гурхІалил чирахъ баке.
АлхІамдулиллагь, Аллагь ﷻ, кидаго камичІого,
Камилаб умматалъул агьлулъун ниж гьарурав.
Салат, салам, баракат- кинабго Равзаялде,
ХІабиб разиябщинаб бакІалде щвезабизе.
ЦІаларасде васият, хъварасе дугІа гьабе,
Нужее щваралдаса бутІа камунги тоге.
Гьари буго кутакаб кинабго агьлуялде,

Адаб гьечIого гьаб тIехь нужеца цIалугеян, -
Адабалда цIалани, цIикIкIараб бутIа щвела.
Берцинго валагьани бергьенлъи духъ хутIила.
Берал чваххизаруни дуде чи вахунаро.
ГIамал гьабун хьвадани гIайиб дуда хъваларо.
Къанал чIвараб сордоялъ басралъи дуе гьечIо,
МахIшаралъул къоялда къабихIлъун хутIиларо.

## КЪЕЛЕСА ХIАЖИ

Сугъурияв устар, гъавсасул халип,
Хиял буго дуде мун разилъани.
Дагъистан тIегьарав Ярагъиясул
Квер гIунтIулеб мухъилъ дуца телилан.
МугIала разияв ГIободиясул
Муридлъун вукIине изну кьелилан.
Къарнуялъул Имам, гьари кIудияб
ЧIорого рачIарал чIваге ниж нахъе.
Ахир заманлъидал купру борхараб,
ХатIалъи камурав мурид кив вугев?
Нуж руго кутакал кинабго лъалел,
Камураб бацIине гьунар кьун тарал.
ГIинтIидул тIегьалда тIад месед бекьун,
РабитIа къачIазе къуват кодосел.
ГIуж-куц гьабуниги вирд къабул гьабун,
Камураб-т IокI лъараб битIизабулел.
Силсилаяллдехун ахIи барасе,
ХIалае жал щолел, гьари тIубалел.
КигIан къабихIалги къан кквезе кIолел,
Гьунар кодобе кьун бокьухъе тарал.
КIикъого бакIалда мурид цIунизе,
ТIубараб ихтияр кодобеги кьун,
Камилаб нухалде халкъ тIобитIулел.

ТIадабщинаб малъун, щулалъуде цIан,
Нужеда хурхарал рухI кьун цIунулел.
Аллагьанﷻ гьардолел хехго рагIулел,
ХIабибан гIодулев чи гъоркь толарел.
ЛъикIалде ракI цIарал цIергIадин лъалел,
Мохъил агьлуялъухъ ишан ккун ругел.
Иншааллагь, нижер гьари нужеде,
КIиябго рукъалъул ниж гъоркь тогеян.

## ГЕНУСА НИГIМАТУЛАГЬ

РачIая гIинтIамизе гIищкъуялъул цIа бугел,
ГIободи-къутIбуясул къисаби лъан рукIине.
Къалам-щакъиги босун шигIру гьесде ахIизин,
Курмузе сабабалъе Сайидасул бицинин.
ТIагьаясул амругин умматалде вачIарав,
Пихъил цIураб гъветI гIадин, гIаламалде гьурщарав.
Багъдадияв Халидил тIарикъат жинца ккурав,
ТIагьаясул гьаб уммат исламалде ахIарав.
Исламалъул жамагIат жинда тIаде гьетIарав,
Караматгиму кашфу капураздаги лъалев.
Ццин бахъун полковникас калам жинде гьабидал,
Каранда чIчIун гъалбацIаз жиндие квер бакъарав.
Нахъехун кверал рухьун витIизе къасд букIанин,
Квер хьвагIун нахъе аян хIинкъун жинда кIалъарав.
Мусаде ПиргIавн гIадин, ццин бахъун кIалъалелъул,
Каранда чIун хIалбихьун къотIун цевесан анин.
Нахъехун кверал рухьун капурзабаз витIилищ,
Каранде диналъул нур даимав ГIободияв.
ГIурусазул солдатаз туснахъалде рехилищ,
Ункъавго Имамасул тIурукъал ккурав Сайид.
КагIбаялде хIеж гьабун ХIабибасде унелъул,
Нух букIкIине гьабизе Аллагьасﷻ изну кьурав.

ХIабибасде гIащикълъун гIедегIун вилъунелъул,
ГIарабиязул мугIруз гIодун магIу гьабурав.
Расуласул росулъе Мадинаялде щведал,
Равзаялдеги къулун къанщун магIил ихх тIурав.
ХIабибулагьасул рухI Равзаялда бихьидал,
Халкъалъул Сайидасе салам гьабун къанщарав.
Караматал камилав, кашфу ннажат дурусав,
Кверал росун, салам кьун, Расулас нухда лъурав.
Жиндир загIипаб уммат исламалде ахIизе,
ХIабибас маъзум гьавун махлукъалде витIарав.
Аллагьасул ﷻ къудраталъ санаъ ракIалде кканин,
Сах бугеб сипаталъул сурмалъун кьер хисарав.
Бичасде хIелхIедеян ХIабибасда гьаридал,
Жавгьаргун-якъуталъул жиндир нур накълулъарав.
Къаденахъе бакъ гIадин, къутIбуяс мугъ балелъул,
Мадинаялъул мугIрул жинда хадур гьетIарав.
Караматал гIемерав ГIободияв Сайидас,
СукIун рачIунел мугIрул, квер хьвагIун, нахъе чIвана.
ЧIахIиял байдабазда булбул гIадин вилъарав,
Шамалъул улкаги тун КагIбаялде гIунтIарав.
КагIбаялъе салам кьун Сайид жанив лъугьиндал,
КагIбарукъалъул къедалъ къулун салам гьабурав.
Бичасул саламги щун Сайид унеб мехалда,
Макказул сипаталда малайкзаби рачIарав.
ГIободияв Сайидас сапаралде къасд лъедал,
Къойил цIалулел жузаз чIегIер банин ахIарав.
Дунялалъул цо бутIа цебего кьурав Сайид,
Дуца дуниял тедал зоб-ракьги пашманлъана.
ТIадегIанаб даража дуе хIакълъарав Сайид,
ХIакълъун берзукьа индал маъзумзаби угьдана.
Халкъалъул Аварагас ﷺ ун вуго устар ахIун,
Кавсаралъул лъим гьекъон, лъикIал чагIалъ вукIине.

ГӀаламалъул канаб моцӀ гӀаршалде вачун ана,
АсхӀабзаби руссараб сурпаялда кӀусизе.
ЛавхӀалъул къоноялда къутӀбуйилан цӀар хъварав,
Тохлъизе нилъги гьарун ворчӀана алжаналде.
Жиндир маъзумзабазда аманат нилъер гьабун,
ЦӀан вачана Аллагьас ﷻ жиндир алжан бихьизе.
ХӀайранлъун муъминзаби хадур ралагьунги тун,
ТӀагьаяс квералги ккун, берзукьа тӀерхьун ана.
Киналго муридзаби зигардизеги гьарун,
Завалалда канаб моцӀ ГӀизраилица ккуна.
ГӀаламалъул къутӀбуян Къуддусалда цӀар хъварав,
Къвалзукье къан Сайидгун Исрапилихъе кьуна.
Хараплъараб Дагъистан диналде ахӀун хадуб,
Аллагьасул ﷻ къадар щун, Барзахалде вачана.
Расуласул шаригӀат халкъалда малъун хадуб,
Амру гьабун Аллагьас ﷻ Пирдавсалде витӀана.
Гьесул къиса бицарав Генуса НигӀматулагь,
Назмуялде бахъарав Миякьуса МухӀамад.
ГӀободиясул маъзум устарасде кӀанцӀарав,
Эсул муридзабазул чӀитӀиралъулъ хьвадарав.
Дида амру гьабурав, гьабизе дун тӀамурав,
Диналъе чаран гӀадав Халилил вас ХӀажияв.
ТӀолго муридзабазде нижер аманат буго,
Нижгун нужер умумул дугӀадулъ кквеян абун.
Нижергоги хьул буго даимго устарасде,
Эсдасан вирд босарал тӀолго муридзабазде.
Устар ПирмухӀамадий Аллагьас ﷻ гӀумру кьеги,
ГӀибадат-тӀагӀаталъе Аллагьас ﷻ тавпикъ кьеги.
ТӀолго даражабазде Бичас вахинавеги,
Дунял ахиратги кьун алжан насиб гьабеги.
Кинабго халкъ бахунеб СиратӀул кьодул кӀалтӀа,
ТӀолго муридзабигун Бичас вохизавеги.

Пашманлъун къварилъараб къиямасеб къоялда,
Къвалзукье нилъ рачине къутIбуе къуват кьеги.
Беразул тIелхаздаса тIеренаб СиратI-низам,
Муридзабазул богин вихьаги алжаналъув.
Жиндир шагIну кIудияв ГIободияв къутIбугин,
Къокъа гьабун ритIаги Жанатул Пирдавсалде.
ТIуран ккана акъвалал КъутIбуясул рицарал,
Къварилъарал чучулел, чурхдузе рахIат бугел.

### ХЕЛЕКЬУРИСА ГIАБДУЛАГЬИЛ МУХIАМАД

ГIужбуялъул кIкIуялъ рукIкIараб дунял,
Дагьаб хIал чучизе хIалго кьеларищ.
ХIасадалъул цIаялъ цIураб Дагъистан,
Дие квербакъизе къуватго гьечIищ.
Къуръан-гIелмуялде гIарза буго дир,
ГIарзул хIал босеян ХIабибасухъе.
ХIадис-тапсиралде гьари буго дир,
Гьаб дир унтиялъе дару гьабеян.
Дунялалъул чIухIи чIаголъизедай,
ЧIван букIараб байрахъ муршидзабаца.
ЩайтIанияб мурад тIобитIизедай,
ТIарикъат малъараб мащаихзабаз.
Инналиллагь, гьанже гьал гIадамазул
Гьабулеб гIамалги гIазаималги!
ГIажаба халикъат холеб бугеб куц,
Хиялада рекъон тIарикъатги цIан.
РакIалда зикруялъ асар гьабуни,
Устарзаби каки кин гьуинлъулеб?!
Каранда диналъул нур жиндир бугев
Лълъвинадай къеркьезе вализабигун.
Валгьан цебе тIамун тIагIатги гьабун,
ТIубаладай мурад муридзабазул.

Макъамал росарав саликинасда
Вацазул гьан кванай кинан букӀунеб.
РекӀел арканазда илбисги хӀалтӀун,
ЧӀухӀун гьабулеб жо дин букӀунаро.
ДагӀба гӀемерасул дин камиллъулин,
Кибдай хӀадис буго ХӀабибас бицун?
ХӀасад цӀикӀкӀарасе цӀар букӀунилан,
ЦӀалулел аятал дида рагӀичӀин.
РекӀел пахру, хиял хараплъичӀони,
Хайир бице дида дин гьабиялъул.
Дунявияб тӀалаб тӀагӀин гуребищ
ТӀагӀаталъ малъулеб муъминзабазда?
Муршидзаби рихун гьабулеб гӀамал,
Гьабаун мансурлъун сверизе буго.
СалихӀинал какун бакараб цӀаялъ
Керен-ракӀ бухӀила хӀасадчагӀазул.
Бичас хӀарбуялъулъ хӀинкъи кьун буго,
ХӀакъав загьирасе зарал гьабуни,
Зоб-ракьалъе бакӀаб кьола нагӀана.
ГӀирпаналъул агьлу угьдизабуни,
Унтарал беразул гӀадат букӀуна,
Бакъул канлъиялде инкар гьабулеб.
Кванил лазат лъачӀел зугӀапааца,
Загьруян цӀар лъола найил гьацӀуда.
Нураниял гьурмал ракьулъ тӀерхьиндал,
ТӀекъал хабарал те, хириял вацал!
Халкъалда гьоркьобе кьал рехичӀого,
Кьурал вирдалги ккун гӀенеккун рукӀа.
ГӀободияс ракун Дагъистаналда
Диналъул чирахъал чанги рукӀанин.
Хирияв Сайидас суннатги цӀунун,
Сулукалъул магӀна малъун букӀанин.

Миллат цIуни цIакъав къутIбуяв гъавсгун,
Къацанди гьабулеб агьлу тIагIинчIо.
ТIарикъат гIуцIарав гIарипинасде,
ГIицIаб дагIба балев гIадан камичIо.
Дица Хушдадиял хаважагьазе
Хасаб бакI букIана рекIелъ гьабулеб.
Гьезул баракаталъ канлъи бачIараз,
Карамат бициндал, цин-цин мехтула.
Манакъибал хъвазе гьукъула кверал,
Гьезул макъамалъе мукъсан ккелилан.
Лъарал караматал каранда тола,
Кирамалъул иршад гьелда гьечIелъул.
Дун мукIурав вуго КунтахIажие,
Кашфу-варагIалъул мегIер вукIанин.
РакI-ракIалъ шагьадат гьев шайихасе,
ШаънухIал бацIцIадав моцI вукIиналъе.
Кунта ТашавхIажил сиядаталъе
Сайид ГIободияс нугIлъи гьабуна.
Гьезул къадру-къимат, макъам рагIарав,
Якъин бацIцIадав чи чапун тIагIина.
ТIагьал нухда хварал хулапаазда
Хилапалъул агьлу пенщелел руго.
ПитIна гIатIид гьабун, дин тIерен гьабун,
ТIарикъаталда гъорлъ рекъон рагIичIо.
Цоцалъ жахIда бугел хIасадиназе
ХIуснул хатимат щвей щакаб жо буго.
Жалго загьирлъизе, зикру тIагIине,
Зам-зам хIакъ гьабулеб агьлу кинаб жо?
Инкар хIасуллъулел хIавадисазда,
МахIмуд-апандил ракI разилъиладай?
Рабанияб къокъа къварид гьабеян,
Къавлуго бихьанищ тIахьазда хъвараб?

Ракьалда рагIарал гIарипиназде
ГIунтIизе гьаруге батIулал ишал.
Авлияазулгун дагIба батани,
НугIзал къваригIина къабул гьабулел.
Къуръан-хIадисалде иман лъолеца,
Умурал тIамун те БетIергьанасде.
ТIагьал агьлуялъе-устарзабазе,
Таслим тIадаб буго бусурбабазда.
Гьал сидикъиназул адаб тарав чи,
Теларо Аллагьасﷻ бергьун хьвадизе.
Гьал рехсаралщинал, ирга щвечIелги,
Шуюхазе щваги ризванул акбар.
Гьезда хадуб унеб ахираб къоялъ,
Къудрат кIудав РахIман, гурхIа ниже да.
Салат-салам лъеги Аварагасдаﷺ,
Гьал сайидзабазда низам малъарав;
Агьлу, асхIабзаби зурияталда,
Уммат тIобитIизе тIалаб цIикIкIарал.

***

## ХАДУРАГIИ

Гьалеха, дир диналъул вацалги ва яцалги, рагIалде бакIарана гьаб цIакъго захIматаб хIалтIи. РакI-ракIалъулаб рецц буго гьаб тIехь хъван лъугIизегIан диеги, гьаб цIалун бахъинегIан нужееги гIумру халат бахъинабурав нилъер БетIергьанасе. Аллагьасﷻ нилъ киналго Пирдавус алжаналда данде гьареги, гьаниб ракьалда нилъеего рокьулел рукIаралщиналгун цадахъ! Амин!

Нилъер хирияв МухIамад Аварагасулﷺ цо хIадисалда абулеб буго: ***«Жиндир диналъул вацасе садакъаде кьолеб гIелму лъазе гьабиялдаса хирияб садакъа гьечIо»*** абун.

Нилъер щивасеги гьоболасул рукъ буго гьаб пана-дуниял.

***Тушманасул рукъ буго,***
***Пакъир, дуе дуниял!***
***Дурго гъансито буго,***
***Гъарим, дуе ахират.,***

абун хъван букIана дица цо кочIолъ. Макьу гIадаб жо буго гьаб нилъер гIумру. ГIумру гIадаб жо буго гьаб жибго макьуги. Хведал макьидаса ворчIула гIадан, гIумру байбихьула молода лъедал.

Динияб гIелмуялъе кьураб гIумруялдаса берцинаб жо щибниги гьечIо гьаб ракьалда тIад. Аллагьасулﷻ нухдасан инги, Аварагасулﷺ суннатал кквейги гIан пайдаяб пишаги цониги гьечIо гьаб дунялалда. БетIергьанас тавбуялъул хIавузалда чвердезеги гьарун, щукруялъул гIелмуги насиб гьабун, битIункжеялъул «сиратI» бахинабеги нилъеда киназдаго, жеги СиратIалъул кьоялде гIагарлъилалдего, жеги тавбуялъе заман бугинги абун, нилъго нилъецаго махсаруде кколел ругеб мехалъго.

Гьеле гьединав вукIана анцIила ункъабилеб къарнуялъул нусил сонил Имам Сайид ГIободияв قدس سره, жинда дунялги бихьарав, дунялалда живги вихьарав, жиндица гьелъие къиматги кьурав, гьелъ жиндидего КъутIбул гъавсиланги, Муршидун Камилиланги абурав, гIаламатго хIикматав инсан-Аллагьасулﷻ унго-унгояв вали-шайих, жинца Аварагасулﷺ суннатги ккурав ва шаригIатги цIи гьабурав КЪАРНУДАЛ МУЖАДИД. Гьев хIикматго гIаламатав инсанасул панаго хIайранаб гIумруялъул цо гьитIинабго къатIрагIаги гьаб тIехьалда загьир гьабизе кIун батани, дица тела гьелда тIад хIалтIулаго араб заман гIадада инчIилан.

НухIил гамицаго гIадин, сверана гьес исламияб дунял, жагьиллъиялъулги, ахIмакълъиялъулги ва бичIчIунгутIиялъулги тIупаналъул ралъдада тIасан лъеделаго, ахирги къисматалъ Сайид ГIободияв قدس سره вачана жиндирго хирияв МухIамад Аварагасулﷺ рухIияб чIинкIиллъи- Макка-Мадинаялде. ГIицIго гьениб батана Сайид ГIободиясда قدس سره рекIее рахIатги, динияб гIелмуялъе парахалъигун кверчIвайги.

Умумуз гIадада абуларо: ***кинида лъурав, молодаги лъолин абун.*** Гьедин букIана, буго ва букIинеги буго, дунялалъул гьоко- къисмат хенолеб бугогIан заманалда.

Дунял бижаралдаса нахъе, лъалхъиго гьечIого рекерулелго- рекерулел руго кIиго чу: цо чIегIераб; цо хъахIаб; цояб хвел; цояб гIел. Гьеб заманалъул мадироялъул къурбаналлъун руго нилъ киналго гIадамалги гьаб ракьалда тIад. Аллагьасﷻ квербакъаги нилъее киназего гьаб захIматаб нух нахъа тезе, иманалда хьвадизе, исламияб къагIидаялъ цоцазда ричIчIулеллъун рукIине. Нилъерго рухIиял церехъабазда цереги кIанцIарун, гьелги какун гогьлъичIого хутIизе ва гьездаса мисалги босун, Аллагьﷻ разияб къагIидаялъ хьвадизе гьаб лахIзатаб дунялалъул рокъоб.

Нилъер хирияв МухIамад Аварагасулﷺ цо хIадисалда абулеб буго: ***«Аллагьасеﷻ гIоло жал цоцазе рокьарал гIадамал, багIараб якъуталъул жузазда тIад рукIунила. Алжаналда гьел хIубазул бетIералдаги букIунила лъабкъоялда анцIазарго рагьи. Алжаналъул агьлуялде гьел раккизе гьарураб мехалда, гьезул берцинлъиялъ алжан гвангъизабулила, бакъуца дунял гвангъизабулебго гIадин. Алжаналъул агьлуялъ цоцазда абулила, рилълъайила Аллагьасеﷻ гIоло цоцазе рокьарал гIадамазухъ балагьизе. Гьезда тIад ретIун букIунила гIурччинаб сундусалъул ретIел. Гьезул надалдаги хъван букIунила: «Гьал руго Аллагьасеﷻ гIоло жал цоцазе рокьарал гIадамал», -*** абун.

Цойгидаб хIадисалда абуни абулеб буго: «Къиямасеб къоялъ хIетIе багъаризабилелде цебе инсанасда **ункъго** жоялъул гьикъулила Аллагьасﷻ: ***гIумру кин ракьалда хвезабурабилан; гIолохъанлъи щиб гьабулаго арабилан; боцIи кин тIалаб гьабураб ва кибе гьеб харж гьабурабилан; гIелмуялда гIамал кин рекъезабураб?» -*** илан.

Щивас пикру гьабеха, хириял бусурбаби, гьаб дунялалда гьабураб гурони батулареб ахираталъул рокъобе босизе нилъеца жакъа щиб хIадур гьабулеб бугебали, кин нилъеца Аллагьасﷻ нилъеде аманат гьабун кьураб гIумру гьаб ракьалда тIамулеб бугебали, унел ругищ нилъ Аллагьасулﷻ нухдасанали, цIунулел ругищ нилъеца Аварагасулﷺ суннаталали.

Беццал берал, гIинкъал гIундул, кьижараб напс-гьеле нилъер хIакъикъияб гьумер, хасият-гIамал ва хьвада-чIвади.

РачIа нилъги, дир диналъул вацалги ва яцалги, рукIинин гьаб лахIзатаб дунялалъул рокъоб, гIицIго Аллагьасеﷻ гIоло цоцазе рокьулеллъун, цоцазда ричIчIулеллъун, цоцазда тIаса

лъугьунеллъун ва нилъерго ккарал мунагьазда ракI бухIун, даимго ракI-ракIалъ тавбу гьабулеллъун.

Нилъер умумуз гIадада гурелъул абулеб букIараб: бетIер бекилалдего бухьеян абун.

Аллагьﷻ разилъаги нилъеда киназдаго! Амин!

***

## ТIЕХЬ ХЪВАНА ГЬАЛ ХАДУР РЕХСАРАЛ ГIЕЛМИЯЛ АСАРАЗДАСАН:

### Сайид ГIободиясул قدس سره асарал ва шархI:

1. «Мавагьибул асрар»-халкъалъул анкьго батIи-батIиял сипатазул хIакъалъулъ раббанияв Имам МухIамад ХIажи ГIободияс хъвараб тIехь;
2. «Набзат-ус-санар»;
3. «Набзат-ус-санат»;
4. «МухIарар»;
5. «Шаварикъ-ул-анвар»;
6. «ФатхI-ур-рахIман»;
7. «Набзату фи гIамали»-адаб-хатиралъул бицунеб тIехь;
8. «Фикъгьил акбар» - абураб тIехьалъе ГIободияс قدس سره гьабураб шархI- ай кьураб баян;
9. «Манасикул хIаж» - ХIаж борхулаго тIуразе тIадал жал;
10. «Канз-уд-дурар» - маргъалазул хазина, Мухтасаралъе ГIободияс قدس سره кьурал баянал;
11. «Китабул-би-баратIи»- ГIариф ГIободияв МухIамадхIажи Аварияс قدس سره хъвараб. Гьаб тIехь дица хъвана ГIободияс жиндирго квералъ хъваралдасан. Ва гьевги вуго дир шайих, дун вуссунеб бакIги буго, дир рухIги вуго, дир беразул канлъиги вуго, дир рекIеда балеб пихъги вуго. Гьаб

тIехь хъварав чиги Къелеса ГIалил вас МухIамад вуго 1323. 1905 сон;

12. «Мухаммадия-Сулук»- гьаб тIехь хъварав чи вуго Аллагь лъалев гIариф, кIиябго ХIарамалде хIеж гьабурав МухIамадун ГIободи قدس سره, жинда Аллагь гурхIаяв. ТIехь хъвана Къелеса ГIалил вас МухIамадица;

**Пайда босарал гIалимзабазул асарал, Аллагьас кIодо гьареги гьел кIиябго дунялалда:**

1. Шайих ГIабдурахIман Сугъури;
2. Шайих ШугIайп Багини;
3. Шайих МухIамад Авари;
4. Шайих ИскIихIажи;
5. Имам ХIоцоса Нажмудин;
6. Шайих СагIид Афанди;
7. Сиражудин ГIободи- гIалимчи;
8. Къелеса ГIалил вас МухIамадхIажи- гIалимчи;
9. Ибрагьимил ГIабдулпатахI- гIалимчи;
10. Гьарадерихъа Юсуп- гIалимчи;
11. Профессор Сиражудин ХIайбулаев;
12. ГIоротIаса М-д -Расул- гIалимчи;
13. М-д Камил Гьиматов- гIалимчи;
14. ГIабдула Хварши- гIалимчи;
15. Хъвадарухъан Шигьабудин ХIаджи;
16. Хъвадарухъан МухIамад ГIабдулгIазизов;

***

**Ва ссалату ва ссаламу гIала ашрафил мурсалин, ва ахиру дагIвана анил хIамду лиллагьи Раббил гIаламин. Вассаламу гIалайкум варахIматуллагьи ва баракатугьу.**






Маккаялда ва ГӀобода зияратал

Анцlила ункъабилеб къарнуялъул Имамлъун вукlана Мухlамад-хlажи аль-Гlободи قدس سره. Гьавураб бакl Хlунзахъ районалъул Гlобода росу. Магlарулав. Дагъистанияв. Ахиралда чlчlараб бакl Макка-Мадинаялда. Хвараб бакl Макка шагьар. Вукъараб бакl «Мугlала» хабалалъ «Щагlабатул нур» абулеб бакlалда. Аварагасул ﷺ хъизан Хадижат-эбелалда асклов. Гьесул хоб лъазе Аллагьас гlаламаталъе гъветl тун буго, зиярат гьабизе бокьаразе, амма гьенире жанире риччаларо. Зиярат гьабуразе дугlадул аманат.





ГIобода росу



ХъахIабросу



ХъахIабросулъ ГIободиясул гIанса



ИнкIкIвалитIа росу



ИнкIкIвалитIа ГIободиясул хIужра



ГIоротIа ХIалимат-эбелалъул зиярат




с. Инквалита, Унцукульского р-на, зиярат Мухаммадхаджи Ободи







ИнкӀкӀвалитӀа, цебе букӀарабги гьанже цӀигьабурабги зиярат





Жанисан, цебе букIарабги гьанже цIигьабурабги зиярат





ГIободиясул (قدس سره), ХIалимат-эбелалъул ва Аргъваниясул (قدس سره) зияратазда





ГӀоротӀа ГӀободиясقدس سره ГӀанса тункун баккизабураб иц

# ТIЕХЬАЛДА РУГО


1. ЦЕБЕРАГIИЯЛЪУЛ БАКIАЛДА. ....2
2. САЙИД ГIОБОДИЯСУЛ قدس سره ГIУМРУЯЛЪУЛ БАЯН. ....4
3. ГIАБАДЕРИЛ ГIАЛИМЗАБИ, ГIОБОДАСА ШАГIБАНКЪАДИ....13
4. ГIАБДУРАХIМАНХIАЖИ СУГЪУРИ. ....23
5. ХIЕЖАЛДЕ ТIОЦЕБЕСЕБ САПАР. ....28
6. ХIАЛИМАТ-ЭБЕЛ ЛЪАДИЛЪУН ЯЧИН. ....30
7. ИНКIКIВАЛИТIЕ ГОЧИН. ....31
8. ГIОРОТIА РОСУЛЪ БУГЕБ МАСЖИД ВА ЗИЯРАТ....36
9. КЪАДИРИЯБ ТIАРИКЪАТАЛЪУЛ УСТАР. ....44
10. МУГЬАЖИРЛЪИ ВА ДАГЪИСТАНИЯЗЕ ВАСИЯТ ....46
11. КЪУДУКЬА МУСАЛАВ....57
12. КЪОКЪАБ ШАРИГIАТ ....59
13. МАККА-МАДИНАЯЛДА ....66
14. БУСРАЯЛЪУЛ ГIАЛИМЗАБИ МУТIИГIЛЪИ ....73
15. КЪАРАХЪА МУГЬАЖИР МАЛЛАМУХIАМАД. ....79
16. ГIОБОДИЯВ قدس سره АНЦIИЛА УНКЪАБИЛЕБ КЪАРНУЯЛЪУЛ МУЖАДИД. ....86
17. КЪАРНУЯЛЪУЛ ИМАМЗАБИ. ....88
18. НАКЪШУБАНДИЯБ ТIАРИКЪАТАЛЪУЛ СИЛСИЛА. ....96
19. САЙИД ГIОБОДИЯВ قدس سره - ГIЕЛМУДАЛ РАЛЪАД ....100
20. ХIИКМАТАБ МАЖМУГI. ....118
21. САЙИД ГIОБОДИЯС قدس سره ГIАРАБУСТАНАЛДАСАН РАЧIАРАЛ КАГЪТАЛ....138
22. ГIОБОДИЯС قدس سره АБУЛААН. ....150
23. САЙИД ГIОБОДИЯСУЛ قدس سره ЦО-ЦО МАЛЪА-ХЪВАЯЛ. ....155
24. УСТАРАСЕ ЧАРА ГЬЕЧIОГО РУКIИНЕ ККОЛЕЛ АСЛИЯЛ ШАРТIАЛ....158
25. ИНГИШУСА АБУБАКАРХIАЖИ. ....166
26. БАГИНУСА ШУГIАЙП АПАНДИЯСУЛ ХЪВАЙ-ХЪВАГIИЯЛДАСА. ....172
27. ИНХОСА ГIАЛИХIАЖИЯВГИ ГIОБОДИЯСУЛ قدس سره МАЪЗУМ ККОЛААН....175
28. САГIИД АФАНДИЯС قدس سره ХЪВАЛЕБ БУГО. ....185
29. САЙИД ГIОБОДИЯСДЕ قدس سره ГIАЛИМЗАБАЗУЛ АСАРАЛ. ....188
30. ЧАЧАНАЗУЛ НАКЪЩУБАНДИЯБ СИЛСИЛА ВА ИСКIИ (ИСХIАК)-ХIАЖИЛ КАГЪАТ...189
31. СИЛСИЛ НАКЪАШБАНДИЙН ТIАРИКЪАТ ЭЛЧАНО ХЬИЖРАТ ДИНА....191
32. ИГЬАЛИСА ЧУПАЛАВ....201
33. АРГЪВАНИСА ХIАЖИЯВ. ....203
34. ГЬИГЬАЛЪА ХIУСАЙНИЯВ МУХIАМАД قدس سره ....223
35. ГIОБОДАСА ДИБИРДАДАЛ МУХIАМАДИЦА БИЦАРАЛДАСАН. ....232
36. САЙИД ГIОБОДИЯСУЛ قدس سره ШАРГIИЯБ ВИРД ГЬАБУЛЕБ КЪАГIИДА ....240
37. УСТАРАСУЛ ГIАЛАМАТАЛ-БАЛЪГОЛЪАБИ. ....244
38. САЙИД ГIОБОДИЯСДЕ قدس سره ГЬАРУРАЛ НАЗМАБИ-РИСАЛАТАЛ. ....263
39. ХАДУРАГIИ....296
40. ТIЕХЬ ХЪВАЛАГО ПАЙДА БОСАРАЛ ГIЕЛМИЯЛ АСАРАЛ ....299

Гасанов Магомед Гаджиевич

# МУХАМАДХАДЖИ ОБОДИ

*(на аварском языке)*

Отзывы и предложения можно отправлять
по электронному адресу: dagistan@mail.ru
Под редакцией М.Г.Гасанова
Тел. +79285304544
www.al-fatiha.ru

Дизайн и верстка М.Г.Гасанова

Тираж 300 экз.



Аргъваниса ХIажияв(قدس سره )
мюридзабигун

Гьаб тIехьалда бицен гьабулеб буго 14 къарнуялъул нусго сонил Имамлъун жив дунялалдаго рагIизаврурав КъутIбул гъавс, тIарикъаталъул цIар рагIарав устар Сайид ГIободиясул (قدس سره ) хIакъалъулъ.

ТIехьалъул щибаб бутIаялда нилъее рагьулеб буго гьев гIаламатго хIикматав инсанасул гIумруялъул батIи-батIиял рахъал.

ТIехь хъван буго, жиндир заманалда газета-журналазда рахъарал мухIканал тарихиял хIужабаздасан ва назмабаздасан босун, къачIан буго зияратазул ва росу -ракьалъул суратаздалъун, цIализе гьира балеб мацIалда.

Гьаб тIехь данде гьабуна ХъахIабросулъа ХIажиясул МухIамадица, ГIободиясул (قدس سره ) хIакъикъат лъазе бокьаразул гьариялда рекъон. Гьари буго гьаб гьитIинабго мажмугI цIаларал диналъул вацазда ва яцазда дугIадулъ аманатан. ТIехъ бахъиялъе квербакъи гьабуралги цIалун пайда босаралги Аллагьасﷻ ГIободиясул (قدس سره ) баракат-шапагIат камун тогеги. Аллагьасﷻ нилъ киналго бусурбаби Пирдавус алжаналда данде гьареги.

Амин! Амин! Амин!




Макка-МахIачхъала-ХъахIабросо-ГIобода

2019 сон